МАХ ДУГ

МÆ ИРЫСТОН, КУЫ БАФСÆДИН ÆЗ ЗАРЫНÆЙ ДÆУЫЛ...

2
2023

ГАЛУАНТЫ Людмилæ

НЫВОНД У МÆ ИРÆН МÆ ЦАРД

Кæд зарон, – мæ Ирæн йæ авдæны зарæг,
Цæгъдон кæд, – нæ Иры фæндырыл æрмæст.
Кæд худон, – нæ Ирæн йæ зæрдæйы цинæй,
Кæд уарзон, уæд Иры цæхæрцæст – мæ мæт.

Кæуон кæд, – мæ Ирæн йæ зынгхуыст хъæбултыл,
Кæд нуазон, уæд Нартæн сæ кæхцæй æрмæст.
Кæд рафтауон дидинæг, – Иры къæдзæхтыл,
Фæнды мæ, уон адæмы хурæй æфсæст.

Кæд сæлон, – нæ Иры бæрзонддæр цъитийыл,
Кæд судзон, уæд Иры цырæгътыл æрмæст.
Тæхон кæд, Ирыстон, дæ цъæх арв – мæ дендджыз,
Кæд риссон, – иронау – мæ хъарæг, мæ мæт.

Мæлон кæд, – Ирыстоны сыджыт – мæ ингæн,
Цæрон кæд, – Ирыстон – мæ Хуыцау, мæ уарзт.
Цы кæнон, о, афтæ у ме сконд, мæ зæрдæ,
Цы кæнон, нывонд у мæ Ирæн мæ цард.

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2023

МАХ ДУГ

2
2023

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2023

НОМЫРЫ ИС:

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ 5

Фæлæ уæддæр, Фыдыбæстæ, дæуæн æмбал кæм и... 7

МАЛИТЫ ВАСО: 85 АЗЫ

ХУЫГАТЫ Сергей, ГУСАЛТЫ Барис, СКЪОДТАТЫ Эльбрус, КОЛЫТЫ Витали. *Мысинæгтæ* 12
МАЛИТЫ Васо. *Æмдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ* 26

НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ
ГАГЛОЙТЫ Рутен. *Радзырдтæ* 46

ПОЭЗИ ÆМÆ ПРОЗÆ
ИРДИГОР Маки. Фæцæр хæрзудæй адæмы æхсæн. *Æмдзæвгæтæ* ... 52
ЦОМАРТАТЫ Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ. *Роман. 3-аг чиныг* ... 59

АИВАД, КУЛЬТУРÆ
Ивгъуыд æмæ абон бæттæг аивад 112

«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

Ирон фысджытæ райгуырæн бæстæйы тыххæй 113

ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ
КУЧИТЫ Руслан. Ахудæнтæ 114

НÆ УИДÆГТÆ
МУРАСТЫ Риммæ. Æнусы æмгар. *Уац* 118

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 143

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ

Адæймаг цардмæ куы рантысы, уæдæй фæстæмæ æнгом баст вæййы йæ райгуырæн бæстæимæ, йæ уидæгтимæ, цы адæмы 'хсæн райгуырд, уыдонимæ. Гуырцæй сæм рахæссы уарзондзинад æмæ арф æнкъарæнтæ.

Хуымæтæджы хъуыддаг нæу, Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон нæ бæстæйы æппæтадæмон бæрæгбæтты 'хсæн Ирыстоны сæрмагонд бынат кæй ахсы, уый. Уыцы бон мах кад фæкæнæм, канд ивгъуыд дугты æфсады æмæ флоты хæстонтæй Фыдыбæстæйæн чи балæггад кодта, уыдонæн нæ, фæлæ ацы бонты йе 'фсæддон хæс æмæ ардбахæрд чи æххæст кæны Уæрæсейы Æфсады, уыдонæн дæр. Дунейы сабырдзинад æмæ алы адæмты 'хсæн хæлардзинад хъахъхъæнын, фыдæрцыд æмæ сæ фыдбæллæхтæй бахизыны фæндаг ирон лæгæн кад æмæ намысы хъуыддаг уыд кæдфæнды дæр!

Абон дæр та, лæгæвзарæн бон куы æрцыд, уæд нæ фæсивæд бархийæ фыццæгтимæ уæхски-уæхск æрлæууыдысты иннæ адæмыхæттыты фарсмæ æмæ сæ фæндаг сарæзтой Рæстдзинады сæрвæлтау! Сæхи бахъуаджы сахат равдыстой æмæ дарддæр дæр æвдисынц хъæбатырæй. Нæ фесты царды, зæххы раз къæмдзæстыг.

Хæстмондаг, кæй зæгъын æй хъæуы, ирон лæг никуы уыд. Фыдæлтæй нын баззад фæдзæхст: «Æнæхъуаджы дæ хæцæнгарз макуы слас, куый йæ сласай, уæд та йæ æгадæй макуы нывæр».

Мах Фыдыбæстæ хъахъхъæныны бон æрымысæм, Райгуырæн бæстæйы сæраппонд йæ цард чи радта, 1989 – 1992, 2008 азты знаджы къухæй чи фæмард, уыцы æхсарджынты рухс нæмттæ. Абон кад кæнæм, Уæрæсейы æфсады рæнхъыты чи ис, ирон лæджы ном тырысайау бæрзонд æмæ

сыгъдæгæй чи хæссы, уыдоны арфæйаг хъуыддæгтæн. Мæн бузныджы ныхæстæ зæгъын фæнды, уыцы кæстæрты ныййарджытæн – Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинады æнкъарæнтæ сын сæ туджы чи сабухын кодта, æмæ уыцы уылæнтæ царды размæ кæй хæссынц, уый тыххæй.

Хæст хæст у! Хотыхты нæрын кæм фæцæуы, уым вæййы хъыджы хабар дæр. Æз æмбарын, йæ хъæбул кæмæн федзард, уыцы ныййарджыты дудгæ рис æмæ сын хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнын. Уæвгæ та, уый æгас Ирыстоны рис дæр у. Хуыцау не 'ппæтæн дæр раттæд хъарутæ ацы зындзинады сæрты ахизынæн. Сæ рухс нæмттæ фыст уыдзысты Уæрæсейы историйы, нæ уыдзысты рох фидæны фæлтæртæй, æмæ нын кæд уыцы уавæр фæкъаддæр кæнид нæ зæрдæты хъæдгæмттæ, нæ удты хъæрзын…

Æнцон рæстæг не скодта, фæлæ уыдис зындæр рæстæджытæ дæр. Фидарæй зонын, адæм кæрæдзийы ныфсæй ахиздзысты цыфæнды фыдæвзарæнты сæрты дæр. Мах абон бирæ цæмæйдæрты цудæм, æмæ, се 'ппæт рæстæджы аххос куы фæкæнæм, уæд, уымæй нæхи цы сайæм, æндæр ницы. Алырдыгæй нæм цы æвзæр хабæрттæ æрбайхъуынц, уыдонæй лæджы мард æнцондæр у. Уæхæдæг дæр сæ уынут, стут сын æвдисæн. Уыдон сраст кæнынып хъæуы æвæстиатæй бакусын. Мах æппæлæм нæ фыдæлтæй, сæ хъæбатырдзинадæй, нæ алыварс цæрæг адæм пирæны коммæ лæбурæгау кæй раиваз-баиваз кæнынц, сæхи йæ хонгæйæ æмæ дзы афтæмæй сæхи буц кæнгæйæ, уыцы историйæ. Фæлæ ма равдисæм абон нæ фыдæлты хъæбатырдзинад нæхæдæг дæр, цæмæй махæй дæр нæ фидæны фæлтæртæ афтæ буц уой æмæ нæ сæ сæртæ бæрзæндты хæссой. Æз ацы хъуыддаджы канд фæсивæды нæ зылын кæнын. Нæхæдæг дæр аххосджын стæм. Кæмдæр фæрæдыдыстæм, патриотон хъомыладыл кæстæртимæ фаг нæ бакуыстам æмæ ныр, цы байтыдтам, уый кæрдæм.

Сæрмагондæй мæ фæнды зæгъын, 1992 азы нæ сыхæгтимæ быцæуы рæстæг нæ рæстдзинад кæй не сбæрæг кодтам, уый тыххæй. Куыд бауагътам гæды ныхæстæ зæгъын уыцы хъуыддаджы фæдыл! Ныр, куыд уынæм, афтæмæй уый хорзæрдæм нæ сахадыдта нæ абоныл, Уæрæсейыл дæр фæбæрæг. Уыцы агрессийы рæстæг Ирыстоны сæраппонд йæ цард нывондæн чи æрхаста, уыдоны рухс нæмттæ мысгæйæ, махæн нæ хæс у, нæ рæстдзинад, куыд æмбæлы, афтæ сфидар кæнын.

Ныр дæр, Украинæйы цы сæрмагонд æфсæддон операци цæуы, уым нæ лæппутæ сты раззæгтимæ. Алырдыгæй хъуысы ирон ныхас. Ирыстонмæ сæ рæстæгмæ чи ссæуы, уымæн йæ зæрдæ фехсайы, уым чи баззад йе 'мхæцджытæй, уыдонмæ, æмæ йын кæд сæхимæ баззайыны фадат вæййы, уæддæр не 'рлæууынц, фæстæмæ се 'мтохгæнджытæм фæтырнынц. Уым сæ иу иннæмæн у æфсымæр, æмæ афтæ уæд кæддæриддæр, æрмæст айдагъ хæстон уавæрты нæ!

УАТАТЫ Зелим, РЦИ-Аланийы Парламенты депутат

ФÆЛÆ УÆДДÆР, ФЫДЫБÆСТÆ, ДÆУÆН ÆМБАЛ КÆМ И...

БАГАТЫ Олег,
Сунжæ, медицинон службæйы булкъон,
УФ-йы Национ гвардийы Ростовы
1-аг æфсæддон госпитæлы хицау, 41 азы

– Райгуырæн бæстæ ныййарæг мады ад кæны, фæзæгъынц! Уый, æцæгæй дæр, афтæ у, сæ дыууæйæн дæр баивæн ницæуыл ис! Лæг хъуамæ афтæ фæцæра, цæмæй сæ дыууæйы раз дæр йæ цæсгом сыгъдæг уа! Йæ царды кæрон йæ зæрдыл иунæг ахæм цау дæр ма ‘рлæууа, уартæ сæ уæд мæ сæр хъуыд, æмæ сæ фарсмæ нæ балæууыдтæн, зæгъгæ. Мæ зæрдæйы баззадысты зындгонд поэт æмæ Хуссар Ирыстоны Ирон театры артисткæ Галуанты Людмилæйы ныхæстæ: «Нæ акомдзынæн Иры зæххæй никуы, Мæнг уыдзæни, куы фехъусат мæ мард. Æрзайдзынæн кæрдæджы халау искуы, Æмæ цæудзæн мæ Иримæ мæ цард». Ацы рæнхъытæ сты Фыдыбæстæмæ æрдхæрæны уарзондзинады гимнау!

Абон та не стыр Фыдыбæстæйы бахъуыд нæ сæр, æмæ махæй ферох сты нæхи риссæгтæ дæр. Ме ‘мцæдисонтимæ дысвæлдæхтæй архайæм, æфсæддон операцийы чи фæцæф, уыдонæн тагъд æххуыс бакæныныл. Мæн тынг фæнды, цæмæй алы адæймаг дæр æнкъара, ацы царды йыл цы стыр хæс æвæрд ис, уый. Хуыцау ахæм арфæ ракæнæд, цæмæй нæ кæстæртæ хъомыл кæной сæрибар æмæ хæдбар паддзахады, æмæ сæ мах та сæрыстыр куыд уæм!

МАХЪОТЫ Хазби,
Æрæфы район, Цыколайыхъæу,
медицинон батальоны командæгæнæг,
медицинон службæйы дæлбулкъон, 41 азы

– Фыдыбæстæйы дæ сæр куы бахъæуа, уæд хъуамæ цæттæ уай цыфæнды зындзинæдты сæрты ахизынмæ дæр. Афтæ у мæ цардвæндаг æппæтæй дæр. Абон мах архайæм, æфсæддон операци кæм цæуы, уымæн йæ цæхæры. Цæфтæй кæй æрбаласынц, уыдонæн кæнæм тагъд медицинон æххуыс. Ам рæстæгмæ ничи кæсы, сæйрагдæр у адæймаджы цард. Архайын

хъæуы рæвдз, æвзыгъдæй. Афтæ сфæлтæрдтам, æмæ операцийы рæстæг медицинон кусджытæ кæрæдзи æмбарынц цæстæнгасæй. Вæййы афтæ, æмæ нæм тагъд æххуысмæ кæй æрбаласынц, уыдоны нымæц схæццæ вæййы дæс æмæ дыууиссæдз- мæ. Артдзæсты рæхысы цæгтау, иу иннæмæн æххуыс кæнгæйæ, къахдзæфтæ кæнæм уæлахизмæ. Ам царды тæрæзтыл æмуæз сты адæймаджы цард æмæ райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад!

Æз тынг сæрыстыр дæн мæ райгуырæн Ирыстоны цæрджытæй! Мæн сын зæгъын фæнды стыр бузныг! Мах æнкъарæм уæ зæрдæты хъарм ахаст, уе 'ххуыс, æмæ нын уый дæтты стыр ныфс æмæ фылдæр хъарутæ. Мах æрыздæхдзыстæм æрмæстдæр уæлахиздзаутæй!

КУЫДЗЕТЫ Роман,
Горæтгæрон район, Ирыхъæу, 27 азы

– Раст куы зæгъон, уæд бæлвырд аххосæгты тыххæй æфсады нæ уыдтæн. Ныр, сæрмагонд æфсæддон операци куы райдыдта, уæд бацыдтæн æфсæддон комиссарадмæ. Мæ фæндонæн мын радтой цæхгæр дзуапп. Фæлæ уæддæр нæ ныллæууыдтæн. Мæн фæндыд ме 'фсымæрты фарсмæ зын сахат балæууын, хъуыддагæй сын баххуыс кæнын.

Мæхи Хуыцауыл бафæдзæхстон æмæ ацыдтæн, Дунескæнæг мын цы фæндаг бацамыдта, ууыл бархионæй, контракт бафысгæйæ. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайдтон афæдзы æрдæг. Фынддæс боны та ма дзы афтæ баззадтæн, уыцы зын уавæрты иу бинонтау кæимæ цардтæн, уыдонæн сæ фарсмæ уон, зæгъгæ. Хонгæ та мæ кодтой «Космос». Уыцы æмгъуыдмæ æз мæхицæн скодтон бирæ хатдзæгтæ. Цардæн аргъ нæй, фæлæ цагъар æмæ худинаджы царды бæсты мæлæт – хуыздæр! Хъыгагæн, абон рæстдзинадмæ ис æрмæстдæр иунæг фæндаг – тох.

ЮРÆЙЫ ЦÆСТЫТÆ

Уыцы сæрдыгон бон хур йæ тынтæ зæххыл байтыдта, æмæ мæм афтæ каст, цыма сыл цыдæр хорздзинад æрхæсдзæн зæхмæ. Куыддæр бынатыл сæмбæлдтæн, афтæ уавæртæ сбæлвырд кодтон, бардзырдтæ. Дарддæр цæуынвæнд куыд скодтон, афтæ къудзитæй æваст рагæпп кодта Гæззаты Юри. Тагъд-тагъд мын салам авæрдта. Æз æй афарстон: «Куыд арвыстай дæ рæстæг отпусчы?» «Тынг хорз!» – загъта хъæлдзæгæй æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта: «Райсом тохы бацæуудзыстæм. Фæлæ ма тыхс, нæ хистæр! Цæсты дæ нæ бафтаудзыстæм! Знагæн аккаг фæуыдзыстæм!»

Рæстæг… Ам алцæмæн дæр æндæр хуызы цæуы аргъгонд. Нæ уыд фадат дæргъвæтин ныхæстæн, æмæ æндæр ахсджиаг хъуыддæгтæм аздæхтæн. Зæрдæйы ахызт Юрæйы хъæлдзæг мидбылхудт æмæ йæ сыгъдæг, зæрдæхæлар цæстыты фæкаст мæ фæдыл.

Уыцы цæстæнгасыл ма сæмбæлдтæн, 2021 азы мæ Хъырымы полигоны йæхи отпусчы куы куырдта, уæд. Загъта: «Хистæр, мæн раздæр хъæуы ацæуын Ирыстонмæ, чызджытæн зæрдæ бавæрдтон, æнхъæлмæ мæм кæсынц. Билеттæ дæр балхæдтон. Лæджы ныхас дын – цæсты дæ нæ бафтаудзынæн». Фидарæй зыдтон: Юрæ ныхас загъта, уæд æй нæ фæсайдзæн…

…Бон хорз хабæрттæй бæргæ райдыдта. Сæумæрайсом æнæ адæймаг хæдтæхæгæй («беспилотник») хорз бакуыстам, æрдæрæн кодтам знаджы. Стæй, цалынмæ техникæ ногæй цæттæ кодта, уæдмæ нæ фæллад уагътам. Хæддзæуæнтыл («самоходки») архайджытæн дæр уал тохы размæ исты ахæрыны фадат фæци.

Уæдмæ æрбайхъуыст: «Нызгъæлстой ныл!» Ногæй та афицер хъæр кæны радиостанцийы: «Нæ фæдыл сагъуыд æфсæн маргъ, æхсынц нæ!» Гыццыл фæстæдæр бæстæ ныссабыр. Иу тамако иннæйы фæдыл дымын. Бастдзинад нæй. Уæдмæ æрбайхъуыстысты кæйдæр ныфсæвæрæн ныхæстæ: «Удæгас стæм! Æрмæст фæцæф сты Гæззайы-фырт, Тыджыйы-фырт æмæ Ергалиев». Фæрсын: «Иууылдæр удæгасæй баззадысты?» «О», – æрбайхъуыст цыбыр дзуапп, æмæ уæд мæ риуыдзаг сулæфыдтæн.

Зæрдæ уæддæр кæм лæууыд, æхсайдта цæфтæм. Æнхъæлмæ кæсын медицинон ротæйы докладмæ, зæрдæ цæмæй барадаид, ахæм ног хабæрттæм. Фæлæ мæ фæлтау арв куы ‘рцавтаид: «Тыджый-

ы-фырт – уæззау цæф, Ергалиев – рог цæфтæ, Гæззайы-фырт – 200». Уымæн гæнæн нæй… Дивизионы къамандыгæнæг Марат Надиковимæ кæмдæр æддæ дзуццæджы æрбадтыстæм. Нæ зæрдæты цы хъæдгом байгом, ацы æвирхъау хабар фехъусгæйæ, уый нæ тамакоты мигъæй фæлм сæвæрдта. Кæсæм кæрæдзийы цæстытæм, цæссыгтæ та згъорынц. Нал ис Юрæ… Уый та куыд?..

Зæрдæйы – йæ рухс сурæт, йæ сыгъдæг цæстытæ, йæ хæлардзинад, йæ хъæлдзæг ныхæстæ… Ацы тæккæ фашисттыл зынг бафтауин, иу дæр сæ куыд нал баззайа, раттин цыфæнды дæр, æрмæст мын Юрæ цæрæд… Æгъатыр хъысмæт… Уæрæсейаг салдаты хъысмæт.

Радтой мын цыбыр отпуск. Æрцыдтæн хъæмæ. Цалдæр сахаты фæдæн хæдзары æмæ ацыдтæн, мæ зæрдæ мæ кæдæм хуыдта, уырдæм – Юрæйы фыдмæ. Æргом ныхæстæ фæкодтам, чи ма æрбамбырд, уыцы уæздан ирон лæгтимæ. Радзырдтон сын, сæрмагонд æфсæддон операцийы хабæрттæ куыд цæуынц, фыдыбæстæйы сæрвæлтау хъæбатырæй куыд фæмард Юрæ, уый, æмæ цæуыны къахыл ныллæууыдтæн. Йæ каисы бафæндыд, цæмæй йын бабæрæг кæнон йæ цардæмбал æмæ йæ сывæллæтты. Сразы дæн. Бахызтыстæм, Юрæ йæхæдæг цæрынæн цы фатер равзæрста, йæ цардæмблимæ сæ уды фарн æмæ бæркадæй кæй саив кодтой, уыцы бæстыхайы къæсæрæй. Ракодтон тæфæрфæс. Бахуыдтой мæ йæ уатмæ. Сынтæгыл цы къам уыд, уырдыгæй мæм каст Юрæ. Ныууагътой нæ иунæгæй уаты, æмæ мæ хъуыдыты йемæ фæныхæстæ кодтон, мæ тыппыртæ суагътон.

Мæ хæстон хæлар, дæ фæллад суадз, цы бæстæм бацыдтæ, уый цъæх нæууыл. Дæ цард ныхвондæн æрхастай адæмы сæрибардзинад æмæ рæстдзинады охыл. Ацы зæххыл дын дæ уарзон адæмимæ цæрын кæй нæ бантыст, дæ цардæмбал Аллæ идæдзæй кæй баззад, дæ хъæбултæ – сидзæрæй, уый тыххæй райстам æмæ ма нoджы исдзыстæм нæ маст тугдзых фашисттæй.

Дæ ном рох ма уæд, Юрæ!

Фыссын, æмæ мæ размæ уынын дæ сыгъдæг æмæ ныфсдæттæг цæстытæ… Ныххатыр мын кæн, ме ‘фсымæр…

Запорожьейы облæсть, г. Васильевкæ,
полчы командæгæнæг, булкъон С.В. Майер

МАЛИТЫ ВАСО: 85 АЗЫ



(1938 – 2017)

Æз дæн, мæ Ир,
Дæ бæрзæндтæй дæлдæр,
Фæлæ дæ номæй
Бонджын дæн уæддæр.

БИРÆВÆРСЫГ КУРДИАТЫ ХИЦАУ

Малиты Васойы тыххæй мæнæн мæ бон бирæ хорз ныхæстæ зæгъын у. Иннæтæ, уыимæ æз мæхæдæг дæр, литературæмæ уæззаугай къахдзæфтæй фæцыдысты. Уый та æнахуыр курдиаты хицау уыд æмæ литературæмæ уыцы иу цыд бакодта. «Фат æмæ æрдын» æм бахаста, æмæ йæ иууылдæр базыдтой. Уыдис æхсæнады уыцы чиныджы кой! Уæд ма хъæуы ахуыргæнæгæй куыстон, æмæ мын Цæрукъаты Валодя загъта, цæмæй чиныгыл рецензи ныффыссон газет «Рæстдзинад»-æн. Ме 'рмæг æгæр стыр рауад, фæлæ йæ уæддæр хъуамæ ныммыхуыр кодтаиккой. Гъе фæлæ уæдмæ Нафи Хуссарæй æрбарвыста рецензи, æмæ уый равзæрстой. Уæд Цæрукъайы-фырт газеты редактор Хъаныхъуаты Валодямæ бацыд æмæ йын загъта: «Нафийы куыст джиппы уадзæм, фæлæ Сергейы æрмæг дæр хорз фыст у, æмæ гонорар уымæн дæр бафидæм». Сразы йемæ. Гонорар райстон æмæ уым, редакцийы, уарзон бадт акодтам.

Уыцы чиныджы æмдзæвгæтæй та кæцыдæртæ ныр дæр хорз хъуыды кæнын:

Сахуыр мæ кæн, о, хуымгæнæг, хоры кæндыл зарын,
Сахуыр мæ кæн хоры гага ауæдзы æппарын.

Уымæй ма хуымæтæгдæр, фæлæ арфдæр хъуыдытæ цы уа! Ис сæ бæрæг символикæ – гага ауæдзы æппарын иу у, фæлæ ууыл дзырдта, цæмæй адæмы 'хсæн цæрын базона. Æмæ дзы цас ис ахæм диссаджы рæнхъытæ уыцы æмбырдгонды!

Васойæн йæхи хъысмæт та тынг трагикон уыд. Райгуырд, йæ фыд Малиты Георгийы йын рæстудæй куы æрцахстæуыд, уый фæстæ, æмæ йæ уынгæ дæр никуы фæкодта. Бирæ сывæллæтты мад Зæрæда та ахæм уæззау уавæрты бахауд, æмæ йæ кæстæр хъæбул райгуыра, уый йæ нал фæндыд. Тыхкуыст, уæззау хæстытæ дæр ма-иу скодта. Уыдæттæ мын-иу æнкъардæй Васо йæхæдæг дзырдта. Ноджы ма-иу барæй æрымысыд, райсомæй йын-иу цы кæрдзыны къæбæртæ радтой, уыдоны иу хай-иу сихормæ йæ базы бын куыд амбæхста, уый. Кодта ма Малиты Дзегайы кой. Хорз лæг нæ рох кæны, æмæ йын æз дæр йæ ном мæ зæрдыл бадардтон. Сындзыхъæуккаг уыди. Йæ бæхуæрдоны къопп сæвæрдта æмæ йæ нартхорæй байдзаг кодта. Нæхион Малиты

Георгийы сидзæртæн æй ласын, зæгъгæ, куы бакодта, уæд ын, «адæмы знаджы» цот сты, æмæ дæ паддзахад бафхæрдзæн, зæгъгæ, дзурджытæ фæци. Йæ дзуапп уыд ахæм: «Ауындзгæ дæр мæ æркæнæнт, уæддæр уыцы мæгуыр сывæллæтты афтæ нæ ныууадздзынæн». Æцæг хъæбатыр лæг, йе сгуыхтдзинад мæнмæ дæр тынг бахъардта.

Йæ курдиат та Васо æрдзæй рахаста – йæ номдзыд фыссæг фыды тугæй йæм бæркадджынæй фæхæццæ. Æндæра дыгурон лæг ирон æвзаг уый хуызæн хорз базонæд. Нæ уагътой уæд дыгуронау дзурын æмæ фыссын, рауагъдады 13 азы дæргъы дыгуронау иунæг чиныг дæр нæ рацыд. Бесаты Тазе, зæгъæм, йæ мадæлон æвзагыл хорз фыста, æмæ йæ бар-æнæбары иронмæ рахизын куы бахъуыд, уæд йæ «дыгурон апп» иронау хæссын нæ фæрæзта, æмæ йæ фыстытæ лæмæгъдæр рауадысты. Æз уырыссагау куыд хъавгæ фыссин, афтæ Тазе фыста иронау.

Васо та Ирыстоны дæр нæ царди, уæддæр йе стыр курдиатæн æнæ срæмудзгæ нæ уыд, йæхицæн хъуамæ æнæмæнг фæндаг айгæрстаид. Уый цы рæнхъытæ сфæлыста, уыдон зæгъын, цæрæнбонты иронау чи фæфыста, бирæ ахæм поэттæ нæ сарæхстысты:

Поэзи бадт мæгуыргуры бызгъуырты,
Омаримæ нызтой дыуусæйæ сæн.

Уымæй аивдæр поэтикон азæлд ма цы уа! Йæ мидис дæр – афтæ.

Æниу, мæ хорз хæларæн йæ курдиат бирæвæрсыг уыд. Ныв кæнынмæ куыд хорз арæхст, уый та! Скъолайы йæ ахуыргæнджытæ дзырдтой, нывгæнджыты скъоламæ йæ раттын хъæуы, зæгъгæ. Радтой йæ Дзæуджыхъæуы педтехникумы нывгæнджыты хайадмæ, фæлæ дзы бирæ нæ ацахуыр кодта: «Зæрæда мын-иу иу нартхоры кæрдзын скодта, уый-иу къуыри иу хатт схастон, æмæ-иу æй уыцы изæр лæппутимæ ахордтам. Гæнæн нал уыд, æмæ æвæрæзы фыдæй хъæумæ æрыздæхтæн».

Уæддæр-иу ахæм нывтæ акодта, æмæ диссаг. Уæд ма Джыккайты Шамил, Ходы Камал, Дзаболаты Хазбиимæ иумæ телеуынынады куыстам. Гъемæ дын Васо уайтагъд кърандасæй Хазбийы ныв куы акæнид, йæ роцъойы дзыхъхъы онг! Афтæ тагъд ацæудзæн не 'хсæнæй, уый куы зыдтаин, уæд уыцы ныв райстаин æмæ йæ абоны бонмæ бæргæ бахъахъхъæдтаин…

Уæдæ зарынмæ дæр италиаг зарæггæнджытæй æвзæрдæр нæ арæхст. Сценæйыл ахъазынмæ æмæ математикæмæ та куы дæсны уыд! Дзасохты Музафер ныр дæр æрымысы, Мæхъиты Лавер институты студенттимæ Шекспиры «Отелло» куы сæвæрдта, уæд дзы Васо сæйраг ролы ахъазынмæ куыд диссаджы хорз сарæхст, уый.

Фæлæ йе стыр курдиат, мæнмæ гæсгæ, кæронмæ нæ райхæлд. Парахатзæрдæ уыд, æмæ йæ уый кусын нæ уагъта. Кусгæ та афтæ кодта – сбадт-иу æмæ æнæрлæуугæйæ фыста. Цы рауад, уый рауад – редакци-иу нал кодта уый фæстæ йæ фыст. Уыимæ, дзырдта: «Куы фыссон, уæд мæ цуры гуымсæг куы хойай, уæддæр мæ ницы хъыгдары». Хæдхуыз уыд йæ фыстыхъæд, лæгыл змæлд чи æфтыдта, ахæм. Зонын, уацау ма кæй фыста, фæлæ йæ кæронмæ нæ фæци. Цы ныффыста, уый та рауадзынмæ бæззид, мæнмæ гæсгæ.

Йæ дыууæ пьесæйы – «Саст бандон» æмæ «Калм æмæ хъисфæндыр» – æвæрд уыдысты Ирон театры сценæйы. Сæ кæцыйæ загъта, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ йæ ныффыста… æртæ изæрмæ! Уыимæ театрæн нæ, фæлæ нæхимæ, телеуынынады йæ сæвæрынæн æмæ равдисынæн. Йæ аивадон æмвæзад та ахæм уыд, æмæ йæ театрæн æхсызгонæй айстой.

Васойы роман «Сурмейы хæдзар» иронау куы рацыд, уый фæстæ та хъуамæ рухс уырыссагау Мæскуыйы рауагъдад «Современник»-ы федтаид. Цыдæр фиппаинæгтæ йæм æрæрвыстой, фæлæ сæм йæ хъус не ‘рдардта. Уæд æм редактор Серганова йæхæдæг ардæм æрцыд. Васо нæ ахуыдта Доны станцæйы районы ресторанмæ. Уым ын мæскуыйаг уазæг афтæ: «Кавказы фысджытæй искæй пъланмæ бахæссæм, ууыл тох цæуы. Чи бахауы, уыдонæн цыфæнды куы фæзæгъæм, уæддæр ыл уайтагъд бакусынц, сæ уацмыс ногæй рафыссынмæ дæр цæттæ вæййынц. Ды та чысыл акусинæгтæм æркæсыныл дæр разы нæ кæныс». Куыд загътон, афтæмæй Васо йæ фыстытæ ногæй редакци нал кодта, æмæ дын афтæ куы фæкæнид: «Рæстæг мын нæй, иннæ азмæ мын æй ахæссут». Ахастой йæ, фæлæ та уæддæр – афтæ. Бирæ азты фæстæ рацыд йæ роман уырыссагау.

Васо фæхайджын æндæр миниуæгæй дæр. Мыхуыр (печать) йæ бон афтæ ацаразын уыд, æмæ йæ нæ базыдтаис, къухæй конд у, уый. Немæ телеуынынады куыста поэт Æгъуызарты Георги, Жорж æй хуыдтам. Гъемæ дын æм Васо секретарæн раттын кодта «Мæскуыйæ фыстæг». Амынд дзы уыд, зындгонд рауагъдад ын аст мыхуырон сыфы пълан

кæй кæны. «Мыхуыр» ыл, уыцы рауагъдады æцæгæй чи куыста, ахæм лæджы «къухфыстимæ».

Жорж ма фыр цинæй цы акодтаид, уый нал зыдта. Кæмæйдæр æфстау æхца райста æмæ лæппуты ресторанмæ ратæлæт кодта. Æз ма йæм, уыйбæрц æмдзæвгæтæ дæм куы нæ разына, зæгъгæ, бæргæ дзырдтон, фæлæ ма йæ чи урæдта: «Лæмæгътæ дæр сæм арвитдзынæн». Уый фæстæ сайд раргом. Лæппу, Мæскуыйæ стыр гонорар æнхъæлæй, хæсджынæй баззад.

Иннæ хатт та Гаджиты Ильяйæн дæр Висо афтæ бакодта. Хъусынгæнинæгты 'хсæн къулыл баныхæста телеуынынады директор Æгъуызарты Æхсарбеджы номæй мыхуыримæ бардзырд Ильяйы йæ куыстæй сисыны тыххæй. Лæг фæуыргъыйау. Васо йæм телефоны хæтæл авæрдта: «Бадзур Æгъуызары-фыртмæ æмæ йæ бафæрс, цæмæн дæм афтæ сфыдæх, уымæй». Ильяйæн фыр тыхстæй йæ дзыхы ныхас дæр нал бадт. Æхсарбег Васойы хъазæн митæ куыд нæ зыдта, æмæ Ильяйæн уæзданæй загъта: «Сæвæр хæтæл æмæ æнцад дæ куыст кæн». Гъе ахæм худæджы хабæрттæ дæр уыд.

Васойæн йæ бинойнаг Лидæ дæр уæд немæ телеуынынады куыста. Хæрзæгъдау, рæсугъд адæймаг. Елхотæй йæ хастам, чындзхæссæг дæр уыдтæн. Гъемæ кæмдæр абадтыстæм, ноджы ма кæмæдæр баздæхтыстæм, æмæ уый фæстæ Камалимæ Васойы сæхимæ баластам. Уый махæй тынгдæр фæнозтджын. Лидæ нæм рацыд, æнкъард худт бакодта. Цалдæр боны фæстæ уыцы хабар Васойæн куы радзырдтон, уæд мæм æдзынæг ныккаст æмæ афтæ фæкодта: «Гъы, æмæ хъæлдзæг худт дæр цæуыл кодтаид?»

Куы фæрынчын, хæдзарæй æддæмæ куы нал цыд, уæд æм телефонæй арæх дзырдтон, ныфсытæ йын æвæрдтон. Лидæ мын-иу загъта, афтæмæй йæхимæ къаддæр хъусы, зæгъгæ. Гъемæ та йæм иуафон бадзырдтон æмæ йæ фæрсын: «Васо, мæнæ, цымæ, аци рæнхъытæ чи ныффыста?»:

Уыдтæн æз лæппуйæ æмгарджын,
Мæ зарæг-иу айхъуысти дард.
Уæлибæхæн уарзтон йæ дзадджджын,
Физонæгæн уарзтон йæ нард.

Ныхъхъуыды кодта, иу хатт ма мын æй бакæсын кодта. Хорз у, фæлæ йын йæ авторы нæ зонын, зæгъгæ, бакодта. Балаты Тембол у,

зæгъгæ, йын куы загътон, уæд ныххудти: «Æндæр уæдæ чи ныффыстаид афтæ».

Йæхæдæг та-иу цы анекдоттæ радзырдта! Сæ дзурынмæ афтæ арæхст, æмæ зæрдиагæй фæхудтаис, сæ мидис уадиссаг куы нæ уыдаид, уæддæр.

Æнæ зæгъгæ нæй йæ разамонæджы æмæ организаторы курдиаты тыххæй дæр. Чиныгуадзæн «Ир»-ы сæйраг редактор уæвгæйæ, архайдта литературон журнал «Ирæф»-æн бындур сæвæрыныл. 90-æм азты райдайæны хъуыддаг сырæзт, æмæ редакцийы кусджыты сæргъы йæхæдæг æрлæууыд. Васо куынæ уыдаид, уæд журнал абон дæр нæ уаид.

Советон дуджы цыбыр рæстæг акуыста Фысджыты цæдисы сæрдарæй. Æз уæд рауагъдады куыстон, æмæ ма мæ æрдæгставкæйыл йæхимæ дæр кусынмæ райста. Уæд Мæскуыйæ фысджытæн хæдзæрттæ аразынæн æхца уагътой. Гъе фæлæ ам, республикæйы, арæзтадон æрмæг нæ уыд, æмæ уый дæр хъуамæ рафыстаиккой, æндæра-иу æхца дæр фесæфтысты. Æмæ ацы хъуыддагыл Васо тынг архайдта. Мæн-иу къуыри дыууæ хатты арвыста хицауадмæ, Госпланмæ, цæмæй, куыст куыд цæуы, уый бæрæг кодтаин. Абон Дзæуджыхъæуы Кырджалийы уынджы цы фатеры цæрын, уый дæр уæд райстон.

Мæ хорз хæлармæ хæлæггæнджытæ бирæ уыди, æмæ йæ хинæйдзаг хуыдтой. Ахæм куы уыдаид, уæд йæхицæн хорз фатер кæнæ алы хорзæхтæ нæ самал кодтаид?! Куы фæрынчын, уæд ма йын хæдзармæ бахастой майдан «Ирыстоны намысæн», æндæр æм ницы хæрзиуæг уыд. Йæхиуыл нæ, фæлæ йе 'мсис хæлæрттыл хъуыды кодта, æндæра уый нæ уыд Къостайы премийы кæнæ адæмон фыссæджы номы аккаг?!

Ныр мысын нæ фембæлдтытæ. Æрмæст йе сныхас, бахудт æмæ хъæлдзæг змæлд дæр адæймаджы ныфс уагътой. Тынг зын мын уыд йæ ацыд…

ХУЫГАТЫ Сергей

ЗНÆТ ДУДЖЫ УÆЛАХИЗДЗАУ ХЪÆБУЛ

Æртиссæдз азæй йæ фылдæр зыдтон ахуыры, зæрдæргом ныхæстæ æмæ æмвынг æмбалæй, гъемæ ныр сагъæсты ахасты бахаудтæн, уæдæ мæ нæ ахастыты ахсджиагдæртæй куы ницы ферох уаид мæ мысинæгты, зæгъгæ.

Уый Малиты Георгийы фырт Васойы тыххæй…

Æппæт зонæг, æппæтæн рæстады аргъгæнæг иунæг Стыр Хуыцау у, фæлæ æз афтæ æнхъæл дæн, цыма ивгъуыд æнусы фысджытæй æрмæстдæр Васо уыд знæт, йæ хæрæмттæй йæ былтæм дзаг дуджы сидзæр хъæбул. Сидзæр фыды ‘рдыгæй.

Ноджы цы хуызæн фыды… Æмæ цы хъайтар мады ‘вджид бæззадысты дыууæ лæппу æмæ цыппар чызгæй! «Адæмы знаджы» цотæй… Зондæй бынтон къахыр чи нæу, зæрдæйæ къуырма къодах, бæзджын хъуынавæрд, уыдонæн дзуринаг нал сты уæдыккон царды уавæртæ, – цæй царды, цæй! Ирвæзæнтæ бонæй-бонмæ.

… Уыд уыцы кувинаг-табуйаг сæрдыгон изæрырдæм. Нæ цæлхбадт иу къордæй уалæ горæты сæрмæ Доны станцæмæ ахастам. Бакувыны размæ дын Васойæн йæ зæрдæ æрцагуырдта хи анайын. Æмæ ма хинайæн цады хъæрмуст доны дæр куы уыдаид йæ фæнд, фæлæ Ауазæны тæккæ сæрмæ знæтуаг Терчы уазалы!

Тæссаг дзы у, цы дзы у, махæн уыцы ныхæстæ ницæмæуал æрдардта, фæлæ феппæрста йæ уæлдай уæлæдарæс æмæ бæлæсты, алы пыхсы къудзиты ‘хсæнты уæлдæр суад, нывзылдта йæхи амæттæгтæуарзаг Терчы мæйдар хуыдалынг хъæбысмæ. Футтытæ кæны, ленк кæнгæйæ, стæй йæ цыппæртыл сбырыд æмдзæхгæр дурастæрд былгæронмæ, фæуæлбыл нæ цинæн.

– Гъæйтт, знæт дуджы æмæ знæт Терчы саудзагъд дыгурон хъæбул! – фæкодта дын Хæблиаты Сафар æмæ, пыхсæй, пысырайæ йæ хъæлæсы ахæсгæйæ, уый дæр смидæг нуарджын цæугæдоны. Уыцы æрдæгкуырм… Раирвæзт уый дæр Терчы зыдыка хъæбысæй…

Аивгъуыдтой историйы къуырфмæ фыдбонтæ сæ аразæг фыдлæгтимæ, фæлæ ма уæддæр сæ галиумæ ардыд адæм знæт ифтыгъдæй бæззадысты, мастæй дзаг зæрдæтæ цæттæйæ дардтой, зæгъæм, нæ уарзонты-уарзондæр фæтæг Сталины кой æнæ табутæгæнгæйæ чи скодтаид, уыдонмæ. Уæнгæл сын фестадаид ахæм чидæр-цыдæр. Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр Васо йæ ныфс бахаста критикон ныхас зæгъынмæ журнал «Мах дуг»-ы фæрстыл (кæс журналы 1990 азы 8 номыр). Сыгъдæг ирон кæй уыди Дзугаты Бесойы фырт, уымæн та æвдисæндарæн æрхаста фыссæг Григори Коноваловы ныхæстæ йæ роман «Истоки»-йæ – мыхуыр уыд журнал «Волга»-йы. Стæй лæгæй-лæгмæ дæр сæмбæлд Васо йемæ.

Æмæ ома йæ фыды æнæаххос, рæстмæаудæг туг нæ иста лæгхор

хицаудзинад æмæ йе сфидаргæнæгæй, фæлæ цæмæй уыцы цъаммар дуг – дзырдхæсджытæ æмæ нымудзджыты амонд хæрæгыл бадгæ цы дуг ацыд, – уый макуыуал ралæууа.

... Лæгдзинад бадомдта Васойæ дыгурон дзырдаивады сæраппонд тох дæр. Æмæ йæ руаджы фæзынд журнал «Ирæф», бæлвырд æвæрæн бахаста, цæмæй дыгурон театр цæрæццаг суа, уымæ дæр. Кæд ма искæй бæлвырд хабæрттæ зонын фæнды, уæд журнал «Дарьял» дæр абон йæ фæрцы ис, Васойы хъазуатон архайды фæрцы: уый фæхоста хицауады дуæрттæ йæ равзæрды охыл. Æцæг уæд йæ нысан уыд, цæмæй уый ирон фысджыты уацмыстæ уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй мыхуыр кæна...

Цы бæрнон куыстуæтты уыд хицау æмæ зæрдиагæй кæмыты куыста, уыдон нæ нымайдзынæн, фæлæ йæ иуахæмы Ирыстоны фысджытæ сæ радон съезды сæ сæрдарæй равзæрстой. Æмæ алы хуызты дæр архайдта аив литературæ æмæ йæ фæлдисæг фысджыты хæрзæбоныл. Уæд ма фысджыты хистæр фæлтæр, семæ хæсты хъазуатонтæ дæр, æгас уыдысты, се сфæлдыстадон тыхы. Æз æй абоны бон дæр нæ зонын, се ‘ппæты раз дæр ахæмæй цы хуызы фæхæсджын, фæкъæмдзæстыг æмæ фæтæригъæдджын Васо, фæлæ йæ быны æндзарын райдыдтой æмæ йæ йæ цыппар азы æмгъуыдæй æххæст дыууæ азы кусын дæр нæ бауагътой. Стæй уæд Фысджыты Цæдис цæдис нал, фæдис сси, йæ боны фыддæртæм азылд, аздæхт, стырындз (о, абон цыма нывылдæргæнгæ цæуы, йæ номы аккаг гаччы сбадинаг у...).

... Стыр арæхст, дæсныйад домæг фæллой йеддæмæ куы ницы бакодтаид Васо – йæ «Сонетты баст»-æй зæгъын, – уæддæр ын æмбæлд Къостайы номыл преми раттын. Уæдæ «Адæмон фыссæг æмæ поэты» кады аккаг дæр кæд уый нæ уыд, уæд... уæд... Фæлæ алы рæвдауæнтæ-хæрзиуджыты фæрцы исчитæ æцæг фысджытæ-поэттæ куы кæниккой, уæд Ирон Дзырды стыр бæрæгбон нæ уаид, нæ!

...1958 аз. Фæззæджырдæм Казахстаны зæрæстон зæххытæм æрхæццæ нæ къорд дæр – Пединституты студентты разагъды дзыллæ. Куыстам хос æмæ хорæфснайæнты, æвзонг фæсивæды цардæй цардыстæм гæнæн æмæ амалæй. Уæд дын иу хорз бон куы уыдис – лæппутæ хъæбысæй хæцынæй ерыс расидтысты. Ацы Васо чи у, ацы, уый дын йæ ныхмæлæууæджы æрбырста. Гъемæ лæг, йæ цардбаргæйæ, цынæ фехъусдзæн æмæ цынæ фендзæн: бинаг дын æм уæлæмæ ‘ртхъирæнтæ кæны:

– Суадз мæ, науæд дын æз, уæллæй-биллæй, фенын кæндзынæн!

(Иу лæппу та нæм афтæ дзурæг уыд: шахмæттæй-иу куы фæхæрд – арæхдæр! – уæд та-иу фæкодта: «Уæддæр уый, æмбулæг, мæнæй хуыздæр нæ хъазы…»).

… Васо ахадгæ хæрзты бацыд йæ номдзыд фыдæн. Ныфсджынæй сыстад йæ ном ын ссыгъдæг кæнынил, йæ æнæтæригъæдыл, æмбæлгæ цыртдзæвæн ын сæвæрынил, æцæг фæсвæд ран нæ; йе сфæлдыстад ын, цы бæрзонд бынаты аккаг у, уырдæм сисын; йæ кадгæнæн бонты йæ стыр цытджынæй мысын, æрымысгæ тугтæ-хæрæмттæ ууыл мауал æхуырсын…

… У, уæдæ нæу æцæг курдиат алывæрсыг. Æмæ зæрдæргъæвд уыд Васо дæр ныв акæнынмæ, зарын, артистау хъазын, цыргъзонд ныхас бакъæрцц ласынмæ, курдиат-иу чысыл дæр фæсивæдæй кæмæ ферттывта, уый барæвдауын, ууыл баузæлынмæ; шахмæттæй хъазынмæ…

А-гъа, шахмæттæй хъазты тыххæй иу хабар радзурон – Васо иттæг хорз психолог кæй уыд, уымæн ирд æвдисæн.

Поэттæй иу лæппулæг бирæ уарзта шахмæттæ, æмбулгæ дæр-иу арæх кодта. Уæд дын æй йæ шахмæтон хæйрæг Васомæ ацардыдта. Ныр удысконд-хидарыны уагæй та ахæм тæвдтуг уыд, æмæ-иу лыстытæй артыл дæр пæлхъ-пæлхъæй рафыхт. Васойæн та дын уый авæрай!

Зыдта йæ, хъазты æгъдæуттæм гæсгæ йæ кæй æмбулдзæн, фæлæ йын уæддæр сразы, æцæг ахæм уагыл:

– Хъусыс, кæд нын æнæ хъазгæ нал ис, уæд афтæмæй: хæснагыл. Чи нæ фæхæрд уа, уый у ресторанмæ хонæг. Немæ ма Æхсар æмæ Камалы дæр.

Иннæ фыццаг фæсагъæсхуыз, стæй сразы, уæддæр та йæхиуыл йæ зæрдæ даргæйæ, ома, хонæг уый нæ уыдзæн... Хъазынц. Æмæ зонды къуыбылой Васо бавдæлд йæ хинтæ-кæлæнтæм, зæгъы йын, æндзары йыл:

– Уæдæмæ дзы картофджын ницæмæн хъæуы, фæлтау иу инджын уæлибæх æмæ дыууæ цæхæраджыны. Стæй карчы бæсты дæр фæйнæ чысыл къусы нурыдзæхдоны мидæг дзидза лыстæг карстæй. О, æхсырысæртимæ. Ахъаззаг закъускæ хъæбæр нозтимæ!

– Гуыбынхæлд дзы нæ фæуыдзынæ!

– Омæ исты мæхи кой кæнын?! Исты дæ æз амбулдзынæн?!

Уæд уый дæр фæхъус, фæрайдзаст. Хъазынц дарддæр. Васо йæ уыны, мæнæ-мæнæ хæрд кæй кæндзæн, уый. Æмæ та сæ хуынды меню ивынил схæцыд:

– Йед дæр дзы нæ хъæудзæн, æлхæнгæ нæлхæ. Кæуылты хуыздæр у цæхæраджынтимæ нæхи ирон царв. Мæлæты тынг фидауынц дзаджджын цæрвджынæй!.. Стæй-ма…

– Æгъгъæд! – лæппулæджы уадулджын цæсгом сырх-сырхид хъулæттæ афæлдæхт, цырен арты ссыгъд – лæг рæдыды коммæ адзæгъæл: йæ хъæбатыр ферзы дын адзалы бынаты авæрдта. Фæлæбурдта ма йæм, бæргæ, фæлæ иугæр ацыдтæ, уæд – æвсе!

Басаст:

– Хорз. Æрмæст мæм ацы сахатыл уыйбæрц æхца нæй. Иннæбон. Райсом мызд исыны бон у æмæ … Бахъæцут. Хъæцын, дам, ахæрынæй хуыздæр у, – бахудыны хъæру дæр ма йæм разынд.

Уыцы «иннæбон» абоны онг дæр нæма ‘рхæццæ, стæй, хъыгагæн, æрхæццæгæнинаг дæр нал у: цыппарæй дæр сæ бæрæг бынæттæ ‘рцахстой дзæнæты дыргъдоны…

…Кæцы зонынджыны ныхæстæ сты, уымæн йæ бæлвырд нæ зонын, фæлæ базырджын дзырдбастау баззадысты: «Природа отдыхает на детях гения».

Уыцы хатдзæг ницы бар дары æрмæст Васомæ нæ, фæлæ Георги æмæ Зæрæдайы æппæт байзæддæгтæм дæр. Чи сæ зоны лæгæй-лæгмæ æмæ сæ чи зыдта, уыдон мемæ æнæмæнгæй сразы уыдзысты.

ГУСАЛТЫ Барис

АХЕДГÆ ЦÆУЙ Æ КАДÆ

Аци анз комахсæни 14-аг бони гъæуама исæнхæст адтайдæ 85 анзи нæ республики зундгонддæр лæгтæй еу, зингæ ирон æма дигорон поэт, курдиадгун прозаик, драматург, критик, библиограф, тæлмацгæнæг, Цæгат Иристони Фингсути цæдеси раздæри сæрдар, литературон-аййевадон журнал «Ирæф»-и бундорæвæрæг, уой фиццаг æма берæ æнзти дæргъци сæйраг редактор, æновуд æхсæнадон архайæг, æ райгурæн бæсти æцæг патриот Малити Геуæргий фурт Вассобæл. Алли устур финсæгæн дæр Хуцауæй лæвæрд фæууй дууæ «цардинади»: «хумæтæг» æма сфæлдистадон. Малити Васой сфæлдистадон «цардинади» фæл-

лæйттæ уæлæбæл æ фæсте байзайдзæнæнцæ берæ рæстæгути дæргъци...

Скурдиадæ – Хуцау æма Ærдзи лæвар æй, æма си Хуцау уæдта æрдзæ ке схайгин кæнонцæ, е æй рахæссуй æ райгурци хæццæ æ мади губунæй. Уой уæлæнхасæн ба ма Васой скурдиадæн ес генетикон бундор дæр. Дигорон поэзий ирд æстъалу – Малити Геуæрги – æ уодихъаурæ е 'носон дуйнемæ нæ фæххаста, æма æ фурт Васо, «фиди фарнæ» цæстигагуйау гъæуайгæнгæй, Геуæргий гъуддаг сæрбæрзондæй, кадгинæй рахаста идарддæр. Малити Васо хуарзæнхæгонд æрцудæй, финсæг æ царди медæгæ ци тæккæ хъазардæр лæвармæ фæббæллуй, уомæй – киунугæкæсгути уарзондзийнадæй!

Æ гъæздуг æмæ цæмæдесаг сфæлдистади бундор æй финсæгæн æхе медæгæ. Сфæлдистадон косæги архайд æнгон баст æй æ адæймаги минеугути хæццæ, æцæг поэт æрдзæ æма адæни берæ уарзуй. Малити Васо арф æнкъардта æрдзæ æма адæймаги медес, адтæй хæлар æма фæлмæнзæрдæ лæг, цæрун зудта алке хæццæ дæр, зудта игъосун æма фегъосун, инней балæдæрун æма æнхусгъæуагæн фенхус кæнун.

Æз æй зудтон хъæбæр хуарз, 1990-аг анзи комахсæни мæйи райдайæнæй æрæгий уæнгæ еумæ фæккустан, фæммæмæ дзурдта æма мин загъта: «Дигорон литературон альманах игон кæнунмæ гъавæн æма мæ фæндуй, цæмæй еумæ косæн. Рагъуди кæнæ лæмбунæг», – æма мин рæстæг равардта. Фæстæдæр, редакцимæ иннæ косгути дæр ку райста, уæдта нæ æрæмбурд кодта 'ма нин загъта: «Гъенур махбæл ес хъæбæр егъау ихæс æвæрд: не стур фиддæлтæй байзайгæ устурдæр хæзна, нæ алæмæти дигорон æвзаг гъæуай кæнун. Æма гъæуама мах ардигæй фæстæмæ еу бийнонти хузæн уæн. Хуцау нæ рæстгъуддаг фæккæнæд!»

Уойадæбæл, Васо нин разамунд дæтгæй, æ усхъæ нæмæ даргæй багъæуаги, фæззиндтæй, дуйней медæгæ еунæг литературон-аййевадон журнал дигорон æвзагбæл. Æма, Малити Геуæргий фурт Васо æ царди медæгæ уомæй æндæр ку неци 'саразтайдæ, сауæнгæ еунæг рæнгъæ дæр ку нæ ниффинстайдæ, уæддæр æрмæст уоци гъуддаги исарæзтæй дæр æ ном гъæуама историй байзадайдæ.

Малити Васой некæд неке фæууидта козбаугæнгæ, кенæ, æппæлди аккаг ка нæ уидæ, уони уæлæмæ есгæ, ести рæуонæмæ кенæ ескæми багъæунмæ гæсгæ. Е, Васо, æцæг профессионал ке адтæй, уобæл дзорæг æй, æма ин æ зæрдæ нецæмæй адтæй балхæнæн – скурдиадæ, уæдта æновуд кустæй уæлдай. Адæймаги аци дууæ минеуæгæн ба

кодта аккаг аргъ. Исуйнаг кæстæрбæл æ цæстæ ку æрхуæцидæ, уæд ин ниффæдзæхсидæ: «Косгæ кæнæ дæхебæл, финсгæ кæнæ, стъолбæл дæр «рамæлæ». Æрмæстдæр ди уотемæй рауайдзæнæй æцæг поэт!»

Сфæлдистади кæдзосдзийнадæбæл дзоргæй, Васо æхебæл дæр нæ аурста, уидæ æргомдзурд æма ’хе гъудибæл хуæст, цæттæ бæрзонд аййевади сæрбæлтау карз буцæути бацæунмæ дæр.

Малий-фурти литературон архайд уотæ берæ къабазгун адтæй, æма айдагъ уой уадзимистæй дæр исаразæн ес æнхæст, уæдта цæмæдессаг дууæвзагон литературон-аййевадон журнал аллихузи рубрикити хæццæ. Васо «фиди уарзтæй» ци журнал уарзта æма «гъомбæл» кодта, е абони дæр, æ фæдзæхст ‘ма æ нистауæн куд адтæнцæ, уотæ æ куст æнтæстгинæй кæнуй, цæруй æма цæуй адæни зæрдæмæ.

Нæ хуарз хестæр, не стур нифси цæгиндзæ Васо, абони нæ астæу ке нæбал æй, е нæмæ бонæй-бонмæ, анзæй-анзмæ фулдæр гъаргæ цæуй, æма уойбæрцæбæл ба нæ цæсти æ ном æма æ кадæ ахедгæ цæунцæ.

СКЪОДТАТИ Эльбрус

ÆГÆР ÆВГЪАУ АДТÆЙ АЧИ ДОГÆН

Аци бон мæмæ журнал «Мах дог»-и редактор Хетæгкати Оксанæ æхе бахадта, Васой туххæй нин дæ имисуйнæгтæй еститæ ку æрбахæссисæ, зæгъгæ.

Еци дзурдтæ фегъоскæй, раст ку загъон, уæд мæ медуод æмрезæги баризттæн. Æз уой æнгъæл некæд адтæн, æма мæ ескæд Васой туххæн евгъуд афони дзорун багъæудзæй. Уæдта ибæл дзоргæ дæр ци хузи, ци цæсгомæй кæнон, куд бауæндун кæнон, царди медага мин уойбæрцæ хуарздзинæдтæ ка фæцæй, еу цæнхæ, еу къæбæр ке хæццæ фæххуардтон, еу рист, еу мæтæй ке хæццæ тухстæн, еци лæгæн æ кой евгъуди рæстæги?

Васо ци адтæй, уомæй къахæй æ сæри гъуни уæнгæ адтæй æцæг поэт, æцæг прозаик æма æцæг адæймаг.

Абони дæр мин зин зæгъæн æй, Васо сфæлдистади хурфи фунхтæй æви сфæлдистадæ Васой медуод уагъта цъæх пеллон, е. Кæрæдземæй син фæххецæнтæ гæнæн нæййес, æмбост æнцæ æнæфефтуйгæ цæгтау.

Журнал «Ирæф» цæун ку райдæдта, уæдæй Васойæн æ рамæлæти уæнгæ кæрæдземæй некæдбал фæххецæн ан.

Багъæуаги адæймаги фæрраст кæнунмæ, лæгæн æ батухсти æ фарсмæ балæуунмæ ин æ раз неке нийййахæстайдæ. Алли хузи дæр дæ балæдæрдтайдæ. Уал анзей дæргъи æз Васой нæдæр гъæрæй, нæдæр ба усхъæзæй исдзоргæ некæд бафеппайдтон. Æ зæрдæ естæбæл ку рахудтайда, кена ести æ зæрдæмæ ку нæ фæццудайда мæ кæддæри æнæргъуди миутæй, уæд дин æй уæзданæй, сабурæй уотæ балæдæрун кодтайдæ, æма æ зæгъди цори ба уалхъоси ниццæф Хуцауи лæварау фæккастайдæ адæймагмæ.

Мæ зæрдæбæл алкæддæр лæууй еу хабар. Гурдзибети Барис æ киунугæ уагъта æхе хардзæй, Васо ба ин æй мухурмæ цæттæ кодта. Барис Васомæ æхца – мин соми – исхаста, фал Васо уоми нæ разиндтæй æма сæ, мæн æнамондæн, мæнмæ ниуугъта. Оххай, ку мин фесæфонцæ ами кабинети, зæгъгæ, æма сæ мæ дзиппи нæхемæ фæххастон. Уæди рæстæги е дзæвгарæ æхца адтæй. Нæ зонун, фæндагбæл мин сæ еске фелваста æви син зæнхæ ниттудта, фал æхца нæбал разиндтæнцæ.

Дуккаг бон ин сæумæй еци зæрдунгæй хабар ку балæдæрун кодтон, уæд хили бæсти байдзулдæй æма мин фæлмæнæй загъта: «Колий-фурт, ма тухсæ, ести æргъуди кæндзинан». Æма, æцæгæйдæр, мадзал иссирдта сæ бафедунæн. Æндæр еске уотæ нæ бакодтайдæ.

Иннæ хабар. Еу рæстæги нин цалдæр мæйи мизд нæ адтæй, уæдмæ мин сæ еу лæвæрдæй бафистонцæ. Уæд ма милиуантæ адтæй. Раизæр нæбæл æй, æма нæ фæйнæ баркъей байдзаг кодтан не 'хцатæй, уотемæй рацудан. Сæхе дуармæ ку бахъæрттан, уæд Васо уотæ бакодта: «Витали, изæр æй, æма уойбæрцæ æхцати хæццæ ма цо, уадзæ сæ махмæ, исон ба сæ бонæй фæххæсдзæнæ...» Æз, Васо куд загъта, уотæ бакодтон.

Заводи поселакмæ фæззелæнæй мæ фестæгæй цæун гъудæй хеди бунти. Куддæр хеди бунмæ бахъæрттæн, уотæ ба мæ цори авд æндæрги февзурстæй. Уæд наркомантæй идзаг адтæй. Дзоргæ дæр неци, уотемæй мин мæ дзиппитæ æрисгæрститæ кодтонцæ, фал мæ мæ ку неци разиндтæй, уæдта мæ рауагътонцæ. Нур уойбæрцæ æхца ку иссердтайонцæ мæнмæ, уæд ма мæ удæгасæй рауагътайонцæ?

Васо махæй домдта литератури кæдзосдзийнадæ. Кедæртау имæ

гъолон миутæ некæд адтæй, а ирон æй, а ба дигорон, зæгъгæ. Уомæн сæйрагдæр адтæй æрмæгути хуарз гъæдæ дзийнадæ. Кæмæй не 'руагæс кæнуй, е ба журналти фæрстæ рафæлдахæд æма сæ æхе цæстæй фæууиндзæй.

Васобæл, сауæнгæ ма æ хуæрзæмбалттæбæл ке нимадта, уонæй дæр беретæ гадзирахаттæй рацæуионцæ, æма сæ æ зæрди мастæн æвæрдта, кæд дзоргæ некæд неци кæнидæ, уæддæр. Некæд нин баунаффæ кодта, аци æрмæг исесетæ, е нецæй адæймаг æй, ома автор. Уойхигъд некæд неке нæдтæ æрæхгæдта. Е дæр, æвæдзи, æцæг поэти минеуæг æй.

Куд финсæг, куд сфæлдистадон адæймаг, уотæ Васо ци риндзитæмæ исхизтæй, уой уæнгæ хуарзефстæгти бон бауодзæй исхезун нæ, фал исрæдæхсун дæр.

Сæрустур дæн, уæхæн лæги хæццæ мин уал анзи еумæ косгæ ке рауадæй, уомæй.

Абони ибæл сæттун, æ зæрдихудти дæр бацæуинæ кæмидæрти, æма си нур ба мæхуæдæг дæр æстæлфун мæ миутæй.

Васо! Гъæр мæрдтæмæ дæр игъусуй, æма ди уордæмæ хатир корун, кæд дин дæ зæрдæ ескæд фæрресcун кодтон, уæд. Ӕгæр берæ æнцæ мæ дзоруйнæгтæ, æгæр къумух ба – ме 'взаг. Хуарзæн бауодæ, дæ фæсте ке ниууагътай, уонæбæл. Махæн ба не 'носи имисуйнаг уодзæнæ алкæддæр…

КОЛИТИ Витали

> *Васойы поэзийæн ис романтикон ахаст, йæ лирикон геройы уд иудадзыг тырны сæрибармæ, æрвон дунейы æгæрон тыгъдæдтæм, æнæбын æрфытæм, æрдзон тыхты сусæгтæм фæндаг ссарын у йе 'нусон бæллиц. Тыхджын æнкъарæнтæй, цардцыбæл фæндтæй дзаг у авторы зæрдæ, зæххон царды цы бирæ æнæраст хъуыддæгтæ ис, уыдон ын стыр масты хос сты. Поэт иттæг хорз арæхсы адæймаджы мидуавæр, дунеуынынад æмæ психологи иртасынмæ, уды кæнонтæ æрдзы æмæ дунейы змæлдимæ æнгом бастæй ныв кæнынмæ.*
>
> *ХЪОДЗАТЫ Ӕхсар*

МАЛИТИ Васо

САХУЫР МÆ КÆН, О ХУЫМГÆНÆГ, ХОРЫ КÆНДЫЛ ЗАРЫН...

БАЛЛАДÆ ХЪÆДГÆСЫ ЧЫЗГЫЛ

Хъæдгæсæн уыд иу чызг... Сагъæстæй уыд хызт,
Донгæрон йæ уæрыкк гогызтимæ хызт.
Дард уадындзы зарын хаста чызгмæ уæд
'Взонг фыййауы сагъæс, 'взонг фыййауы мæт:
«Ой, зæгъы, цы кæнон, ой, зæгъы, цы уон;
Агуры цæф сæгуыт хурсыгъд бæсты дон...
О, сызгъæрин феста донгæрон уæ хъæу,
А уалдзæг кæм федтон дондзаутимæ дæу».
Чызг фыййаумæ барæй алы фау хæссы,
Дымгæ дард уæтæрмæ ахæм дзуапп хæссы:
«О лæппу, дæ уадындз баззайа дзæгъæл,
Кæд æвзонг зæрдæмæ не ссардта дæгъæл!»
Æмæ сусæг хабар хъæубæстыл фæпырх:
«Мигъæмбæрзт æфцæгыл иу уадындз ныппырх.
Уым тымыгъ нынниуы, уым тымыгъ кæуы,
Уым сæрсæфæн тигъыл сау лæппу лæууы...»
Бонырдæм фæзынди кæрдæгыл æртæх,
Бонырдæм ныууасыд хъæдгæсæн йæ бæх.
Саурæсугъды фатау тар кæмтты хæссы,
Бонвæрнон уæларвæй барæгмæ кæсы.
Гъей, нæртон фæдисон, хорæй хаст дæ бæх,
Гъей, тæссаг цæуæнты къахвæндæгтыл тæх!
Уæртæ тигъæй разынд фыййæутты уæтæр,
Артдзæсты фæныкæй ферттивы цæхæр.
Æмæ лæппу рауад барæгмæ æваст:
«Сау сынтау æртахти сау хабары маст,
Æви цины уацæй райхъал и мæ хъæу?
О æхсæвдзу, чи дæ, чи рарвыста дæу?»
Хохы арф уырынгты цъитидон тæхы...

Саурæсугъд фæхудти, саурæсугъд зæгъы:
«Хъæдгæсæн уыд иу чызг, сагъæстæй уыд хызт,
Донгæрон йæ уæрыкк гогызтимæ хызт.
Фæлæ дард æврæгътæ, сау хæхты фæстæ
Уый йæхимæ сайдта диссаджы бæстæ:
Зымтæ уым фæуасынц, уым тæхы цæргæс,
Уым нындзыг къæмбыртыл арвы цъæхы бæрз.
Уым дзæбидыр, рисгæ, уады хъæр мысы,
Рагъсæрæй æнкъардæй дунемæ кæсы.
Уым сызгъæрин уадындз сау къæйтыл ныппырх...
О, фæсмон фæкæна, басæтта йæ тых, –
Кæд дæ цуры мæнæ уыцы чызг лæууы...
Кæд хæринаггæнæг фыййæутты хъæуы?»

ТÆРХОН

Легендæ

Æрцахстой йæ. Æрбакæнынц æй хуыртыл.
Æххормаг фæзы адæмы æхсæн
Поэзи бадт мæгуыргуры бызгъуырты –
Омаримæ сындæггай ноæтой сæн.
Кæсы сæм Ахст æрхæндæг æмæ тарæй,
Цыма æппæты растдæр трибунал
Ныртæккæ уымæн сисын кæндзæн барæй
Хъысмæты 'взæрст æнамонддæры хал.
Цæуы фæндаг дыууæ дихæй фыдæхмæ:
Уыны сæ Иу, Дыккаг куырм у бынтон.
Кæцыйыл цыд, цæмæн æмæ цы бон?
Æртæ фарсты – æртæ цæссыджы зæхмæ
Æрæппæрста Омар. Æххормаг фæз
Нынкъуысыди уынæргъгæ, стæй ныссабыр,
Цыма йыл стонгæй никуы кафыд дзабыр,
Цыма йыл никуы счындæуыд ныхас.
Зæгъы Поэзи Ахст лæгæн: – Дæ аххос
Дæуæн дæ царды аргъæй сси фылдæр.
Фæлыгътæ дард Мæгуыр Сыхæй кæддæр,

Дæ сагъд тала Æххормаг Фæзы бахус.
Æрымыс-ма, куыд-иу зарыдтæ ам,
Æрымыс-ма, куыд дын куывтон мæ сæрæй,
Лæвæрдтон дын бæлццæтты арты хъарм,
Цы ис хæрзаддæр курæггаг къæбæрæй?
Ды зарыдтæ, цæмæй пъæззыйы гакк
Фæллад зæрдæтыл ма ’рæнцайа уаргъау.
Сыгъд сау цæстыты тох кæныны фаг
Сæуæхсиды хæрз чысыл къæртт цырагъау.
Æмæ уæззау хъадаманты хъæдгом
Нæ саста уд, нæ фæтых буарыл...
Фæлæ ды мулкыл баивтай дæ ном,
Ды бахызтæ бæрзонд галуаны дуарыл.
Дæ зонгуытыл Эмиры цур лæууыс,
Мыдамæст хъуыр, козбау æвзагæй зарыс.
Сæрибарыл æвзæр куыдзау рæйыс,
Дæхи хъæздыг фынджы уæлдæйттæй дарыс.
Дæ тард Музæ дыууæ зæппадзы ’хсæн
Фыр æрхуымæй бæлоны удау амард.
Æрцæуы дæм сæнтурс дзуары хуызæн
Кæйдæр ауон æмбисæхсæв æд хъама.
Дæ конд зарæджы хин æмæ кæлæн
Сывæллонау дзыллæты æуууæнк сайы.

ХОР:
Эмирæн нæй мæлæн,
Æмæ нæ зæрдæ райы.
Нæй галуанæн кæлæн, –
Эмиры армыл ’нцайы.
Хуыцауимæ æмсæр
Кæны йæ тых Эмиры,
Йæ æнгуылдзты кæстæр
Къуымбилау знаджы пиры.
Зæхх æмæ Арвы хъуыд
Эмиры цард бæллиццау,
Зæгъгæ, йæ фарн нæ уыд

Æппæт дунеты хицау, –
Нæ уаид бæстыл дон,
Нæ уаид хурыскаст дæр.
Йæ зондæн нæй кæрон,
Рæстдзинадæй у растдæр.

Кæугæ æруагъта Ахст поэт йæ сæр,
«Ныххатыр кæн, сыгъдæг Поэзи, – дзуры, –
Мæгуыр Сыхы хæлд мусонджы къæсæр
Мæнмæ æдзух мæ фыдфынты лæбуры,
Кæй фæлыгътæн йæ хæлар удæй дард,
Кæй баззади фæндаггæрон дзæгъæлæй...
Уым нал судзы фæллад бæлццæтты арт,
Йæ дуар æхгæд – æрхæндæджы дæгъæлæй.
Æркодтой михыл иу поэты сæр, –
Ыстыдтой йын æфсæн æнгуылдзтæй йе ’взаг.
Эмиры ’фсæдтæ агуырдтой мæн дæр.
Ныфс ахуыссыд. Фæстаг зарæгæн не сфаг.
Уыд судзгæ змисыл тугæйдзаг фæдтæ, –
Кæдæм хаста йæ къахт цæстытæ ме ’мбал?..
Уыд ауындзæн мæ номыл дæр цæттæ,
Дард нал уыди бæндæнимæ нæ фембæлд.
Цæмæн мæм каст егъау галуаны цар
Хуыздæр, бæрзонддæр ауындзæн къæлæтæй?
Ныббар мын, о мæ сыгъдæг зæд, ныббар,
Кæй фервæзтæн хæстон лæджы мæлæтæй.
Æмæ мын ратт цыты уæзæн æргъом
Æртывæрæй мæ адзалы къæсæрыл...»
Сыгъдæг Поэзи рахаста тæрхон:
– Ныккæнæд Ахст йæ рагон худ йæ сæрыл.
Æмæ поэт йæ мусонджы æрцард,
Кæддæры уарзт – æрвон зарæгмæ – хъуыста,
Тыгъд быдыры бæлццæттæ скодтой арт.
Сæнтурс Сæнтты чызг – Музæ – мæрдтæй сыстад.
Æмбисæхсæв йæ тас поэтæн сног:
Кæцæйдæр хъуыст æбуалгъ тымыгъы азæлд,

Ærбакаст дуарæй худгæ Стæгдар-Стонг,
Гæвгæвгæнгæ, йæ цуры сбадти Уазал.
Æмæ йын зарыд уалдзæг æмæ цард,
Сырх дидинджытæ, урсхъуыр доны хъазтыл...
Поэтæн ссардтой райсомæй йæ мард
Бæрзонд Галуанæй Халагъуды астæу.
– Æнæуууæнк уыд æвзæр куыдзы хуызæн! –
Дзырдтой мæгуыртæ æмæ хъалтæ.
Эмир сызгъæрин кæхцæй нозта сæн,
Æфсондзы бын цыдысты адæм галтау.

ФÆСТАГ ÆМДЗÆВГÆ

Æрмæст æм иунæг уый уыди –
Йæ бæх –
Йæ ардбахæрд, йæ кæлæн,
Йæ бæх –
Йæ мулк æмæ йæ дин,
Йæ бæх –
Йæ цард æмæ йæ мæлæн.
Нæ йын уыд аргъ,
Нæ йыл уыд саргъ,
Уыди æнæ цæфхад йæ сæфтæг.
Фæндаг –
Цыбыр у æви даргъ –
Æрмæст æй иунæг уый æндæвта.
Нывдæттæг:
«Фесты уæрст
Фыдæх,
Æхца,
Æнцон амонд,
Мæнг сомы...
Уæртæ ма бастæй баззад бæх
Мæ кæрты
Иу дæр æй нæ комы...
Тæрсы йын йе 'рра тугæй зæхх,

Йæ рагъæй барджыты нынтъухы...»
О, уый цы бæх уыди, цы бæх!
Йæ разæй никæй уагъта дугъы.
Ныфс æмæ стъалыты æмбал –
Йæ идон скъуыдта...
Фæлæ йæ смидæг кодта скъæты
Йæ барæг –
Сайд æмдзæгъдæй хъал.
Хъысмæты стыр лæварæй не сси
Хъæздыгдæр,
Уарзондæр,
Хуыздæр.
Æз уыдтæн... уыцы,
Уыцы ’взæр!
Мæ бæхы ном та хуынд Поэзи.

ДУУÆ БÆЛАСИ

Надгæрон бæласæ, бæласæ кудтæй –
Цонгсаст æвзонг кизгæ тухстæй æ фудтæй.

Æ фарсмæ æ мадæ – бæласи хускъæ,
Дзоруй æ кизгæмæ: «Ма кæнæ тухсгæ,

Ма кæнæ, мæ радæ, ма кæнæ кæугæ,
Дæу туххæн байзадтæн зæнхæбæл лæугæ.

Мæ хъури буни дæ дардтон, мæ тала!
Æ хъал мин фуд дунгæ дæубæл ма кала!..

Нур ма æстæгдарау ци æй мæ лæуун? –
Кæнуй мæ дуккаг мард мæрдти дæ кæун...»

Бæдолæ бæласæ дзоруй: «О нана,
Мадта мæ бунати седзæр ци кæна?

Фæндагбæл цæугутæ – адæми муггаг –
Сирдтæй фуддæр æнцæ, æнцæ æнаккаг.

Дортæй мæ æхсунцæ, цæвунцæ гъелæй,
Пъæстутæ тонунцæ мæ сæри хелæй.

Нур дин мæ сосфæндæ мæ хъурми зæгъдзæн:
Уалдзæг мæ дзæгæрæг нимпулун кæндзæн.

Фæткъу нæбал ссердзæй мæнбæл лæги фурт,
Æма нæбал уиндзæн берæгъти лæбурд».

Райгъустæй мард мади уедæгти къæс-къæс,
Райгъустæй инæфгæ æ хускъæ гъæлæс:

«Мæ радæ, мæ кадæ, ме ’взонг тоги тъинг,
Фæлтау мæ будургъбæл ку сгъазидæ зинг...

Уотæ ма бакæнæ! Дæ рæзæ дæттæ,
Адæми мондаг си хæларæй сæттæ!

Мæнæн дæр мæ карнæ н’адтæй, нæ, хуæздæр,
Кудтæн мæ нанайæн дæ кари æз дæр.

Фал еу сæрдигон бон ’рцудæй уæхæн цау:
Мæ бунмæ ’рбахаста еу лæги Хуцау.

Æз æй уомæй размæ мæ фунти уидтон,
Æма мæ фур десæй мæ сæр ниттилдтон.

Фесхъиудтæй мæ цъоппæй мæ хуæздæр фæткъу –
Ниргъавта бæлццони хæдони æскъуд.

Фæллад лæг байдзулдæй, сахуста рæзæй,
Загъта: «Мæ бæласæ, фæрнæй иразай!

Дор дæ нæ никкодта де ’фхуæргути дор,
Де ’сконди, æвæдзи, цæруй сосæг хор.

Æз дæр мæ дзилаги фуд уагæй гъæрзун,
Фæндуй мæ, бæласæ, уæддæр дæу фæнзун...»

Рæстæг ци рацудæй, уой зонæг Хуцау,
Мæ цъæлтæ къæлеутæй скалдæй нæуæг тау.

Еу бон æй мæ рæзти стардтонцæ нæмгæ,
Зиндтæй скъуд зæнгойнæй тогæрхæн зæнгæ.

«Хуæрзбон, мæ бæласæ!» – зæгъгæ куд загъта, –
Лæгмар ин æ тæни циргъ арц ниссагъта.

Æ тог æ курæтæй калдæй сæх-сæхæй,
Уæддæр æй тардтонцæ, надтонцæ ’й æхсæй...

Адтæй е... Геуæрги – æ ном дин зæгъун, –
Мæ хускъæ уедæгти æносон æрхун.

Ковæ дæ къæлеутæй цæугутæн ниллæг,
Се ’хсæн кæд зиннидæ ескæд уæхæн лæг...»

* * *

Дыууæ барæджы
Æрбацæуынц
Æхсинты комы.
Сæ иу мæ фыд у,
Иннæ та –
Мæ фыдыфыд.
Фæрсы мæ фырты фырт
Мæ фырты:
«Адон чердыгон ысты,
Цавæр æвзагыл дзурынц?»

* * *

Æз горæтæй хъæумæ цыдтæн,
Ды хъæуæй горæтмæ цыдтæ,
Фæндагыл фембæлдыстæм –
Зæронд лæг æмæ саби.
Зæронд лæг...
Уый æз уыдтæн.

Саби дæр...
Æз уыдтæн.
Хæрхæмбæлд фестæм, –
Дзыхълæуд фæкодтон.
Кæсгæ дæр мæм нæ фæкодтай, кæсгæ...
Мæ рæзты
Аивгъуыдтай дæ фæндагыл,
Цæмæй искæдбон
Æрыздæхай,
Æз ныр кæм лæууын,
Уырдæм.

* * *

Сахуыр мæ кæн, о хуымгæнæг, хоры кæндыл зарын,
Сахуыр мæ кæн хоры гага ауæдзы æппарын,
Сау лæппумæ, азым хæсгæ, тар æрфыгæй ма кæс,
Рагвæззæджы рагуазалтау – сонт зæрдæйы сагъæс.
Мæн мæ сонты бонты зилдух горæтмæ фæхаста,
Аныгъуылди райгуырæн хъæу арвгæроны фæстæ.
Нал æппæрстон зады нæмыг куыройы фæлгуыры,
Нал хъуыстон хуымонты зарæг рагуалдзæг быдыры...
Охх æбæрæг, охх æнæсгæрст мигъæмбæрзт бæрзæндтæ,
Агуырдтон уæ кадæнхъæлæй, агуырдтон мæ сæнтты...
Гъе, фæлæ æрдæгфæндагæй раздæхтæн фæстæмæ, –
Арвы цъæхы ничи тæхы цæргæстæй фæстæмæ.
Сахуыр мæ кæн, о хуымгæнæг, хоры кæндыл зарын,
Сахуыр мæ кæн хоры гага ауæдзы æппарын.

ÆРТÆ ÆМБАЛЫ

Радзырд

1

Абоны хуызæн ма хъуыды кæнын уыцы бон. Сау æрхæмæй баззад мæ зæрдæйы.

Нæ кæрт адæмæй байдзаг. Стыр тута бæласы бын сау сгæлладæй æмбæрзт чырынил ныддæлгом мæ мад Борæхан, йæ куыствæллад къухтæ æнæбонæй æруагъта сау чырыны кæрæттыл.

Хæстæй уыцы æнамонд гæххæтт куы ссыд, уæдæй фæстæмæ йæ хъарджытæй нæ банцад. Сыхæгтæ æмæ йæ хæстæджытæ сабыр кодтой, ныфсытæ йын æвæрдтой, загъд æм кодтой, йæхи æгæр кæй хæры, уый тыххæй, фæлæ цыма ницы хъуыста æмæ ницы уыдта, уыйау куыдта æмæ куыдта.

Æхсæв-бонмæ йæхи хуыссæныл дæр не 'руагъта. Хæкъуырццæй куыдтон æз дæр мæ мады кæуынмæ. Фæлæ мæн нæ уырныдта... Афтæ мæм каст, цыма райсом сæумæцъæхæй дуар сабыргай æрбайгом уыдзæн, æмæ баба æрбахиздзæн къæсæрæй, æрлæудзæн та мæ хуыссæны уæлхъус. Æз афтæ тынг æнхъæлмæ кастæн боныцъæхмæ, мæ мæгуыр мады зæрдæрысты уæззау цæссыгтæ чи бахус кæндзæн, уыцы хурыскастмæ, æмæ фидарæй æууæндын райдыдтон, баба кæй фæзындзæн, ууыл. Уыцы бæллиц афтæ тыхджын уыд, æмæ дард азæлдау мæ хъустыл бæрæгæй уадысты йæ ныхæстæ:

– Хуысгæ та куы баззадтæ, Уæйыг.

Цæй уæйыг уыдтæн æз? Хæстмæ куы араст, уæд мыл æрмæст фараст азы цыд. Мæ ном Тотрадз хуыйны, фæлæ мæ мæ фыд фæуæйыг кодта. Кæд мын æхсызгон нæ уыди! Фæлæ мæ ме 'мбæлттæ мæстæй марынæн Уæйыг хонын куы райдыдтой, уæд мæм хорзау нал касти ацы ном...

Ныр куыдтон, фæлæ бабайы марды хабарыл нæ. Мæн æппындæр нæ уырныдта йæ амæлæт. Æз æрмæстдæр мæ мадæн тæригъæд кодтон...

Дысон фæсæмбисæхсæв йæ размæ бацыдтæн. Йæ ризгæ къух æрæнцад ме уæхсчытыл, йæхимæ мæ æрбалвæста, æмæ хатыдтон, йæ буар кæугæ-кæуын куыд фестъæлф-фестъæлф кодта, уый.

– Мæ иунæг, сидзæрæй нæ куы ныууагъта нæ дарæг, уæд ма цы кæндзыстæм?

Цæссыгтæ йæ нал бауагътой дзурын... Æмæ æрмæст уæд бамбæрстон, нæ хæдзарыл стыр бæллæх кæй æрцыд. Баба фæстæмæ нал раздæхдзæн, æмæ йæ æз никуыуал фендзынæн. Æнахуыр судзгæ æнтъыснæг мын ацахста мæ хурхуадындзтæ... Æз, æвæццæгæн, уæд фыццаг хатт бамбæрстон адæймаджы егъау хъыг.

Ныр тута бæласы бын лæууы афтид чырын. Йæ уæлæ – баба хæсты размæ кæй дардта, уыцы чырынтæ хæдон æмæ морæ галифе хæлаф. Бæласы ставд зæнгмæ къулгондæй чырыны тигъыл лæууы йæ хуызист. Цардæгасау кæсы, цыма кæрты чи æрæмбырд, уыцы адæмы дисгæнгæ фæрсы:

– Хорз адæм! Цæуыл кæут? Æз æгас дæн...

Гыццийæн йæ бон кæуын нал у. Цыдæр хъæрзыны мыртæ ма схауы йæ дзыхæй. Æмæ уымæй ноджы карздæр, ноджы судзагдæр кæны мæ зæрдæйы хъыг. Бацæуынмæ хъавын мæ мадмæ, уый дæр куы амæла, уымæй тæрсын. Фæлæ мын уалынмæ чидæр мæ фарс æрбакъуырдта. Цыма бæзджын мигъы фæлмæй разынд, уыйау мæ размæ уынын ме 'мбал Ацæйы дзыгъуыр цæсгом. Мæ цонгыл мын рахæцыд æмæ мын сусæгæй мæ хъусы дзуры:

– Цом-ма мемæ.

Уынгмæ куы рахызтыстæм, уæд фæйнæрдæм акæстытæ кодта, исчи нæм кæсы æви нæ, уый базоныны фæдыл. Стæй барджын хъæлæсæй загъта:

– Мæ фæдыл цу!

Хъæугæронмæ куы схæццæ стæм, уæд Ацæ нарæг къахвæндагыл фæзылд Пыхсбынмæ. Æз æрлæууыдтæн. Ме 'мбал мæм фæстæмæ фæзылд. Ацæ æнæуый мæстыгæр у, фæлæ ныр, æвæццæгæн, сидзæрæй кæй баззадтæн, уый тыххæй мын тæригъæд кодта æмæ лæгъстæхуызæй загъта:

– Цом, Уæйыг, дæлæ нæм доныбыл чидæр æнхъæлмæ кæсы...

– Нæ цæуын, – загътон æз, – махмæ зиан ис æмæ...

Ацæ ас лæгау йæ къух ме уæхскыл æрæвæрдта:

– Уый æз дæр зонын. Фæлæ хъыгæн лæг хъæуы. Фæразын хъæуы.

Ацæ мæ разæй араст. Æз дæр сæргуыбырæй цыдтæн йæ фæдыл. Пыхсбынмæ куы бацыдыстæм, уæд мæ хъустыл ауад Урсдоны уынæр. Мах найынмæ ардæм фæцæуæм. Донбыл стыр дурыл бадти Æхсар. Уый махæй дыууæ азы хистæр у... Фæстæмæ йæм дзурын ничи уæн-

ды. Уæлдайдæр та, иухатт кæркхъус Беслæны уырды над куы скодта, уæдæй фæстæмæ. Мах цыма уынгæ дæр нæ кæны, уыйау йæ дзыппæй систа зæронд газеты гæбаз чысыл чиныджы хуызæн бæстон тыхтæй, раскъуыдта дзы цыппæрдигъон гæбаз, йæ фарсмæ йæ дурыл æрæвæрдта, насы хус сыф йæ дыууæ армы астæу æууæрдын райдыдта, стæй йæ æркодта гæххæтмæ. Арæхсгæ йæ систа æмæ йæ тымбыл стыхта, йæ тыхыскъуыд кæрæттæ йын йе 'взагæй сдæрæгау акодта.

– Чи уæ дымы тамако? – æрæджиау бафарста Æхсар.

Дзуапп нæ райхъуыст. Æхсар спичкæ ссыгъта æмæ йæ бахаста, йæ былты кæрæттæй кæуыл хæцыд, уыцы «тамако»-мæ, стæй, цыма фыр æхсызгонæй йе уæнгтæ ивазы, уыйау йæ къухтæ фæйнæрдæм акодта, йæ нарæг былтæ фæцъупп сты, æмæ йæ дзыхæй урс фæздæджы къуыбылæйттæ рауагъта.

– Зæрдæ куы рисса, уæд тамако дымын хъæуы, – комкоммæ мæм æрбакаст Æхсар.

Æз мæ сæр дæлæмæ æруагътон.

– Дæ цæстытæ æгæр сырх сты, – йæ ныхас дарддæр кæны Æхсар, – нæлгоймагыл кæуын нæ фидауы. Уый сылгоймæгты хъуыддаг у, æмæ уыдон кæуæнт.

Æхсар та йæ «тамако» сцъырдта, фестад æмæ мæ комкоммæ æрлæууыд:

– Дæ фыды дын чи амардта?! – афтæ тынг фæхъæр кодта, æмæ мæн иу къахдзæф фæстæмæ кæнын бахъуыд.

– Æз дæу фæрсын?

– Немыц, – æрæджиау загътон æз.

– Мæнæн та... – ныллæг хъæлæсæй райдыдта нæ хистæр. – Мæнæн та – ме 'фсымæры...

Лæппу банцад. Æвиппайды æргуыбыр кодта, систа гыццыл тъæпæн дур æмæ йæ, нæхи кæм фæнайæм, уыцы хъуымы сæрты ауагъта.

– Немыц ссæуынц ардæм, – тыхстхуызæй загъта æмæ Ацæмæ бакаст.

– Мах цы сфæнд кодтам, уый нæма зоны Уæйыг, – загъта Ацæ. – Мах хæстмæ цæуæм. Кæд дæ фæнды, уæд ды дæр немæ рацу.

– Хæстмæ? – бадис кодтон æз. – Æмæ уæ чи ауадздзæн? Мах хуызæтты...

– Уый дæ хæдзары уынаффæ нæу, – мæ ныхас мын айста Æхсар. – Газеты нæ кастæ? Иу лæппу немыцæн цы митæ бакодта, гъæ, дæ

бындар ма фесæфа, гъе! Афтæмæй йыл æртындæс азæй фылдæр нæ цыди. Цыбыр дзырдæй, ахсæв араст уыдзыстæм Даргъ-Къохмæ.

– Æмæ Гыцци та?

– Уымæн цæмæй тæрсыс, – дзуапп мын радта Ацæ, – дæ фыды туг куы райсай немыцæй, уæд ма дæ бузныг дæр фæуыдзæи. Хъæубæстæ йæ тыхсын нæ бауадздзысты.

Раст мæм фæкастысты Ацæйы ныхæстæ. Фæлæ уæддæр мæ цæстытыл уади мæ мады фæлурс, хъизæмайраг цæсгом. Цы бачындæуа? Дывæндæй æвзæрдæр ницы ис. Æнæнхъæлæджы æрымысыдтæн, æрæджы цы чиныг кастæн, уый. Гаврош Парижы баррикадæты цур мæлгæ-мæлын куыд зарыди... Йæ хистæр æмбæлттæ йыл куыд куыдтой. Цæмæндæр мæхицæн фæтæригъæд кодтон. Æнахуыр æнтъыснæгдзинад та судзгæ ссыди мæ хъуырмæ. Фæлæ мæхиуыл ныххæцыдтæн: мæ размæ лæууыди, кæуындзæгтæ йедтыл худгæ чи фæкæны, уый – Æхсар.

– Æз разы дæн!

Ацæйы скъуыд был мидбылхудтæй фæйнæрдæм айвæзт: æхсызгон ын уыди мæ дзуапп. Фæлæ Æхсары цæсгомыл иунæг нуар дæр нæ фезмæлыд.

– Афтæ уæдæ, – тызмæгæй загъта уый, – ахсæв фæсæмбисæхсæв – ардæм. Нæ сусæг фæнд искæмæн чи схъæр кæна, уый мын цы ’нхъæл у. Иу сыбыртт дæр нæ. Даргъ-Къохмæ ныххæццæ уæм, æндæр нæ уым иу эшелон хæстмæ аласдзæн. Цы ’мбæлы, уый нын ратдзысты – хæцæнгарзæй, хæстон дарæсæй. Алчидæр уæ хæдзары фыстæг ныууадзæд: афтæ-афтæ, махæн æппындæр мацæмæй тæрсут, тагъд нæ фæстæмæ ардæм хъæуы. Ныр иугæйттæй фæхæлиу уæм, – бардзырд дæттæгау ма загъта Æхсар æмæ донбылты аивгъуыдта.

Ацыд Ацæ дæр. Æз ма иучысыл джихæй кæсгæ алæууыдтæн, стæй рацыдтæн. Æрдæгвæндагыл мæ фæсте æрбаййæфта Æхсар.

– Хъус-ма, Уæйыг, – загъта тыхулæфтгæнгæ. Бæрæг уыди, тынг кæй згъордта, уый. – Дæхиуыл-иу хъарм уæлæдарæс скæн. Фæндагыл уазал уыдзæн. Хорз байрай..

2

Бабайы мард бавæрдтой. Мард, зæгъгæ, афтид чырын. Æмбисæхсæвы онг ма нæ сыхы устытæ бадтысты Гыццийы цур. Стæй уыдон дæр ацыдысты. Нæ хæдзар ныссабыр, цыма дзы æппындæр цæрæг никуы

уыди æмæ никуыуал уыдзæн, афтæ. Æз æмбæрстон: бабайы афтид чырынимæ уæлмæрдты баныгæдтам, кæддæриддæр æрхæндæгæй кæй мысдзыстæм, уыцы амонд. Гыцци цалдæр æхсæвы æнæхуыссæг уыди æмæ ныр, стъолы фарсмæ куыд бадт, афтæ афынæй, мæгуыр. Йæ цуры фæтæгены цырагъы авг сала, æмæ хæдзары къуымты хъазынц æнахуыр аууæттæ. Афынæй кæнæд Гыцци. Кæд иучысыл йæ зæрдæрыстæй фæцух уаид. Мæн дæр йæ быны скодта хуыссæг. Раст цыма мæ цæсты тъыфылтыл зды гиртæ ауыгъд ис, афтæ мын мæ сæр æлвасынц базмæ, æрцъынд вæййынц. Æмæ ме 'мбæлтты куы фæсайон, уæд ма сæм цы цæсгомæй ракæсдзынæн. Фæлæ уый гæнæн нæй. Дзырд дзырд у. Худинагæн, дам, бирæ нæ хъæуы.

Æз хъавгæ рахызтæн мæ хуыссæнæй. Цырагъы авджы нарæг хъуыры ныффу кодтон. Рухс куы ахуыссыд, уæд бамбæрстон мæ рæдыд. Мæ уæлæдарæс кæм æвæрд сты, уый бæргæ хорз зыдтон, фæлæ Гыццимæ фыстæг куыд ныууадзон? Спичкæтæ нæй, æхсæв пецы цæхæр бæстон банордæм æмæ ма дзы кæд райсоммæ зынг баззайы, уæд хорз, кæннод æз нæ пъолхафæныл зынг æрбадавын сыхæгтæй.

Зæронд скъаппы хъæдын къæбæлтыл ауыгъд ис мæ хъуымац хызын. Мæ къахфындзтыл хъуызæгау бацыдтæн. Систон кърандас, тетрады фæстаг сыф раскъуыдтон. Æмæ талынджы ныффыстоп: «Гыцци! Дæ зæрдæ мæм ма 'хсайæд. Тагъд зындзынæн. Тотрадз».

Мæ къахфындзтыл рацыдтæн кæртмæ. Æхсæв уыди мæйдар. Кодта уазал дымгæ. Хъæугæронæй ниудта кæйдæр куыдз. Уый, дам, фыдбылызы нысан у... Уæвгæ, Æхсар ахæмтыл нæ феууæнды... Хæрзбон, мæ зынаргъ Гыцци, хæрзбон. Чи зоны, æмæ... Нæ, уæд дæхи кæуынæй куы амардзынæ... Гæнæн нæй...

Ацы хатт мæхиуыл ныххæцын нал бафæрæзтон: мæ цæстысыгтæ фемæхстысты, æмæ сæ бауромыныл нал архайдтон.

Мæйдары дзæбæх не 'взæрстон нарæг къахвæндаг. Каконы сындзытæ мын æгъатырæй тыдтой мæ цæсгом. Фæлæ æвиппайды цыма пыхсыты бæгънæг къалиуты æхсæн цыдæр ссыгъд, уыйау зынг ферттывта æмæ ахуыссыд. Æз фехъуыстон Ацæйы кæнгæ хуыфт. Ме 'мбæлттæ мын, æвæццæгæн, мæ къахдзæфты уынæр фехъуыстой. Сæ размæ куы бацыдтæн, уæд Æхсар йæ æрдæгдымд тамако фехста хуымы астæумæ.

– Дæ цыдæй рацыдтæ?

– О.

– Фæндаггаг исты рахастай?

– Ницы.

– Ацæ дæр ницы рахаста, – цæуылдæр фæсмонгæнæгау загъта Æхсар, – фæлæ тыхсын нæ хъæуы, мæ хызыны ис æнæхъæн гуыдын æмæ цыхты ’рдæг. Нæ фаг уал уыдзысты. Цомут ныр.

Æз æмæ Ацæ æнæдзургæйæ цыдыстæм йæ фæдыл. Урсдоны къахыр былгæрæттыл донхæрис бæлæстæ æмæ рагон бындзæфхæдтæ зындысты сау æндæргтау. Мæ къæхтæм хъардта уазал – хæцъил дзабыртæ æхсæвы æртæхæй схуылыдз сты. Нæ размæ бæрæг фæндаг нæ уыд, мах цыдыстæм дон-дон, уымæн æмæ хорз зыдтам, Пыхсбыны фале уæрдонвæндаг донгæронмæ кæй æрбахизы.

Иу ныхас нæ никæмæй хауд. Чи зоны, ме ’мбæлттæ цæуыл хъуыды кодтой. Кæд мæнау уыдонæн дæр сæ зæрдæтæ сæ хæдзарттимæ дзырдтой, йе та, хæсты цы хъæбатырдзинæдтæ равдисдзысты, уыдоныл рагацау сæхимидæг цин кæнынц.

Мæ цæстытыл та ауад бабайы цæсгом. Цикъæйау фæлурс. Фæлæ уæддæр йæ мидбылты худы. Æз фæлварын мæ фыды цардæгас фæлгонц æрхъуыды кæныныл, фæлæ мæ бон нæу. Фæстаг хатт æй къамы куыд федтон, афтæ йæ хуыз рамкæйы æвæрдæй астæуæй уæлæмæ мæ цæстыл уайы.

Урсдоны иугæндзон уынæр æрдзы æнцойдзинад кæны ноджы тарфдæр. Æбæрæг тас пъæззыйау бады зæрдæйыл. Лæг цæмæн амæлы? Цыма кæцæйдæр дардæй кæйдæр удхайраг хъæрзын æрбайхъуысы, уыйау мæ хъустыл ауайынц, знон бабайы мардыл чи хъарæг кодта, уыцы зæронд усы скъуыддзаг ныхæстæ: «Æнæ цæстытыл хæцæгæй æцæгæлон бæсты, дондонгæнгæ, дæ иунæгмæ куы сидтæ». Баба, æвæццæгæн, мæнмæ сидти. Йæ иунæг æз дæн. Чи зоны, йемæ хæстмæ куы ацыдаин, уæд нæ амардаид. Ехх! Цæуылнæ ацыдтæн раздæр... Искæцæй йын мæскъæй дон æрбадавтаин къубускайы дзаг. Æмæ йын уæд йæ винтыздыхт хъуырæй зыдæй нуæзтаид уазал дон, иухатт æнтæф бон куыд нуæзта, афтæ. Йæ хъуынджын риумæ йæ бинаг былæй калдаид цыхцырæг. Кæд фыр дойныйæ амард? Æз хатын – мæ ком ныххус. Фæнды мæ тæссар къахыры донбыл хуырыл æрхуыссын æмæ уазал дон нуазын. Фæллайын. Цас цæуæм, фæлæ уæрдонвæндаг нæма зыны. Тæссаг у ацы мæйдары фæдзæгъæлæй... Æваст æртæйæ дæр хæрдмæ фæхаудыстæм: донæй фæцыд цæйдæр уæззау цъæпп. Æрлæууыдыстæм.

Ацæ хæстæгдæр бацыд Æхсармæ. Нæ раздзог фæстæмæ ракаст æмæ ныллæг хъæлæсæй загъта:

– Ам фæлæуут, æз, цы хабар у, уый базонон.

Æхсæвы тары фæауыон Æхсары æндæрг. Чысыл фæстæдæр фæстæмæ ’рбаздæхт.

– Цомут. Уый хуырджын был ныккалд донмæ.

Ногæй та араст стæм нæ фæндагыл. Æхсар афтæ тагъд цыд, æмæ мах згъорæгау кодтам йæ фæдыл. Разынд Пыхсбыны кæрон. Хъуамæ ам кæмдæр хæстæг уа уæрдонвæндаг. Нæ раз нын æрæхгæдта егъау сау æндæрг. Хъæды рагъ. Бæхуæрдонæй иухатт бабаимæ ацы рагъыл ахызтыстæм Даргъ-Къохмæ. Бирæ нæ нал хъæуы уæдæ. Хæхтæй раулæфыд уазал дымгæ. Райхъуыст донхæрис бæлæсты сусу-бусу. Рагъы сæрмæ æрвгæрон фæирддæр. Кæцæйдæр æрбайхъуыст уасджыты уасын.

Къахвæндаг рахызт гуыргъахъхъ уæрдонвæндагмæ. Мæ риуыдзаг æхсызгонæй сулæфыдтæн боныцъæхы æхсызгон сыгъдæг уæлдæф. Æгайтма нæ фæдзæгъæл стæм! Æваст Æхсар цъæхснаг хъæлæсæй ныззарыд:

Тохмæ, хæстмæ куы цыдыстæм,
Цæфтæй, мæрдтæй ыздæхтыстæм,
Ехх! Мæ ныййарæг мад, нал уыди мæ бон!

Ацæ дæр нал фæлæууыд, æмæ сæууон уæлдæфы сиу сты дыууæ цъæхснаг хъæлæсы:

Сау сыджыт мыл æрбакалдтой,
Сау хъæццул æй куы фенхъæлдтон,
Ехх! Мæ ныййарæг мад, нал уыди мæ бон!

Рагъыл фæндаг кæм фæхæрд кæны, уырдæм куы бахæццæ стæм, уæд сæ зарæг аскъуыд. Æвæццæгæн, лæппутæн улæфт нал фаг кодта. Уæззау уаргъ хæссæгау сæргуыбырæй цыдыстæм хæрды. Рагъы сæрмæ куы ссыдыстæм, уæд федтам, абон дæр мæ чи нæ рох кæны, ахæм диссаджы ныв: æрвгæрон, цыма мин артæй пиллон уагъта, уыйау сæнт сырхæй æрттывта, сæууон цъæх фæлмы чи ныгъуылд, уыцы дунейы сæрмæ. Цыдæр æмбисонды тых ис боныцъæхы: нæ фæллад мæнг

фынау фæлыгъд, нæ гуырысхо æрбайсæфт. Æртæйæ дæр нымдзаст стæм скæсæнмæ. Ме 'мбæлтты цæсгæмттыл æнхъæвзыд цыдæр цин. Цыма цырен артмæ сæхи тавынц, уыйау сæ цæсгæмттæ ныррухс сты. Чи зоны, цас алæууыдаиккам афтæмæй, стæй Æхсар рагъæй йæхи бынмæ рауагъта, фæндагæй иуварс фæзылд æмæ хосы мæкъуылы цурæй сдзырдта:

– Рацæут, нæ фæллад иучысыл суадзæм. Фæйнæ къæбæры дæр ахæрæм.

Мах цалынмæ Æхсары цурмæ цыдыстæм, уæдмæ уый йæ хъæбысыдзаг систа сæууон æртæхæй уымæл хосæй, æркалдта йæ, таугæрдæджы бын чи фæци, уыцы кæрддзых зæххыл. Æрбадтыстæм хосыл æмæ мæкъуылыл нæхи фæстæмæ ауагътам. Æхсар йæ хызынæй систа, æртысгæны арф фæдтæ бурæй кæуыл баззадысты, уыцы тымбылзылд гуыдын, æртæ чысыл æмиас хайы йын асаста йæ былæй, стæй йæ фæстæмæ нывæрдта йæ бынаты.

– Фæндагыл цы нæ вæййы, фæстæдæр нæ бахъæудзæн.

Цыхтæй дæр нын радта фæйнæ къæртты, мæ дыууæ æмбалы адджынæн хæрын райдыдтой сæ фæндаггаг. Фæлæ мæнæн мæ хъуыры нæ цыди мæ комдзаг. Æвæццæгæн мын дойны кæй уыди кæнæ фæндагыл æгæр кæй бафæлладтæн, уый тыххæй.

– Цæуылнæ хæрыс?

– Ныр мæм нæ цæуы, фæстæдæр. Дæ хызыны уал сæ нывæр, – мæ сæр æрæнцад хосы мæкъуылыл. Хуыссæг мæ ахсы. Хъуысы Æхсары ныхас.

– Хатыр бакæ, Уæйыг.

– Цæй тыххæй? – дзырдтæ даргъ ивазгæйæ, фæрсын æз.

– Æрдæбон Ацæимæ кæй зарыдыстæм, уый тыххæй. Сымахмæ зиан уыди, мах та...

Кæмдæр, дард кæмдæр бамынæг ме 'мбалы æнкъард хъæлæс... Æнахуыр ауыæттæ ма уадысты мæ цæстытыл, стæй ницыуал бамбæрстон – афынæй дæн.

Мæ фыны уыдтон: баба мæ сугæй дзаг уæрдоны уæлæ йæ куырæтыл сбадын кодта. Радта мæм бози. Бæх тæссаг уырдыджы уæрдон нал уромы. Йæ тых-йæ бонæй згъоры бынмæ сæрсæфæны былтыл. Баба хъæргæнгæ уайы мæ фæдыл. Цæуы цæлхыты тæссаг уынæр. Æз цъæхахст кæнын...

Æваст хæрдмæ фæхаудтон. Мæ цæстытæ куы байгом кодтон, уæд федтон: мæ уæлхъус лæууыд бæрзонд, къæсхуыртæарæзт лæг милиционеры дзаумæтты. Галиу цонг ыл нæ уыд. Йæ астæу ын æнгом чи æлвæста, уыцы гæрзын фæтæн роны тъыст – йæ афтид дыс. Рахиз фарсыл – дамбацайы стыр хуымпъыр. Йæ тызмæг цæстæнгас æхсгæ дурау сæмбæлд мæ зæрдæйыл. Нырма ныр бамбæрстон, кæм дæн, уый. Акастæн фæйнæрдæм: ме 'мбæлттæ хосы уæлæ хуыррытт кæнынц.

Æнæзонгæ лæг уыциу хъæр фæласта:

– Уæлæмæ!

Ацæйæн фыр дисæй йе скъуыд был куыддæр базмæлыд. Афтæ вæййы, кæуынмæ куы фæхъавы, уæд. Фæлæ нæ. Иу сыбыртт дæр нæ райхъуыст йæ дзыхæй.

– Чи стут сымах? – бафарста милиционер.

– Мах? Махæй зæгъыс? – къуызгæ дзуры Æхсар. – Мах йед стæм... ардыгæттæ.

– Уæддæр кæцы хъæуæй?

Æхсар ницы дзуапп дæтты. Бæрæг уыд, тынг кæй стыхст йæхимидæг. Уæдæ хъуыддаг хорз нал у. Æваст арвæрттывдау мæ сæры фæзынд иу хъуыддаг – фæхъæр кæндзынæн «лидзæм», зæгъгæ, æмæ фæйнæрдæм фæпырх уыдзыстæм. Никæй нæ баййафдзæн. Уыцы хъуыдыйæ ме уæнгтæ куыддæр барызтысты, зæрдæ йæхи риуы къултыл ныххоста. Фæлæ æвиппайды мæ фæнд дымгæхаст æртхутæгау æрбайсæфт, афтæ мæстыхуыз æрбаци лæджы цæсгом, йæ фарстæн дзуапп куы нæ фехъуыста, уæд.

– Тагъд цæугæут мæ разæй!

Мах æнæбары рацыдыстæм йæ разæй. Даргъ-Къохы станцæйы цур нæ иу ныллæг кæлæддзаг хæдзармæ бакодта. Мидæгæй уаты дуары сæрмæ фыст уыди: «Хистæр слестгæнæг». Къæсæрæй куы бахызтыстæм, уæд уый дуар дæгъæлæй ахгæдта, цыма нын алидзынæй тарсти, уыйау, йæхæдæг æрбадт стъолы уæлхъус. Йæ дзыппæй систа бапъироз, йæ хæтæл ын стъолыл æрхоста, цыма йын йæ уæлдай тамако калы.

– Гъы, хъусын уæм, – загъта слестгæнæг, йæ тамакойы фæздæг раулæфгæйæ.

Мах ницы дзырдтам. Уæд лæг йæ тых-йæ бонæй стъол æрцавта æмæ фæхъæр кодта:

– Сымахмæ дзурын æз! Кæцæй стут?!

Ӕнӕнхъӕлӕджы хъӕрӕй ӕз хӕрдмӕ фӕхаудтӕн.

– Мусты хъӕуӕй, – загъта Ӕхсар.

– Ӕмӕ ам цы ми кинут?

Мах ницы дзурӕм.

– А-гъа, – цыма йӕ зӕрдыл цыдӕр ӕрлӕууыд, уыйау ныддис кодта слестгӕнӕг. – Ӕмбарын. Сымах давджытӕ стут. Быдыры дзӕгъӕл фос куы фӕзына, уӕд ӕй Пыхсбынмӕ баскъӕрдзыстут, уый фӕстӕ та – хъӕумӕ. Хорз, хорз. Нӕ адӕм хӕсты быдыры сӕ туг калынц, сымах та...

Слестгӕнӕг фӕкъуыхцы... Къахӕй сӕрмӕ нӕ сбарста йӕ цӕстӕнгасӕй:

– Пионертӕ... Сымахӕн тӕрхон кӕндзӕн хӕстон трибунал. – Ӕхсар ӕваст йӕ тымбылкъухтӕ ризгӕ хӕрдмӕ систа, цыма ныртӕккӕ ацы лӕгыл йӕхи ныццӕвдзӕн. Йӕ былтӕ кӕрӕдзимӕ афтӕ ӕнгом ӕлхъывд уыдысты, ӕмӕ цыма дзыхы бӕсты йӕ фындзы бын къӕрандасы раст хахх уыди.

– Цӕуыл ныл хъӕртӕ кӕныс?! – ӕвиппайды райхъуыст йӕ кӕуын хъӕлӕс. – Мах хӕстмӕ цӕуӕм, уӕд кӕй цы хъуыддаг ис?

– Хӕстмӕ, зӕгъыс? – фыр дисӕй йӕ бынатӕй фестад слестгӕнӕг. Бацыд Ӕхсармӕ, комкоммӕ йын ныккаст йӕ цӕстытӕм, стӕй йӕ сӕр ӕваст куыддӕр фӕстӕмӕ аппӕрста, ӕмӕ йӕ хъӕлӕсыдзаг ныххудти:

– Ха-ха-ха! Хӕстмӕ уӕдӕ, и?

Фӕлӕ ӕваст йӕ худынӕй фенцад. Цӕхгӕр фӕзылд ӕмӕ дуармӕ бацыд:

– Ӕз уын, хуыйы хъыбылтӕ, хӕст цы у, уый фенын кӕндзынӕн.

Иу цавӕрдӕр ныккӕнды нӕ бакодта, дуар ныл сӕхгӕдта, йӕхӕдӕг ацыд. Цалдӕр минуты фӕстӕ дуар ногӕй ӕрбайгом. Къӕсӕрыл слӕууыд ӕмӕ нӕм худӕндзастӕй кӕсы. Йӕ къухы – сау дзулы буханкӕ:

– Гъа, лӕппутӕ. Ӕз кӕмӕ дзурын? Райсут, зӕгъын, дзул.

Ацӕ буханкӕ куы райста, уӕд слестгӕнӕг загъта:

– Иу зӕронд лӕг сымах хъӕумӕ цӕуы ӕмӕ уӕ йемӕ аласдзӕн. Фӕндагыл исты фыдуаг ми куы ракӕнат, уӕд мын сар уӕ къона. Лӕппу, ды та уал дӕ хызын ардӕм ӕри.

Ӕхсар ӕнӕбары йӕ хызын куы радта, ӕмӕ лӕг ацӕуынмӕ куыд хъавыд, афтӕ райхъуыст, ныккӕнды къултӕ кӕмӕй ныррызтысты, ахӕм уӕззау гуыпп. Дыккаг, ӕртыккаг... Слестгӕнӕджы цӕсгом ӕрӕнкъард.

– Уынут, лæппутæ, фронт æрбахæстæг, – загъта æмæ ацыд.

Нæ хъæумæ чи цыд, уыцы зæронд лæджы бричкæйы сбадтыстæм фæссихор. Пыхсбынмæ куы бахæстæг стæм, уæд нæм Æхсар йæ цæст фæныкъуылдта, йæ сæры змæлдæй ацамыдта хъæдмæ. Æртæйæ дæр иумæ рагæппытæ кодтам бричкæйæ æмæ ныббындз стæм хъæды ’рдæм.

– Æрлæуут! – ныййазæлыд зæронд лæджы фæдисхъæр. – Æрлæуут, зæгъын!

Хъæдмæ нæ бирæ нал хъуыд, афтæ нæ хæдфæстæ райхъуыст бричкæйы цæлхыты гыбар-гыбур. Фæстæмæ куы фæкастæн, уæд федтон диссаг: зæронд лæг, фыр тагъдæй зæххыл чи нал æндзæвыд, уыцы бричкæйæ йæхи уыциу æхст фæкодта, æрхауд зæххыл. Æз фæлæууыдтæн. Бæхтæрæг тыхтæ-фыдтæй сыстад, стæй къуылых-къуылых æрбазгъордта мæнырдæм, йæ къухтæ кувæгау ракодта æмæ лæгъстæхуызæй дзырдта:

– Æрлæуут, бабайы хуртæ, æрлæуут, уæхи цæуыл бын кæнут?..

Фæлæ мын уæдмæ Æхсар мæ цонгыл фæхæцыд, йæ фæдыл мæ ласæгау акодта. Мах фæауууон стæм хъæды.

Дзæвгар рæстæг цыдыстæм, арвы цъæх сæ цъуппытæй чи баауууон кодта, уыцы бæлæсты æхсæн. Фæззыгон сыфтæртæ нæ къæхты бын хъæрзыдтой. Уалынмæ хæрз хæстæгæй райхъуыст, хъæдхойы хус бæласы хъæд куыд хоста, уый. Нæ, æз фæрæдыдтæн: уый уыди автоматы къæр-къæр. Æваст зæхх ныззмæлыди уæззау рæмыгъдæй. Нæмгуытæ, æхситгæнгæ, тахтысты нæ сæрты. Разынд хъæды кæрон. Дуне байдзаг хæсты æбуалгъ гыбар-гыбурæй.

ЦЫРАГЪДАР ÆМÆ ФÆНДАГГÆНÆГ

Ирон литературæйы курдиатджын минæвар, поэт, прозаик, ахуыргæнæг, хæххон инженер, æхсæнадон кусæг, зынгзæрдæ патриот Гаглойты Нестъоры фырт Рутены райгуырдыл æххæст кæны 135 азы. Намысджын адæймаг, адæмы хæрзгæнæг, разагъды лæг райгуырд 1888 азы Хуссар Ирыстоны. Хъæуккаг лæппу уæлыгæс цыди Уанелы рæгътыл. Хъæууон скъолайы фæстæ, 1902 – 1906 азты, ахуыр кодта Калачы гимназы. Уый фæстæ бацыди Мæскуыйы Уæлдæр Техникон ахуыргæнæндонмæ (МВТУ)-мæ. Йæ автобиографийы фыста: «Райстон инженер-механичы ном æмæ цингæнгæ рацыдтæн хъæмæ... Уыди мын службæйы ныллæууыны бар стыр горæтты. Фæлæ мæ уырдæм мæ къах нæ хаста, æз нæ бæллыдтæн мæхи цард саразынмæ, мæн фæндыд кусын æмæ исты ахъаз фæуын мæ райгуырæн бæстæйæн».

Ирон адæмы æнусон бæллиц уыд Хуссар æмæ Цæгаты астæу æфцæгыл фæндаг саразын. Рутен бавнæлдта уыцы фæндаг аразынмæ.

1914 азы Рутены акодтой хæстмæ. Йæ райгуырæн бæстæмæ æрыздæхт 1917 азы. Уæд та райдыдтой революци æмæ мидхæст.

1928 азы ногæй бавнæлдта фæндаг аразынмæ. Скодта проект «Зæрæмæг – Уанел»-ы сосæвæндагæн. Уыцы фæндаг уыдаид дыууæ Ирыиугæнæг. Ахæм хъуыддаг фæндон нæ уыд гуырдзыйы националисттæн, æмæ 1937 азы сæ амæттаг баци æнæнцой инженер, зынг- зæрдæ патриот.

Рутен уыд йæ адæмæн цырагъдар æмæ фæндаггæнæг. Фæсарæнты дæр йæ зæрдæйы хаста Ирыстоны фæлгонц. Æмдзæвгæ «Европæ»-йы æвдисы ныгуылæйнаг бæстæты техникæ æмæ культурæйы диссæгтæ, фæлæ сæрыстырæй зæгъы:

Уæ Берлинтæ, уæ Лондон
Нæ биавин æз Нарыл:
Уым Хетæгæн рæмонбон
Къоста райгуырд сæнарыл...

ГАГЛОЙТЫ Рутен

ЦАРД

Радзырд

Лæг цы фены æмæ цы бавзары, уый йæ æрæгмæ рох кæны.

Вæййы æцæг ахæм хъуыддæгтæ, æмæ нæ хъуыдыйы бирæ нæ баззайынц, фæлæ ахæмтæ дæр вæййы, æмæ æнусмæ, мæлæты бонмæ зæрдæйæ сæхи нæ раиртасынц... Цы радзурынмæ хъавын, уый дæр уыди ахæм нывтæй!

Бонджын æмæ мæгуыр цал хатты фенын, уал хатты мæ цæстыты раз фесты уыцы зæрдæхалæн ныв, уал хатты уæлдæфы февзæры æргъæфстæй гомгæрцц сывæллон, йæ къух адæммæ даргъæй... Зæрдæ пиллон суадзы æмæ йæхимидæг æрбампылы…

Уый уыдис стыр сахары, зымæгон рæстæджы. Кæуылдæрты æз дæр бахаудтæн Уырыссаг Изæрмæ. Раст изæры аст сахатыл бахæццæ дæн, Изæр кæм хъуамæ уыдаид, уыцы хæдзары дуармæ.

Мит ставд пирæнгæмттæй калди уырдыгмæ. Бæхтæрджытæн сæ боцъотæ урс дардтой. Дзоныгътæ кæрæдзи фæдыл згъордтой æмæ адæм сæ хуылфæй калдысты хæдзармæ.

Дуарæн йæ фæйнæ фарсæй электрон рухс æнхъæвзта фæйнæрдæм æмæ йæ фæлмæн рухсæй урс миты цæппузырау æрттивын кодта.

Бæрзонд, схъæлрихи дуаргæс дзæгъындзæгау хъулон пысулты дуар байтыгъта æмæ уазджытæн уæрæх фæндаг лæвæрдта.

Фæмидæгæй дæн æз дæр æмæ хъарм уæлдæф дидинæджы тæфимæ сæмбæлд ме ’мбудæнтыл.

Кæцæйдæр мæм æрбагæпп кодта лæг æмæ мын мæ кæрц æмæ мæ басылыхъхъыл йæхи ныххуырста.

Фæтæн урс-урсид дзæнхъа дурæй асин æрттывдтытæ кодта æмæ йæхимидæг хъазыдис. Йæ бæстастæу тыд уыдис сырх тын æмæ къæхты бын фæлмæн дардта. Къултыл дынджыр айдæнты раз сæхи дзæбæхтæ кодтой ставд адæм.

Схæццæ дæн залмæ, мæ цæстытæ фæйнæрдæм фæдзæгъæлтæ сты.

Ægæнон уæлыгæс мæлдзыджыты ахстоны хъилы бырынкъ куыд фæтъысса æмæ уыдон чыртæй-чыртæй куыд хъомпал кæной, уыйау авд мусы йас залы змæлыдысты адæм.

Электрон рухс æнæвгъау рæвдыдта йæ быны цæуджыты.

Æддагбæстаг бæлæстæ æмæ цъæх нæзытæ хъæды ныв æвдыстой æмæ уалдзæггъуыз лæвæрдтой. Фæлмæн къæлæтджынтыл бадгæйæ, иу къах иннæ къахыл æвæрдæй, сæ улæфт уагътой «фæллад» уæз-дæттæ.

Сæ хъустыл æмбæлди рæсугъд зарын, уадындзы зæлтæ, музыкæйы цæгъдын.

Чи та бадт фынгты алыварс æмæ сæ дойны састой алыхуызон уæздан нуазинæгтæй.

Тæлтæг лæггадгæнджытæ урс тæбæгъты фынгтæм скъæфтой хæрд æмæ нозт, се 'лдæртты раз рæхснæг талатау ратас-батас кодтой æмæ сын цыт лæвæрдтой.

Æрттиваг агуывзæтæ кæрæдзийыл æмбæлдысты æмæ, æрра нуази-нæгтæй фынккалгæ, зæлланг кодтой.

Устытæ, сæ лæгты дæлæрмтты сæ къухтæ, афтæмæй чырчыргæнгæ, мырмыргæнгæ, рацу-бацу кодтой æмæ сæ даргъ фæдджитæ астæрдыл ластой. Сæ цæсгæмттыл «залмы сыфтæй» уæлдæф дымдтой.

Сæ гом риутæй зынаргъ дуртæ сæууон стъалытау цæхæртæ калдтой.

«Дуне – нæ цагъар, мах – цардæн æлдар!» – фыст уыди сæ худгæ, хъæлдзæг цæсгæмттыл.

Æхсæв бонмæ фæцæйхæццæ кодта...

Бафсæстысты хæрд æмæ нозтæй, сæ зæрдæ нал агуырдта зарынмæ хъусын, кафынмæ кæсын. Сæ уæздан уæнгтæ зæлдаг хуыссæнтæм сæхи куырдтой, сæ зæрдæ улæфынмæ ахсайдта, цæмæй та дыккаг бонмæ иу изæрваг хъару æрæмбырд кодтаиккой.

Байдыдтой цæуын...

Æз дæр ныууагътон «уæллаг» дуне, «уæллаг» цард. Фæлæ йæ къæсæрæй нæма рахызтæн, афтæ цард мæ разы фестад, æцæг цард мыл æрбадымдта æмæ та мын йæхи æрæвдыста.

Бæгъæмвад, скъуыдтæ дарæсы, æргъæфст æмæ салд сывæллон йæ къух размæ радаргъ кодта æмæ ризгæ хъæлæсæй лæгъстæ кодта:

– Чырыстийы тыххæй баххуыс кæнут, хорз адæм!.. Æххормагæй ма ныууадзут æнамонды, уæ Хуыцауы тыххæй...

Мит æнæвгъау згъæлди фæрсырдæм æмæ «сабаты» гуырдæн йæ цæсгомыл æмбæлд.

Йæ бæгъæмвад къæхтæ цæргæсы ныхтау бакъуркъатæ сты.

Йæ гом уæнгтыл бызгъуыртæ ныззæбултæ сты... Гом буар не 'нцайы йæ ризынæй, дæндæгтæ кæрæдзийыл хойынц сæхи...

– Ӕлдар, ӕлдар... Чырыстийы тыххӕй... – хъуысти ма чысылгай йӕ уынӕр йӕ сонт дзыхӕй...

Фӕлӕ ӕлдӕрттӕ йӕ фӕрсты сӕ хӕдзӕрттӕм тындзыдтой. Сонтмӕ кӕсгӕ дӕр ничи фӕкодта. Дзоныгътӕ скъӕфтой фӕйнӕрдӕм адӕмы. Ӕз талынг уынджы фӕхӕрд кодтон.

Иу каст ма фӕкодтон фӕстӕмӕ: саби йӕ къух дардта цӕуджытӕм...

Мит зулмӕ ӕмбӕлд йӕ цӕсгомыл.

НАМЫС

Радзырд

Намыс у лӕгӕн йӕ цӕсгом, йе ’фсарм.

Лӕгӕй, фосӕй, маргъӕй – не ’гас дӕр зонӕм фынӕй. Схуыссӕм, баулӕфӕм, нӕ фӕллад ӕрцӕуы, нӕ тых йӕ бынаты ӕрбады, стӕй та дыккаг бон кусын райдайӕм ног хъаруимӕ.

Гъе, намыс дӕр афтӕ. Уый дӕр зоны фынӕй: уыйонг бирӕ хъуыддӕгтӕ йын ис, ӕмӕ сыл тынг бафӕллайы, бафӕлмӕцы сыл ӕмӕ уӕд кӕдӕмдӕр баулӕфынмӕ йӕхи айсы. Кӕдӕм фӕцӕуы, йе стыр фӕллад кӕм уадзы, уый ӕппын ничи фӕзоны.

Куынӕуал фӕзыны намыс, чысыл куы фӕаууон вӕййы, уӕд адӕм ӕдзӕсгом, ӕнаккаг хъуыддӕгтӕм фӕвӕййынц. Фӕлӕ райдианы уыйбӕрц нӕ фӕуӕндынц.

«Намыс ам ӕвваxс кӕмдӕр ис, ӕгӕр ма кӕнут, базондзӕн нӕ», – дзурынц кӕрӕдзийӕн адӕм.

Фӕлӕ ӕгӕр ӕмӕ ӕгӕр куы никуы фӕзыны намыс, уӕд адӕм фӕуӕндон вӕййынц, фӕкъӕйных вӕййынц ӕмӕ ӕнаккаг, ӕнӕгъдаудзинӕдтӕн уӕрӕх фӕндаг раттынц, фыр цинӕй скафынц ноггуырд сӕныккау, сӕмдзӕгъд кӕнынц ӕмӕ кӕрӕдзийы хъусты асусу-бусутӕ кӕнынц: «Лӕппутӕ! Намысӕн йӕ кой дӕр нӕй ам, ӕмгӕрӕтты никуы зыны, дард кӕмдӕр ис, ма дзы тӕрсут».

Куыддӕр адӕм уый фехъусынц, афтӕ бынтон ӕвнӕлд бакӕнынц ӕнаккагдзинӕдтӕм, ӕцӕг ист ракӕнынц сӕ къух ӕвзӕр хъуыддӕгтӕм.

Уӕды онг намысджын чи уыди, ӕдзӕсгомдзинадыл йӕхӕдӕг худгӕ чи кодта, уый дӕр нал ауӕрдын байдайы ӕвзӕрдзинӕдтӕ аразынил.

Фӕйнӕрдӕм куы акӕсай, уӕд ӕууӕнк никуыуал ис, аргъуц фесӕфы, ӕфсарм амӕлы, алы ран сайын, давын, хахуыр, кӕрӕдзи цъаммары тулын, цӕсгӕмттыл цъыф стухын... Иу дзырдӕй, нал ауӕрдынц кӕрӕдзийыл хӕрды дӕр ӕмӕ уырдыджы дӕр. Чи кӕмӕ ӕххӕссы, уый стигъы. Цы

арынц, уый сдæрынц æмæ скъæфынц, дæндагæй бавналынц кæрæдзимæ, зæвætæй мыхъхъытæ самайынц...

Уалынмæ та æвппайды кæцæйдæр февзæры намыс. Йæ фæллад куы ’руадзы, уæд рацæуы æддæмæ йæ сусæг бынатæй æмæ та ног тыхимæ кусынмæ бавналы.

Йæ фынæйы рæстæджы адæм бирæ æдзæсгом, æнаккаг хъуыддæгтæ фæкодтой æмæ се ’гасыл азилын хъæуы.

Фыццаг æрцæуы къæйныхтæм, æдзæсгæмттæм, адæмы æгæр-æгæр чи фæсайы, уыдонмæ.

– Цæмæн сайут адæмы, къæппæджытæ сын цæмæн аразут? – фæрсы сæ намыс, – худинаг уæм фæзынæд! Сомбон уæ сæртыл æртыхсдзæн уе ’взæрдзинад, ныууадзут уæ кæнон æмæ уæ хин.

– Ома ды чи дæ, цы дыл цæуы, дæхицæн цæмæннæ ныббадыс?

– Æз дæн Намыс, æз хъуамæ иргъæвон æдзæсгæмтты.

– Намыс? Цавæр у Намыс? Мах дæ зонгæ дæр нæ кæнæм. Фесæф, исчердæм ахъуытты у ардыгæй!

Афтæ Намыс тарды фæвæййы! Æрцæуы, æрцæуы мæстæйдзагæй,- мæгуыр Намыс пъагонджын хицаумæ.

– Цы ми кæныс, пъагонджын? Худинаг дæм нæ кæсы, гормон, адæмы цæмæн цæгъдыс, уыйæппæт цæмæн фæмардтай? Сомбон адæмы тæригъæд дæ сæрыл æртыхсдзæн, дæ къухтæ туджы мауал тул!..

– Ома ды чи дæ, дæуыл цы уæз цæуы? Дæхицæн цæмæннæ ныббадыс?

– Æз дæн Намыс. Хъуамæ лæгмары иргъæвон!

– Намыс? Цавæр у Намыс, æз дæ зонгæ дæр нæ кæнын. Фесæф, исчердæм ахъуытты у ардыгæй!

Уырдыгæй дæр та сырды фæвæййы намыс.

Æрцæуы сæудæджертæм, бонджынтæм.

– Цы ми кæныс, бонджын, худинаг дæм нæ кæсы? Дæуæн дæ чырынтæ сыгъзæринæй æмæ æвзистæй æрæхгæнын нæ комынц, зæлдаг æмæ харæйы мидæг цæуыс, равзаргæ хæринаг хæрыс, мæгуыр та сыдæй мæлы, хус къæбæр нæ ары... Афтæмæй йын ды ноджы йæ царм стигъыс, йæ фæллой йын сайыс. Тæригъæд дæм фæзынæд, дæ цæсгомæй аргъуц фæкæн, кæннод сомбон мæгуырты тæригъæд дæ сæрыл æртыхсдзæн.

– Æмæ ды чи дæ? Цы уæз дыл цæуы, дæхицæн цæмæннæ ныббадыс?

– Æз дæн Намыс, æз уæ хъуамæ иргъæвон мæгуырты фæллой хæрынæй!

– Намыс?! Цавæр у Намыс? Æз дæ зонгæ дæр нæ кæнын. Фесæф исчердæм, ахъуытты у ардыгæй!

Афтæ та уырдыгæй дæр сырды фæвæййы Намыс.

Бирæ утæхсæнты фæстæ, бирæ сырдтыты фæстæ, хъынцъымгæнгæ, Намыс æрцæуы паддзахмæ.

– Цы ми кæныс, паддзах, табу Дæ Бæрзонддзинадæн, фæлæ дæм худинаг нæ кæсы: дæ кæстæртæ, дæ дæлдæр хицæуттæ адæмы туг бануæзтой, хурхæй сæ æрцауыгътой, сæ фæллой сын бакъæфтой. Мæнмæ сæ ничиуал хъусы, сæхицæй мæ сурынц, сæ цæсгом фесæфтой. Ды уæддæр æркæс дæ адæмы тæригъæдмæ, ды уæддæр бамбар дæ сывæллæтты уынгæгдзинад... Кæннод сомбон æгас адæмы тæригъæд иуугылдæр дæ сæрыл стыхсдзæн æмæ дæ зынгау басудздзæнис.

– Æмæ ды чи дæ? Дæуыл цы уæз цæуы? Дæхицæн цæмæннæ ныббадыс?

– Æз дæн Намыс, æз хъуамæ, чи рæдийа, уыдоны иргъæвон.

– Намыс? Цавæр у Намыс? Æз дæ зонгæ дæр нæ кæнын. Фесæф исчердæм, ахъуытты у ардыгæй!

Афтæ тарды фæвæййы Намыс... Алы ран æй дуарæй федде кæнынц. Æмгæрæтты йæ ничиуал ауадзы.

Фæстагмæ Намыс æрцыд кусæг лæгмæ. Уымæн йæ зæрдæйы бауагъта ныфс, йе уæнгты –æхсар, райхæлдта йын йæ цæстыты баст, æмæ лæг федта: бонджын йæ Намысыл зындоны ныккæнды авд гуыдыры сæвæрдта, тæригъæд нал зоны, æмæ дуне лæууы мæнгдзинадыл.

– Нæ, мæ зынтæй коммæгæс æмæ лæгъстæтæй фервæзæн нæй, – загъта лæг. – Хъæуы, ме уæнгтæ цы рæхыстæй баст сты, уыдон атонын, хъæуы сæрибар æхсарæй байсын.

– Æнæмæнг афтæ, – бацырд æй кодта Намыс.

Уæдæй фæстæмæ тох цæуы рæстдзинадыл.

ИРДИГОР Маки

ФÆЦÆР ХÆРЗУДÆЙ АДÆМЫ ÆХСÆН

* * *

Ныр, дам, Ирыстоны зæхмæ фыццаг хатт
Сæрмагондæй куы 'ртæхиккой æваст
Æндæр планетæтæй хуыздæр поэттæ,
Нывгæнджытæ, фысджытæ æмæ… зæдтæ…
Цæуыл уаид сæ цыды сæр, сæ фарст?

Æнхъæлын æз: сæ цыды сæр – нæ уавæр, –
Ирыстонæн куыд ивд цæуы йæ цард…
Уæлæрвтæм дæр сæм сыхъуыстис нæ хабар,
Кæй нал ыстæм кæйдæр зондæй нæхи бар,
Æмæ кæй нал хъуысы фæндон нæ зард…

Æнхъæлын æз: фæрсиккой нæ æнæмæнг,
Куыд хæссæм мах нæ фыдæлтæн сæ фарн,
Куыд у нæ мадæлон æвзаджы уавæр,
Æнæмæлгæ Къостайы кад нæм – цавæр…
Сæ фæрстытæ – чи «уазал», чи та – «хъарм».

Сæ уынд куыд диссаг уаид, куыд, хæстæгмæ…
Нæ уаид къаддæр диссаг та сæ дзырд.
Уæвæн дæр ис, 'мæ мах хуызæн уыдзысты,
Ныхас та суанг иронау дæр кæндзысты…
Сæ фезмæлд, къахдзæф, архайдæй та – цырд.

Зæгъиккой: – Стæм кæрæдзийæн мах хион!..
Уыниккам сын нæ фидæныл сæ тыхст,
Кæй сæ фæнды Иры зæххыл æрзилын,
Æмæ дзы алцы хи цæстытæй фенын…
Сæ фæндæгтæ сæм – развæлгъауæй фыст:

Фыццаджыдæр фæцæуиккой Къостайæн
Бæрæггæнæг йæ ингæн 'мæ йæ цырт.
Æдзæм, сæргуыбырæй дзы уым лæууиккой,
Æмхуызонæй, æмхъуыдыйæ зæгъиккой:
– Къоста – æппæт планетæтæн сæ фырт!

Уæларвон дидинджытæй уым йæ ингæн
Æрцæуид аивæй бæстон æмбæрзт.
Сыгъдæг иронау «рухсаг у» зæгъиккой,
Мысынæн дзы йæ поэзи кæсиккой
Иронау, стæй сæхи 'взæгтыл æрмæст.

Фæцæуиккой йæ райгуырæн хъæу Нармæ.
Уым фениккой, кæм райгуырдис, йæ къæс,
Цæстæй, уырзæй æндзæвиккой уым дуртыл…
Цæуиккой Нары алыварс къуыбыртыл, –
Кæм цыд Къоста уæлыгæс 'йе фысгæс.

Фæзиликкой уым Наргомæн йæ къуымты, –
Кæм рæзыдис йæ миддуне, йæ зонд;
Фæцæуиккой йæ ингæнмæ йæ мадæн,
Зæгъиккой дзырд зæрдæбынæй йæ кадæн…
(Уыдонмæ дæр у Мады ном бæрзонд).

Æрзиликкой Иры къуымтæн сæ алкæм…
Æгæрон уаид алы ран сæ дис:
– Куыд хауы, куыд, ирон æвзаг дæлæмæ!..
Куыд тæрут барвæндонæй хи æвæдмæ!..
Фæрсиккой: – Уымæн ныр уæвæн куыд ис?!

Уыниккой цардыуаг… Нæхи куыд дарæм…
Нæ уаид къаддæр ам дæр та сæ дис:
– Куыд халут, куыд, уæ диссаджы æгъдæуттæ!..
Куыд сафут барвæндæй уæ фарны тæгтæ!..
Фæрсиккой: – Куыд?!. Цыбыр дзырдæй, – фæдис!

– Уæддæр ма, хорз – нæ рох кæнут Къостайы, –
Уæларвон сты йæ дзырд æмæ йæ тых!..
Нæ, нæ! Кæмæн ис скиф, сæрмæт, алантæ,
Кæмæ ис Нартæ, Симд, Къоста… Сæрæнтæ…
Фæлæуут, цæй, нæртон лæгтау хъæддых!..

– Хæрзбон!.. – Фæндараст!.. – Фембæлдмæ уал! – иумæ
Кæрæдзийæн зæгъиккам иубон мах.
«Ирон фæндыр»-æй… «Симды»-ы онг лæвæрттæ
Фæласиккой планетæтæм хæлæрттæ.
Æрхауид нæ цæстысыджы æртах…

Æрцыдысты. Æртахтысты… фыццаг хатт
Сæрмагондæй мах фенынмæ æмраст
Æнæзонгæ планетæтæй поэттæ,
Нывгæнджытæ, фысджытæ æмæ… зæдтæ…
Фæхастой семæ цинтæ æмæ… маст.

ЦЫППАРРÆНХЪОНТÆ

* * *

Æрдхорд, хæлар, æмбал ’мæ зонгæтæ йæ царды
Кæмæн нæ разындзæнис махæй, кæ?..
Сæ «ис»-æй зон, хæсæвæрд ис дæуыл сæ разы:
Дæ уд сын арт, хæрзтæгæнæг ыскæн!

* * *

Рæстад, æууæнк, æххуыс ды дом фыццаг дæхицæй;
Дæ дзырд, дæ зæрдæ алкæд уæнт æргом.
Хæрзтæ, лæггад кæнынæй ма фæллай æппындæр, –
Уым – царды цин, дæуæн – дæ уæз, дæ ном…

* * *

Хæрзуаг, рæстаг, хæрзуд – æмдзу уæнт немæ царды,
Цæмæй дзы уа рæсугъддзинад фылдæр.

Æнæ уыдонæй царды ад – лæмæгъдæр,
Æнæ уыдонæй цард хæссын – зындæр.

* * *

Æнæкæрон – йæ фæзилæнтæ цардæн,
Йæ алыварс – æнæрæнцайгæ тох…
Æгæрон дзы – куырмæлхынцъ ’мæ цæлхдуртæ…
Кæнынц æмдзу ам цин æмæ фыдох.

* * *

У алкæмæн дæр хорз цардмæ йæ бæллиц:
Зæрдæрайæ куыд хъуыса-иу йæ зард…
Фылдæр азтæ дзы батонын – йæ фæндон…
Хъысмæты бæрны – алкæмæн… йæ рад.

* * *

Нæу цард æппынæдзух хъæлдзæг, бæрæгбон, –
Ам ис уæвæн æнкъард æмæ хъыгæн.
Хъæуы сын фидар уын, быхсын, ай-гъайдæр, –
Лæмæгъдзинад нæ фидауы лæгæн.

* * *

Зæххы цъарыл ис цас удтæ ызмæлæг!..
Ам семæ змæлæм – ды æмæ æз дæр.
Хæрзтæ кæнынæл уæд нæ архайд алкæд,
Нæ райсынæй нæ раттын уæд уæлдæр!

* * *

Нæ вæййынц иууыл хорз бонтæ нæ царды,
Нæ нæм фæхуды алы хатт хъысмæт…
Йæхицæн алчи уагыл-иу нымайæд:
Нæ ныфс, нæ хъару макæд-иу сæттæнт!

* * *

Кæд искæй цин æрхæссы цин дæуæн дæр,
Дæ уд фæзары мидбуары фæлмæн,

Уæд уый – бæрæггæнæг, бæлвырдæй дзурæг,
Кæй радта æрдз рæсугъд зæрдæ дæуæн!

* * *

Кæд искæй хъыг дæ удæн зын æрхæссы,
Йæ фарсмæ балæууыс лæгау ныфсæн,
Уæд уый – бæрæггæнæг дæ уды скондæн:
Цæрыс хæрзудæй адæмы æхсæн.

* * *

Кæд царды хъомыс удвæллойæ барыс,
Æмæ дын уым æнтыстдзинæдтæ ис,
Уæд у уый цины хос, у ирдæй дзурæг:
Дæ цардвæндагæн фидар бындур ис!

* * *

Кæд уарзыс ды Фыдыбæстæ зæрдæйæ,
Хæлардзæстæй у дзыллæтæм дæ каст,
Уæд ды рæстагæй цард хæссын фæразыс,
Уæд у дæ зондахаст фæзминаг, раст!

* * *

Дæ алыварс кæд хорздзинæдтæ тауыс,
Дæ къахдзæфтæ сты цинхæссæг лæгæн,
Уæд у дæ архайд зарæгæн йæ аккаг…
«Лæгау лæг дæ!» нæ фæзæгъынц мæнгæн.

ХУРЫ РУХС – НÆ ЦАРД!

А фæстаг рæстæджыты, хъыгагæн,
Бахауын рынчындæттæм æз дæр.
Дохтыр, хостæ, мадзæлттæ… мæхæдæг, –
Иумæ архайдæй нæ тых – фылдæр.

Иу æхххуысгæнæг та ма мын – рудзынг, –
Арæх вæййы уырдыгæй мæ каст.
Кæд гæзæмæ – равг, уæддæр йæ фæрцы
Æрдзимæ нæ фехæлы мæ баст.

Фенын арвы тыгъдадæн йæ уавæр,
Хурæн, Мæйæн, стъалытæн сæ ирд.
Хæхтæ, быдыртæ, бæлæстæ, мæргътæ…
Се ’ппæт – цинхæссæг, зæрдæ дзы – ирд…

Цалдæр боны мигъты фæлм зæбултæй
Арвыл тарæй, ауыгъдæй лæууыд.
Хуры тынтæн ахгæдта сæ фæндаг, –
Райдзаст бонтæн дзы уæвæн нæ уыд…

О, фæлæ мæм абон… хур æрбакаст!
Хъарм тынтæй мын асдæрдта мæ рус,
Атылди мæ фындз, мæ ных, мæ базыл…
Уайтагъд хатæн-палатæ ныррухс.

Ахызт къулмæ. Уым нывæфтыд фестад,
Ирдæй худти уырдыгæй мæнмæ.
Сæмбæлди мæ зæрдæйыл йæ узæлд,
Систа мæ цыдæр хъарм тых… хæрдмæ!..

Рухс ныв ивгæ, симгæ атылд дарддæр, –
Хуры рухсæн у йæ фæндаг дард…
Бузныг, бузныг, Хур, дæ тын, дæ рухсæй, –
Махæн ды – нæ алцы хорз, нæ цард!

Буарыл апырх, аивылд фæлмæн цин,
Бафтыдис мæ ныфсыл ноджы ныфс.
Мидхъæлæсæн фехъуыстон йæ фæндон:
– Цæй, дæ бузныггад, дæ цин ныффысс!..

ÆГАС ЦУ, УАЛДЗÆГ!

Фæндон – нæ афæдзæн йæ алы афон,
Сæ цинхæссæг тых – алкæмæн бæлвырд,
Фæлæ мæнæн вæййы фæндондæр уалдзæг, –
Йæ номимæ – мæ бæллицтæ, мæ дзырд…

Кæд ма нæм уазалтæ сæхи æвдисынц,
Уæддæр сæ хъару нал кæны фылдæр.
Кæд ма нæм абон мит тъыфылтæй уары,
Йæ урс пæлæз ма авæрдта, уæддæр

Бæлвырд у: асаст зымæгæн йæ хъару,
Тæргæйттæн ма – æнæбары сæ цыд.
Æрдзæн йæ цалхы зылд нырма нæ цуды.
Зæгъæм уæндонæй: уалдзæг нæм æрцыд!

О, уалдзæг нæм æрцыди! Райдзаст уалдзæг!
Æмæ нæм ног тых, ног цинтæ фæзынд!..
Сылгоймæгтæн нæ арфæтæ фæкодтам, –
Нæ узæлд сыл уæлмонц дзырдтæй æрзылд…

О уалдзæг! Уалдзæг! Фарнхæссæгæй басгуых!
Куыд бауа фесафын ковид дæ бон.
Æрхæсс æппæт дзыллæтæн дæр бæззон цард,
Куыд суа нæ алы къахдзæф дæр уæндон!

Зæгъынц, зæгъгæ, дам, абон – гъæйттæй уалдзæг!
Æмæ йын, цæй, «æгас цæуай» зæгъæм!
Æнæниз цард, куысты æнтыст æрхæссæд!..
Зæрдæрухс цардæн ’вдисæнтæ куыд уæм!

ЦОМАРТАТЫ Изæтбег

ЗЫНГХУЫСТ БÆЛЛИЦТÆ

Роман

*Æртыккаг чиныг**

* * *

«Мард рухсаг уæд, удæгас та цардæй бафсæдæд». Ацы ныхæстæ зæрæдтæй арæх фехъусын, æмæ сæ æз дæр фæлхат кæнын. Былалгъæй – нæ. Рухсаг ме 'фсымæрæн зæгъын, кувгæ та мæ хистæр чызгæн кæнын…

Курдиатмæ стыр тых ис, зæрдæйы дзы удсыгъдæггæнæн рухс гуыры, буармæ та дзы уæнгроггæнæн тых ивылы. Курдиат иу фæлтæрæй иннæмæ куы цæуа, уæд зæрдæйæн уæлдай æхсызгондæр у. Мæ хъæуы хистæртæй куыд æрыхъуыстон, афтæмæй мæ фыд кафынмæ тынг дæсны уыди. Чындзæхсæвы, дам-иу, бæгъæввадæй куы кафыди, уæд, дам-иу ыл цæст нæ хæцыди, æмæ, дам-иу æм адæм дисмæ кæсæгау кастысты.

Гыццылæй мын Руслан балалайкæйæ арæх цагъта. Мæ бынаты-иу æнцад лæууын нал фæрæзтон æмæ-иу кафын райдыдтон. Руслан-иу «хонгæ»-йæ тымбыл кафты цагъдмæ куы рахызти, уæд та-иу ме уæнгтæ хæрдмæ фелвæстон æмæ-иу мæ къахфындзтыл алæууыдтæн. Хистæртæ-иу дисы бацыдысты, ахæм гыццыл сывæллон дыууæ фæйнæхуызон кафты кæрæдзийæ куыд æнцонæй хицæн кæны, зæгъгæ. Ныр сывæллон нал дæн, фæлæ ма уæддæр фæндыры цагъдмæ мæ зæрдæ цины суадон фесты, æмæ мыл базыртæ базайы.

Телевизорæй фæндыры зæрдæскъæфæн зæлтæ куы раивылы, уæд Фаризæ дæр фесты æмæ доныхъазау уаты аленк кæны. Йæ аив уæнгтыл кафын диссаджы дзæбæх фидауы. Иттæг хорз ахуыр кæнынæй æмæ зарынæй уæлдай ма кафынмæ дæр хорз кæй арæхсы, уый мын æхсызгон у. Ахæм курдиат мæм æвæдæй фесæфынæн æвгъау кæсы, æмæ йæ кафджыты къордмæ радтон. Нырма гыццыл чызг у, æмæ йæ клубмæ изæрыгон иунæгæй æрвитын нæ уæндын. Светæйы скъолайæ æмæ хæдзары куыстытæй уымæ не 'вдæлы, æмæ йæ къуыри æртæ хатты мæхæдæг кæнын.

Сывæллон адджын куынæ уаид, уæд ыл азæй-азмæ уыйбæрц рæстæг

* Дарддæр. Райдайæн 2022 азы 8 – 10-æм æмæ 2023 азы 1-æм номырты

чи хардз кæнид? Мæ бирæ хъуыддæгтæй мæ сулæфынмæ дæр не ’вдæлы, фæлæ иугæр симды бацыдтæн, уæд мæ симын хъæуы. Куыддæр афон æрхæццæ вæййы, афтæ мæ фыссæн сис иуварс авæрын, мæ кабинеты дуар ахгæнын æмæ нæхимæ атындзын, Фаризæйы къухыл фæхæцын æмæ йæ клубмæ акæнын, йæ ахуыргæнæгмæ йæ кафæн залмæ барвитын æмæ йæм къæлидоры фенхъæлмæ кæсын.

Дæ уарзон куыстæй дæхи атон æмæ араллогæнæг фæсивæды ’хсæн сахатгай бад, уый æнцон нæу, фæлæ быхсын. Рæстæгæй-рæстæгмæ мæ бынатæй фестын, залы дуар иучысыл базыхъхъыр кæнын æмæ кафджытæм бакæсын. Фаризæ ахæм сæрыстырхуызæй фæкафы, цыма æппынкъаддæр паддзахы чызг у, æмæ дзы мæ зæрдæ барухс вæййы.

«Йæ ахуыргæнæджы хуызæн профессионалон кафæг суа, уый дæ фæнды?» – иу хаттæй иннæ хатмæ мæ бафæрсы мæ мидхъæлæс.

«Нагъ».

«Цæуылнæ?».

«Мæ зонд джын чызгæн уый æгæр гыццыл дæсныйад у. Кафын алчидæр базондзæн, куы йæ бафæнда, уæд. Тугъан авд къласы дæр каст нæ фæци. Иу дзырд дæр æнæ рæдыдæй нæ фыста, кафын та æстдæсаздзыдæй базыдта æмæ цыбыр рæстæгмæ ансамблы æнтыстджынæй кафын райдыдта».

«Кæд уыцы дæсныйад æндæр ницæмæ дарыс, уæд дæ чызджы цы удхарæй марыс, стæй дæ сызгъæрин рæстæг дзæгъæлы цæмæн сафыс?»

«Удхарæй йæ ницы марын. Кафынæй стыр æхсызгондзинад куынæ исид, уæд мын ардæм тыххæй ласгæйæ дæр не ’рбакомид. Мæхи рæстæг та… мæ хъæбулы тыххæй æз цæуылфæнды дæр разы дæн…»

Разы бæргæ дæн, фæлæ иу хъуыддагæй тыхсын. Йæ кафт ахуыргæнæджы зæрдæмæ афтæ тынг фæцæудзæн, уый мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди. Æнхъæл уыдтæн, сабыргай кафыныл фæцалх уыдзæн æмæ йæхи ирхæфсдзæн. Иубон мæм худгæйæ æрбауади æмæ мын райдзастхуызæй аппæлыди:

– Рæхджы Ростовмæ цæуын!

– Цæмæн?

– Концерт дæттынмæ!

– Æмæ цæттæ дæ?

– О. Ахуыргæнæг мæ йæ дæсныдæр кафджыты къордмæ бакодта!

Мæ чызг Уæрæсейы горæттæм цæуа æмæ дзы концерттæ дæтта, уый мæ нæ фæндыди, фæлæ мæм йæ цин фæдзæгъæл кæныны хъару нæ ра-

зынди, æмæ йæ ауагътон. Уадзгæ йæ бæргæ акодтон, фæлæ сагъæсты бын фæдæн. Æмæ куыд нæ фæуыдаин сагъæсты бын? Мæ цотæй исчи, дуканимæ цæугæйæ, фæндагыл цæхгæрмæ куы фæцæйхизы, уæд мæ уд æрдуйæ нарæгдæр куы свæййы, машинæ йæ куы ’рбаййафа, зæгъгæ. Мæ цæстыты раз сын кæм тæрсын, уым сын дардмæ куыд нæ хъуамæ тæрсон? Алыхуызон æвирхъау нывтæ та мæ цæстытыл уайын райдыдтой, æмæ фестъæлф-фестъæлф кæнын. Мæхи æрсабыр кæныныл архайын, фæлæ мæ бон нæу. Фæлтау æй куынæ ауагътаин. Цæй кафыны мæт мæ уыди? Æнæ кафгæйæ нæ фæцардаид? Уæдæмæ, æдылы дæн æмæ æдылы митæ кæнын!

Бонæй сабырдæр уыдтæн, фæлæ хур куы анызгуылди, æмæ изæрмилтæ горæтмæ куы ’рбахъуызыдысты, уæд мæ зæрдæ йæхи къултыл хойын райдыдта. Клубы алыварс цырæгътæ нæй, æмæ мыл талынджы мæ дуне бынтондæр баталынг и. Мæ сæр тасæфтауæг хъуыдытæй байдзаг и, æмæ мæ удхарæй марынц. Уынджы дыууæрдæм скатай дæн. Фыр адæргæй мæхи куы иуырдæм аппарын, куы – иннæрдæм. Цы автобусы ацыдысты, уый фенынмæ мæ былыцъæрттæ хæрын. Ныртæккæ уый ме стырдæр бæллиц у, фæлæ никæцæй зыны.

«Фыццаг æмæ фæстаг хатт фæуæд! Ахæм рæдыд мыл никуыуал æрцæудзæн!» – фидар дзырд дæттын мæхицæн æмæ мæ чызгмæ æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кæсын. Машинæйы уынæр мæм куы ’рбайхъуысы, уæд фæгæмæл вæййын, фæлæ клубы ’рдæм не ’рбазилы, æмæ джихæндзыгæй аззайын. Мæ сахатæй мæ цæстытæ нал исын. Рæстæг æмбисæхсæвмæ куыд цырынæй згъоры, афтæ мæ катай тыхджынæй-тыхджындæр кæны. Афтæ мæм кæсы, цыма ныртæккæ мæ зæрдæ йæ куыстæй ныллæудзæни. Æппынфæстаг, мæ уд мæ хъуырмæ куы схæццæ и, уæд автобус сабыргай мæ цурмæ ’рбатылди, йæ дуæрттæ фегом сты, æмæ дзы æнæмæт цардбæллон фæсивæд, худгæйæ æмæ хъæлдзæг ныхæстæгæнгæйæ, рахызтысты. Фаризæ мæ цыма рагæй нæ федта, уыйау райдзастхуызæй сдзырдта:

– Папæ!

Æмæ мыл йæхи ’рбаппæрста. Мæ хъæбысы йæ æрбакодтон æмæ æрсабыр дæн.

Адæймаг йæ фыр тыхстæй цынæ зæгъдзæн. Мæхицæн фидар дзырд бæргæ радтон, никæдæмуал æй ауадздзынæн, зæгъгæ, фæлæ та мæм иубон, цингæнгæйæ, куы ’рбауади, Волгоградмæ нæ хонынц, зæгъгæ, уæд та мæ зæрдæ фæтасыди. Амондджынхуызæй йæ куы фенын, уæд æй мæ бон бауромын нæ бавæййы, æмæ мын сагъæстæ мæ уд бахæрынц.

– Ма йын тæрс. Ардæм æй хъæуы, – куыдфæндыйæ мын фæзæгъы Светæ. Йæхи æнæмæтхуызæй мæн æрсабыр кæныны тыххæй кæй дары, уый æмбарын. Нæ фаззæттæ-иу куы фæрынчын сты, æмæ-иу æз мæ фыр тыхстæй арвмæ асинтæ æвæрын куы райдыдтон, уæддæр-иу йæ цæсгомыл ахæм хуыз барæй æвдыста. Æнæуи та сын мæнæй къаддæр нæ тарсти, ныр дæр мæнæй къаддæр нæ цин кæны нæ зæрдæргъæвд чызджы чысыл æнтыстдзинæдтыл…

* * *

Æнæзæрдæисгæ хæдзæртты æнад цæрдтытæ кæнынæй бафæллад-тæн. Мæ райгуырæн хъæуы æфхæрд кæм æййæфтон, уыцы хъомдоны хуызæн æнæчъырæйцагъд, уымæлы смаггæнаг агъуыстмæ-иу куы бацыдтæн, уæд-иу мæхимæ æлгъаг зулкъæй æгаддæр æркастæн, æмæ-иу мæ æрфæндыди хъæды рагъыл мусонджы æрцæрын. Мæ фыд куы амарди, æмæ мæм мæ сыхаг нæ кæлæддзаг хæдзар æлхæнынмæ куы ’рбацыди (хæдзар не ’лхæдта, фæлæ – зæхх), уæд ын афтæ загътон:

– Уæй дын æй кæнын, æцæг ахæм дзырдæй: куы йæ балхæнай, уæд æй æвæстиатæй фехал. Уæнгæлæй мын æнаддæр у, æмæ йæ куыд нал уынон, афтæ.

Зæрдæ мын бавæрдта æмæ йæ æцæгæйдæр айста. Куы нал æй уыдтон, уæд мын чысыл фенцондæр и. Мæ фæстаг капеччытæй цы кооперативон фатер балхæдтон, уый дæр мæ бон сцалцæг кæнын нæ баци. Мæ рудз-гуытæ дæр ма æрдæгæй дæлæмæ газеттæй æмбæрзт уыдысты, æмæ дзы ме сæфт федтон. Куы йæ ауæй кодтон, уæд мæ фарсыл дæр нæ бахæцыд, цыма мын мæ зæрдæйы уаг зыдта æмæ мæ йæ маст иста, уыйау.

Цыппар уаты куы райстон, уæд мæхимæ миллионерæй хъæздыгдæр æмæ къняазæй хъалдæр æркастæн. Фыр цинæй йын йæ аиппытæ дæр нæ бафиппайдтон. Иучысыл дзы куы ацардтæн, уæд дисы бацыдтæн, хæдзар афтæ æдзæттæйæ дæттæн куыд ис, ууыл. Аразджытæ дæр хин æмæ кæлæн сты. Фатер кæмæн нæй æмæ йæм æнæрхъæцæй чи ’нхъæлмæ кæсы, уыцы мæгуыр тыхст адæймаг алцæуыл дæр кæй сразы уыдзæн, уый зонынц, талф-тулфæй йæ ацъапп-цъапп кæнынц æмæ йын æй æрдæгкæндтытæй авæрынц, цы дæ фæнды, уый йын кæ, зæгъгæ. Æмæ ма уæддæр уыдонæн бамбарæн ис. Цæмæй хицауадæй æфхæрд ма баййафой æмæ хæдзар афойнадыл радтой, уый тыххæй сæ уды быцъынæг фескъуынынц, фæлæ

паддзахадон къамисы æбæрнон уæнгты мæ бон бамбарын нæу. Уыйбæрц æргом хъуæгтимæ йæ куыд райсынц? Хъуæгтæ та дзы чысыл нæ вæййы. Мæ фатеры – царæй, къулæй, пъолæй – иууылдæр сæ хъæуы бæстон ныххафын æмæ сæ ногæй саразын.

– Нæ чызджытæ фестыр кæнынц. Се 'мбæлттæ сæм цæуын куы райдайой æмæ сын сæ цæрæн бынат кæлæддзаг хъомдоны хуызæн æнаивæй куы уыной, уæд сыл худдзысты æмæ ма сæ иннæты цæсты дæр æфтаудзысты. Цыфæнды зынæй дæр æй банывыл кæнын хъæуы, – рæстæгæй-рæстæгмæ мын мæ хъусы бацæгъды Светæ.

Мæ фатеры æгадгæнæн уавæр æз уымæй æвзæрдæр нæ уынын, йе сцалцæг кæнын мæ уымæй къаддæр нæ фæнды, фæлæ цыппар уаты, авд метры къæлидоры, цыппар метры цалцæггæнæны, ваннæйы къултæ æмæ цартæ байсæрдынæн, сæ ницæйаг фыдуынд рудзгуытæ æмæ дуæрттæ баивынæн цас æхцатæ хъæуы, ууыл куы ахъуыды кæнын, уæд зæрдæбынæй ныккæрзын. Æмæ ма æрмæст уыдонæн куы хъæуид бирæ æхцатæ. Æхсæз метры лоджæ дæр тынг фыдуынд у. Залæй йæм куы фæцæйхизын, уæд æрмæст йæ уæззау дуары æнахъинон хъыр-рыстытæ мæ буары иннæрдæм ахизынц.

Хæдзарæн хъуамæ кæрæй-кæронмæ йæ пъолтæ паркетæй æмбæрзт уыдаиккой, фæлæ се 'ппæт æмгъуыдтæ дæр аивгъуыдтой, æмæ бетон пъолтыл чъизихуыз аслам линолеумы цыппæрдигъон гæбæзтæ тагъд-тагъд аныхæстой. Куы сыл бацæуæм, уæд сæ бынæттæй фæиртæсынц, бетон фæхафынц, æмæ пъол срыг вæййы. Светæ сæ хуылыдз хæцъилæй куы фæсæрфы, уæд иуварс абырынц, æмæ сыл æз зæгæлтæ ныххойын, фæлæ та уайтагъд схауынц, æмæ мæм афтæ кæсын райдайы, цыма сæ зыхъхъыртæй ме 'гуыдзæгдзинадыл фæхудынц.

Светæимæ нæ улупатæ æхсæз удгоймагæн хæринаджы фаг дæр не сты, æмæ сæ хæдзар цалцæг кæнын куы райдайон, уæд сывæллæттæ æххорма-гæй баззайдзысты, æххормаг адæймаг та цыфæнды низæн дæр æнцондæр афæлдахæн у. Уымæ гæсгæ ме 'фсины зæрдæвæрæн ныхæстæй сайын:

– Нæ сывæллæттæ фæндаджы был машинæты фæздæг æмæ рыг улæ-фой, уый мæ нæ фæнды. Иучысыл-ма бабыхс. Хъуамæ нæ фатер хуыздæр ранмæ баивон.

Бауæнды мыл æмæ дзæвгар рæстæг ницыуал сдзуры, стæй та ногæй райдайы:

– Гыццыл æй уæддæр банывыл кæнæм…

Æмæ та йын æз дæр, зæрдæ рисгæйæ, гæды ныхæстæ кæныныл схæцын, уымæн æмæ мæ фатеры аивдзинадæй мæ цоты æнæниздзинадыл тынгдæр тыхсын.

* * *

Зæххыл, дам, йæ ныййарджыты раз йæ хæс ничима бафыста. Уый раст у, фæлæ... Доттан æрвылбон дæр архайы, йæ бон куыд у, афтæ, йæ бон та бирæ у. Йæ мад æмæ йæ фыд рынчынтæгæнаг сты, æмæ сын иуæй иннæ зынаргъдæр хостæ æлхæны, хуыздæр санаторитæм сæ æрвиты, рынчындæтты сæ хицæн бынæтты – Европæйы домæнтæм гæсгæ цалцæггонд, хæрзæфснайд, хъарм палатæты – æвæры æмæ дохтыртæн стыр æхцатæ фиды.

Уарзетæйæн йæ низтæ уыйбæрц тæссаг не сты, фæлæ фæстаг рæстæг Ахтемырмæ рак фæзынди, онкологон рынчындоны йæ сæвæрдтой, æмæ йæм Доттан йæ цæст уæлдай тынгдæр дары, стæй æрмæст уый – нæ. Светæ йын алы бон дæр алыхуызон хæринæгтæ скæны, пæмидортæ, джитъритæ æмæ дыргътæ балхæны, æз сæ таксийы авæрын æмæ йæм сæ уайтагъд бахæццæ кæнын. Милæ æмæ Куыдзæг дæр иудадзыг йæ уæлхъус лæууынц.

Ахтемыр диссаджы лæг у. Рынчындоны дæр, йæ мæлæтмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, лæвæрттæ кæны. Мæ дзыппы ма мын æхцатæ тъыссын дæр райдайы. Æз æй æмбарын. Йæ чызг мæгуыр цæрæг у, æмæ йын тæригъæд кæны, фæлæ мæн цы уавæры æвæры, уый та… Фыр æфсæрмæй мæ цæсгом артау ссудзы, æмæ дзы алидзын. Йæ фыртæн алы хатт дæр цы фæзæгъы, уый мын Доттан рафæзмы:

– Милæйæн йæ лæг æфтиагджын бынаты кусы, æмæ дæу хъуаг нæу. Светæ мæгуыр фыссæгимæ цæры, никæцæй йæм ницы хауы, æмæ йæм фæкæс.

Зæрдиагæй ныл кæй ауды, уый мын æхсызгон у, фæлæ мæхимæ фаджысы зулкъæй æлгъагдæр æркæсын. Мæлæтдзаг рынчыны капеччытæм æрхау! Дæ цард фæстаг улæфты онг кæмæн снывонд кодтай æмæ æхсæвæй-бонæй дæ уд кæуыл хæрыс, уый макæй хъæуæд æмæ йын дунейы мидæг æппæты хъæздыгдæр паддзахад æппындæр мацы аргъ кæнæд. Уæвгæ йыл цы дис кæнын? Достоевскийы хуызæн курдиатджын фыссæджы æппындæр чи ницæмæ дардта, уый мæ хуызæн æвæрæз фыссæгæн стыр аргъ куыд хъуамæ скæна? Уырыссаг гени йæ иу писмойы цы фыста, уый куы

бакастæн, уæд мæ зæрдæ суынгæг: «Тургеневу сам Катков (у которого я прошу 100 рублей с листа) давал по 400 рублей. Я очень хорошо знаю, что я пишу хуже Тургенева, но ведь не слишком же хуже… За что же я-то, с моими нуждами, беру только 100 рублей, а Тургенев, у которого 2000 душ, – по 400? От бедности я принужден торопиться и писать для денег, следовательно, непременно портить».

Фыр хъæздыгæй тъæпп чи хаудта æмæ йæ фыр хъалæй Парижы чи царди, уыцы фыссæгæн авторы сыфæн 400 сомы чи фыста, уырыссаг адæмы цард уымæй растдæр чи ’вдыста æмæ дзы дунеон литературæйы бирæ бæрзонддæр чи схызти, уыцы мæгуыр фыссæгæн та мамæлайы къæбæр æппарæгау 100 сомы чи лæвæрдта, уымæй цы загъдæуа? Æниу цы загъдæуа мæ гыццыл райгуырæн бæстæйы «æхсины лæгтæй» дæр, Къоста, Секъа, Арсен, Елбыздыхъо, Цæголты Георги (ахæстæтты чи бацарæфтыди, уыдоны кой нал кæнын) æмæ иннæты зауаты бынатмæ чи æртардта.

Хæсты фæстæ ма фысджытæй цæфтæ æмæ цæнкуылтæй чи аирвæзти, уыдонæн хорз гонорар фыстой, фæлæ та нæ дзедзыройгæнæг бæстæйыл йæ Хуыцау рахатти, æгъатыр зилгæ дымгæ йæ фæстæмæ капитализмы цъыфдзастмæ ахаста, æмæ нæ «зонджын» хицæуттæ культурæ пъолсæрфæн хæррæгъау фæсдуармæ аппæрстой. Мæнæй æмбаргæдæр фысджытæ сæ фыссын ныууагътой (лæвар кусын кæй фæнды?), мæ хуызæн æдылытæ та раздæрау сæ удтæй арт цæгъдынц, æмæ ма сын суанг, сæ дыгай къæхтæй ингæнты чи лæууы, уыдон дæр тæригъæд кæнынц…

Рынчынæн йæ низы кой – йæ дзуринаг, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæзæгъынц. Мæхи кой ракæнынмæ нæ хъавыдтæн, фæлæ зæрдæ фыр мæстæй куы ныттыппыр вæййы, уæд æй йæ дымст суадзын фæфæнды, æмæ ныхæстæ сæхæдæг схауынц. Доттан, Милæ æмæ Светæ сæ фыдæн фу-фу фæкодтой, фæлæ йын сæ бон ницы баци.

Куы амарди, уæд Ирæй, Дыгурæй, хионæй, æддагонæй, нæлгоймагæй, сылгоймагæй – иууылдæр æрæмбырд сты æмæ йыл зæрдиагæй фæхъыг кодтой. Ирон æгъдаумæ гæсгæ, сиахсæн кæуын не ’мбæлы, фæлæ ма йыл æз дæр фæкуыдтон. Æмæ йыл куыд нæ фæкуыдтаин? Фараст азы йæ зыдтон æмæ дзы рæвдауæн ныхас йеддæмæ никуы ницы фехъуыстон. Расыггæнаг æй хуыдтой, фæлæ йæ æз къуымæлдзæфæй дæр никуы федтон. Уæлмæрдтæй куы ’рбаздæхтыстæм, уæд кæрты дуары раз æрлæууыдтæн. Мæнæй чысыл бæрзонддæр æмæ фидæрттæарæзт хистæр хæрзаив лæг мæм æрбацыд æмæ мын бардзырд дæттæгау афтæ:

– Ам лæууын ницæмæн хъæуы. Цом-ма мемæ.

Мæ цонгыл мын ахæцыд æмæ мæ сыхæгты кæрты фынджы уæлхъус сбадын кодта. Ирдæй йыл зынди, разамынд дæттын кæй сахуыр и, уый. Йæ бавнæлд дæр – барджын, йæ ныхас дæр – барджын. Йæхицæн аргъ кæнын кæй зоны, уый бæрæг уыди йæ алы фæзылдыл дæр. Фынджы хистæрæн æрбадти, цал рæгъы ’мбæлыди, уыдон рауагъта, хорз æгъдау радта æмæ ацыди.

– Дæ хорзæхæй, ацы дзæбæх лæг чи у? – цымыдисæй афарстон Доттаны.

– Мæ хицау. Дæ зæрдæмæ фæцыди?

– Тынг.

– Мæнæн цы куыст бакæны, дæуæн иу хатт ахæм куыст куы бакæнид, уæд дæ зæрдæмæ нал цæуид, – цæмæдæр гæсгæ йæ мидбылты бахудти мæ кайыс.

– Уагæр дын цы куыст бакæны?

– Кассæмæ бацæуы, сæдæ мины дзы сисы æмæ сæ йæ дзыппы нывæры.

«Баххæст сæ кæндзынæ», – фæзæгъы мын æнæмæтхуызæй æмæ ацæуы.

– Йæ ныхæстæ йын куыд бамбарыс?

– Æмæ сæ цы æмбарын хъæуы? Шофырты сай, куыд дæ бон у, афтæ, æмæ, æз цы æхцатæ систон, уыдон кассæйы сæвæр.

– Дæ бон сæ сæвæрын куынæ бауа, уæд та?

– Уæд мæ атæрдзæн æмæ мæнæй коммæгæсдæры æрбакæндзæн. Цæмæй мыл уыцы бæллæх ма æрцæуа, æмæ мæ бинонтæ æххормагæй ма баззайой, уый тыххæй сæ уайтагъд уæлдайджынтæй бакусын. Дæуæй афтæ, мæ хæдзар цæмæй сцалцæг кодтон, стæй горæты æртæ уаты цæмæй балхæдтон?

О, Доттан йæ фыды раз йæ хæс бафыста. Йæ мадыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцы æмæ йæ буц дары. Хæлæг æм кæнын, цымæ? Нагъ, фæлæ мæ мад æмæ Аминæтæн мæ бон фæлмæн кæлмæрзæнтæ балхæнын кæй нæ баци, уый тыххæй мæхи æфхæрын…

* * *

«Уж сколько раз твердили миру,
Что лесть гнусна, вредна; но только все не впрок,
И в сердце льстец всегда отыщет уголок».

Ацы ныхæстæ мæ зæрдыл арæх æрлæууынц. Кæд сæ Крылов нудæсæм

ӕнусы ныффыста, уӕддӕр ссӕдзӕм ӕнусы кӕронмӕ дӕр хауынц. Афтӕ мӕм кӕсы, цыма хӕрз ӕрӕджы загъд ӕрцыдысты, уымӕн ӕмӕ мӕ мӕ зонгӕтӕй иуӕй-иутӕ сӕ цӕстмӕхъус митӕй алы бон дӕр дисы 'фтауынц.

Авдан университеты хорз ахуыр кодта, фӕлӕ англисаг ӕмӕ ирон ӕвзаг нӕ зыдта. Хъуамӕ йын ахуыргӕнджытӕ лӕмӕгъ «ӕртӕтӕ» ӕвӕрдтаиккой, фӕлӕ деканы бын абырыди ӕмӕ уый фӕрцы иттӕг хорз бӕрӕггӕнӕнтӕ «иста». Университет каст куы фӕци, уӕд дӕр хицӕутты зӕрдӕтӕм фӕндаг ӕнцонӕй ардта ӕмӕ социалон асинтыл иу къӕпхӕнӕй иннӕ къӕпхӕнмӕ хызти, фӕлӕ, мӕ коммӕ куынӕ бакасти, уӕд фӕрӕдыди ӕмӕ сӕрдары къӕлӕтджынӕй хӕдивӕджы бынатмӕ ӕрхаудта. Куыд удхар кодта, уый мӕ не 'мбӕхста. Йӕхимӕ мӕм-иу фӕдзырдта ӕмӕ мын-иу тыхстхуызӕй рахъаст кодта:

– Гъер мӕ хуызӕн цӕттӕ специалист хъуамӕ ахӕм ныллӕг ран куса? Мӕ бирӕ зонындзинӕдтӕй спайда кӕныны тыххӕй мӕ хъуамӕ уӕлдӕр бынаты сӕвӕриккой, уыдон та мӕ ам дарынц.

Зӕгъынмӕ йын-иу хъавыдтӕн: «Ам дӕ куы ницы пайда ис, уӕд уӕлдӕр бынаты фылдӕр хорздзинӕдтӕ сараздзынӕ?» Фӕлӕ фыдӕх йӕ зӕрдӕйы бирӕ рӕстӕг кӕй хӕссы ӕмӕ мын мӕ размӕ стыр цӕлхдур кӕй сӕвӕрдзӕн, уый зыдтон ӕмӕ-иу ӕй нӕ ракъахтон. Ӕнхъӕл уыдтӕн, Дзастемыр ын йе 'нӕрхъуыды ми нӕ ныббардзӕн. Кӕд зӕххыбынтыдзӕуӕг у, уӕддӕр ахӕм ӕгъатыр дӕлимоны сау зӕрдӕ ӕртасын кӕндзӕн, уый мӕ хъуыдыйы кӕрон дӕр нӕ уыди, фӕлӕ та ацы хатт дӕр фӕрӕдыдтӕн. Уырыссаг классикы загъдау, «йӕ зӕрдӕйы йын иу къуым ссардта». Уӕвгӕ сыл цы дис кӕнын? Кӕд алыхуызон бынӕттӕ ахсынц, уӕддӕр сӕ зӕрдӕтӕ иу маргӕй дзаг сты. Сӕ дыууӕйы дӕр хъӕуы ӕрмӕстдӕр хицаудзинад ӕмӕ ӕхцатӕ. Сӕ дыууӕ дӕр цӕттӕ сты цыфӕнды иблисӕн дӕр лӕггад кӕнынмӕ, цавӕрфӕнды маймулийы бын дӕр абырынмӕ, ӕрмӕст уыцы дыууӕ «хорзӕхӕй» фӕхайджын уӕнт. Мӕ хъуыдытӕ раст кӕй сты, уый мӕ ноджы тынгдӕр бауырныдта, Авдан мӕм йӕхимӕ куы фӕсидти ӕмӕ мын йӕ хабӕрттӕ куы ракодта, уӕд:

– Ирбег, ды ме 'рдхорд дӕ, ӕмӕ дын иу сусӕгдзинад раргом кӕндзынӕн, ӕцӕг ӕй макӕмӕн зӕгъ, науӕд цъиувӕдис кӕнын райдайдзысты ӕмӕ мын мӕ хъуыддӕгтӕ фехалдзысты. Нӕ адӕммӕ уыцы миниуӕг ис…

– Кӕд мыл не 'ууӕндыс, уӕд мын ӕй ма зӕгъ, кӕд мыл ӕууӕндыс, уӕд та мӕ фӕдзӕхсгӕ ма кӕн.

– Куынӕ дыл ӕууӕндин, уӕд дӕм нӕ фӕдзырдтаин.

– Адæбемæ иу æнахуыр миниуæг ис. Исты дын радзурдзæн, дæ былы бынæй дæр æй ма суадз, зæгъгæ дæ бафæдзæхсдзæн, æмæ йын чысыл фæстæдæр йæ сусæг хабар иу-фондз адæймагæй фехъусдзынæ, – бахудтæн æз.

– Уыцы фидиссагимæ мæ дзæгъæлы барыс.

– Хуыцау мæ бахизæд ахæм æнæрхъуыды мийæ. Кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнут, уый хорз зонын... «Уæ иумæйаг миниуджытæ та уын уымæй хуыздæр зонын», – мæ ныхас дарддæр ахæццæ кодтон мæхинымæр.

– Дзастемыр мæ ирон газеты сæйраг редакторæй æвæры.

– Хæрам дæм нал у?

– Тынг æмбæхст адæймаг у. Йæ миддуне йын чи базондзæн?

– Маст йæ зæрдæйы бирæ азты хæссы, зæгъгæ дзы куы дзурынц.

– Йæ фарс кæй нæ рахæцыдтæн, уый дзы, æвæццæгæн, нæ ферох и, фæлæ уыцы бынатмæ мæнæй цæттæдæр лæджы не ссардта.

«Растдæр зæгъгæйæ та, дæуæй коммæгæсдæр фæсдзæуины...» – февзæрд мæ сæры, зæгъгæ та кодтон бынтон æндæр ныхæстæ:

– Дæу кæй равзæрста, уымæй раст бакодта, фæлæ...

– Фæлæ цы?

– Цæмæй ирон журналисттæн разамынд дæттай, уый тыххæй хъуамæ ирон æвзаг уыдонæй хуыздæр зонай. Дæ зæрдæ дæхиуыл дарыс?

– Сахуыр æй кæндзынæн.

– Афтæ тагъд?

– Стæй кæд уый сæйрагдæр нæу...

– Уæдæ ирон журналисттæн разамынд дæттынæн цы у сæйрагдæр?

– Организаторы куыст.

– Ныр æз Берлинмæ куы ацæуин æмæ йын йæ сæйраг газеты журналистты сæргъы куы слæууин, уæд сын мæ организаторы дæсныйад куыд æгъдауæй равдисин?

Уыцы ныхæстæ йын барæй загътон. Ирон æвзаг кæй нæ уарзта, уый æдзухдæр æргомæй æвдыста. Йæхи стыр бынатмæ цæттæ кодта, уым та ирон æвзаг сыдзылбæттæнæй уæлдай ницæмæн хъуыди, æмæ йæ тых-йæ бонæй уырыссаг æвзаг ахуыр кодта. Ирон ныхас дзы æнæнхъæлæджы дæр никуы схаудта, æмæ ныр цæттæ у ирон журналисттæн разамынд дæттынмæ. Ахæм ныфсджын адæймагмæ бахæлæггæнæн куыд нæ ис.

– Дæ абарст бынтон раст нæу. Ды немыцаг æвзагæн ницы ’мбарыс, æз та ирон æвзагæй цыдæртæ зонын, – тæргайхуызæй срæцыгъта Авдан.

– Цыдæртæ фаг не сты…

– Уыцы ныхæстæ ныууадз. Уый бæсты-ма бавдæл æмæ мын мæ уацыл бакус, иронау фыссын кæй нæ зонын, ууыл куыд ничи фæгуырысхо уа, афтæ,– загъта Авдан æмæ мæм йæ къухфыст æрбадардта. Райстон æй æмæ йыл мæ цæст æрхастон. Фыццаг бакастæй дæр бæрæг уыди, ирон æвзагæн æппындæр кæй ницы æмбары, уый. Ахастон æй æмæ йыл биноныг бакуыстон, зæгъæн ис, ногæй йæ рафыстон. Бахастон æм æй, æмæ дзы разыйæ баззади. Йæ мидбылты дæр ма бахудти æмæ мын афтæ:

– Иу хорз хъуыддаг ма мын куы саразис, уæд дæ галы бузныг фæуаин.

– Цæмæй мæ ды галы бузныг фæуай, уый тыххæй дын æз хъуамæ сызгъæрин мæсыг саразон. Цы у уагæр?

– Дæу йеддæмæ ахæм æлхысчъытæ никæмæн барын…

– Цæуылнæ мын барай, студентæй дын æнæхъæн фараст мæйы дæ уаты пъол фехсадтон.

– Чъизи дæр дын æй никуы скодтон.

– Уымæй раст зæгъыс… Уæддæр цы у дæ курдиат?

– Курдиат нæу, фæлæ – фæндон.

– Гъемæ фæндон дæр фæуæд. Цы у?

– Мемæ куы ацæуис, уæд куыд уаид?

– Хорз уаид, фæлæ мæ цы куыстмæ хоныс?

– Фендзыстæм…

Йе ‘бæрæг дзуапп мæ зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ йын мæ хъуыды бамбарын кодтон:

– Газеты æвзаг заууаты бынатмæ æрцыдис. Йæ кусджытæ кæцæй рацыдысты, уыцы кæмтты ныхасыздæхтытæ йæм фæхастой, уыдонæй дæр раст нæ пайда кæнынц æмæ ирон æвзагæй хынджылæггаг сарæзтой. Хъæуы йæ сраст кæнын. Уый нæ сæйраг газет у, æмæ хъуамæ йæ кæсджытæн литературон æвзаг бауарзын кæна. Кæд дæ фæнды, уæд æз уыцы хъуыддаг мæхимæ райсдзынæн.

– Фæнды.

– Æз хайады сæргълæууæгмæ куы фæдзурон æмæ йæ раст фыссыныл куы ахуыр кæнон, уæд мын афтæ зæгъдзæн: «Фæлæуу-ма, фæлæуу, ды та мын чи дæ, ды?» Цæмæй мæм уыцы фарст ма ратта, уый тыххæй мæм хъуамæ уымæй фылдæр бартæ уа…

– Я тебя услышал, – куыдфæндыйæ ма загъта Авдан уырыссагау, æмæ ууыл нæ ныхас ахицæн и. Газеты иуцасдæр куы акуыста, уæд йæ

дыууæ хæдивæджы сæ куыстæй систа æмæ дзы сæ иуы бæсты йæхи хуызæн хуыскъастæуы сæвæрдта. Æз афтæ банхъæлдтон, нæ ныхасмæ гæсгæ, дыккаг хæдивæджы бынат сæрмагондæй мæнæн дары, зæгъгæ, ссыдтæн æмæ йæ фæрсын:

– Цæй, цы хатдзæгмæ æрцыдтæ?

Уый йæ къæлæтджынæй сыстади, сабыргай рудзынгмæ бацыди æмæ йын йе 'мбæрзæнтæ дыууæрдæм ракæ-бакæ кæны. Йæ хæдивæгæй сæвæрынмæ мæ кæй нæ хъавы, уый бамбæрстон æмæ сыстадтæн.

– Кæд дæ хайады сæргълæууæгæй кусын фæнды, уæд нæм æрбацу, – айхъуыстон ма йын йæ уазал хъæлæс æмæ къæлидормæ ахызтæн. Йе 'мкусджытæ мын мæ хабар куы базыдтой, уæд мыл худæгæй сæхи схастой:

– Æдылы æнхъæл ын дæ? Ирон æвзаджы йын ахуыргæнæгæн чи бæззы, уый йæхи йæ дæлбар кусджыты цæсты 'фтауынæн йæ хæдивæгæй æвæры? Йæ ауоны йæ бакæна, уый йæ фæнды?

Кæй йæ ничи хъæуы æмæ æппындæр кæй никæуыл тыхсы, уый коллективы уæнгтæ куы базыдтой, уæд йæ ныхмæ сыстадысты æмæ хицæуттæм сæ хъæстытæ фыссын райдыдтой, ницы у, æмæ йæ газетæй айсут, зæгъгæ, фæлæ сæ ничи ницæмæ æрдардта, уымæн æмæ халон халоны цæст нæ къахы…

* * *

Хур цæстыдзагæй ракаст, æмæ æвæджиауы уалдзыгон рæсугъд бон скодта. Кабинеты бадын мæ нæ бафæндыд, æмæ уынгмæ рацыдтæн. Къæсæрæй ахизæны цур дыууæ стыр заз бæласы бæрзонд фæцыдысты, æмæ сæ рог уддзæф йæ фæлмæн уырзтæй рæвдауы. Се 'хсæн сырх тюльпантæ хуры тынтæм цæхæр калынц. Æрмæстдæр мæм ахæм рæстæг æрцæуы цæрын. Ноджы ма мæ райгуырæн бон дæр у, фæлæ, цæмæдæр гæсгæ, мæ зæрдæ йæхимидæг тыхсæгау кæны. Æвиппайды мæм дардæй цыдæр мынæг тъæпп æрбайхъуыст. Къæрцц уыди æви гуыпп, уый дзæбæх дæр нæ бамбæрстон æмæ йæм ницы хъус æрдардтон. «Зæххыл тъæппытæй фылдæр цы цæуы». Куыддæр уыцы хъуыды мæ сæры февзæрд, афтæ радиойы кусджытæ фæдисæттау тарстхуызæй æддæмæ ракалдысты æмæ кæрæдзийæн удаистæй дзурын райдыдтой:

– Террористтæ, дам, базар срæмыгътой!

– Бирæ адæм, дам дзы фæмард и!

– Теракт чи сарæзта, цымæ?!

– Нæ сыхæгтæ та уыдаиккой, æндæр мæгуыр æнаххос адæмæн ахæм æгъатыр ми бакæнын кæй зæрдæ бакомдзæн!

– Сæ зæрдæтæ сæ риуты бампылæнт сæ амæттæгты тæригъæдæй!

– Лæджыфыдхортæ!

– Маринаг сты се ’ппæт дæр!

Фæйнæ-фæйнæ ’лгъыстæмхиц ныхасы загътой æмæ базары ’рдæм атындзыдтой. Æз дæр сæ фæдыл, джихтæгæнгæ, араст дæн. Цалынмæ базармæ ныххæццæ стæм, уæдмæ йыл милиционертæ ’ртыхстысты æмæ мидæмæ никæй уагътой.

– Бирæ мæрдтæ дзы ис? – сæ иуы бафарста, мæ разы цы сылгоймаг катай кодта, уый.

– Тынг бирæ, – дзуапп ын радта милиционер æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Зæрдæ сæм кæсын нæ комы. Алы рæтты лыстæг пырхытæй лæууынц æмæ тæригъæдæй марынц.

Рæмудзæн æрмæг фæйнæрдæм кæй фæхаста, уыцы алыхуызон састæгтæй уынг куыд байдзаг и, стæй дуканийы æмæ цæрæн хæдзæртты рудзгуыты æвгтæ куыд ныппырх сты, уымæ гæсгæ зын бамбарæн нæу, базар мидæгæй цы уавæры ис, уый. Мæ алыварс, хъæрзгæйæ æмæ сæ цæссыгтæ ныхъуыргæйæ, чи ныхас кæны, уыдонæн нæ зонын, фæлæ æз цæттæ дæн æппæт зæххы къорийы террористты дæр ныццæгъдынмæ, стæй æрмæст террористты нæ, фæлæ ма уыцы æгъатыр залымты дунемæ чи рауагъта, стæй сæ мæгуыр адæмы марынмæ чи сразæнгард кодта, уыдоны дæр.

Ахæм æвирхъау бæллæх куы ’рцæуы, уæд алчидæр, фыццаджы-фыццагдæр, йæ бинонтæ æмæ йæ хæстæджытæн фæтæрсы, æмæ телефонæй дзурын Светæмæ:

– Террористтæ горæты сæйраг базар срæмыгътой.

– Фехъуыстон æй. Телевизорæй йæ æвдисынц.

– Нæ сывæллæттæ скъолайы сты?

– О.

– Нæ хæстæджытæй ницы хъуысы?

– Ницы.

– Бæллæхы дзы ничи бахаудта, цымæ?

– Нæ зонын. Ничи мæм дзы ницы дзуры, æмæ мæхицæн бынат нæ арын.

Мæ къæрцхъус зæрдæ та мæ ацы хатт дæр нæ фæсайдта. Йæхимидæг

дзæгъæлы нæ тыхсти. Дыккаг бон мæм Светæ куыстмæ телефонæй æрбадзырдта æмæ мын æбуалгъ хабар фехъусын кодта:

– Теракты хъыгдард чи баййæфта, уыдоны номхыгъд телевизоры æвдисынц, æмæ дзы Агуындæ дæр ис.

– Кæй Агуындæ?

– Нæхи.

Мæ уарзон хæрæфырты коймæ мæ буары электрон тых ахъардта, æмæ къахæй-сæрмæ ныррызтæн.

– Æз æм Центрон клиникон рынчындонмæ цæуын. Кæд дæ фæнды, уæд æм ды дæр рацу.

– Уый та дын цы ныхас у? Куыннæ мæ фæнды, – сдзырдтон æз æмæ уайтагъд Агуындæйы цур балæууыдтæн. Светæ йæм мæ разæй схæццæ и æмæ йæ уæлхъус æнкъардæй лæууыди. Рæмудзæн æрмæг адæмæн æвирхъау митæ кæй бакодта, уый фехъуыстон, фæлæ уæддæр мæ хæрæфырты ахæм æвзæр уавæры баййафын æнхъæл нæ уыдтæн. Йæ цæсгом иууылдæр æмбæрзт уыди тугæйдзаг бæмбæджы гæбæзтæй, æрмæст ма йæ иу цæст зынди. Йæ хъæццул дæр ранæй-рæтты уыди тугæйдзаг. Йæ фарсыл хуыссыди æмæ тыхулæфт кодта.

– Дæ хорзæхæй, афтæ раджы базары кæцæй фæдæ? – мæ фыр тыхстæй йæм æндæр цы фарст раттаин, уый нæ зыдтон æмæ йæ разы аххосджынхуызæй лæууыдтæн.

– Мæ чызгмæ цыдтæн, æмæ ма, зæгъын, дыргътæ алхæнон. Куыддæр павильонæй кæртмæ ахызтæн, афтæ рæмудзæн æрмæг фехæлди, æмæ ницыуал бамбæрстон. Æрчъицыдтон ам. Мæ зæнг æфсæйнаг схъистæй ныппырх и, æмæ мын æй алыг кодтой... Мæ гуыбыны дæр нырма бирæ схъистæ ис... Мæ цæст дæр хауд у...

Куыд æй æрсабыр кодтаин, уый нæ зыдтон æмæ, мæ кæуын тыххæй уромгæйæ, хъусæй лæууыдтæн.

– Æз ардыгæй тагъд нæ ацæудзынæн. Базары мæ дæгъæлтæ фесæфтысты, æмæ мын мæ хæдзар исчи куы фæкъаха, мыййаг. Мæ дуары гуыдыр-ма мын баив, – мæ тыхст уавæрæй мæ фервæзын кодта йæхæдæг.

– Æз – ныртæккæ! – дыууæ дзырды сирвæзт мæ риуæй, æмæ йын йæ ныстуан разæнгардæй æххæст кæнынмæ фæдæн. Цалынмæ йын йæ дуары гуыдыр ивтон, уæдмæ амарди. Æртыккаг бон дуне дзыллæтæ æрæмбырд сты, горæххæсткомы сæрдары хæдивæг дæр æм æрбацыди, æмæ йæ кадджынæй баныгæдтой. Уæлмæрдты дæр ма дзæвгар рæстæг

фæдзырдтой, террористон акттæ адæмæн цы стыр зиантæ хæссынц, ууыл, мæнæн та мæ хъустыл уадысты, айфыццаг нын Агуындæ Светæимæ цы зæрдæвæрæн ныхæстæ загъта, уыдон:

– Фыдбон æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц. Кæд фæстæдæр нæ цард фæхуыздæр уаид...

Хуыздæр цардыл йæ зæрдæ даргæйæ, æвирхъау мард акодта. Æмæ ма дзы æрмæст уый куы бабын уыдаид. Ме 'рдхорд поэт ма йæ усы мард йæ дыууæ сызгъæрин дæндагæй базыдта. Мæ хъæуккаг рæсугъд æрыгон сылгоймагæн йæ сывæллæттæ æнæ мадæй баззадысты. Бирæтæ сæ хионты мæрдтæ æрæмбырд кæнын дæр нæ бафæрæзтой. Цæй тыххæй мард æрцыдысты, базары йæ бинонтæн къæбæрамал чи кодта, уыцы мæгуыр æнаххос адæм?

Террористтæ цы зондæй архайынц, уый бамбарын мæ фæнды, фæлæ йæ мæ сæр нæ ахсы. Исты хъуыддаг куы аразай, уæд дæ размæ хъуамæ бæлвырд-бæрæг нысан сæвæрай. Террорæн та цы нысан и? Зæгъæм, Гай Юли Цезарь, Александр дыккæгæм, Анвар Садат, Джон Кеннеди, Индирæ Ганди æмæ йæ фырт Радживы марджытæ сæ размæ цы хæс сæвæрдтой, уый бæрæг у. Сæ бæстæты сæргълæуджытæ уой, уый кæйдæрты нæ фæндыди æмæ сæ айстой. Фæлæ мæ хæрæфырты, ме 'мхъæуккаджы æмæ мæ хæлар поэты усы та цæй тыххæй срæмыгътой? Уыцы æртæ мæгуыр сылгоймаджы сæ цы бахъыгдардтой? Фыдгæнджытæ сæ теракт æй цы равдыстой? Удисæн сагъæстыл дзы кæй бафтыдтой? Хицæутты? Куыннæ стæй. Фыр æфсæрмæй дзы чи кæм схид и? Ничи никæм. Адæмы 'хсæн сæхи хъыгзæрдæйæ равдыстой, стæй сæ хъæздыг хæдзæрттæм ацыдысты æмæ дзаджджын фынгтыл æрбадтысты. Иуы зæрдæ дæр дзы нæ сæнкъуысыди. Иу дæр дзы йæ куыстæй нæ фæхаудта. Иуæн дæр дзы йæ царды уавæртæ нæ февзæрдæр сты. Иу дæр дзы масты хай нæ баци. Терактты мæгуыр адæмæй цасфæнды куы фæцагъды уа, уæддæр хицæуттæм сæ рис нæ бахъардзæн. Уæдæ цæй тыххæй арæзт цæуынц? Маст исынæн? Æмæ уæд, мæсты кæмæ дæ, уый амарыныл бацархай, æнаххос адæмы цы цæгъдыс?

Хъуыдытæй ницы пайда ис. Ацы мæнг дунейæ йе 'цæг дунемæ чи ацыди, уыдонæй иуы дæр фæстæмæ нал раздахдзысты. Нал и мæ хæрæфырт дæр. Ног цардимæ нæм цы ногдзинад æрбацыд, уый йыл нæ бацауæрста. Æз æй бирæ уарзтон, æмæ мын мæ зæрдæйæ иу къæртт йемæ ахаста…

* * *

Театры адæмæй къух бакæнæн нæй. Нæлгоймагæй, сылгоймагæй, хистæрæй, кæстæрæй – ииуылдæр сæ райст-бавæрд дзаумæттæ скодтой æмæ, уалдзыгон дидинджытæ хурмæ куыд райхæлынц æмæ цæхæр куыд скалынц, афтæ алыхуызон ахорæнтæй æрттивынц. Цыма æрæджы Ирыстоныл стыр хорздзинад æрцыди, æмæ сæ цин бауромын нæ фæразынц, уыйау хъæлдзæг ныхæстæ кæнынц, хъæрæй худынц æмæ кæрæдзиуыл узæлынц. Сæ райдзаст цæсгæмттæм сын куы бакæсай, уæд зæгъдзынæ: «Зæххыл адонæй амондджындæр нæй, чысыл фæстæдæр та мæнæ ам, æнæрхъæцæй кæмæ æнхъæлмæ кæсынц, ууыл куы сæмбæлой, уæд ноджы амондджындæр фæуыдзысты. Цæмæй сæм тагъддæр фæзына æмæ сæ йæ мидбылхудтæй батава, цæмæй сæ йæ зонджын ныхæстæй бæллиццаг цардмæ ахона, уый тыххæй рæстæгæй-рæстæгмæ къухæмдзæгъд саразынц. Сæ уды рæбинаг æвæрæнтæй кæй уындмæ бæллынц, уый сын сæ къухæмдзæгъд ницæмæ дары æмæ сæм нæ цæуы. Сценæйы фæстæ бады æмæ йæ «фæсдзæуинтимæ» æнæмæт ныхас кæны. Æз æй залæй нæ уынын, фæлæ уым кæй ис, ууыл дызæрдыг нæ кæнын, уымæн æмæ, йæхицæн аслам хъуыддæгтæй стыр авторитет скæныныл чи архайы, уыдоны лыстæг хиндзинæдтæ хорз æмбарын. Алчидæр дзы адæммæ йæхи афтæ æвдисы, цыма йæ куыстæй æппындæр не 'вдæлы. Ардæм æрбацæуын мæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыди, фæлæ мæ ме 'рдхæрттæ Елиоз æмæ Эльбрус баййардтой:

– Цом æмæ йæм байхъусæм. Ногæй нын цы зæгъдзæн, цымæ?

– Йæ уынд дæр мын тых кæны. Калмы хуызæн мæм кæсы. Мæскуыйы фæсарæйнаг æвзæгтæй цы терминтæ æмæ уырыссаг дзырдбæстытæ сахуыр кодта, уыдонæй иуварс куы ахизы, уæд йе 'дылыдзинад разыны, æмæ йæм мæ зæрдæ схæццæ вæййы, – сæ ныхмæ цæхгæр ныллæууыдтæн æз.

– Йæ бæр-бæры фæстæ спектакль æвдисдзысты, æмæ йæм бакæсæм.

– Уый та уымæй зæрдæхæццæгæнæндæр уыдзæн.

– Цæй, о! Дæуæн та дæ зæрдæмæ æппындæр ницы цæуы! – фæтæргай сты дыууæйæ дæр, æмæ, мæхицæн тыхгæнгæйæ, семæ сразы дæн. Ныр мæ фæйнæфарс бадынц æмæ мæстæй мæлынц.

– Гъер ын уыдон цы митæ сты?! – дзуры Елиоз.

– Цас нæм æрæгмæдæр рацæуа, уыйас йæ аргъыл фылдæр бафтын æнхъæл у, – йæ уайдзæф ын дарддæр ахæццæ кодта Эльбрус.

Цыма сын сæ былысчъил ныхæстæ фехъуыстой, уыйау сценæмæ рахызтысты Дзастемыр, горæты хицау Алексей, чиныгуадзæны ди-

ректор Разетæ æмæ Хамби. Адæм сæ бынæттæй фестадысты æмæ сын дæргъвæтин къухæмдзæгъд сарæзтой. Æз бадын æмæ мæхи æнкъардæй фæрсын: «Хуымæтæг адæм сæ хæрзгæнджыты æмæ сæ фыдгæнджыты кæрæдзийæ иртасын кæд райдайдзысты, цымæ?».

Дзастемыр уырыссагау дзæвгар рæстæг фæдзырдта (цæуыл, уый, мæнмæ гæсгæ, йæхæдæг дæр нæ зыдта, æмæ зын бамбарæн уыди), стæй æрæджиау Хамбимæ рахызти æмæ дзы иуæй иннæ рæсугъддæр ныхæстæй æппæлын райдыдта.

– Нæ фысджыты цæдисы сæрдар мæлæтдзаг рынчын куы уыди, уæд куыд æгъдауæй фервæзти? – афарста нæ Елиоз.

– Æмæ цы кодта? – сцымыдис и Эльбрус.

– Уазал дзы бацыди, æмæ йæ рæуджытæ фæтар сты.

– Куыдæй? Йæ алы чырæджы дæр литр арахъхъ куы ис…

– Уый дæр ын нал фæахъаз и, мæгуыр. Уæлæ йæм нæ кæсыс? Йæ сау цæсгом куы ныффæлурс и…

– Уæддæр дзы уазал кæм бацыди? – нал æм фæлæууыдтæн æз дæр.

– Гала президент куы сси, уæд æнæ сапонæй йæ хуылфы фæмидæг и æмæ схъарм и, Дзастемыр куы фæуæлахиз и, уæд Галайы хуылфæй хъæбæр зæхмæ рагæпп ласта æмæ, цалынмæ ног Президентмæ згъордта, уæдмæ йыл фыр уазалæй ризæг бахæцыди.

– Ха-ха-ха! – ныххудти Эльбрус. Дæ сæрызонд фæцыди, зæгъгæ йæм адæм ракастысты, æмæ фæхъус и. Æз дæр мæ дзыхыл фæхæцыдтæн, фæлæ уыцы ныв мæ цæстытыл куы ауади, уæд кæл-кæл кæнын райдыдтон. Фойемæ алидзынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæ Дзастемыры хъæлæс баурæдта:

– Хамби канд куырыхон поэт нæу, фæлæ ма у иттæг хорз разамонæг дæр. Фысджыты цæдис нырмæ уыди зауаты бынаты, æмæ йæ йæ къæхтыл слæууын кодта.

– Гъæйдæ-гъа! Æдзæсгæмттæ федтон, фæлæ ахæм цъаммар фыццаг хатт уынын. Зауатмæ йæ Хамби куы 'ртардта, – мæ хъусы мын дзуры Елиоз.

– Фæстаг азты нæ цард куыд фæцудыдта, уый уе 'ппæт дæр зонут. Тынг æвзæр рæстæг у. Нæ авналæнтæ ныццыбыр сты, фысджыты цæдисмæ æхца нал и, литератортæн фатертæ æмæ санаторитæм балцæгтæ дæттын йæ бон нал у. Ахæм æвирхъау уавæрты хицауæн уæлдай активондæр уæвын хъæуы, æмæ Хамби, йæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, кусы хъазуатонæй, фысджыты цæдис цудын нæ уадзы. Йæ цæхæркалгæ уацмыстæй ирон литературæ дзæвгар кæй фæхъæздыгдæр кодта…

– Иронау кæсын куынæ зоны, уæд, ирон литературæйæн чи цы кусы, уымæн цы ’мбары? Президент куы сси, уæд ын цы цыбыр ардбахæрд ныффыстой, уым æртæ рæдыды куы фæкодта, – æрбадзырдта та мæм Елиоз, фæлæ йæм æз нæ хъусын. Дзастемыр мæ дисы ’фтауы йæ дыдзæсгомдзинадæй, æмæ дзы мæ цæстытæ атонын нæ фæразын.

– … стæй фысджыты цæдисæн ахъаззаг разамынд кæй дæтты, уый тыххæй йын лæвæрд æрцæуæд Хæлардзинады орден, – йæ ныхас дарддæр ахæццæ кодта Дзастемыр, Хамбимæ бацыди æмæ йын йæ риуыл орден бакодта. Адæм сæ бынæттæй сыстадысты æмæ йын æмдзæгъд кæнынц.

– Нæ хицæутты нал æмбарын. Хамби æмдзæвгæтæ куы фыста, уæд иудадзыг йæ ныхмæ тох кодтой, ныр фондз æмæ ссæдз азы æппындæр куы ницыуал фыссы, фысджыты цæдисы куыст хæддзуйæ куы ауагъта, уæд та йын ордентæ дæттынц, – былысчъилæй загъта Эльбрус æмæ, æлгъгæнгæйæ, сыстади. Елиоз дæр йæхиуыл схæцыди, æмæ сæ нал ауыдтон.

– Хамби чиныгуадзæнæн йæ куырыхон уынаффæтæй тынг кæй æххуыс кæны, уый тыххæй йын алы мæй дæр нæ коллектив фиддзæн мызд, – Президенты цæстытæм кæсгæйæ, загъта Разетæ, ома дæ ныстуан дын æххæст кæнын.

– Мах та йын горæты хардзæй сæрмагонд стипенди дæтдзыстæм, – Президенты зæрдæ алхæдта Алексей дæр.

Æз фестадтæн æмæ, цæмæй æнуд залы ма фæхуыдуг уон, уый тыххæй мæхи сыгъдæг уæлдæфмæ айстон.

– Гъер мæ цæмæн æрбакодтат?! Æдзæлгъæд ныхæстæм хъусынмæ?! – сбустæ кодтон ме ’мбæлттыл æмæ мæ куыстмæ атындзыдтон. Куыддæр радиокомитеты дыккаг уæладзыгмæ схызтæн, афтæ нæ звукорежиссер Эммæ мæ размæ фæци æмæ мæ цымыдисæй афарста:

– Цы кодтай? Цæй тыхстхуыз дæ?

Æз ын, хъуырхъуыргæнгæйæ, хабæрттæ кæрæй-кæронмæ рафæзмыдтон, æмæ афтæ бакодта:

– Хамбийæн йæ амонд хæрæгыл бады.

– Нæ Президенттæ йæ хæстæджытæ куынæ разындаиккой, уæд æгуыстæй бадтаид æмæ хæрзиуджытæ йæ цæсты кæронæй дæр нæ федтаид.

– Бынтон раст нæ дæ. Къостайы преми йын куыд радтой, уый нæ зоныс?

– Нæ зонын, стæй мæ хъæугæ дæр нæ кæны. Йе ’дзæсгомдзинады фæрцы рауагъдады сæйраг редактор æмæ фысджыты цæдисы сæрдар куыд сси, ахæм чъизи ми та бакодта, æвæццæгæн…

– Ацы хатт йæхæдæг – нæ, фæлæ – йæ хæлар артист Дæхци…

– Ома?

– Фæстаг спектаклы куы ахъазыди, уæд æй æрфæндыди преми райсын. Музыкалон уацмыстæй йæ æз сфæлыстон, æмæ мæ тынг разыйæ баззади. Суанг ма мын мæ кандидатурæ премимæ бадæттынмæ дæр хъавыди. Зæрдæ мын бавæрдта æмæ мæ фæсайдта.

– Куыд?

Иубон мæм æрбацыд æмæ мын дæли-уæли ныхæстæ кæнын райдыдта:

– Эммæ, æз дæ рагæй зонын æмæ дæм хорз зæрдæ дарын. Нæ театрæн бирæ хæрзты кæй бацыдтæ, уый тыххæй дæ стыр бузныг дæн. Дæхæдæг – æвдисæн, преми дын куы балæвар кодтаин, уый дæр мæ фæндыди, фæлæ мын нæ рауади.

«Балæвар кодтаин» мæ карды фындзæй фæрæхуыста. Йæхи хъæлæсы уагæй йын æлхыскъ-дзуапп раттынмæ хъавыдтæн. Мæнмæ гæсгæ мын мæ характер хорз зоныс…

– Зонын, зонын, – мæ мибылты бахудтæн æз, фæлæ уымæн йæ цæсгомы хуыз æппындæр нæ аивта.

Мæхи йæм тыххæйты баурæдтон, фæлæ йæ æнæ бафæрсгæ нæ фæдæн:

– Цæуылнæ? Спектаклæн цы музыкалон уацмыстæ равзæрстон, уыдонмæ исчи исты фау æрхаста?

– Нæ, нæ, нæ! Иууылдæр хорз уыдысты æмæ йæ тынг сфидауын кодтой.

– Уæдæ дæ фæнд цæмæн аивтай?

– Пьесæ ирон æвзагмæ Хамби ратæлмац кодта, уый æдде ма ме ’рдхорд дæр у, стæй мæ хъæуккаг, æмæ йæ номхыгъдмæ куынæ бахæссон, уæд мæм фæхæрам уыдзæн.

– Уый хæрамæй тæрсыс, мæ хæрамæй та нæ тæрсыс.

– Ды мæ бамбардзынæ æмæ мын ныххатыр кæндзынæ, Хамбийæн йæ фыдæх йæ зæрдæйы сабухдзæн æмæ йæ амæлæты бонмæ дæр нæ байсысдзæн.

Цы йын загътаин? Дæ зæрдæ-мæ зæрдæйæ ма афтæ бакодтон:

– Уымæн æй ратт, æз ахæм кадджын премийы аккаг нæ дæн.

– Ацы хабар искуы искæмæн радзырдтай?

– Нагъ. Ды мæ хорз æмбарыс, нæ дыууæ дæр бирæ хъизæмæрттæ бавзæрстам, æмæ дын мæ зæрдæйы дуæрттæ уымæн байгом кæнын…

* * *

«Дæ размæ цы хæс сæвæрдтай, уый цыфæнды зынæй дæр æнæмæнг сæххæст кæн». Ацы бардзырд мын удæнцой нæ дætты, æнæмæтæй мæ цæрын нæ уадзы, æмæ мæхиуыл нæ ауæрдын. Адæймагмæ бирæ æмбæхст хъарутæ кæй ис, уый мæхиуыл иу æмæ дыууæ хатты нæ бавзæрстон. Кæд фæдæрдджын дæн, уæддæр ма сæ ныр дæр æвзарын. Исты стыр нысанмæ куы фæтырнын, уæд мын уæлдай тынгдæр раргом вæййынц, кусынмæ мæ сразæнгард кæнынц, æмæ фæллад нал фæзонын.

Мæ трилогийы фыццаг чиныг тынг зынæй фыссын. Хæсты фæстæ азтæй дзæвгар рæстæг рацыд, æмæ мæ бирæ хъуыддæгтæ ферох сты. Алы лыстæг цау дæр дзы уырзæй сгарæгау æвзарын, уымæн æмæ мын иууылдæр зынаргъ сты, стæй се 'ппæты дæр ахсджиагыл нымайын. Мæ сæйраг хъайтар сывæллон у, æмæ йын хъуамæ йæ удмæ бахизон, хъуамæ йын йæ алы улæфт дæр банкъарон, хъуамæ йын йæ алы къахдзæфыл дæр ногæй фæсагъæс кæнон æмæ йæ адæммæ уырнинагæй рахæссон. Уырнинаг та уыдзæн, царды рæстдзинадæй куы гуыра, æмæ дзы чиныгкæсæг йæхи сабибонтæ куы фена, æрмæстдæр уæд. Уымæй уæлдай ма сывæллон хъуамæ сывæллоны æвзагæй дзура, æмæ йыл адæймаг, йæхиуыл куыд æууæнды, афтæ æууæнда. Зæрдæргомгæнæн ныхасы хуызы йæ барæй аразын. Мæн фæнды, мæ уацмысы сæйраг хъайтар цы дунемæ рантысти, уый куыд æмбары, куыд æй хаты, куыд æй æнкъары, цы зæрдæ йæм дары, йæ алыварс цы адæм ис, уыдон куыдæй уыны æмæ сын цы аргъ кæны, стæй, цы бæстæйы æмæ цы æхсæнады цæры, уыдон цавæр сты, æмæ сæм цы цæстæй кæсы, сæйрагдæр та, сыгъдæгзæрдæ адæмы удмарæн хъизæмæрттыл куыд сагъæс кæны, уыдон йæ мидхъуырдухæнты равдисын.

Аивадон литературæмæ иу диссаджы миниуæг ис. Цыфæнды фæлладæй дæр фыссæгæн циндзинад хæссы. Мæ роман фысгæйæ, мæ сæр æмæ мæ зæрдæ сриссынц, мæ дæндаджы фыдтæ дæр цыма дæвдæг ныввæййынц, уыйау ницыуал фенкъарынц. Мæ цæнгтæ дæр бастайынц, æмæ сæ сисын нал фæфæразын. Æмæ ма уыдонæн исты хуызы быхсин, фæлæ мæ фыссын бынтон æндæр хъуыддæгтæ нæ уадзынц. Фыссæгмæ хъуамæ егъау библиотекæ уа, хъуамæ дунейы классикты уацмыстæ кæса æмæ æдзухдæр уыдоныл ахуыр кæна, мæнмæ та 'рмæстдæр нымад чингуытæ ис. Æгæр-мæгуыр мæм мæ уарзон фысджыты уацмыстæ дæр нæй, уымæн æмæ мæм хæрыны фагæй фылдæр æхца никуы уыди. Фыссæг хъуамæ йæ уацмысыл æвæлладæй куса, æз та йыл

ӕрбадын, ницӕйаг журналисттӕ талф-тулфӕй кӕй афыссынц, уыцы фӕлвых уацхъуыдтӕ редакци кӕнынӕй куы сфӕлмӕцын, ӕмӕ мӕ сӕр куы ныддур вӕййы, уӕд. Фыссӕджы хъуамӕ йӕ бинонтӕ ӕмбарой ӕмӕ йын кусыны фадӕттӕ аразой, мӕнӕн та мӕ размӕ цӕлхдуртӕ ӕвӕрынц ӕмӕ мын мӕ нервытӕ халынц. Мӕ уацмыстӕ сӕ ӕппындӕр кӕй нӕ хъӕуынц, уый ӕмбарын ӕмӕ сыл сбустӕ кӕнын:

– Кусын мӕ бауадзут, гормойнӕгтӕ. Мӕ уацмыстӕ уӕ нӕ хъӕуынц, фӕлӕ уӕ сӕ гонорар дӕр нӕ хъӕуы?

Уый сӕ ӕнӕмӕнг хъӕуы, ӕмӕ иучысыл фӕхъус вӕййынц, стӕй та бӕстӕ сӕ сӕрыл сисынц. Фӕнды сӕм дзур, фӕнды – ма, ницы сӕм хъары, уымӕн ӕмӕ литературӕмӕ тынг дард сты. Мӕ зӕрдӕ сыл нӕ худы. Адӕймагӕн ӕрдз цы радта, уымӕй дзы фылдӕр домӕн нӕй, фӕлӕ мын уӕддӕр хъыг у, кӕй мӕ не 'мбарынц, уый.

Иннӕ цӕлхдуртӕ ӕгӕр лыстӕг сты, ӕмӕ сӕм, чи зоны, ӕргом здахын дӕр нӕ хъӕуы, фӕлӕ зӕрдӕйы арф фӕд уадзынц. Фӕндагыл дыл дӕ хӕстӕг кӕнӕ дӕ зонгӕ сӕмбӕлдзӕн (уӕлдӕр скъола чи бакаст, ахӕм) ӕмӕ дын куыдфӕндыйӕ зӕгъдзӕн:

– Де 'мдзӕвгӕтӕ дын арӕх фӕкӕсын.

Иннӕтӕ та мӕ бынтон дӕлоз ӕрӕппарынц:

– Де статьятӕ дын бакастӕн.

Хорз ӕм дзы цы фӕкасти, йӕ зӕрдӕмӕ дзы цы нӕ фӕцыди, уымӕн дзы йӕ кой дӕр нӕ вӕййы. Кӕд литературӕйӕн ницы 'мбарыс, уӕд дӕ дзыхыл хӕц. Исчи дӕ артмӕ дары? Ӕмӕ ма уыдонӕн дӕр бабыхсӕн ис, фӕлӕ фысджытӕ… фысджытӕ… Иуӕй иннӕ зӕрдиагдӕрӕй архайынц, кӕй ницы дӕн, уый бахахх кӕнынӕл, цӕмӕй ме уӕнгтӕ амӕлой, цӕмӕй мӕ зӕрдӕ сафтид уа, ӕмӕ фыссынхъом мауал уон. Ахӕм уавӕрты тынг зын фыссӕн у цыфӕнды уацмыс дӕр, суанг ма хуымӕтӕджы уац дӕр, уымӕн ӕмӕ фысгӕ-фыссын иудадзыгдӕр мӕ сӕры зилдух кӕнынц уыцы иу хъуыдытӕ: «Курдиат дӕм нӕй, дӕ уацмыстӕ ӕппындӕр никӕй хъӕуынц, ӕмӕ сӕ ма фысс». Уӕддӕр мӕхи ныхъхъӕддых кӕнын ӕмӕ та фыссын райдайын. Цыдӕр ӕнахуыр тых мӕ риуы цӕры ӕмӕ мӕ размӕ тӕры. Зӕд у ӕви дӕлимон, уый нӕ зонын. Зонын ӕрмӕстдӕр иу хъуыддаг. Цардмӕ мӕ куыдфӕндыйы цӕстӕй кӕсын нӕ уадзы ӕмӕ мын мӕ хъусы дзуры:

– Дӕ ныхмӕ чи у, уыдоны дӕ хорздзинад нӕ хъӕуы, ӕмӕ сӕ мацӕмӕ дар. Дӕ рӕстӕджы цард равдис, куыд ӕй ӕмбарыс, афтӕмӕй, ӕмӕ дӕ

фæллæйттæ нæ фæдзæгъæл уыдзысты. Иуцалдæр адæймаджы уæддæр бахъæудзысты.

Мæ чиныгыл авд азы, удхаргæнгæйæ, фæкуыстон. Фæстаг стъæлф дзы сæвæрдтон æмæ мæ риуыдзаг сулæфыдтæн. Мæ уды хъарутæ уымæй фылдæр никæцы уацмысыл бахардз кодтон, æмæ мын уымæй фылдæр æхсызгондзинад ничи æрхаста. Адæм æй афтæ зæрдиагæй кæсдзысты, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Телефонæй мæм дзурынц æмæ дзурынц нæлгоймагæй, сылгоймагæй, хистæрæй, кæстæрæй:

– Дæ хорзæхæй, мæ цард мын афтæ хорз кæцæй базыдтай?

– Мæнæн фыдыустытæ нæ уыди, фæлæ дзы уæддæр мæ цард тынг раст æвдыст æрцыди.

Дыууæ карджын сылгоймаджы та, цыма кæрæдзи бамбæрстой, уыйау мын уыцы иу ныхæстæ загътой:

– Мæ цотимæ баныхас кодтон, куы, зæгъын, амæлон, уæд мын-иу ацы роман мæ чырыны сæвæрут.

Арæхдæр та мын фæзæгъынц мæнæ ацы ныхæстæ:

– Уыцы мæгуыр сывæллоныл мæ фæкæуын кодтай.

– Райдайæнæй кæронмæ йæ, зæрдæрисгæйæ, фæкастæн.

Æз æй фæкæуын æмæ зæрдæ фæриссын кæныны тыххæй нæ ныффыстон, фæлæ адæмы арф хъуыдытыл бафтауыны тыххæй. Цы зæгъынмæ сын хъавын, уый бæрæг у: цы цардæй цæрæм, уый цард нæу, фæлæ удскъуынæн, æфсармсафæн æмæ бæллицмарæн хъизæмар у. Адæймаджы ном чи хæссы æмæ йæхицæн аргъ чи кæны, уый хъуамæ ахæм цардæй цæрын йæ сæрмæ ма хæсса. Адæймаг хъуамæ зондджындæр, сыгъдæгзæрдæдæр æмæ барондæр уа, науæд барвæндæй йæхи æгъатыр тугдзых сырды бынатмæ тæры.

Адæм ыл цин кæнынæй не ’фсæдынц, дыккаг чиныгæн йе ’рдæг дæр фыст нæма у, афтæмæй йæ агурынц, фысджытæ æмæ критиктæ та джихæндзыгæй лæууынц, ницы хъусынц, ницы уынынц. Искæй æнтыст сын сæ цæстытæ къахы, æмæ сæ дзыхтæ ныххуыдтой. Мæ дыгурон сыхаг, мæнæй чысыл кæстæр лæг, йæ цард æфсады арвыста. Иубон мæм æрбацыд æмæ мын афтæ:

– Æз иронау кæсынмæ рæвдз нæ дæн, фæлæ дын дæ роман тынг зæрдиагæй бакастæн. Раст дын куы зæгъон, уæд мæ дисы бафтыдтай.

– Цæмæй?

– Афтæ мæм кæсы, цыма мæ цармы бахызтæ æмæ мын мæ уд зы-

гъуыммæ рафæлдæхтай. Уыйбæрц æхсызгондзинад æз иу чиныгæй дæр никуы райстон.

– Бузныг. Æгайтма дæ зæрдæмæ фæцыди.

– Æз искæй æхцатæ нымайын нæ уарзын, фæлæ мæ цымыдис иу ран нæ уадзы.

– Цы базонын дæ фæнды?

– Гонорар ын цас райстай?

– Æртын мины.

– Æз хъазгæ нæ кæнын. Æцæгæй дæ фæрсын.

– Æз дæр хъазгæ нæ кæнын. Кæд дæ нæ уырны, уæд рауагъдады бухгалтеры бафæрс.

– Ахæм хорз романæн – æртын мины – уый фыдракæндæй уæлдай нæу.

– Æз авд азы хидвæллойæн æртын мины райстон, мæ директор та алы мæй дæр мызд æстай иу мин исы. Æмæ бон-изæрмæ цы кусы, уый зоныс?

– Кæцæй йæ зонын?

– Компьютеры къамæй хъазы, нуазы, хæры æмæ хæрæгнасау нæрсы.

– Æз æнхъæлдтон, æппынкъаддæр ын фондзсæдæ мины райстай, æмæ, зæгъын, дæ гæвзыкк царды уавæртæ фæхуыздæр кæндзынæ.

– Ныртæккæ литературæйæ царды уавæртæ фæхуыздæргæнæн нæй. Хъæддаг капитализмæн йæ закъæттæ дæр хъæддаг сты…

– Коммунисттæ дæр ахæм романтæн афтæ гыццыл фыстой?

– Коммунисттæ ахæм романтæ мыхуырмæ ’ввахс дæр нæ уагътой. Царды рæстдзинад чи æвдыста, уыцы фысджытæй сæ удхæссæг уыдтой. Редактортæм-иу дзы радзырдты хуызы цы гыццыл скъуыддзæгтæ бахастон, уыдон мын-иу бырæтты чыргъæдмæ ныппæрстой. Адон сæ уадзынц, фæлæ сын ницы фидынц. Коммунисттæ цы уацмыстæй нæ тарстысты, уыдонæн хорз фыстой. Уæд «Волгæ» цы чиныгæй балхæнæн уыди, уымæй йын ныр йæ цæлхытæ дæр нæ балхæндзынæ.

– Кæд литературæ никæйуал хъæуы æмæ йын ницыуал фидынц, уæд ыл дæхи цы тухæнæй марыс?

– Æз æхца бакусыны тыххæй иу хъуыдыйад дæр никуы ныффыстон. Мæн фæнды ирон адæмы цæстытæ ацы мæнгард дыдзæсгом дунемæ уæрæхдæр байгом кæнын, цæмæй йæ хуыздæр феной æмæ йын йæ бынцъаг фæзилæнты ма кæлой, цæмæй сæ сæ цæстфæлдахæг хицæуттæ сайын ма уæндой, цæмæй сæ ныхмæ карз тох кæной æмæ сæ бартæ хъахъхъæнын фæразой, цæмæй цагъайрæгтæ мауал уой æмæ сæ сæрыл залымты

бадын ма уадзой, цæмæй сæ разагъды лæгтæн, сæ курдиатджынтæ æмæ сæ зондджынтæн аргъ кæной, цæмæй козбау æмæ цæстмæ митæ кæнын сæ сæрмæ ма хæссой, цæмæй, ирæттæ кæй сты, уымæй сæрыстыр уой, сæхи алы кæмттыл ма дихтæ кæной æмæ сæ културæ, сæ аивадон хæзнатæ, сæ литературæ æмæ сæ мадæлон æвзаг цæсты гагуыйау хъахъхъæной.

– Зын хæс сæвæрдтай дæ размæ. Уыцы хæс сæххæст кæнын дæуæй бирæ курдиатджындæр фысджытæн дæр сæ бон нæ баци.

– Зонын æй, фæлæ… хал халæн æххуыс у…

* * *

Кæддæр æрыгонæй, газеты редакциййы кусгæйæ, хъæлдзæг фельетонтæ фыстон. Адæм сæ цымыдисæй кастысты æмæ сыл зæрдæбынæй худтысты. Ай-гъай сыл худтысты! Йæхи æдылы митыл худын никæй фæнды, искæй æдылы митыл бахудынмæ та алчидæр цæттæ у, æмæ мæхиуыл нæ ауæрстон, фæлæ сæ ныр нал фыссын: æгæр фæдæрдджын дæн, стæй искæй æдылы митæ хурмæ хæссын тæссаг хъуыддаг у. Дæ сæрыл агуыридур кæцæй æрхаудзæн, уый зонгæ дæр нæ бакæндзынæ. Кæуыл ныффыстон, уыдонæй ма мæм дыууæйæ хæцæнгæрзтимæ дæр лæбурдтой, фæлæ мæм сæ, мæ амондæн, мæнæй уæззаудæр зонд кæмæ уыди, уыдон не 'рбауагътой. О, фельетонтыл мæ къух раджы систон, фæлæ та æрæджы мæ зæрдæйы норст цæхæр раздæрау ферттывта. Æмæ куыд нæ хъуамæ ферттывтаид… Авдан газеты редакцимæ куы ацыди, уæд мын ахæм хицау сæвæрдтой… Фельетоны хъайтарæн агургæ æмæ æнæаргæ лæг… Йæ ном хуыйны Дзахо. Иу-фондз азы бæрц æй зонын.

Раздæр ма радиойы режиссерæй куыста. Куыста, зæгъгæ, йæ рæстæг, сылгоймæгтимæ цай цымгæйæ æмæ дзæнгæда цæгъдгæйæ, æрвыста. Редакторты режиссер никуы хъуыди, формалон æгъдауæй йæ дардтой æмæ йын зыбыты дзæгъæлы мызд фыстой. Иу рæсугъд лæгуарзаг сылгоймагимæ йæ иу кабинеты сбадын кодтой. Уый дæр цас зонджын уыди, фæлæ йын йе 'дылы æдзæхх митæй сфæлмæцыди. Æмæ ма йын уыдон исты хуызы ныббарстаид, фæлæ-иу уый размæ нæлгоймаджы барæвдауынмондагæй цъæх арт куы уагъта, уæд æм-иу йæ хæзгултæй исчи фæзынди, æмæ-иу сæхиуыл дуар ахгæдтой. Дзахоимæ йын уыцы гæнæнтæ нал уыди, æмæ дзы цыбыр рæстæгмæ 'рбатыхсти. Куыдæй дзы фервæзтаид, уый нæ зыдта, æмæ йыл гуыбыннизæй сæйæг рынчынау катай бахæцыди.

Дзахо бакастæй дзæбæх лæппу уыди æмæ йæхицæй æдылыдæр æмæ хистæр абадгæ чызджы зæрдæмæ фæцыди, сылгоймагмæ бацыди æмæ йæ бафарста:

– Айфыццаг мæ цы шифанер куырдтай, уый ма дæ хъæуы?

– Бæргæ мæ хъæуы, фæлæ мын æй куынæ дæттыс…

– Дæттын дын æй, æцæг йæ бынат афтид куыд нæ уа, афтæ.

– Ома?

– Уæртæ дзы уыцы нарæг стъол сæвæр æмæ йын йæ фарсмæ Дзахойы сбадын кæ.

– Æгайтма дæ хъæуынц. Дæу фæуæнт сæ дыууæ дæр сæ фароны фистимæ,– бацин кодта сылгоймаг. Уыйадыл Дзахо ивд æрцыди зæронд шифанерыл. Бирæ рæстæг радиойы æндæр кой нал уыди, худæгæй йыл мардысты, фæлæ Дзахо театрмæ куы ацыди, уæд йæ кой æрмынæг и. Ныр та йæ фæзындимæ сног и. Телерадиокомпанийы директоры ног хæдивæгмæ мисхал дæр фыдæх нæй. Æргомæй йыл кæй худынц, уый тыххæй сæм мæсты дæр нæ кæны, хæрам дæр. Куыстæн æппындæр ницы æмбары, афтæмæй алкæмæн дæр зонд амоны. Йæ зондамонæнтæ ахæм æнахъинон вæййынц, æмæ йæм журналисттæ кæсгæйæ баззайынц. Æппæтæй фылдæр уарзы фынджы уæлхъус бадын, коньяк нуазын æмæ лыстæг даргъ сигареттæ кæрæдзи фæдыл дымын. Журналисттæ куыд дзурынц, афтæмæй фыр нозтæй æртæ инфаркты райста, дохтыртæ йæ тыхамæлттæй фервæзын кæнынц, æмæ та нуазын æмæ дымын райдайы.

– Артист куы дæ, уæд ардæм куыд æрбадзæгъæл дæ? – фæрсын æй дæ зæрдæ-мæ зæрдæйæ.

– Хæрæджы дымæг дæн артист. Иу мæскуыйаг сылгоймаг режиссер спектакль æвæрдта æмæ йæ уым хъазынæн гыццыл адæмыхæттытæй хъуыди æрыгон уынддджын лæппутæ æмæ чызджытæ. Махмæ ссыди æмæ нæ фарастæй равзæрста. Иу æмдзæвгæ дæр нæ ничи бакаст, афтæмæй нæ театралон училищемæ æнæ фæлварæнтæй бакодта. Артист суæвынмæ нæ бæллыдтæн, фæлæ ма мын цы гæнæн уыди…

– Ардæм та куыд æгъдауæй æрбафтыдтæ?

– Дзастемыр Галайыл кæй фæуæлахиз уыдзæн, уый рагацау мæ гыццыл зонд æрцахста, ницы куыст мын уыди, æмæ йæ фарсхæцджыты командæйы фæкуыси дæн. Мæ къух дзы уазал доны дæр нæ атъыстон. Сыгъдæг хъарм уаты бадтыстæм æмæ нæ цæсгæмттыл ахæм хуыз æвдыстам, цыма æппæт хъуыддæгтæ дæр махæй аразгæ сты. Дзастемыр Президент куы

сси, уæд бузныджы охыл се ’ппæтæн дæр куыстытæ радта. Æз ма йын «æнæ рæвдыдæй» баззадтæн, æмæ мæ ардæм рарвыста.

– Уый Ирыстон мур дæр ницæмæн хъæуы. Туджы зæйтæ йыл куы рацæуа, уæддæр æй ницæмæ æрдардзæн. Йæ къæдзил аздухдзæн æмæ Мæскуыйы балæудзæн. Цыфæнды сæфты дæр бæрнон бынаты сæвæрдзæн, фæлæ ды та журналисттæм дæ ныфс куыд æрбахастай? Иу хъуыдыйад дæр куы никуы ныффыстай… Æви рæдийын?

– Нæ рæдийыс. Иу хъуыдыйад дæр никуы ныффыстон, фæлæ… радиойы дæр æмæ телеуынынады дæр рæхджы журналисттæ нал хъæудзæн.

– Уæдæ дзы чи кусдзæн?

– Диджейтæ, ома бæрбæргæнджытæ. Микрофоны цур бад, дæ дзыхы цы абада, уыдон æнæрæнцойæ лæхур æмæ æххормаг адæмы хъуыдытæ хицæутты æнæхъола митæй иуварс здах. Нырма дзы журналисттæ хъæуы, æмæ уæм рæстæгмæ мæ хæлæртты æрбакодтон.

Йæ фæдыл нæм кæй æрбаласта, уыдонæй дыууæйæ сты уацхæсджытæ, иннæтæ журналистикæмæ ницы бар дарынц æмæ мæ, джихтæгæнгæйæ, куы сæ иу афæрсы, куы иннæ:

– Ацы сæрхъæн нæ ардæм цæй тыххæй æрбакодта, цымæ?

Иугай дзы лидзынц, æмæ мæ дисы æфтауы, куыд никæй дзы уромы, уый. Кæддæр-никæд ма, мæ зæрдæ кæй куыстæй барухс и, уыцы замманай курдиатджын уацхæссæг чызгимæ дæр фæхыл и æмæ йæ федде кодта.

– Дæхæдæг æй куы ’рбахуыдтай, æмæ радиойы тынг куы хъæуы, уæд æй цæмæн атардтай? – бафарстон æй, дисгæнгæйæ.

– Мæ коммæ нæ касти… – радта мын æбæрæг дзуапп, æмæ йæ нæ бамбæрстон, хорз радиобакастытæ аразгæйæ, йæ коммæ цы хъуыддаджы нæ касти, уый. Мæн шеф-редакторы бынатмæ цæмæн æрæппæрста, уый дæр нæ бамбæрстон. Æндæр искæмæ фæхæрам уыдаин æмæ йæм мæ зæрдæйы уаг аивтаин, фæлæ Дзахомæ нæ хæрам кæнын, мæ зæрдæйы уаг дæр æм нæ ивын. Уæддæр мæ нæ бамбардзæн, æмæ йæм фæнды хæрам кæ, фæнды – ма, дæ зæрдæйы уаг æм фæнды ив, фæнды – ма.

Театры артисттæй мыл исчи уынджы куы сæмбæлы, уæд мæ бауромы æмæ мын мæ мастыл цæхх æркæны, былысчъилæй худгæйæ мæ бафæрсы:

– Дæ хорзæхæй, Ирбег, æнæхъæн коллективæй уыцы æнæсæр тыфтырыкъойы куыд быхсут?

– Цы нæ бон у? Дзастемыр нын æй нæ роны батъыста, æмæ йæ,

хъæрзгæ-нæтгæйæ, быхсæм, – дзуапп ын раттын æз æмæ ма мæ ныхасмæ бафтауын: – Сæ дыууæйæ æнæсæрдæр æмæ тыфтырыкъодæр кæцы у, хæйрæг – йæ дæсны. Мæнæй кæнгæ куы уаид, уæд сæ æз зæронд хæмпæлтау иу стыр халамæрзæнæй бырæттæм ахафин.

Кæй æрбахуыдта, уыдонæй ма йæ фарсмæ иу лæг баззади, æмæ йæ сæйраг редакторæй сæвæрдта. Æвзæр уацхæссæг нæу, фæлæ ирон æвзаг нæ зоны, æмæ йын, иронау чи фыссы, уыдонимæ зын кусæн у. Кæнæ та йæ кусын нæ фæнды, æмæ бон-изæрмæ Дзахойы цур бады. Иубон мæм Дзахо фæдзырдта æмæ мын дзы, коньяк нуазгæйæ æмæ тамако дымгæйæ, рахъаст кодта:

– Уæллæй, мæ хæлар, Виленæй фæфыдæнхъæл дæн.

– Телестудийы иумæ куы куыстат, уæд æй нæ уыдтай?

– Уыдтон æй, фæлæ зондджын у æмæ, зæгъын, кæд радиойы куыст ног хуызы рацаразид. Мæнмæ гæсгæ, ницы сæнтаудзæн. Сæйраг редакторæй йæ кæй сæвæрдтон, уымæй фæрæдыдтæн.

«Ардæм стыр ныфсимæ кæй æрбахуыдта, зондджын æнхъæл кæмæн у æмæ мæ бынаты кæй сæвæрдта, уыцы æрдхорды афтæ тынг кæм фауы, уым мæнæй та цытæ фæдзуры, цымæ? Æвæццæгæн, зæххæй сисынмæ дæр нал фæбæззын»,– ахъуыды кодтон мæхинымæр, мæ къух ыл ауигъынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæхиуыл фæхæцыдтæн æмæ, мæ мидбылты худгæйæ, афтæ бакодтон:

– Куыст ног хуызы рацаразын карджын лæгæй домын хус чъизи хæцъилæй сыгъдæг дон лæмарынæй уæлдай нæу. Кæд дæ æцæгдæр радиойы куыст ног хуызы рацаразын фæнды, уæд курдиатджын æрыгæтты агур.

– Раст зæгъыс, – арф ныуулæфыд Дзахо, коньяк ануæзта æмæ лыстæг даргъ сигарет йæ дзыхы атъыста.

– Гъер дæ уыцы нозт цæмæн хъæуы? – фæрсын æй хионхуызæй. Æрдз ын фаг зонд нæ радта, фæлæ йын йæ фæлмæн зæрдæйы тыххæй тæригъæд кæнын.

– Мæ тæккæ æрыгонæй театры кусын райдыдтон, æмæ мæ хистæр артисттæ буфеты нозтыл бафтыдтой. Тынг кадджын уыдысты, æмæ мæм афтæ касти, цыма уæларвæй æруадзгæ зæдтæ сты. Æз сæ разы мæлдзыджы йас дæр нæ уыдтæн æмæ ахæм зындгонд лæгты коммæ куыд нæ хъуамæ бакастаин.

Æртæ хатты мæ инфаркт куы ныццавта, уæд ма мæ рæдыд бамбæрстон, фæлæ мæхи бауромын нал бафæрæзтон…

Куысты тыххæй стыр хъуыддæгтæ аразæгау куы фæдзуры кæнæ æнæхсæст ныхæстæ куы фæкæны (уый та арæх вæййы), уæд Вилен мæнмæ æрбакæсы æмæ йæ амонæн æнгуылдз йæ къæмисæныл авæры, ома йæ сæры ницы ис, æмæ йын йе ’дылы ныхæстæ мацæмæ дар.

Мæн куы «ирон æвзаджы гени» хоны, куы «ирон æвзаджы профессор». Куы мæ уæлармæ сисы, куы мæ плинтусæй дæлдæр æрæппары. Иубон мын иу уацхæссæг йæ ныхæстæ рафæзмыдта:

– Ирбег мæ æрмæстдæр ирон æвзаджы тыххæй хъæуы, æндæр æй дурадзагъдæй фæсурин.

Айфыццаг йæ кабинеты Дзæрæхимæ фæхыл и, æмæ йын Дзæрæх æппæты зындгонддæр ныхæстæй уырыссагау йæ мады ралгъыста. Æз æнхъæл уыдтæн, нæ йын æй ныббардзæн. Йæ маст дзы куыд райсдзæн, ууыл хъуыды кæнгæйæ, мæ кабинетмæ бацыдтæн. Исты фыдбылызы йæ куы ныттъысса, уымæй тарстæн, æмæ сæ куыд бафидауын кæнон, ууыл тæрхæттæ кодтон. Дзахо мæм æрбауади, уаты къуымты цалдæр хатты æрзылди, стæй мæм цæхгæр фæзылди æмæ хъуыддагхуызæй сдзырдта:

– Ды куырыхон лæг дæ æмæ мын хорз зонд бацамондзынæ.

Кæд æй мæ зонд, куыд æй бафхæра, уый базоныны тыххæй бахъуыди, зæгъгæ, зæрдаивæй афтæ бакодтон:

– Куы никæй зондыл æрвæссыс, уæд дыл æваст цы ’рбамбæлди?

– Хатыр дзы ракурон?

– Кæмæй?

– Дзæрæхæй.

– Дæ мады дын уый ралгъыста, хатыр та дзы ды курыс?

Куыддæр уыцы ныхæстæ мæ дзыхæй схаудтой, афтæ йæ цыма дымгæ рог æртхутæгау аскъæфта, уыйау феддæдуар и.

– Сæрхъæн! – адзырдтон ма йæ фæдыл, фæлæ мæ нал фехъуыста. Куы мæ фехъуыстаид, уæддæр ницы загътаид, уымæн æмæ ахæм ныхæстæм нæ мæсты кæны.

Журналистикæ æппындæр нæ уарзын, уымæн æмæ цыфæнды цардарæзты дæр фæсдзæуинау хицæуттæн лæггад кæны, цæсты гагуыйау æрмæстдæр уыдоны хъахъхъæны æмæ ма сын æрвылбоны гæды ныхæсты фæрцы йæхи æдде хуымæтæг адæмæй дæр фæсдзæуинтæ аразы. Мæн хъæуы æрмæстдæр къæбæр кусынæн, фæлæ мын уæддæр хъыг у, дзастемыртæ æмæ йæ дзахотæ бынтон æгады бынаты кæй æвæрынц æмæ йæ дзыллæты цæсты кæй æфтауынц, уый.

* * *

– Бирæ хъуæгтæ стæм, æмæ цалынмæ дæ романы гонорар лыстæг хъуыддæгтыл нæ бахардз кодтам, уæдмæ нæ фатер сцалцæг кæнæм, – иу хаттæй иннæ хатмæ мын фæзæгъы Светæ. Раздæр уыцы ныхæстæ фæлмæнæй дзырдта, ныр та сæ хъæддыхæй дзуры, фæлæ йæм æз уæддæр нæ хъусын:

– Уыцы капеччытыл дæ зæрдæ ма дар: цементы фаг дæр нын нæ уыдзысты.

– Нæ мыздтæй дæр ма сæм-иу исты муртæ бафтаудзыстæм…

– Æмæ уæд цæрæнуатон-хæдзарадон управленийы лæггæдтæн, электрон тыхæн, хъарм æмæ уазал донæн цы фиддзынæ, æхсæз бинойнагæн хæринæгтæ æмæ уæлæдарæс цæмæй æлхæндзынæ?

– Исты амæлттæ кæндзыстæм…

– Мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæдæй фæстæмæ уыцы æнæбайрайгæйы «исты амæлттæ» кæнгæйæ цæрын æмæ сæ мæ уды бон нал у. Нæ чызджыты уал сæ къæхтыл слæууын кæнæм, стæй йæ сцалцæг кæндзыстæм, – загътон ын фидарæй, фæлæ Фаризæ æнаив пъолмæ кæсын йæ сæрмæ нал хаста. Чъизихуыз линолеумы цыппæрдигъон гæбазыл æнæдзургæйæ зæгæл сæвæрдта, бетон пъолмæ йæ æнарæхстæй æрхоста æмæ йæ къух дзæбугæй ныццавта. Йæ туг ын куы ауыдтон, уæд хорзау нал фæдæн.

– Худинаг æмæ аллайаг. Сыдæй куы мæлæм, уæддæр æй цалцæг кæнын бахъæудзæн, – загътон мæхицæн, дынджыр æфсæйнаг дзæкккор мæ хæларæй ракуырдтон æмæ, стыр агъуыстæй лоджæйы ’хсæн цы къул уыди, уый дæрæн кæнынмæ бавнæлдтон. Куыстæн йæ зын – йæ райдайæн. Сабыргай фæцалх дæн, йæ фыдуынд уæззау дуар ын ныппырх кодтон æмæ йæ бырæттæм ахастон. Йæ тыхджын хъыррыст-хъыррыст мын мæ нервытæ кæй нал халдзæн, уый мын мæ зæрдæмæ цыдæр æнахуыр æхсызгондзинад æрбахаста. Афтæ мæм фæкасти, цыма ме ’ккойæ дуарæн йæхицæй уæззаудæр уаргъ ахаудта. Йæ рахизфарс цы рудзынг уыди, уый дæр раппæрстон. Фыр фæлладæй ме уæнгтæ сисын нал фæрæзтон æмæ, мæ ныфс куы асæтта, уымæй старстæн. Дзæвгар куыстытæ дзы кæй уыдзæн, стæй йыл дуне ’хцатæ схардз кæнын кæй бахъæудзæн, уый зыдтон, фæлæ сæ дыууæ дæр афтæ бирæ уыдзысты, уый æнхъæл нæ уыдтæн æмæ фæсмоны арты сыгъдтæн.

– Ма тæрс, мах дæр дæм фæкæсдзыстæм, – зæрдæ мын бавæрдта Светæ, йæ дыстæ рæбыноз бафæлдæхта, æмæ дыууæйæ чысыл фæрæттæй къулы сæрстытæ хафын райдыдтам. Сæ хафынæй уыйбæрц нæ тыхсæм, фæлæ бæзджын рыг цæстытæм æмæ фындзыхуынчъытæм быры æмæ нæ удхарæй

мары. Ӕмӕ ма уӕддӕр мах зындзинӕдтӕн фӕразӕм, фӕлӕ лӕмӕгъ ӕвӕлтӕрд сывӕллӕттӕ тӕригъӕдӕй марынц. Сӕ лыстӕг къухтӕй бырӕттӕ чысыл дзӕкъултӕм куы февгӕнынц ӕмӕ сӕ хъӕрзгӕ-нӕтгӕйӕ сӕ мӕллӕг ӕккӕйтты гуыбырӕй уынгмӕ куы фӕцӕйхӕссынц, уӕд сыл мӕ зӕрдӕйы туггӕ ныккӕлынц. Ӕрфӕнды мӕ ’ппӕт куыстытӕ дӕр ныууадзын ӕмӕ сӕ сӕ тухӕнтӕй фервӕзын кӕнын. Цыма мын уыцы фыдӕвзарӕн фаг нӕу, уыйау ма мыл мӕ мидхъӕлӕс дӕр сагъуыди ӕмӕ мӕ мӕстӕй мары: «Стыр бынӕттӕм чи тырны, уыдоны мӕнгард митӕ дӕ уацмысты хурмӕ хӕссын уарзыс, нӕ? Хӕсс сӕ, хӕсс ӕмӕ давӕггаг хӕрӕджы куыст кӕн. Авдан дӕуӕй курдиатджындӕр нӕу, дӕуӕй зондджындӕр нӕу, дӕуӕй дзыхарӕхстдӕр нӕу, дӕуӕй фылдӕр чингуытӕ нӕ бакасти, ӕппӕт куыстытӕ дӕр дӕуӕй хуыздӕр нӕ зоны, уӕддӕр ӕй хицӕуттӕ иу бынатӕй иннӕмӕ ивынц. Дзастемыр ма йӕ макъарон дӕр хоны. Афтӕ йӕ цӕмӕн хоныс, зӕгъгӕ, йӕ куы бафарстой, уӕд сын цы дзуапп радта, уый дӕр дӕм уайтагъд ӕрбахӕццӕ и: «Йӕ миддуне бынтон афтид у…»

Йӕ миддуне бынтон афтид кӕй у, уый дӕр зоны, ӕвзӕрстыты рӕстӕг йӕ ныхмӕ кӕй тох кодта, уый дӕр зоны, уӕддӕр бынӕтты дӕу не ’вӕры, фӕлӕ уый. Цӕмӕн? Уымӕн ӕмӕ йӕхи халдих у. Ӕргӕвдгӕ йӕ куы кӕна, уӕддӕр ӕм ницы сдзурдзӕн, цагъайрагау йӕ разы сӕркъулӕй лӕудзӕн ӕмӕ йӕ коммӕ кӕсдзӕн. Ӕмӕ йӕ хъуыддӕгтӕ сойӕ сӕрстау лӕгъзӕй цӕуынц. Йе ’ртӕуӕладзыгон хӕдзар куы арӕзта, уӕд (шофыры ныхӕстӕм гӕсгӕ) йӕ къухмӕ иу агуыридур дӕр нӕ райста, чъырызмӕстмӕ дӕр нӕ бавнӕлдта, йӕ кусджыты йыл бафтыдта, ӕмӕ йын ӕй уыдон сарӕзтой, ды та дӕ раст зондимӕ дӕхӕдӕг тухӕнтӕ кӕныс. Кус, кус ӕмӕ цагъайрӕгты миддунеимӕ тох кӕн, раст фӕндагыл сӕ араз, ӕцӕг мын ӕргомӕй зӕгъ, уӕ дыууӕ Авданӕй ӕнцондӕр цард кӕмӕн ис, ӕмӕ уӕ амондджындӕр чи у?»

Цы дзуапп ын раттон, уый нӕ зонын ӕмӕ мӕ пырх цӕлгӕнӕны къулыл калын. Уый стыр уаты къулӕй фӕтӕндӕр ӕмӕ зындӕр сӕттӕн у, фӕлӕ ууыл дӕр бирӕ хъуырдухӕнты фӕстӕ фӕтых дӕн. Уыйбӕрц хъарутӕ ма мӕм кӕй ис, уый тыххӕй мӕхимӕ хуымӕтӕджы гуыппырсар кӕсын. Гъе, фӕлӕ уӕддӕр сӕттын аразынӕй ӕнцондӕр у. Нӕ бон цы куыстытыл цыди, уыдон ииуылдӕр бакодтам. Фӕлхӕрттӕ бырӕттӕм ахастам. Хӕдзар асыгъдӕг кодтам, фӕлӕ дарддӕр та? Ӕнӕ ’хцайӕ дзы иу куыстӕн дӕр бакӕнӕн нал ис. Ӕхцатӕ, ӕхцатӕ… Дӕлдзӕх фӕуой, уастӕн. Мӕгуыр адӕймагӕй сӕ удхӕссӕг уынынц ӕмӕ йӕм хӕстӕг нӕ цӕуынц. Се ’рхъуыдыгӕнӕгӕн цы загъдӕуа?

Сагъæстæ кæнынæй пайда нæй. Аслан къухæй дæсны у, æмæ йæм фæдзурын хъæуы. Йæ усы хицау-æрвады фæрцы æртæуатон фатер райста æмæ йæ сцалцæг кодта. Йæхицæн бирæ куыстытæ ис, фæлæ кæд мæнмæ дæр фæкæсид. Исты уынаффæ мын уæддæр бакæндзæн. Æрбахуыдтон æй, æмæ джихæй баззад. Йæ рæсугъд цæсгомыл ирдæй зыны, нæ хъуыддæгтæй разы кæй нæу, уый. Агъуыстытыл хъуыдыдзастæй фæзылди, цас æхца нæ бахъæудзæн, уыдон, æвæццæгæн, йæхинымæр банымадта æмæ уайдзæфгæнæгау йæ сæр банкъуыста:

– Æгæр раджы йæм бавнæлдтат… Мемæ уал уæ аныхас кæнын хъуыди…

– Нæ чызджытæ фестыр кæнынц æмæ… Æнæцалцæггонд хæдзары цæрын сæ сæрмæ нал хæссынц, – йæхицæй тыххæйты ралæмæрста Светæ.

– Сæрыстырдзинад хорз у, фæлæ… афтидармæй быгъдæг у… Мæ нымадмæ гæсгæ уæм хъуамæ æхца хæрз чысыл уа…

– Де ’фсымæр йæ романæн гонорар æртын мины райста, æмæ уыдон мæхимæ æфснайдæй дарын.

– Æртын мины?! – фыр дисæй фæкуыддæр и Аслан, æмæ цыма исты фыдракæнд сарæзтон, уыйау мæм былысчъилæй æрбакасти. Æрыгонæй горæты уынджы фæхсбандоныл куы бафынæй дæн, æмæ мын ме ’хцатæ куы адавдæуыди, уæддæр мæм ахæм цæстæй касти.

– Уал азы æртын миныл фæкуыстай?!

– О, – къæмдзæстыгхуызæй йын дзуапп радтон æз.

Гыццылæй мæм-иу истæуыл куы ’рбамæсты и æмæ мын-иу мæ сæрыл хафт-хафтæй куы ралæууыди, уæддæр-иу мæхи афтæ аххосджынæй æнкъардтон.

– Æз къуыримæ цы камин самайын, уымæн дæр ма æртын минæй фылдæр куы райсын. Æрæджы дын дæ романæй радиойæ цы скъуыддзаг лæвæрдтой, уымæ хъуыстон, æмæ мæ зæрдæ суынгæг и…

– Искæй мард дын фынæй у, æмæ иугæр дæ уазал зæрдæмæ бахъардта, уæд бынтон æвзæр нæу, æвæццæгæн, – йæ ныхас ын хъазыны ‘рдæм здахын æз, фæлæ уымæн хъазын йæ фæсонæрхæджы дæр нæй.

– Æвзæр нæу, фæлæ лæвар куыст у. Æртын мины… Уыдон уæ гыццыл туалет сцалцæг кæныны фаг дæр не сты. Плиткæ зынаргъ у, æмæ уæ къухы нæ бафтдзæн. Æз уæм фæкæсин, фæлæ мæнмæ дæр ницы ис. Фæлтау афтæ баныхас кæнæм. Хæрз хуымæтæг урс пластик æппæтæй асламдæр кæм у, æз ахæм дукани зонын. Уым нарæг фæйнæджытæ балхæнæм, æмæ уын дзы уæ туалет æмæ уæ ваннæ саив кæндзынæн, стæй дарддæр, уæ дзыпп

куыд амона, уымæ гæсгæ архайдзыстæм, – загъта Аслан, æмæ йемæ сразы стæм. Фæйнæджытæ æмæ иннæ хъæугæ æрмæджытæ балхæдтам æмæ сæ æрбаластам. Кæрæдзийыл сæ куы фидар кодта, уæд мæ дисы бафтыдта, къуымтæ æмæ тигътæ аразынмæ дæр куыд хорз арæхсти, уымæй.

– Искуы ма ахæм куыстытæ кодтай? – бафарстон æй цымыдисæй.

– Нагъ.

– Уæдæ сæ кæцæй базыдтай?

– Уæлдæр ахуырæй уæлдай ма астæуккаг æмбарынад дæр хъæуы… – дзуапп мын радта Аслан.

Иу æнахуыр миниуæг æм ис. Зарыны хъæлæс ын нæй, йæ хъустæ æппындæр музыкæ нæ ахсынц. Нæ бинонтæй æрмæстдæр уый нæ базыдта зарын, кафын æмæ балалайкæйæ цæгъдын, фæлæ уæддæр, кусгæйæ, æдзухдæр заргæ кæны. Цыфæнды фæлладæй дæр цардбæллон вæййы, стæй æдзухдæр хынджылæг кæны. Иуцасдæр куы акусы, уæд æм Светæ бадзуры:

– Рацу, Аслан, исты бахæр.

– Лæвар кусæгæн хæринаг дæттын дæр нæ хъæуы, – фæзæгъы æцæгхуызæй æмæ нæ бахъæлдзæг кæны. Светæ йæ йе 'фсинæй куы бафæрсы, дæ уарзон куыд у, зæгъгæ, уæд дзуапп раттыны бæсты йæ къух хæрдмæ сисы æмæ дзы кобрæ «ацаразы», ома калм у æмæ уымæн ницы у, фæлæ æз йемæ хъизæмар кæнын.

Ваннæйы цы бырæттæ æрæмбырд и, уыдон голладжы сæвгæдтам, æмæ мæ Аланæ йæ ныхасæй дисы бафтыдта:

– Аслан, ды йæ ахæсс, папæйæн йæ фæсонтæ риссынц.

– Æмæ мæнæн мæ фæсонтæ æфсæйнагæй конд сты? Сæ рыстæй æхсæвы æз куы нал фæфынæй кæнын, – бахудти Аслан, голлаг йе 'ккойы скодта æмæ йæ уынгмæ ахаста.

Йæ ныхæстæм мæ зæрдыл æрлæууыд иу цау. Уæд ма скъолайы ахуыр кодтон æмæ мæ фыдыхо Меретмæ цардтæн. Сæ хæдзарæй дыууæсæдæ метры уæлдæр къуыбыры фахсыл сыджыткъахæн уыди. Аслан дзы сæ агъуыстыты æмæ сарайы зæххын пъолтæ сæрдынæн белæй бур æлыг къахта æмæ йæ бедрайы æвгæдта. Æз та йæ, чысыл дæлдæр, фæндаджы был, лæгуæрдонмæ хастон æмæ йæ голладжы кодтон. Иуафон уæрдонмæ куы бахæццæ дæн, уæд мæ хъустыл ауад нæлгоймаджы æнуд хъæр:

– Ирбег! Ирбег!

Кæцæй мæм æрбайхъуыст, уый не 'мбæрстон æмæ, катайгæнгæйæ, мæ алыварс сдзæгъæлгаст дæн. Сыджыткъахæн кæй сæмвæз и, уый æрæд-

жиау ауыдтон, ӕмӕ адӕргӕй мӕ буар сисбын абадти, суанг ма мӕ сӕры цъар дӕр срысти, цыма мын ӕй исчи стигъгӕ кодта, уыйау. Бауадтӕн ӕм ӕмӕ йӕ цуры цалдӕр уысмы сагъдауӕй аззадтӕн. Цӕлынмӕ утӕппӕт сыджыт мӕ къухтӕй къахон, уӕдмӕ ме 'фсымӕр зӕххы бын фӕхуыдуг уыдзӕн, зӕгъгӕ, мӕ фыр тыхстӕй кӕуын райдыдтон. Цӕхгӕр фӕзылдтӕн ӕмӕ цӕсты фӕныкъуылдмӕ мӕ фыдыхойы хӕдзары балӕууыдтӕн. Нӕ сыхӕгтӕ сӕ хӕстӕджытӕм чындзӕхсӕвмӕ цыдысты ӕмӕ сӕ хионты ӕрбахуыдтой. Семӕ цалдӕр лӕджы уыди. Кӕртӕй рахызтысты ӕмӕ къуымӕлдзӕфӕй, хъӕлдзӕг ныхӕстӕгӕнгӕйӕ, уынджы ацӕуынӕввонгӕй лӕууыдысты. Бауадтӕн сӕм ӕмӕ удаистӕй нырдиаг кодтон:

– Аслан сыджыты бын фӕци!

Къӕдзбелтӕ кӕцӕй раскъӕфтой, уый ӕмбаргӕ дӕр нӕ бакодтон. Сыджыткъахӕнмӕ тарстхуызӕй сызгъордтой ӕмӕ Асланы уайтагъд акъахтой. Ницы йын уыди, уый куы базыдтой, уӕд бахъӕлдзӕг сты.

– Мӕрдты бӕсты куы уыдтӕ. Нӕ лӕджы нын дзы никуы 'руыдтай? – Мерет афарста Асланы, ӕмӕ адӕмыл худӕг бахӕцыди.

Уӕдӕй нырмӕ йӕ фӕсонтӕ риссынц. Ӕхсӕз ӕмӕ ссӕдз азы алыхуызон хӕдзӕрттӕн проекттӕ фӕцарӕзта. Нӕ цард фӕстӕмӕ куы разылди, ӕмӕ дзы цӕвӕг марӕджы куы нал ӕмбӕрста, уӕд бирӕ курдиатджын кусджытау уымӕн дӕр йӕ дӕсныйад никӕйуал хъуыди, ӕмӕ йӕ ӕмгъуыдӕй раздӕр пенсийы арвыстой, фӕлӕ йын иу минут дӕр ӕнцад ӕрбадӕн нӕй. Тынг фыдӕбонджын у. Исчи йӕм куы фӕдзуры, фӕкӕс-ма мӕм, зӕгъгӕ, уӕд йӕхи куыст дӕр ныууадзы ӕмӕ йемӕ фӕраст вӕййы. Уырыссаг бӕгӕны ӕмӕ кӕсаг бирӕ уарзы. Светӕ авг гом кӕнын райдайы ӕмӕ йӕ цыбӕлгӕнӕн хъӕлӕсӕй афӕрсы:

– Хӕргӕ нӕ кӕныс, фӕлӕ бӕгӕны дӕр нӕ нуазыс?

– Бӕгӕны – табуафси, – цыма йӕм цӕттӕйӕ фӕлӕууы, уыйау сдзуры, йӕ къухӕй йын авг райсы, йӕ дзыхыл ӕй сдары ӕмӕ йӕ зӕрдиагӕй бануазы, ӕхсызгонӕй арф ныуулӕфы ӕмӕ та заргӕйӕ кусын райдайы. Изӕры куыст куы фӕвӕййы, уӕд йӕхи ныхсы ӕмӕ фынджы уӕлхъус ӕрбады, ӕртӕ чысыл агуывзӕйы арахъхъ бануазы, ӕнӕбары комдзӕгтӕ скӕны ӕмӕ фӕзӕгъы:

– Уӕ хӕринӕгтӕ ма уын дзӕгъӕлы цы хардз кӕнон, уӕддӕр та мӕ ахсӕв нӕхимӕ хӕрын хъӕуыдзӕн.

Хъӕлдзӕгӕй нӕ ныууадзы ӕмӕ ацӕуы. Ӕрмӕст цалцӕг кӕнынмӕ мын не 'ххуыс кӕны. Зианмӕ куы фӕцӕуӕм, уӕд мӕн тыххӕй дӕр сабӕттаг

дæттынил свæййы. Йæ коммæ куынæ фæкæсын, уæд афтæ бакæны:

– Айс сæ, айс... Дæуæн бирæ сывæллæттæ ис... – йæ цæст мæм фæныкъулы æмæ мæ йæ ныхасмæ хъазгæмхасæн бафтауы: – Ме 'хцатыл мын ма ауæрд... Мæ удæгасæй æз мæ бинонты æххормагæй нæ ныууадздзынæн... Мæнæн мæ камин дæр дæ романæй зынаргъдæр у...

Уыцы ныхæстæй мæн не 'фхæры, мæ уацмыс мын нæ дæлдзиныг кæны. Аивадон литературæ мисхалы бæрц дæр кæй нæ хъæуы, йæ ахадындзинад ын чи не 'мбары æмæ йын æппындæр чи ницы аргъ кæны, уыдонмæ хауы йæ уайдзæф. Стæй мæнæн тæригъæд кæны, мæ цагъайраджы куыстæй мæ хæдзар хæрз аслам æрмæджытæй дæр сцалцæг кæнын кæй нæ фæразын, уый тыххæй...

* * *

Цыбыркъух æмæ æвæрæз кæй дæн, уый тыххæй никæй аххосджын кæнын. Кæд азым искæмæ хауы, уæд æрмæстдæр мæхимæ. Мæ иу æмкъласон тынг æвзæр ахуыр кодта. Иу предмет дæр «æртæйы» фаг нæ зыдта. Уроктæм йæхи никуы бацæттæ кодта. Йæ чингуытæм дæр-иу никуы 'ркасти. Ахуыргæнджытæ-иу æй йæ хæдзармæ куыстæй куы фарстой, уæд-иу йе 'нæсæрфат дзуæппытæй мæхæдæг ныфсæрмы дæн. Скъолайы фæстæ кæйдæр фæрцы хъæууонхæдзарадон институтмæ бацыд, æмæ йын йæ зонгæ ахуыргæнджытæн кæрæй-кæронмæ бæрæггæнæнтæ февæрын кодта, афтæмæй диплом райста. Ӕрдзы æнæфыст закъæттæм гæсгæ дзы хъуамæ мацы рауадаид, фæлæ сыл фæуæлахиз и. Банантæ уæй кæнын райдыдта æмæ схъæздыг и. Ис æм æртæуæладзыгон хæдзар, ресторан æмæ цалдæр дуканийы.

Иу дзырд дæр æнæ рæдыдæй фыссын чи нæ зыдта, ахæм лæппу Хуссарæй Цæгат Ирыстонмæ хуыздæр цардагур æрбацыди æмæ йæ ссардта. Студенттæ хъус-хъус куыд дзырдтой, уымæ гæсгæ, университеты ректорæн йæ хæстæг разынд æмæ йæ филологон факультетмæ райста. Ноджы ма йæ студенттæн фæскомцæдисон организацийы секретарæй дæр равзарын кодта. Фондз азы бæсты дæс азы йæхи фæтухæнæй мардта æмæ университетмæ фæисын кодта, цыдæриддæр ын хæстæгæй, хæларæй æмæ зонгæйæ уыдис, уыдоны. Се 'хсæнмæ бахаудта иу уаллоны хуызæн даргъ æнæфыдæрхъис лæппу дæр. Университет æрдæгцъæррæмыхстытæй каст фæци, ахуыргæнæджы куыстæн не сбæззыди æмæ милицæмæ бацыди.

Йæ фадæттæм гæсгæ, хъуамæ хус къæбæр æмæ донæй цардаид, фæлæ бæстæйы дзадлжджын къæбицмæ фæндаг ссардта…

Базары раз цæры, æмæ йæ дуаргæсимæ уæгъд ныхас кæнгæйæ арæх баййафын. Æрыгонæй æмдзæрæны къæлидоры куыд æдзæлгъæд чыр-чыр кодта, кардзыдæй дæр афтæ æдзæлгъæд чыр-чыр кæны. Фæлæ ныр тæнтъихæг нал у. Фæйнæрдæм фæцыди, æмæ бæрæг у, йæ фæстаг къæбæр кæй нæ хæры, уый. Мæ хæссинагимæ мæ куы ауыны, уæд мыл бацин кæны, йе 'мныхасгæнæджы æргом мæм раздахы æмæ, худгæйæ, фæзæгъы:

– Мæнæ ацы дзæбæх лæгимæ университеты иу рæстæджы ахуыр кодтам. Æз фыццаг курсмæ куы бацыдтæн, уæд уый та фæстаг курсы уыди. Стыр фыссæг у, фæлæ йæ дзыпп мæнæ йæ тæбæкк дзæкъулæй афтиддæр у. Уый дæр мæнау милиционер куы суыдаид æмæ, царды сой кæцæй тæдзы, уый куы базыдтаид, уæд æм алцыдæр уаид…

Æрæджы дæр та йæ дуаргæсы цур баййæфтон. Кæд мæ нæ бафип-паид, зæгъгæ, йæ иувæрсты фæтылиф кæнынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæ фæндæй ницы рауад. Мæ цонг мын ацахста æмæ та уыцы иу ныхæстæ сфæлхат кодта, стæй мыл иуварс ахæцыд æмæ мын йæ хъæздыгдзинæдтæ нымайын райдыдта:

– Дзæуджыхъæуы мæ фыртæн балхæдтон дыууæ рестораны, фондз фатеры æмæ æртæ дуканийы. Фæндзæм, æстæм, дæсæм, æвддæсæм æмæ фæндзайæм маршруткæтæ дæр мæн сты. Мæ иу чызгæн ам ис замманай «Салон красоты» æмæ дыууæ фатеры. Ме 'ннæ чызг та Мæскуыйы цæры. Медакадеми каст фæци, уырдæм ацыди æмæ дæндæгтæ дзæбæх кæны. Йæхæдæг дæр хорз мызд исы, фæлæ йæм уæддæр æз мæ цæст дарын. Æртæ хорз фатеры йын балхæдтон. Иуы дзы цæргæ кæны, иннæтæ та арендæйы дætты.

– Æз мæ иу фатер сцалцæг кæнынæн дæр куынæ дæн. Дæ хорзæхæй, утæппæт фæллæйттæ æрæмбырд кæнын дæ къухы куыдæй бафтыди? – бафарстон æй дисхуызæй.

– Уæд дзы ахуыр кæнын хъуыди… – райстон дзы æбæрæг дзуапп æмæ йæ æдзæлгъæд чырчыргæнгæйæ ныууагътон. Цы гыццыл муртæ балхæд-тон, уыдон цæлгæнæны нарæг стъолыл æрæвæрдтон æмæ агъуыстытыл зилын. Сæ хафт къултæм сын æрхуымæй кæсын æмæ сагъæс кæнын. Мæ хъусты зæлынц милиционеры ныхæстæ æмæ мæ тухæнæй марынц. Нæ мыл ауæрды мæ мидхъæлæс дæр: «Дæу чи нæ уагъта хæдзæрттæ æмæ рестортантæ кæнын, æхцатæ кусын æмæ дуканитæ æлхæнын?». «Ничи.

Ныр дæр мæ ничи хъыгдары». «Уæдæ цæуыл нæтыс? Аххосджынты цæмæн агурыс æмæ сæ фæстæ цæмæн æмбæхсыс? Кæд дæ исбон хъæуы, уæд дæ ницæйаг уацмыстæ фыссын ныууадз, зæххытæ æлхæн, хæдзæрттæ дзы араз æмæ сæ уæй кæн». «Фыццаджыдæр мæм æхцатæ нæй, дыккагæй та, ахæм куыстытæ кæнын мæ бон нæу, раст зæгъгæйæ мæ фæндгæ дæр нæ кæны, стæй мæ литературæйæ мæ сæр схъил кæнынмæ дæр никуы равдæлди, уымæн æмæ æдзухдæр, хъизæмаргæнгæйæ, фыстон. Ныр дæр мæ не 'вдæлы. Цыфæнды зынæй дæр хъуамæ мæ трилогийы дыккаг чиныг фыст фæуон. Куыд мын дзурынц, афтæмæй фыццаг адæмы зæрдæмæ фæцыди, æмæ дыккаг зæрдиагæй агурынц. Уый та хъуамæ сæ зæрдæмæ тынгдæр фæцæуа. Фæсивæды ахастдзинæдтæ, сæ хъуыдытæ æмæ дзы се 'нкъарæнтæ фылдæр уыдзæн, æмæ йæ хъуамæ æрыгæттæ æхсызгондæрæй кæсой».

Иу индиаг зынгæ фыссæг афтæ загъта: «Политикон темæйыл роман ныффыссæн ис, граждайнаг темæйыл дæр роман ныффыссæн ис, фæлæ, цæмæй уарзондзинадыл роман ныффыссай, уый тыххæй хъæуы уарзын, уарзын æмæ уарзын».

Ацы ныхæстæ мæм раст кæсынц. Студент ма уыдтæн, афтæиу уарзондзинадыл фыст уацмыс дуканиты куы фæзынди, уæд-иу æй фæсивæд алхæдтой æмæ-иу æй, кæрæдзимæ дæтгæйæ, зыдæй кастысты. Уыцы цымыдисдзинад мæ нæ рох кæны, æмæ мæ зæрдæйы рæбинаг æвæрæнтæй архайын мæ романы сæйраг хъайтары сыгъдæг уарзондзинад æмæ удхайраг хъизæмæрттæ равдисыныл. Стæй æрмæст уыдон – нæ. Фæнды мæ фысджыты æмæ коммунистты миддунемæ ныккæсын дæр. Мæ роман къæссавæлдæхт никæй фæкæндзæн, йæ зондахаст никæмæн аивдзæн, адæймаджы миддунейæ цагъардзинад æмæ козбаудзинад нæ фесафдзæн, иу иннæйы туг цъирын нæ ныууадздзæн, тыхджынтæ лæмæгъты куыд æфхæрдтой, афтæ сæ æфхæрдзысты. Иуыл дæр хорзырдæм нæ сахаддзæн. Уæдæ йыл мæхи цы тухæнæй марын?

Мæ хъуыдымæ гæсгæ, бирæ чингуыты социализм раст æвдыст не 'рцыди. Æмбарын æй, адæймаг æнусæй-æнусмæ йæ цард фæхуыздæр кæнынæн цы уавæртæ фæцарæзта, уыдонæн сæ тæккæ бæллиццагдæр цардарæзт у, фæлæ йæ фысджытæ (стæмтæй фæстæмæ), хицæуттæй тæрсгæйæ æмæ рæстдзинад æмбæхсгæйæ, алыхуызон ахорæнтæй фæцахуырстой, æмæ, куыд у, афтæмæй нæ разынди. Нæ фæстæ чи æрбацæуа, уыцы фæлтæртæ хъуамæ феной советон социализмы æцæг

цæсгом, хъуамæ йæм хъæддаг капитализмæй фæстæмæ раздæхой, йæ аиппытæй йæ асыгъдæг кæной æмæ сæ цард, растдæр фæндæгтыл цæугæйæ, æдæрсгæйæ аразой. Мæ зæрдæ ницæуыл дарын, фæлæ йæ уæддæр фыссын. Чи зоны… Куыд вæййы, цы вæййы…

Мæхицæн стыр фыссæг æнхъæл нæ дæн æмæ зонд никæмæн амонын, фæлæ хатгай æдылыйы ныхас дæр фæрæстмæ вæййы, æмæ йæм чидæртæ æрыхъусынц. Дыккаг хайы кæрон дæр та кæддæр-никæд стъæлф сæвæрдтон. Равдыстон дзы, фыссæгæн йæ куыст цагъайраджы хъизæмайраг фыдæбон кæй у, æмæ йæ, йæ нысанмæ цæугæйæ, бирæ цæлхдурты сæрты хизын кæй хъæуы, уый. Ног темæ нæу. Капиталистон бæстæты йыл иу æмæ дыууæ уацмысы фыст не ’рцыди. Мæн зæгъын фæндыди, капитализмæй хъауджыдæр æм социализмы электрон тыхæй ифтыгъд сындз телтæй æхгæд нæфæтчиагау æвввахс бацæуæн дæр кæй нæ уыди, уый.

О, сæвæрдтон дзы фæстаг стъæлф æмæ йæ чиныгуадзæнмæ бахастон. Дзæвгар рæстæг æй сæхимæ фæдардтой, стæй йæ рауагътой, фæлæ дзы стыр æхсызгондзинад нал райстон. Дыууæ чиныджы ’хсæн бирæ рæстæг кæй рацыди, мæ сæрыстырдзинад бахъахъхъæныны тыххæй йæ уый æфсон фæкодтон. Ома адæмæй фыццаг чиныджы хабæрттæ ферох сты, æмæ дыккаг чиныгмæ цымыдисæй нал æнхъæлмæ кастысты. Ме ’рвонг хъуыды та мæ иннæрдæм здахы. Кæд дыккаг чиныджы фылдæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ ис, кæд сæйраг хъайтар бирæ зондджындæр у, уæддæр æй адæм фыццаг чиныджы хуызæн зæрдиагæй нæ райстой. Сидзæр сывæллоны хъизæмæрттæ сæм хъомыл лæппуйы фыдæвзарæнтæй тынгдæр бахъардтой.

Мæ бирæ азты фыдæбоныл мæ зæрдæ кæй фæрысти, уый мын фаг ныхкъуырд нæ уыди, æмæ ма йын исгæ дæр ницы ракодтон. Къæссайы цæгъдæнтæ, фæлæ та мын мæ фатер цалцæг кæнынмæ бавналыны фадат фæци. Асланмæ фæдзырдтон æмæ та йæм æрхатыдтон:

– Кæд дæ бон у, уæд мын, мæ агъуыстыты къултæ асламдæрæй чи байсæрда, ахæм лæг ссар.

– Горæты сæрмæ, мæ цæхæрадоны фарсмæ, Хуссар Ирыстонæй æрбалидзгæ лæппулæг Отар хæдзар сарæзта æмæ дзы æрæджы йæ бинонтимæ æрцарди. Кæд æй дæумæ равдæла, уæд дæм æй æркæндзынæн, – зæрдæ мын бавæрдта ме ’фсымæр. Йæ мæлгъ æвзаг æм кæй ауадздзæн æмæ йæ кæй сразы кæндзæн, стæй ма йæхæдæг дæр мæ хæдзары уæхскуæзæй кæй бакусдзæн, уый мæ уырныдта, æмæ нæ фæрæдыдтæн. Дуæрттæ æмæ ру-

дзгуытæ баивта, рудзгуыты ’хсæнты агуыридуртæ æртæ раны самадта. Лоджæ дыууæ дихы акодта, къул дзы самадта æмæ йæ бур сыджытæй байсæрста. Хæдзармæ æрбахизæн æфсæйнаг дуарыл æддæрдыгæй рæсугъд тæнæг фæйнæджытæ бахуыдта, Отар та кæрæй-кæронмæ цартæ æмæ къултæ байсæрста. Цæмæй афойнадыл бахус уой æмæ ма ракæлой, уый тыххæй куыста сабыргай, хус та сæ кодтам æфсæйнаг пецтæй. Тæвд уæлдæфæй цæй хусгæнæн и, фæлæ уæддæр... Куыддæр басур сты, афтæ ног кусæг æрбахуыдтам, æмæ сыл фæсарæйнаг фæлурсбын къуластæрæн гæххæттытæ баныхæста, пъолтыл та ламинат фæйнæджытæ байтыдта.

Куыстытæн сæ ранымайын æнцон у, сæ саразын та – зын, уæлдайдæр, хæдзармæ мыздæй дарддæр куы ницы ’фтиаг хауа, æмæ куы ныддæргъвæтин уой, уæд. Цæмæй мæ бинонтæ аив цалцæггонд фатеры цæрой æмæ къæмдзæстыг макæй раз уой, уый тыххæй сæ цалдæр азы фæцух кæнын хъуыди хæрзад хæринæгтæй, дыргътæй, адджинæгтæй, къахыдарæс æмæ уæлæдарæсæй. Æрвылбон дæ сывæллæтты тыхстхуыз æнкъард цæстытæм кæс – уымæн фидар фæрстæ хъуыди, фæлæ мын хуыздæргæнæн нæ уыди, æмæ фæрæзтон. Æфсæрмы кæмæй нал кодтон, ахæм аив фатеры цæрын райдыдтон зæрондæй. Æнхъæл уыдтæн, мæ зæрдæ дзы барухс уыдзæн, фæлæ та ацы хатт дæр фæрæдыдтæн. Уыйбæрц хъуырдухæнты, хъуæгты æмæ алыхуызон чъизи змæстыты ’хсæн æдзæлгъæд цæрдтыты фæстæ мын æппындæр ницыуал ад скодта...

* * *

Исты уацмыс куы фæфыссын, уæд ыл мæ уды рæбинаг æвæрæнтæ ииуылдæр бахардз кæнын, æмæ мæ зæрдæ сафтид вæййы. Цæмæй фæстæмæ йæ гаччы сбада, æмæ мæ ног уацмыс нывæндынмæ сразæнгард кæна, уый тыххæй хъуамæ цасдæр рæстæг рацæуа. Мæнмæ гæсгæ, фæндзайаздзыдæй æгæр ныфсджын (кæнæ æгæр рæузонд) разындтæн æмæ мæхимæ æгæр стыр хæс райстон. Тынг слæмæгъ дæн æмæ мæ трилоги кæронмæ ахæццæ кæнынмæ мæ ныфс нал хæссын. Æрдæгфыстæй мын куы баззайа, уымæй тæрсын. Йæ ныффыссын мæ фæндгæ та тынг кæны, фæлæ фæндтæ æмæ хъæуынæй цард аразæн нæй. Не сфæлдисæг æрдз æгъатыр у, æмæ йын йæ закъæттæ хынцын хъæуы. Цæрынæн мын цас рæстæг радта, уый нæ зонын. Мæ фæлмæст уæнгты лæмæгъдзинад æнкъаргæйæ, бирæ азтæм нал æнхъæлмæ кæсын. Уымæ гæсгæ, стыр романмæ нал æвналын. Доны

кæфæй æрмикæсаг – хуыздæр. Мæ зæрды ма ис раздæры цардыл иу чысыл уацау æмæ нырыккон цардыл цалдæр радзырды ныффыссын. Кæд уыцы хъуыддаг мæ къухы бафта, уæд фыр цинæй мæ худ хæрдмæ æппардзынæн.

Æвæццæгæн, сылгоймæгтæй бирæ ’фхæрдтытæ кæй баййæфтон, сæ фæлгонцтæ мын æппæрццæг уымæн рауайынц. Мæн та фæнды хорз сылгоймаджы сурæт сныв кæнын. Фыццаджыдæр æй хъуамæ мæхæдæг бауарзон, стæй та йæ чиныгкæсджытæн бауарзын кæнон. Ахæм сылгоймаджы рагæй зонын, фæлæ йыл кæйдæрты зæрдæхудты бацæуыны тæссæй ницы фыстон. Зарæйы ’фсымæр Хъазыбег ма æгас куы уыди, уæд мæ йæ ныхасæй уацау ныффыссынмæ сразæнгард кодта:

– Ус ракуырдтон æмæ йемæ фæцардтæн, фæлæ йæ уæддæр мæ цъæхдзаст донычызг Изетæйæ фылдæр нæ бауарзтон.

…Уæд æз æхсæзæм къласы ахуыр кодтон, фæлæ ма йæ хорз хъуыды кæнын, директор хистæрæй, кæстæрæй – не ’ппæты дæр кæрты куыд æрæмбырд кодта, дæсæм къласы ахуырдзаутæ Хъазыбег æмæ Изетæйыл худинаджы гакк куыд сæвæрдта æмæ сæ скъолайæ куыд атардта, уый.

Æвзонг лæппу æмæ чызг сæ судзгæ æнкъарæнты фæдыл ацыдысты æмæ фæрæдыдысты. Ам «фæрæдыдысты» раст у, цымæ? Æз бирæ азты дæргъы иу ахуыргондæй дæр, иу критикæй дæр, иу фыссæгæй дæр, æппынфæстаг, иу хуымæтæг адæймагæй дæр никуы фехъуыстон, Ромео æмæ Джульеттæ фæрæдыдысты, зæгъгæ. Æз æй зæгъин: «Æгæр батагъд кодтой», кæнæ «Сæхи нæ баурæдтой», æмæ сæ ахастдзинæдтæ раргом сты. Хъазыбеджы фыд – хæлд æмæ фидиссаг хъæуыхицау – сæ ныхмæ цæхгæр ныллæууыд æмæ сын сæ цард фехæлдта, стæй æрмæст уыдонæн – нæ. Рæхысы цæгтау семæ баст чи уыди, уыцы адæмæн се ’ппæтæн дæр.

Ныр мæм ничиуал ницы дзуры, фæлæ-иу раздæр исты уацмыс куы ныффыстон æмæ-иу дзы цыфæнды гыццыл хъуыддагмæ дæр критикон цæстæй куы акастæн, уæд-иу редактортæ тутитау, кæрæдзийы фæзмгæйæ, сцъиувæдис сты:

– Æмæ дзы фæскомцæдисон организаци нæ уыди? Коммунисттæ та кæдæм кастысты?

Æз иу коммунисты дæр æмæ иу фæскомцæдисоны дæр Хъазыбег æмæ Изетæйы фарс рахæцгæйæ нæ федтон. Суанг ма сыл ахуыргæнджытæ, ахуырдзаутæ æмæ сæ сыхæгтæ дæр сæмварс сты. Алчидæр дзы архайдта, ирон æгъдау чъизигæнджыты ныхмæ дзургæйæ, йæхи ’фсарм бахъахъхъæнынып, æмæ мæ уацауы гæды ныхæстæ нæ кæндзынæн. Мæ хъайтартæн

сæ цард куыдæй федтон, афтæмæй йæ равдисдзынæн. Æфтаугæ дæр æм ницы бакæндзынæн, æппаргæ дæр дзы ницы акæндзынæн...

* * *

Горæты сæйраг базар мæ куыстмæ хæстæг у. Сихорæй куы сæххормаг вæйййын, уæд уырдæм ныууайын æмæ дзы мæ ахсæн фæсайынæн истытæ алхæнын. Лимонтæ бирæ уарзын, фæлæ арæх æгæр бæзджынцъар вæйййынц, æмæ дзы нæ райсын. Цæмæндæр мæм афтæ кæсы, цыма уыдон æцæг лимонтæ нæ, фæлæ гибридтæ сты, цыма мæ уæйгæнджытæ зонгæ-зонын сайгæ кæнынц æмæ мæ æдылыйы бынаты æвæрынц. Бирæ гуырысхоты æмæ ракъуыр-бакъуыры фæстæ сыл мæ къух ауигъын æмæ мæ цай дзæвгар æнаддæрæй бацымын.

Иуафон базары дыууæ сылгоймаджы фæзынди. Куыд базыдтон, афтæмæй уыдон дæр, иннæ базары æйчытæ чи уæй кæны, уыцы сылгоймæгты хуызæн Хуссарæй Цæгат Ирыстонмæ хуыздæр цардагур æрцыдысты. Дыууæйæ дæр тынг зæрдæмæдзæугæ уыдысты, фæлæ дзы иу æрыгондæр æмæ рæсугъддæр уыди. Æз кæй уарзын, уыцы лæгъзцъар хæрзад лимонтæ кæцæй ластой, уымæй сæ никуы бафарстон æмæ йæ нæ базыдтон. Рæсугъддæр сылгоймагæн цыма йæ лимонтæ дæр рæсугъддæр æмæ хæрзаддæр уыдысты, уыйау æдзухдæр уымæй æлхæдтон. Цæмæй йæ арæхдæр уынон, уый тыххæй дзы алы хатт дæр истон иу лимон. Дыууæ бонмæ-иу æй фæдæн æмæ та-иу æртыккаг бон мæ фæндаг сылгоймагыл акодтон. Афтæмæй йыл хи бинойнагау сахуыр дæн. Ницы мæ дзы хъуыди, æрмæстдæр мæ йæ уынын фæндыди. Йæ рухс цæсгомæй мæм-иу цыдæр фæлмæн хъæрмад æрбаивылди, æмæ-иу ме уæнгтæ бæлвырд фæрогдæр сты. Уый дæр мыл сахуыр и, мæн фенгæйæ-иу йæ мидбылты бахудти æмæ мын-иу уайтагъд чысыл донхуыз целлофан дзæкъулы лимон тухынмæ фæци.

Ног царды хицæуттæй нæ куыстуат кæйдæр тынг æхсызгонæй бахъуыди æмæ йыл кæлæддзаг у, зæгъгæ, йæ дæрзæг къух æрæвæрдта. Иу бархъом лæджы тыххæй бирæ кусджыты æндæр ранмæ аивтой æмæ сæ къуындæг агъуыстыты батъыстой. Дзæвгар рæстæг базармæ нал æрæфтыдтæн. Адæймаджы йæ куыстæй æмæ йæ бинонты сагъæстæй бирæ хъуыддæгтæм нал равдæлы, рæстæг та йæ кæнон кæны. Згъоры æнæрæнцойæ, кæдæм, уый йæхæдæг дæр нæ зоны, афтæмæй. Кæд-иу

мæ автобус куыстæй нæхимæ базары иувæрсты цыди, уæддæр-иу дзы никуы рахызтæн. Куы мæ-иу мæ чызджы кафджытæм кæнын хъуыди, куы та мæм-иу исты хæссинаг уыди. Иуизæр нал фæлæууыдтæн, автобусæй æрхызтæн æмæ сæм бацыдтæн, фæлæ сæ уым нæ баййæфтон. Дыккаг бон куыстмæ куы ссыдтæн, уæд, цæмæдæр гæсгæ, мæхицæн бынат нал ардтон. Мæ зæрдæ мæм афтæ дзырдта, цыма мæ зонгæ сылгоймагыл цыдæр фыдбылыз æрцыди. Мæ хъуыддæгтæ фæуагътон æмæ базармæ ’руадтæн. Хистæр сылгоймаг йæ лимонты цур ныллæг бандоныл æнкъардæй бадти æмæ кæдæмдæр джихæндзыгæй касти. Мæхи йæм хæстæгдæр байстон æмæ йæ бафарстон:

– Лимонтæ кæмæй æлхæдтон, уыцы дзæбæх сылгоймаг цы фæци, дæ хорзæхæй? Ам æй куы нал уынын.

Уымæн йæ цæстытæ доны разылдысты, æмæ уынгæг хъæлæсæй афтæ бакодта:

– Æрæджы нæм цы теракт уыди, уым фæмард и. Иу мæхъхъæлон лæппу йæ «Волгæ» мæнæ ардæм æрбатардта æмæ йæ срæмыгъта. Уыцы рæстæг дон хæссынмæ куынæ ацыдаин, уæд æз дæр бацарæфтыд уыдаин.

Йæ ныхæстæм æрвдзæфау фæдæн. Мæ зæрдæ мын цыма исчи судзины фындзæй рæхуыста, уыйау æлхыскъ рыст кæнын райдыдта. Æцæгæлон нæлгоймагæн йæ зæрдæ афтæ тынг кæм риссы, уым ма уагæр йæхионтæ та цы уавæры сты? Иуцасдæр æдзæмæй фæлæууыдтæн, стæй, мæхинымæр фыдгæнджыты цыфыддæр ныхæстæй æлгъитгæйæ, мæ куыстмæ уæнгмардæй араст дæн. Сылгоймагæн йæ ном дæр нæ базыдтон, йæ мыггаг дæр, фæлæ йæ рухс сурæт æдзухдæр, мидбылхудгæйæ, мæ цæстыты раз лæууы…

* * *

Фаризæйæ тынг сæрыстыр дæн. Скъола иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци æмæ сызгъæрин майдан райста. Йæхи афтæ дары, цыма æппындæр ницы сгуыхтдзинад равдыста. Йæ мад ын цы урс къаба балхæдта, уый йæ хæрзконд уæнгтыл диссаджы дзæбæх фидауы. Горæты скъолаты ма сызгъæрин майдантæ чи райста, уыдоны ’хсæн цæхæртæ калы, йæ рæсугъддзинадæй ма бирæтæй хицæн дæр кæны, æмæ йæ уындæй мæ зæрдæ райы. Республикæйы æмæ сын горæты хицæуттæ стыр бæрæгбон сарæзтой, зæрдæбын арфæтæ сын фæкодтой æмæ сын сæ майдантæ кадджын уавæры радтой.

Хурæфсæст уæлдæфы зæлынц фæндыры зæрдæскъæфæн зæлтæ, цардбæллон фæсивæды зæлланггæнаг хъæлæстæ. Зындзинæдтæ чи нæма базæрста, уыцы æрыгæттæ æнæмæтæй худынц, хъазынц, сæ дзыппыдаргæ телефонтæй кæрæдзийы къамтæ исынц æмæ се 'взонгдзинадыл цин кæнынц. Мæ чызгмæ кæсын æмæ йыл дис кæнынæй не 'фсæдын. Кæмæй фæци, уый нæ зонын. Уроктæм цæттæгæнгæ йæ иу хатт дæр никуы федтон. Сыгъдæг «фондзтæ» куыд æгъдауæй иста, Хуыцау – йæ зонæг. Æз афтæ хорз скъолайы дæр нæ ахуыр кодтон, университеты дæр. Йæ мад мын куыд дзуры, уымæ гæсгæ, уый дæр уадиссаг ахуыртæ нæ кодта. Нæ чызгмæ ахæм курдиат кæцæй фæци – мæгъа. Уырыссагау-иу сочинени куы ныффыста æмæ мæм-иу йæ тетрад куы 'рбахаста, уæд ыл-иу уæлдай тынгдæр бадис кодтон. Алы хатт дæр дзы-иу сырх чернилæйæ æвæрд уыдис: «5+ Молодец!» Йæ ирон фыссыны куыстыты дæр ын рæдыдтытæ никуы ссардтон.

– Æхсæвæй, бонæй дæ сæр чингуытæй куынæ исис, уæд дæ 'мбарин, фæлæ дæ ныр не 'мбарын. Ахуыргæнджытæ дын иттæг хорз бæрæггæнæнтæ цæй тыххæй æвæрынц? – иу хатт æй бафарстон худæнбылæй, æмæ мын дзуапп радта куыдфæндыйы хъæлæсæй:

– Цы сæ фехъусын, стæй иу каст кæй бакæнын, уыдон мæ зæрдыл хорз бадарын…

Гыццылæй йæ хотæн «уроктæ» тынг разæнгардæй кæй кодта, уый тыххæй афтæ æнхъæлдтон, ахуыргæнæджы дæсныйад равзардзæн. Куыннæ стæй. Йæ хъуыдыйы кæрон дæр нæй. Фæнды йæ стоматолог суæвын, фæлæ уырдæм дуæрттæ фидар æхгæд сты, æмæ сæ байгомгæнæн ис æрмæстдæр стыр æхцаты фæрцы. Академимæ æртæсæдæ мин сомæй къаддæр куы бахæссай, уæд дæм хъусгæ дæр ничи бакæндзæн. Фарон ме 'мкусæг операторы чызг скъола каст фæци æмæ уырдæм цыди. Сылгоймаг мын цы ныхæстæ загъта, уыдон мæ нæ рох кæнынц:

– Куыддæр мæ чызг фæлварæнтæ радта, афтæ йæм исæн къамисмæ фæдзырдтой æмæ йын æргомæй загътой: «Дæ баллтæ академимæ бахауыны фаг сты, æмæ дæ æхсызгонæй райсдзыстæм, æцæг дæ æрбахæссын хъæуы æртæсæдæ мин сомы». Кæцæй сæ хъуамæ райстаин? Мæ лæг рынчын у æмæ нæ кусы. Мæ гыццыл мызд та нын хæрыны фаг дæр нæ кæны, æмæ иудадзыг æфстæуттæ курæм.

Ууыл, чи зоны, тынг нæ бауæндыдаин, фæлæ ма мын уыцы ныхæстæ чысыл æндæрхуызонæй Гæлæу дæр ракодта:

– Мæ хæстæджы тыххæй медакадемийы ректормæ бацыдтæн æмæ

йын балæгъстæ кодтон: «Мæ хæрæфырты стоматологон факультетмæ бацæуын фæнды, æмæ йæ райс, дæ хорзæхæй». Уый мæм хатыр курæгау æрбакаст æмæ мын афтæ: «Уырдæм сызгъæрин майданимæ дæр æнæ æхцайæ мæ бон бакæнын никæй у. Куы йæ райсон, уæд ме 'мкусджытæ афтæ банхъæлдзысты, æхцатæ мæ дзыппы сæвæрдтон, æмæ мын мæ иу ныхасыл дæр нал бауæнддзысты. Иннæ факультеттæй кæцыфæнды дæр равзар, æмæ дын æй æнæ фæлварæнтæй бакæндзынæн».

Мæнæн мæ рæбын афтид у, мæ чызгæн мæ бон кæй ницы бауыдзæн, уый æмбарын, æмæ йын цæмæй стоматолоджы куыст сæнад уа, ууыл архайын:

– Бон-изæрмæ адæмы смаггæнаг æмбыд дæндæгтæ къахын дæ цæмæн фæнды?

– Цæмæн, уый нæ зонын, фæлæ мæ зæрдæмæ тынг цæуы, – дзуапп мын радта æнæ гуырысхойæ. Ме 'мкусæг операторы æмæ Гæлæуы ныхæстæ йын рафæзмыдтон, æмæ йæ хъуыдыты арф аныгъуылд. Цалдæр боны фæстæ мæ уæлхъус æрлæууыд æмæ мын афтæ:

– Мæгуыр кæй стæм, уый уынын æмæ демæ разы кæнын. Кæд уырдæм гæнæн нæй, уæд та – университеты юридикон факультетмæ.

– Уырдæм дæр æнæ æхцайæ бацæуæн нæй. Цас исынц, уый базондзынæн æмæ дын мæ фæндон зæгъдзынæн.

Ахуырады министр мæ зонгæ у. Бацыдтæн æм æмæ йæ бафарстон, куыд гæнгæ мын у, зæгъгæ. Хионау мæм лæмбынæг фæхъуыста æмæ мын хабæрттæ бæстон фæдзырдта:

– Нæ республикæйы юристтæ æмæ экономисттæй фылдæр ницы ис, куыстытæ та сын нæй, æмæ сæ хæдзæртты бадынц. Дæ хъул сах куы абада, æмæ йын зонгæйы фæрцы исты гыццыл бынат куы ссарай, уæд иу кабинетæй иннæмæ алыхуызон гæххæттытæ хæсдзæн æмæ мамæлайы къæбæры фаг капеччытæ исдзæн. Кæд дын стыр хицау хæстæг кæнæ æрдхорд нæй, уæд, дæхи куы акъæртт кæнай, уæддæр Иры дзыхъхъы секретарæй хуыздæр бынат дæ къухы никуы бафтдзæн. Æмæ дæ сызгъæрин чызг ахæм куыстæн æгæр æвгъау нæу?

– Бæгуыдæр у.

– Уæдæ бавдæл æмæ йын йæ гæххæттытæ медакадемийы фармацефтон факультетмæ бадæттын кæ. Каст æй куы фæуа, уæд æххормагæй нæ баззайдзæн, йæ фынгыл кæддæриддæр хæринаг уыдзæн…

Байхъуыстон æм, мæ чызджы йын йæ рæстдзинадыл бауæндын кодтон,

æмæ йæ коммæ бакасти. Кæд æй фæлварæн æрмæстдæр химийæ дæттын хъуыди, уæддæр ыл тынг тыхстыстæм. Аудиторимæ куы бацыди, уæд ныл Светæимæ катай бахæцыди. Милæ дæр ма ныл бафтыди, æмæ адæргæй нæхицæн бынат нал ардтам. Кæддæр-никæд Фаризæ, йе 'нгуылдзты 'хсæн йæ ручкæ здухгæйæ, хъуыдыдзастæй рацыди. Бауадыстæм æм æмæ йæ тыхстхуызæй афарстам:

– Цæй, цы бадæ?!

– Фæлварæн радтай?!

– Цы райстай?!

– Фондз, – дзуапп нын радта куыдфæндыйæ, иу йæхи карæн бурхил чызгмæ азылди æмæ йæ хионыл мæтгæнæджы хъæлæсæй бафарста:

– Цы бæрæггæнæн дын сæвæрдтой?

– Дыууæ.

– Цавæр хынцинаг дæм уыди?

Чызг ын æй адзырдта. Фаризæ йе 'нгуылдзты 'хсæн йæ ручкæ здухын дæр нæ ныууагъта, афтæмæй йæ уайтагъд ахынцта æмæ та мæ йе 'вæджиауы курдиатæй дисы бафтыдта. Кæд фондз райста, уæддæр æй цалынмæ, академимæ чи бахаудта, уыдонимæ нæ ранымадтой, уæдмæ не 'рсабыр дæн.

* * *

Кæмæ ис, уый йæ фыдыфыдæн дæр дугъ уадзы. Доттанæн йæ чызг æмæ йæ дыууæ фырты схъомыл сты (дыккаг лæппу сын æрæджиау райгуырди æмæ фыццагæй фæбæрзонддæр и). Афæдзы размæ йæ хистæр фыртæн диссаджы чындзæхсæв скодта, æрæджы та кад æмæ радæй йæ чызджы арвыста. Йæхицæн æмæ йæ лæппутæн фæсарæйнаг машинæтæ балхæдта, йæ сиахсæн та – «Жигули». Уымæй уæлдай ма йæм гуыргъахъхъ фæндæгтыл цæуынæн æмæ дуканитæй хойрæгтæ, дыргътæ æмæ халсартæ ласынæн ис «Нивæ». Йе стыр урс «джип»-æй хъæумæ куы фæцæуæм (иуæй-иу хатт мæн дæр йемæ айсы), уæд мæм афтæ фæкæсы, цыма зæххыл нæ тулы, фæлæ уæлдæфы тæхы.

Доттан зæрдæхæлар æмæ æмбалуарзаг у. Дуне хæлæрттæ йын ис. Мæ зæрдæмæ дзы æппæтæй тынгдæр цæуы, æхцатæ йæ кæй нæ халынц, уый. Мæгуырæй куыд хуымæтæг уыди, афтæ хуымæтæгæй баззади. Æппындæр нæ фæхъал и. Уымæ кæсгæйæ мæ дисы 'фтауы мæ хъæуккаг Гæбæт. Мæ фыдыхо Мереты фарсмæ царди, æмæ, цы уавæрты схъомыл и, уый хорз

зонын. Йæ фыд къупри уыди. Йæ бинонты-иу расыгæй ныддæрæн кодта æмæ-иу сæ, бирæгъ фысты куыд ныххæлиу кæны, афтæ йæ хæдзарæй фæсырдта. Бирæ хъæрты æмæ богъдабиты фæстæ-иу куы бафынæй, уæд-иу мад йæ фондз сывæллоны алы рæттæй æрæмбырд кодта.

Лæг хæдзармæ капекк дæр нæ хаста, æмæ бинонтæ æрдæгæххор-маг-æрдæгæфсæстæй цардысты. Гæбæт се 'ппæтæй æнтыстджындæр рауади. Хæххон-металлургон институты фæстæ йæ хъул сах абадти: йæ министр æрвады æххуысæй арæзтадон тресты хицау сси. Цæрæн хæдзæрттæ аразы æмæ сæ зынаргъæй уæй кæны. Куыд мын дзуры, афтæмæй йын Сау денджызы был ис фынддæсуатон æддæгуæлæ хæдзар. Йæ фыр хъалæй синты фыдыл нал æрвæссы, йæ къæхты бын сæгъы бага нал сæтты. Ноджы ма æрæджы æрыгон рæсугъд ус æрхаста æмæ фыр цинæй суртæ-уадзгуытæ кæны.

Айфыццаг мæм ме 'фсымæр Аслан телефонæй æрбадзырдта æмæ мæ бафарста:

– Дæ кæддæры сыхаг Гæбæт дæм цы зæрдæ дары?

– Нæ зонын. Иумæ мæгуырæй схъомыл стæм. Кæрæдзийы зæрдæхудты никуы бацыдыстæм. Уынджы мыл куы сæмбæлы, уæд мыл бацин кæны, суанг ма мæ Сау денджызы былмæ дæр фæхоны. Мæ хæдзары, дам, сæрды дæ фæллад суадз.

– Афтæ хæларæй кæй цæрут, уый мын æхсызгон у.

– Исты дæ дзы хъæуы?

– О.

– Цы?

– Батегæн мын куыст куы раттид.

– «Нагъ» зæгъын мын йæ цæсгом нæ бахъæцдзæн, æмæ хъуыддаг лыггондыл банымай, – зæрдæ йын бавæрдтон æмæ Гæбæтмæ телефонæй бадзырдтон. Кæрæдзиуыл бацин кодтам, стæй йæ бафарстон:

– Ме 'фсымæр Асланы зоныс?

– Зонын.

– Йæ хистæр фырт Батег каст фæци, ды цы факультет фæдæ, уый. Куыст ын нæй, æмæ йæм куы фæкæсис, уæд дæ галы бузныг фæуаиккам.

– Искуы ма куыста?

– Нагъ.

– Уæдæ мын æй куыд исын кæныс? Уый нырма æппындæр ницыма зоны, æмæ мын, зиан хæсгæйæ, ме 'хцатæ йæ дзыппы æвæрдзæн, мæн та хъæуы, æхцатæ мæм чи хæсса, ахæм фæлтæрдджын кусæг.

– Дзæбæх дæ не ’мбарын. Адæймаг искуы кусын куынæ райдайа, уæд æм фæлтæрддзинад кæцæй хъуамæ æрбацæуа?

– Уымæй мæн цы фæрсыс?

– Уæдæ кæй?

– Нæ цард нын зыгъуыммæ чи рафæлдæхта æмæ æрыгон специалисттæн куыстытæ чи нæ дæтты, уый.

Сæттын ыл: ахæм дзуапмæ йæм не ’нхъæлмæ кастæн æмæ фæуырдгъуыйау дæн. Бафæрсынмæ йæ хъавыдтæн: «Дæ зонд дæр дын зыгъуыммæ уый рафæлдæхта? Зыдыка дæр дæ уый сарæзта?», фæлæ мæхи баурæдтон. Зыгъуыммæ зондыл хæст æмæ зыдыка иу адæймаг куы уа, уæд тæссаг нæу, фæлæ цард ахæм фидиссæгты къухтæм куы бахауа, æмæ милуантæ сæ къæхты бын куы удхар кæной, уæд уый стыр бæллæх у…

Хорз, æмæ ма нæм Доттаны хуызæттæ дæр ис. Йæ сæргълæууæджы йын атардтой, æмæ ног хицау йæхионты ’рбакодта. Доттан йæ куыстæй фæхаудта, фæлæ уынджы нæ баззади. Зæгъæн ис, йæ сины саст фæрæстмæ и. Йæ мады ’мхæрæфырт ын цементы скълад йæ бæрны бакодта, æмæ йæм нoджы фылдæр æфтиаг хауын райдыдта. Йæ алыварс цыдæриддæр мæгуыр лæгæй уыди, уыдон кусынмæ райста æмæ сæ тæригъæды нæ цæуы. Нoджы ма йæ Уарзетæ дæр рæстæгæй-рæстæгмæ бафæдзæхсы:

– Уыцы фæкæсинаг лæппуты зæрдæхудты ма бацу, мæ хæдзар. Сæ бинонтæ дарыны фаг сын фид.

– Хорз, хорз, мами, дæ зæрдæ сæм ма ’хсайæд. Исты куы ацамал кæнын, уæд ма сын уæлæмхасæн цыдæр капеччытæ дæр авæрын.

Æрæджы мын иу хабар радзырдта. Уадиссагæй дзы ницы уыди, царды чи никуы ’рцыди, ахæм ногдзинад мын нæ раргом кодта, фæлæ мæ, цæмæдæр гæсгæ, йæ къæйныхдзинад дисы бафтыдта, æмæ мæ цæстыты раз лæууы царддæгас нывау.

– Раттаджы къух райсаг у. Куы ницы раттай, уæд ницы райсдзынæ. Уæллæгтæй искæй зæрдæ куынæ алхæнай, уæд дæ мæгуыр къонайы æххормагæй баддзынæ. Уыцы æнæфыст закъæттæ хынцгæйæ, мæ бон цы æхцатæ æрæмбырд кæнын уыди, уыдон къонверты сæвæрдтон æмæ, мæ хъуыддæгтæ кæмæй аразгæ сты, уыцы стыр хицаумæ ссыдтæн, йæ кабинетмæ бахызтæн, салам ын радтон æмæ йын къонверт йе стъолыл æрæвæрдтон. Уымæн фыр дисæй йæ цæсты хъæппытæ сæ къуырфытæй рабырыдысты, æмæ мæ тарстхуызæй афарста:

– Уый циу?!

– Къонверт.

– Æмæ дзы цы ис?!

– Æхцатæ.

– Айс сæ, айс сæ, цалынмæ сæ ничи федта, уæдмæ!

– Уый дæуæн загъдæуа. Цæлынмæ сæ ничи федта, уæдмæ сæ де стъолы лагъзы сæвæр.

– Æз дæу хуызæн къæйных адæймаг никуыма федтон. Нæ мæ зоныс, афтæмæй мæ нæ тæрсыс.

– Цæмæй дæ хъуамæ тæрсон?

– Банымудзынæй.

– Чи дæ зоны, уыдоны ныхæстæм гæсгæ, зондджын дæ, зондджынтæ та æнæрхъуыды митæ нæ кæнынц. Бафснай сæ æмæ ’рсабыр у, – загътон ма йын фæлмæн хъæлæсæй æмæ йæ кабинетæй рацыдтæн.

– Æппындæр дзы нæ тарстæ? – бафарстон æй зæрдаивæй.

– Нагъ.

– Цæуылнæ? Уæд та дын æлхæнын нæ бакуымдта æмæ дæ ’рцахсын кодта.

– Кæд уæлдæр скъола каст нæ фæдæн, уæддæр адæмы миддуне хорз зонын. Æхца алкæй дæр хъæуы, стæй кæрæфдзинад алкæмæ дæр хæццæ кæны. Зæххыл æнæбалхæнгæ адæм нæй, æцæг иутæ асламдæр сты, иннæтæ та – зынаргъдæр. Ме стыр хицауæн гæртам кæй радтон, уымæй нæ фæрæдыдтæн. Мæ хуыздæр хæлар сси. Рæстæгæй-рæстæгмæ йын йæ зæрдæ алхæнын æмæ æдæрсгæйæ мæ хъуыддæгтæ кæнын, – йæ ныхас фæци Доттан æмæ мæм йæ цæст æрныкъуылдта.

Ничи йæ хъыгдары, æмæ ныфсджынæй æхцатæ кусы. Горæты зæххы хай балхæдта æмæ дзы музейы хуызæн стыр рæсугъд хæдзар æд дукани сарæзта. Диссаджы адæймаг у. Куы йæм бакæсай, уæд зæгъдзынæ: «Ацы дæлæмæдзыдæн йæ бон ницы скæнын бауыдзæн». Нæ дзы конд и, нæ – уынд. Тыппыртæ æмæ ныллæг кæй у, уый æдде ма гуыбыргондæй æмæ рахизырдæм чысыл къулгондæй дæр цæуы, æмæ цæсты нæ ахады. Йæ фыдæй йæм æппындæр ницы фæци. Уый бæрзонд æмæ хæрзконд уыди, ай та йæ мады хуызæн цыбыр у. Фыдæн гуыбыр къæдз фындз уыди, амæн та йæ мады гыццыл æмраст фындз и. Ахтемыры йæ мидбылты бахудгæ дæр никуы федтон, Доттан та æнæхин сыгъдæгзæрдæ сывæллонау зæрдæбынæй ныххуды, æмæ агъуыст йæ тыхджын къæл-къæлæй байдзаг вæййы.

Тынг кæрдзындæттон у æмæ нæ йæ хæдзармæ арæх хоны. Цыфæнды

гыццыл бæрæгбоныл дæр районгдæй сæмбæлы æмæ не 'ппæтмæ дæр фæдзуры. Мæнæ та ныр дæр бадæм йæ дзадджджын фынгыл æмæ сидтытæ уадзæм. Йæ дыууæ 'мсиахсы Гагуыдз æмæ Додыкк, Ладимæйы дыууæ хойы æмæ йе 'фсымæр Бухар, Светæ æмæ Доттаны хистæр фырт Сæхæм. Ладимæ, йæ чызг, йæ чындз æмæ Фаризæ кæстæртæн мидæггаг уаты хицæн фынг сæвæрдтой, æмæ уырдыгæй сæ хъæлæба цæуы. Æз фынджы хистæр дæн, æмæ мæ цæмæй кувгæйæ ма хъыгдарой, уый тыххæй сын сæ дуар ахгæнын кæнын, фæлæ та йæ сывæллæттæ уайтагъд байтындзынц æмæ, сæ цъæхснаг хъæлæстæй хъыллистытæгæнгæ, дыууæрдæм разгъор-базгъор кæнын сисынц.

Нæ царды бирæ хъуæгтæ ис, æмæ кæмфæнды дæр уыдоны кой æнæ ракæнгæ нæ фæвæййæм. Суанг ма судзаггаг зианы хæрнæгыл дæр ныхас политикæмæ рахизы, цины фынгыл та уыцы темæ сæйраг свæййы. Гагуыдз цæргæбонты шофыр уыди, ныр дæр шофырæй кусы, æцæг ацы хатт горæты йæхи маршрутон автобус скъæры æмæ æвзæр нæ цæры. Цалдæр сидты куы рауагътам, уæд, цингæнгæйæ, сдзырдта:

– Мах тынг амондджын стæм, æвæдза, ахæм Президент кæмæн ис! Дунейы бæстæты сæргълæуджытæй æппæтæй зондджындæр у!

– Цæмæн дæм афтæ кæсы? – бафарстон æй дæ зæрдæ-мæ зæрдæйæ.

– Комкоммæ эфиры дзуæппытæ цал фарстæн ратты.

– Мæнмæ уый диссаг нæ кæсы. Иу хаттæй иннæ хатмæ йæм уыцы-иу фæрстытæ фæдæттынц, рагацау æм сæ æрбахæссынц, æмæ сæм йæхи бæстон бацæттæ кæны. Дзуапп раттын æй кæмæн нæ фæфæнды, уыдон эфирмæ нæ бауадзы. Уый дунеон политикæйы цуайнаджы цал азы фыцы, уал азмæ чифæнды дæр базыдтаид ахæм æнцон фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.

– Ма зæгъ, ма зæгъ…

– Стæй Президенты хæс комкоммæ эфиры архайын æмæ йæхи зондджынæй æвдисын нæу.

– Уæдæ цы у йæ хæс?

– Разамынд цы бæстæйæн дæтты, уым хорз цард саразын.

– Æмæ нæ цард дæ зæрдæмæ цæмæй нæ цæуы?

– Дæуæн цæмæй цæуы дæ зæрдæмæ?

– Раздæр мæ бон лæгуæрдон балхæнын дæр нæ уыди, æмæ мæ бинонты мæ гыццыл мыздæй, тыхтухæнтæгæнгæйæ, дардтон, ныр та мæм маршрутон автобус ис, мæ дыууæ фыртмæ та – фæсарæйнаг машинæтæ. Раздæр сындз телæй басты хуызæн уыдтæн, æмæ мæ бон фезмæлын

дæр нæ уыди, ныр та сæрибар дæн, æмæ мæ цы фæнды, уый кæнын.

– Дæу хуызæн хъæздгуытæ ма нæм бирæ ис?

Лæг ныхъхъус и, æмæ мын йæ бæсты бустæхуызæй уырыссагау дзуапп радта Ладимæ:

– Не всем же быть богатыми…

Кæмæй, кæмæй, фæлæ Ладимæйæ ахæм дзуапмæ не 'нхъæлмæ кастæн æмæ джихæй аззадтæн. Мæ зæрдыл æрлæууыди, мæ минæваримæ сæм усгур куы ныццыдтæн, уæд сæ цы уавæры ныййæфтон, уый. Мæ зæрдæ сæ ницæмæй барухс и. Хуымæтæджы хъæуккаг мæгуыр хæдзар. Се стъолæн цыма йæ къæхтæ зæронд фæлмæн резинæйæ конд уыдысты, уыйау дзедзырой кодта, æмæ йæм бавналын дæр нæ уæндыдтæн. Куыд мын дзурынц, афтæмæй мæ кайыстæм цы бинонтæй æрбацыди, уыдон та ноджы мæгуырдæр уыдысты. Сылгоймаг йæ лæджы æвæлмон æхцатæй куыд тагъд фæхъал и, уый мæм диссаг фæкасти, æмæ афтæ бакодтон:

– Æз хъæздыг уæвынмæ никуы тырныдтон, фæлæ радиойы сæйраг редакторæй чи кусы, пенси чи исы æмæ чингуытæ чи уадзы, уый хъуамæ, йæ цæссыгтæ ныхъуыргæйæ, йæ фæстаг капеччытæ ма нымайа, фæлæ бирæ кæмæйдæртæй хуыздæр цæра…

– Уымæй раст зæгъыс, – ныхас йæхимæ айста Доттан. – Гыццыл мызд æмæ уымæй къаддæр пенси кæй исыс, уый бæстæйы хицæуттæн худинаг у. Дæ уацмыстæн дын капеччытæ кæй фидынц, уый та фыдракæндæй уæлдай нæу, фæлæ капитализм æгъатыр цардарæзт у, сæйрагдæр дзы æфтиаг у, æмæ паддзахады къæбицмæ æхцатæ чи нæ хæссы, уыдоныл нæ ауæрды.

– Æз æрмæст мæхи тыххæй нæ дзурын. Культурæйы кусджытæ, ахуыргæнджытæ æмæ дохтыртæ иууылдæр мæгуыргурты бынаты сты. Нæ Президент æдзæсгом у, йæ риуы зæрдæйы бæсты дойнаг дур и, сыгъдæгзæрдæ фæллойгæнæджы æппындæр ницæмæ дары, де 'мсиахс та дзы æппæлгæ кæны,– дзургæ-дзурын ме 'ргом Гагуыдзмæ аздæхтон æмæ ма мæ ныхасмæ бафтыдтон: – Уый адæмы фæрстытæн бæстон дзуæппытæ кæй ратты, ды ууыл цин кæныс, æххормаг адæммæ уыйбæрц фæрстытæ кæй вæййы, æз та ууыл сагъæс кæнын. Уыдон æфсæст куы уаиккой, æмæ сæ зæрдæ сæ цардæй куы рухс кæнид, уæд сæм иу фарст дæр нæ сæвзæрид. Президент хъуамæ хъуæгты тыххæй рæсугъд ныхæстæ ма кæнид, фæлæ сæ аиуварс кæныныл архаид. Адæммæ цас фылдæр фæрстытæ ис, уыйас Президент æвзæрдæр у, мах та дзы хъæбатыр аразæм æмæ йын йæ куырыхон зондыл дис кæнæм.

Æфсæст æххормаджы рис никуы бамбардзæн Мæнмæ гæсгæ, мæ ныхæстæ ме 'мныхасгæнджытæй иумæ дæр нæ бахъардтой…

* * *

Фыссæг, цы уавæрты цæры, йе сфæлдыстады уыдоныл æнцайы, уацмыс ныффыссынмæ йæ уыдон сразæнгард кæнынц, хъуыдытыл æй уыдон бафтауынц. Рæстæг сæм æнæнхъæлæджы кæй бахæссы, уыцы лыстæг ивддзинæдтæм æргом здахын цас раст у, уый нæ зонын, фæлæ адæм кæмæй ныккæрзынц æмæ сæ судзгæ цæссыгтæ кæуыл ныккалынц, сæ рыст зæрдæты сын дудгæ хъæдгæмттæ цы цаутæ ныууадзынц, уыдоны иувæрсты куырмæджы ацæуын цыфæнды лæмæгъ фыссæгæн дæр нымайын райгуырæн бæстæмæ куыдфæндыйы цæстæй кæсыныл, йæ адæммæ æнæныббаргæ уазал ахаст дарыныл.

Ног цард нæм цы ногдзинæдтæ æрбахаста, уыдонæй алкæмæй дæр зæрдæ æгæрон рыстæй риссы. Уыцы ногдзинæдтæ нæ раздæры егъау бæстæйы æппæтæй æгъатырдæр разындысты Ирыстонмæ. Фæстаг азты нын нæ царды иуæй иннæ карздæр цаутæ куыд равдыстой, уымæ гæсгæ нæм нæ сыхæгтæ сæ дæндæгтæ рагæй цыргъ кодтой. Æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кастысты паддзахадон фæфæлдæхтмæ, дыууæрдыгæй нæм топпæргъæвдæй æрбабырстой æмæ нын нæ фæсивæды ныццагътой. Хъæддаг миниуджытæй ифтыгъд тыхгæнджытæ адæмы 'хсæн чысыл нæй. Æрмæстдæр сын «уист!» зæгъæг фæуæд, уый йеддæмæ ардыд куыйтау кæмæфæнды дæр балæбурдзысты æмæ йæ акъабæзтæ кæндзысты.

Дыууæ тугкалæн хæсты нын цы бæллæхтæ бавзарын кодтой, уыдон нын цыма фаг нæ уыдысты, уыйау ма ныл террористтæ дæр гиенæтау сагъуыдысты æмæ нын нæ тугæрхæм буарæй гæбæзтæ рæдувынц. Скъолайы цы æбуалгъ хабæрттæ 'рцыди, уыдон мæхи цæстытæй куынæ федтаин, уæд мæ нæ бауырныдтаид, адæймаг æнæфсис бирæгъæй фыддæр, æгъатырдæр æмæ æнауæрдондæр кæй у, уый.

Мæ ахуырдзаутæй æртæ хæрзæгъдау зæрдæргъæвд чызджы скъолайы фæстæ университет каст куы фесты, уæд Беслæныхъæумæ смой кодтой æмæ сывæллæттæ ныййардтой, скъоламæ сæ бакодтой æмæ террористты дзæмбытæм бахаудтой. Дыууæйæ дзы æд сывæллæттæ бабын сты, æртыккагæн йæ лæппу фæмард и, йæхæдæг нæмгуыты цæфтæй фæсахъат и, æмæ йæ цард коляскæйы, удхаргæнгæйæ, æрвиты.

Дæ терактæн скъола равзар æмæ æнаххос сыгъдæг сывæллæтты гагадзагъд бакæн, уымæй ма æвирхъаудæр фыдракæнд цы уа! Уыдон æнæфсис тугдзыхтæ сты, сæ ардауджытæ та – ноджы æлгъагдæр сырдтæ…

Уыцы тугсæлынгæнæн нывтæм кæсгæйæ, мæ цæстыты раз цардæгасæй слæууыдысты классикты уацмысты архайджытæ. Секъайы таурæгъ «Арагуийы Ерыстау æлдар»-ы Нугзар Хъызмыдæйæн йæ сывæллоны йæ хъæбысæй раскъæфта, йæ къæхтыл ын фæхæцыд æмæ йæ усы сæрыл фæхоста. Сывæллонæн йæ астæу асаст æмæ йæ уд систа. Уыйфæстæ уыцы дурзæрдæ æлдар Хъуды комы цыдæриддæр сывæллоны мыггагæй ссардта, уыдоны йе ’фсæдтæн бæхтæй банай кæнын кодта.

Достоевский йæ роман «Братья Карамазовы»-йы цы æбуалгъ ныв равдыста, уый дæр буары иннæрдæм хизы. Хъæздыг инæлар йæ бирæ хъазайрæгты хъысмæт лыг кæны, цыма йæ фос сты, афтæ, æмæ йын «ма кæ» зæгъæг нæй, уымæн æмæ закъонæй йæ цагъайрæгтæ сты, цагъайраг та фосæй уæлдай нæу. Йæ куыйты астаздзыд сывæллоныл сардыдта, æмæ йыл сæхи ныццавтой. Ацы хабар Иван радзырдта йæ кæстæр æфсымæр Алексейæн, æмæ уый – Хуыцауыл æууæндæг, фæлмæн, сыгъдæгзæрдæ, барон лæппу – фыр мæстæй ссыгъди æмæ æртхъирæнгæнæджы хъæлæсæй срæцыгъта: «Расстрелять его!»

Æз æнхъæл уыдтæн: фысджытæ ацы хабæрттæ æрымысыдысты сæ чиныгкæсджыты зондахастыл æмæ зæрдæйы уагыл тынгдæр сахадыны тыххæй, фæлæ мæ ныр уырны, царæй сæ кæй райстой, уый. Афтæ мæм касти, цыма уал азы фæстæ адæм фæзæрдæхæлардæр сты, цыма сæ сырды миниуджытæй фервæзтысты æмæ ахæм æгъатыр нал сты, фæлæ фæрæдыдтæн. Мæ цæстытыл уайынц, Цæцæны хæсты цæцæйнаг боевиктæ фысты ’ргæвст кæй акодтой, уыцы уырыссаг лæппуты мæрдтæ… Уыдон телевизоры федтон, нæ сывæллæтты мæрдтæ та – нæхимæ, æмæ мæ иу хаттæй иннæ хатмæ дисы ’фтауы, æнусæй-æнусмæ адæймаг куыд нæ ивы, йæ зæрдæ куыд нæ фæлмæндæр кæны, уый. Уымæй тынгдæр та дис кæнын террористты ардауджытыл. Скъоламæ сæ чи æрбарвыста æмæ æнаххос адæмы чи ныццæгъдын кодта, уыцы лæджыфыдхортæ Секъайы æлдарæй æмæ Достоевскийы инæларæй цæмæй хицæн кæнынц? Уыдонæй æгъатырдæр цы сты, æндæр ницæмæй.

Ардауæг хуымæтæг адæймаг куы уа, уæд йæ фæдыл стыр бæллæхтæ нæ расайдзæн, фæлæ, уæле чи бады, бирæ бартæ кæмæ ис æмæ дзыллæты хъысмæттæ чи лыг кæны, ардауæг уый куы уа, уæд цыфæнды регион дæр, цыфæнды бæстæ дæр туджы сæвдулдзæн…

* * *

Къæвдайы фæстæ хур бон дæр скæны. Æртæ хатты ныл туджы зæйтæ кæй уазал ахасты тыххæй ракалди, æмæ, Ирыл чи ’ртыхсти, Аслæнбег ахæм залиаг калм кæй рахуыдта, уыцы саузæрдæ лæгæй фервæзтыстæм. Нæ бынæй нын рухс суагъта, йæ дзыппытæ байдзаг кодта æмæ, не ’дылыдзинадыл худгæйæ, нæ бæстæйы сæйраг горæтмæ афардæг и (кæй бафсадæм, уыдоны иууылдæр уым æхсызгонæй суазæг кæнынц). Адæмæн сæ зæрдæтæм мин-мин хуры ныккасти, цинæй мæлынц æмæ сæ худтæ хæрдмæ ’ппарынц. Уыдонмæ кæсгæйæ, мæ зæрдыл æрлæууыд иу рагон таурæгъ …

Дыууæ мин азы размæ Римы амарди фыдæлгъыст залым-паддзах. Адæм уынгтæм æхсызгонæй рагуылф кодтой, цалдæр æхсæвы æмæ цалдæр боны алыхуызон музыкалон инструменттæй цагътой, кафыдысты æмæ зарыдысты. Фыр цинæй ма æртытæ дæр сыгътой æмæ кæрæдзийæн хъæбыстæ кодтой. Иуафон фæкомкоммæ сты иу зæронд лæгмæ. Уый къуымы гуыбырæй бадти æмæ зæрдæбынæй куыдта. Адæм дисы бацыдысты æмæ йæ бафарстой:

– Зæгъ-ма нын, дæ хорзæхæй, хорз лæг, нæ цыфыддæр знагæй кæй фервæзтыстæм, ууыл мах цин куы кæнæм, уæд ды дæхи кæуынæй цæмæн марыс? Уыцы æнаккаг лæджыфыдхораен тæригъæд кæныс?

– Уымæн нæ тæригъæд кæнын, фæлæ сымахæн.

– Цæй тыххæй?

– Æз дзы фондз паддзахы бавзæрстон, æмæ, иуæй иннæ ’взæрдæргæнгæ, цыдысты. Йæ фæстæ чи уыдзæн, уый мæ ’фтауы сагъæстыл, æмæ уымæн кæуын, – дзуапп сын радта зæронд лæг æмæ ставд цæссыгтæ ноджы зæрдиагдæрæй æрызгъæлдта.

Дзæгъæлы нæ куыдта. Римы сæргъы æрлæууыди ноджы æлгъагдæр фыдгæнæг, æмæ адæмæн сæ цин фæдзæгъæл и…

Нæ ног хицау Тасолтаны уыимæ нæ барын. Йæ размæ ныл чи уырсиуæг кодта, уымæй æвзæрдæр кæй нæ уыдзæн, ууыл мæ зæрдæ дарын, фæлæ дзы цæмæй раппæлон, уый дæр нæ зонын. Не ’ппæтуынæг, æппæт хъуыддæгтæ лыггæнæг куырыхон Президент æй йæ дзыппыдаргæ парламентæн Дзастемыры къæлæтджыны куынæ сбадын кодтаид, уæд уыцы бынат йæ цæсты кæронæй дæр нæ федтаид, уымæн æмæ йæ адæм хорз зонынц æмæ йæм иу бæллиццаг миниуæг дæр нæ арынц. Чи йæ æдылы хоны, чи – фыдзонд, чи – расыггæнаг. Ме ’мхъæуккаг Бекызæ йемæ хæххон-металлургон

институты фондз азы фæцахуыр кодта, æмæ мын, студенттæй се ’хсæн цы ныхас рауад, уый, фæхудфæхудгæнгæйæ, рафæзмыдта:

– Тасолтан, сæр дыл куынæ ис, фæскомцæдисы фæрцы институтмæ тыхамæлттæй куы бацыдтæ æмæ дзы ахуыр кæнын куынæ фæразыс, дæ бон дыууæ хъуыдыйады фæд-фæдыл æнæ рæдыдæй ныффыссын куынæ у, гуымиры куы дæ æмæ адæмимæ дзурын куынæ зоныс, уæд ахæм стыр бынаты кусынмæ дæ ныфс куыд хæссыс?

– Æмæ дзы кусын цæмæн хъæуы? Уым къæдзæхтæ куы фæлдахиккой æмæ дзы сæ хид куы каликкой, уæд æм тыххæй ласгæйæ дæр ничи бацæуид. Дæ зæрдыл æй бадар, Бекызæ, ныр мыл былысчъилтæ кæныс, фæлæ ахæм рæстæг æрцæудзæн: исты курынмæ мæм-иу лæгъстæхуызæй æрбацæудзынæ æмæ мæм-иу мæ секретары уаты æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кæсдзынæ. Мæхи-иу куыстхуыз скæндзынæн æмæ дæ-иу дзæвгар рæстæг фæсдзæуинау уым фæдардзынæн, стæй дæ-иу, зæрдæвæрæн ныхæстæгæнгæйæ, уæхимæ афтидармæй арвитдзынæн.

– Дæу сæргълæууæгæй цы хуыцауылгъыст ран сæвæрой, уый цыбыр рæстæгмæ бырондон фестдзæн, æмæ дзы æз, сыдæй мæлгæйæ дæр, курæг никæмæ бацæудзынæн.

– Иннæты дæр мæнау куы зонис, уæд афтæ нæ дзурис. Дæумæ гæсгæ, уыдон арвæй стъалытæ скъæфынц? Хуыцауæй дæ бауырнæд, мæнæй бирæ æгуыдзæгдæр сты, фæлæ сын сымах, хуымæтæг адæм, растдæр зæгъгæйæ та, дыкъахыг фос, стыр лæгтæ ’нхъæл стут, бæрзонд бынæтты кæй бадынц æмæ уын алы мæгуыры бон дæр рæсугъд ныхæстæй уæ сæрымæгъзтæ кæй лæхъуг кæнынц, уый тыххæй.

Галайæн йе ’мгъуыд куы фæци æмæ Дзастемыр куы фæуæлахиз и, уæд мæ кабинетмæ мæ иу зонгæ профессор æрбацыди, иуцасдæр политикæйыл фæдзырдта, стæй мын сусæгвæндгæнæгау мæ хъусы бацагъта:

– Гала æмæ Дзастемыр мæ хæстæджытæ сты. Сæ иу мæ хæрæфырт у, иннæ та – мæ мады ’рвад, æмæ сæ мæ фондз æнгуылдзы хуызæн зонын. Сæ иуæй дæр пайда нæй. Цæлынмæ сæ бынтондæр нæ фервæзæм, уæдмæ ныл хъуын-æрду не ’рхæцдзæн. Сæ дыууæ дæр карьеристтæ æмæ цардхалджытæ сты…

Уыдзæн ма

ИВГЪУЫД ÆМÆ АБОН БÆТТÆГ АИВАД

Кокайты Замарбеджы фырт Валери райгуырд 1952 азы Цæцæн-Мæхъхъæлы АССР-йы горæт Малгобечы. 1973 азы каст фæци Цæгат Ирыстоны аивæдты училищейы аивадон-графикон хайад, дæс азы фæстæ та – Харьковы дизайн æмæ аивæдты паддзахадон академийы агъуысты дизайны хайад.

Æрыгон нывгæнæджы куыстыты равдыстытæ уайтагъд аразын райдыдтой Уæрæсейы æмæ Украинæйы. Студент ма уыд, афтæмæй сси ядерон хæсты ныхмæ Плакатты æппæтдунеон конкурсы дипломант. ЦИ АССР-йы Нывгæнджыты цæдисы Аивадон фонды кусгæйæ йæ курдиат ноджы тынгдæр бахсыст – фæлгонцджын кодта республикæйы æмæ нæ бæстæйы æндæр рæтты цæуæг стыр юбилейон равдыстытæ, уыимæ – ВДНХ-йы дæр. Æнтыстджынæй архайы ландшафтты проекттыл (саив кодта Уæллаг Санибайы аргъуаны алыварс), ныв тæ кæнын æмæ графикæйыл.

2000 азæй фæстæмæ у Уæрæсейы нывгæнджыты цæдисы уæнг.

Æрмæст фæстаг æртæ – цыппар азы дæргъы бацархайдта æппæтуæрæсеон равдыстыты Дзæуджыхъæуы, Ростов-Доны, Волгограды æмæ æндæр горæтты. Аивадуарзджытæ йæ зонынц йæ ахæм куыстытæй: «Алайнаг хæстонтæ», «Зылын дуары рацæуæн», «Хонгæ Болгарийы», «Хæхтæм лыгъд адæм. Зæдæлесчы Нана», «Географийы урок хъæууон скъолайы», « Хохы Саниба. Сыгъдæг Æртæ Иуоны аргъуан», «Едзиты Сослæнбег кусы æдзард æмхъæуккæгты цыртдзæвæныл», «Ус-паддзах Тамарæ æмæ Дауыт-Сослан бæрæгбоны Аланийы». Йæ нывтæ сты Уæрæсейы æмæ фæсарæнты музейты æмæ хи коллекциты.

Дунеон архитектурон фестиваль «Зодчество – 2002»-йы лауреат хорзæхджынгонд у Уæрæсейы нывгæнджыты цæдисы Сызгъæрин майданæй æмæ Уæрæсейы культурæйы фонды цæгатирыстойнаг хайады Кады гæххæттæй. 2013 азы йын лæвæрд æрцыд РЦИ-Аланийы сгуыхт нывгæнæджы ном.

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

Цыллæ фæндагыл. 2020

Арæн хъахъхъæнæн. 2020

Уырссаг-туркаг хæсты архайæг Кокайты Аслæмырзæ

Хæхтæм лыгъд адæм. Задæлесчы Нана. 2017

Бæрæгбонмæ. 2017

Алайнаг бæрæгдзаутæ

Хохы Саниба. Сыгъдæг Æртæ Иуоны аргъуан. 2020

Задæлесчы Нана. 2020

Бæрæгбоны размæ

Хонгæ кафт Болгарийы

Натюрморт. 2017

Натюрморт маргъимæ. 2013

Сæуæхсид. 2013

Фæскъæвда. 2015

Едзиты Сослæнбег кусы æдзард æмхъæуккæгты цыртдзæвæныл

КИРОВЫХЪÆУ – 100 азы

ХЪÆУБÆСТЫ РАЗДÆРЫ ЦАРДÆЙ

1й выпуск ниже-сред. школы. 1935 г.
фото № 2 к.у.п.п.

ИРОН ФЫСДЖЫТÆ РАЙГУЫРÆН БÆСТÆЙЫ ТЫХХÆЙ

Ницы ис зæххыл райгуырæн бæстæйы хæдбарады сæрыл тохгæнджыты рæнхъы уæвынæй кадджындæр.

Нига

Лæгæн йæ райгуырæн бæстæ кæм фæуд кæны, уым фæуд кæнынц йæ цæрæнбонтæ дæр æмæ йæ цард дæр.

Булкъаты Михал

Йæ райгуырæн къуым адджын кæмæн нæу, ахæм уæвгæ кæд ис, уæд æй æххæст адæймагыл банымайæн нæй.

Дзасохты Музафер

Адæймаг кæм райгуыра, фыццаг къахдзæфтæ кæм акæна, уыцы зæхх йæ зæрдæйы иу хай у.

Агънаты Гæстæн

Кæйдæр зæххыл цард æмæ амонд ссарæн нæй.

Чеджемты Геор

Райгуырæн къуым цыфæнды куы феста, уæддæр адджын у, æнæкæрон уарзон, æмæ йыл къух сисын зæрдæйы уидаг сластæй уæлдай нæу.

Гугкаты Шамил

…æцæгæлон бæстæйы амондджынæй цæрæн нæй.

Хъайттаты Сергей

Адæймаг бæстæтыл цасфæнды куы фæзила, уæддæр йæ зæрдæ, кæм райгуырд, уырдæм æхсайы.

Цомартаты Изæтбег

…йæ фыды зæххыл гадзрахатæй чи рацæуы, уый фыды зæххы æлгъыст баййафы.

Харебаты Леонид

Мæ райгуырæн бæстæ, æнæ дæу мæхицæн нæ хонын æз адджын мæ цард.

Тохты Иван

КУЧИТЫ Руслан

АХУДÆНТÆ

МÆ ФЫДРАКÆНД

Сабитæ ма уыдыстæм мах. Нæ сыхы иу мæгуыр бинонтæ чындз хастой. Бирæ фæразгъор-базгъор кодтам кæрты, уынджы. Фæлæ нын иу хай авæрæг нæ фæци. Æххормаг та куыд нæ уыдыстæм.

Изæры талынджы кауы сæрты кæсæм, æмæ цæхæрадоны лæгтæ дзаг фынджы уæлхъус бадынц, минас кæнынц, нуазынц. Нæ комы дæттæ уайынц, уыдонмæ кæсгæйæ.

Уалынмæ тамако адымынмæ сыстадысты, цырагъ ахуыссын кодтой æмæ сарамæ бахызтысты. Мах дæр ма уымæй хуыздæр цы хъуыдис. Быруйы сæрты багæппытæ ластам иу къорд лæппуйæ, фынгмæ бауадыстæм æмæ нæ талынджы фынгыл йæ къух кæмæн цæуыл хæст кодта, уыимæ фæстæмæ расæррæттытæ кодтам. Мæнмæ дæр дзы цыдæр дынджыр дзидзайы кæрдих æрхаудта.

Фæлæ нæ уæддæр чидæр ауыдта, æмæ фæфæдис сты, фæсте нæ расырдтой. Мах лидзæм, уыдон хъæр кæнынц:

– Æрлæуут! Сæр кæдæм хæссут, æнаккæгтæ, ахæмтæ-ухæмтæ?!

Æз ма ахъуыды кодтон ме'мбæлтты тыххæй: «Æдылытæ, сæр кæдæм рахастой, сæр!»

Уалынмæ, уырдыгæй куы адард дæн, уæд мæ къухмæ æркастæн, æмæ дын мæнæ фысы сæры бырынчъытыл хæцын. Гъæйдæ-гъа! Куыд нæ фæтарстаин, ныр мæ мардзысты, зæгъгæ. Кæд мыл цыдаид авд азы бæрц, фæлæ йæ уæддæр æмбæрстон, сæрæн цыдæр ахсджиаг нысан кæй ис, уый.

Цæвиттон, цъымарамæ фысы сæр ныззыввытт ластон æмæ нæ тæккæ хæдзармæ, цыма ницы уыдис, афтæ ‘рбафардæг дæн.

Уыцы лæгтæ фынгыл нал сбадтысты, сæр агурæг хæдзари-хæдзар зилгæ ацыдысты, лæппутæ кæмæ уыдис, уыдоныл. Иу сахаты фæстæ махмæ дæр фæзындысты, уæдæ цы уыдаид. Иннæтæн сæ давинæгтæ бæлвырд уыдысты. Сыхæгты лæг мæ комкоммæ мæстыйæ афарста: «Цы фæкодтай сæр?» Æнæ басæттгæ ма мын цы уыдис.

Райсомæй лæгтæ цъымарайы сæр фæагуырдтой. Мæгуыр хæ-

дзар, кусарт дæр фысæй акодтой. Фылдæрæн нæ фаг кодтой. Уыцы сæр æмæ бæрзæй ма дыккаг бон сæ зæрды уыдис хуындзæутты раз æрæвæрын, фæлæ сын æз сæ фæнд фехæлдтон.

Уæд лæгтæ æхца æрæмбырд кодтой æмæ базары æндæр сæр балхæдтой.

ФÆЛЛАДУАДЗÆГ ÆМÆ УЛÆФДЖЫТÆ

Колхоз «Размæ бырсæг»-æн бирæ азты сæрдарæй фæкуыста Хъасай. Хъæддых æмæ тызмæг лæг, мæнæ «сталинон гварди» кæй хуыдтой, уыдонæй. Никæй уагъта давын, рæстæг дзæгъæлы сафын. Уайтагъд-иу кæй уæлхъус алæууыдис, уыйау дæ балгъитæг дæр афтæ. Хъæр æмæ загъды бын-иу фæкодта адæймаджы, кæйдæрты та сæ куыстæй фæтардта.

Уыдис ма ноджы иу миниуæг Хъасаймæ. Цалдæргай азтæ-иу йæ улæфт не суагъта, æгуыстæй бадын æппындæр нæ фæрæзта.

Уæд та иуахæмы хуымæтæг кусджытæ æмæ бæрнон адæм лæгъстæ кæнынц профцæдисы сæрдар Хъазыбегæн:

– Хуыцауы тыххæй, уыцы лæгæн ма исты путевкæ бацагур, йæ ахсæн дæр куы фæриссы. Нæ бон дзы нал у, нæ хурхыл нын бахæцыд...

– Раст зæгут. Бафæлварын хъæуы, – сразы уый.

Дыууæ къуыримæ стыр лæгъстæтæй ссардта путевкæ Железноводскмæ æмæ тыххæй-фыдæй сразы кодта Хъасайы. «Ацу-ма, дæ хорзæхæй, æмæ дæ ахсæн сдзæбæх кæн, ахæм хорз фадат дын нал уыдзæн», – зæгъгæ йын дзырдта.

Хъасай фæраст. Изæры сæйраг инженер бæрнон кусджытæм фæдзырдта æрвылбоны æмбырдмæ.

Агроном Солтан, Хъазыбеджы куыддæр ауыдта, афтæ йæ уыцы иу фарст акодта:

– Ацыдис? Мæнæ диссæгтæ! – стæй ма, арф ныуулæфгæйæ, йæ ныхæстæм бафтыдта:

– Æвæдза, иу путевкæйæ цалæй сулæфдзыстæм!..

БАРДЗИНТЫ МЫСОСТЫ МЫСИНÆГТÆЙ

Горæтгæрон. Быдыры хъæуы цæрынц хъæлдзæг, хæрзæгъдау æмæ цыргъзонд адæм. Цæвиттон, ирон æфсымæр болгайраг Габровойæн. Гъемæ уын мæ зæрды ис сæ хабæрттæй цалдæр радзурын.

ÆГЪДАУДЖЫН ХУЫТÆ

Мæйдар æхсæвы иу ныллæг хæдзары кæрты цудгæ-цудын æрбахъуызы, дыууиссæдз азы кæуыл цыдаид, ахæм лæг.

Мидæгæй уаты диваныл бады ацæргæ лæг æмæ газеты кæсы. Уалынмæ дуар байгом, æмæ къæсæрыл размæ хауæгау æрбахызт йæ ноздджын фырт. Исдугмæ дзагъырæй алæууыд, æнæнхъæлæджы йæ фыды уыцы афон хъалæй ауынгæйæ.

Фыд æм йæ кæсæнцæстыты сæрты мæсты каст ракодта æмæ загъы:

– Лæппу! Ауай æмæ хуытæн хæринаг ратт!

Фырт цæхгæр фæзылд æмæ федде. Цалдæр минуты фæстæ фæстæмæ æрбацыд:

– Баба, х-х-хуытæ х-х-хæринаг нæ х-х-хæрынц…

Фыд ыл уыциу хъæр фæкодта:

– Омæ дæуæн дæр уый загъдæуа, уый! Ацафон хуы дæр нал фæхæры, уæд ма ды кæм фæминас кæныс?

СÆРБИХЪУЫРОЙ ДУНЕ

Битта хæрз расыгæй æмбисæхсæв æрбацыдис сæ хæдзармæ. Баба та мæ куы ‘фхæра, загъгæ, рухс не ссыгъта. Йе ’намондæн чидæр сæ ныггæнды дуар гомæй ныууагъта, æмæ Битта йæ уаты бæсты уым фæдæле. Голджытыл бафынæй. Сæумæйæ фыд йæ фырты уыцы уавæры ауыдта.

– Гъей! Лæппу! Уæлæмæ сыст тагъд! – фæхъæр кодта зæронд лæг.

Фырт фехъал, йæ цæстытæ асæрфта, хæрдмæ скаст. Фыды куы ауыдта, уæд фынæйхъæлдзæгæй нал рахатыд, кæм ис уый, æмæ йæм уæлæмæ дзуры:

– Баба, ацафон та цары цы кусыс?..

ХÆРЗÆГГУРÆГГАГ

Æхсар бирæ азты дæргъы фæцардис Камчаткæйы. Бинойнаг ын уыдис, фæлæ сын цот нæ цыдис. Ирыстоны йæ бинонтæн уый зын

куыд нæ уыдаид, æмæ алкæддæр æнхъæлмæ кастысты исты хорз хабармæ. Уæд дын иу къæвда бон йæ кæстæр æфсымæр Сæрмæт сæхимæ сæ сыхæгтæй дзырдта тилифонæй – цыдæр æй фæндыд афæрсын, суайынмæ та зивæг кодта. Хъæуты тилифонтæ та хорз кæд куыстой?!

Цæвиттон, йæ хо Зæринæмæ сæ ныхас афтæ æвзæр хъуыстис, æмæ чызг банхъæлдта, уый Æхсар дзуры Камчаткæйæ,зæгъгæ.

– Ало, чи дæ? Æхсар дæ? – дардмæ хъæргæнæгау, фæрсы чызг.

– О, гъеуый дæн, – хъазгæйæ йын дзуапп радта Сæрмæт.

– Æмæ куыд стут? Цы хабæрттæ уæм ис?

– Дзæбæх, ницы нын у. Мæнæ не ’фсинæн лæппу райгуырдис...

Чызджы фыр цинæй хæрдмæ сгæпп кæнынмæ бирæ нал хъуыдис.

– Æцæг?! Мæнæ диссæгтæ! Мæнæ мын цы хорз хабар фехъусын кодтай! Хæрзæггурæггаг дын цы балхæнон?

– Мæн ницы хъæуы... Мæ бæсты Сæрмæтæн исты балæвар кæн!

ХЪÆДЫНДЗТЫ ДЗÆБÆХТÆ

Ивгъуыд æнусы 70-æм азты уыдаид хабар. Иубон дын мæ ногираг æмбал Таймуразимæ бацыдыстæм горæты стыр базармæ хъæдындзтæ балхæнынмæ. Таймуразæн йæ бинойнаг бафæдзæхста.

Иу уæйгæнæг нæ, аивтæ, ацæргæ ирон сылгоймаг, уæзданæй афарста:

– Цы уын авæрон, дзæбæх лæппутæ?

– Иу æртæ килæйы нын хъæдындзтæ абар, дæ хорзæхæй, – дзуры йæм Таймураз.

– Уый уын мæ бар, – дуканигæс асыккæй хъæдындзтæ дзæкъулы æвæрынмæ фæци.

– Сæ дзæбæхтæ нын авзар, нæ мады хай, рынчындонмæ рынчынфæрсæг цæуæм... – æрхатыд æм Таймураз, æмæ мæнмæ, йæ мидбылты худгæйæ, ракастис.

– Хорз, хорз, мæ къонатæ, – мæгуыр сылгоймаг фæйлауы хъæдындзтæ, сæ дзæбæхдæртæ æвзарыныл сын архайы.

Уалынмæ дзыхъълæуд фæкодта, фæджихау, стæй сындæггай разылдис махырдæм:

– Кæ-æдæм уæ хъæ-æуынц, зæгъут?! – æмæ дын худы.

Уæд мах дæр нæхи нал баурæдтам, хъæрæй ныккæл-кæл кодтам. Иумæ дзæвгар фæхудтыстæм.

ÆНУСЫ ÆМГАР

КИРОВЫХЪÆУЫ 100 АЗЫ КАДÆН

Уац

Фыдæлты уæзæг – сызгъæрин ахстон,
Нæ хъомыс махæн – дæ нæртон тавсæй.
Нæ уарзон Киров, Бухарин, Къардиу,
Нæ куыст, нæ ахуыр – дæ ном, дæ кадæн.

КЪАДЗАТЫ Станислав

ХЪÆУ ÆМÆ ЙÆ АДÆМ

Хъæуы истори… Уый бæлвырд-бæстонæй райхалын бæрнон хъуыддаг у, фæлæ йæ ма басгар, уый раст нæу фæстагæтты раз. Уыдон хъуамæ зоной, хъæу кæй рæзы йæ адæмы хъысмæтæй. Кæй фæрцы æмæ кæд равзæрд? Чи уыд йæ бындурæвæрæг, чи дзы уыд фыццаг æрцæрæг? Абон кæмæй у сæрыстыр хъæубæстæ?

Ацы фарстатæ мын фæстаг азты æнцой нæ дæттынц. Цас æмæ цас базонæн ис, азфысты сыфтæ иу иннæйы фæдыл куы фæлдахай, æндахы къуыбылойау ын йæ истори райхалыныл куы архайай, уæд. Уæлдайдæр, азтæ сæ пæлæз куы æрытауынц, хистæрты фæлтæр се ‘нусон бынатмæ куы ацæуы, уæд адæймаг фæсмойнаг фæвæййы. Абоны фæлтæрты та, æнусы дæргъы хъæубæсты цы историон цымыдисаг хабæрттæ цыд, уыдонимæ зонгæ кæнын æмæ сын сæ сæ размæ рахæссын не ‘ппæты хæс у.

Цæуылнæ хъуамæ зоной Къардиу-Бухарин-Кировыхъæуы кæстæртæ, сæдæ азы размæ сын царды рухс чи фенын кодта, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты знаджы ныхмæ карз тохы рæстæг карды комыл цæуæгау цардæй мæлæты арæныл чи цыд æмæ лæгдзинад чи ‘вдыста, хъазуатон фæллойы фæрцы ног цард чи арæзта, уыдоны цыты нæмттæ? Æрфæны фæдау нæ куырыхон хистæрты нæмттæ рæзгæ фæлтæрæн сты рухс фидæнмæрæствæндаг амонæг, æмæ сæ нæ зæрдыл дарын у не стырдæр хæс.

Сихъоты Алыксандр (Мишкæ) – зынгзæрдæ революционер, Туаты Хадзымæт – æрдзæй курдиатæй хайджын адæймаг, Хъайтмазты Виссарион (Бесо), Моураути Лексо, Дарчиты дыууæ æфсымæры Гришæ æмæ Антъон – уыдон æмæ иннæты нæмттæ абон бирæтæ нал зонынц, афтæмæй та цæрæн бынатæн Къардиуы зæххытæ равзæрстой. Туаты Хадзымæтмæ цыппар къласы йеддæмæ ахуыр нæ уыд, гæзæмæ йæ къух æрфыссын дæр нæ зыдта, фæлæ ног цæрæн бынаты электростанцæ æмæ куырой арæзт æрцыдысты йæ схемæтæм гæсгæ.

Сихъоты Мишкæ та техникон документацитæ æмæ проекттæ уæды Къардиуы хъæуæй дарддæр сарæзта Къостайы, Нарты, Фарны æмæ æндæр хъæутæн дæр. Суанг ма, Мæскуыйы Хæххон-инженерон академийы ахуыр кæнгæйæ дæр, разамынд лæвæрдта уæдмæ Бухарины хъæу суæвæг партион организацийæн. Мишкæ академи каст фæуыны фæстæ куыста Садоны æрзæткъахæны. Геологон-сгарæг парти – ГРП-йæн разамонæгæй куы куыста, уæд дæр йæ райгуырæн хъæу нæ рох кодта, алы æхсæнадон хъуыддагмæ дæр хаста йе 'ххуысы хай…

ФЫЦЦАГ ЦÆРДЖЫТÆ

1922 азы хицауады бардзырдмæ гæсгæ уалдзæджы мæйты хæхты цъассытæй Æрхондонæн йæ галиуварс 300 хæдзарæн лæвæрд æрцыдис зæхх. Ног цæрæн бынат уыд æдзæрæг, пыхсджын. Схуыдтой йæ Къардиу. Ам æрбынæттон сты Зруг, Мамысон, Зæрæмæг æмæ Цъæйы цæрджытæ. Цæгат Ирыстоны облæсты æххæсткомы уынаффæмæ гæсгæ бардзырд бындуронæй æххæстгонд æрцыд 1922 азы 5 майы (фæндон бахаста Бутаты Хъазыбег газет «Правда»-йы рауагъды æмæ Карл Марксы райгуырды боны кадæн).

Хæхбæсты цъассытæй фыццаг рацыдысты нæлгоймаг фæсивæд. Цæрæн бынæттæн къахтой уæрмытæ, сæ къултæ æмæ зæххыл хуыссæн бынæттæн хъармдæрæн тыдтой, сæ алыварс цы цъыхырытæ задис, уыдонæй, нывæрзæнтæн та – хъæмпы цъуппытæ. Куыдзæгты Валодяйы мысинæгты афтæ амынд ис: «Лидзæг адæмæн хæдзæрттæ аразынæн уыдис тынгкъуындæг фадæттæ. Хъæдмæ цæуын хъуыд дардмæ. Абырджытæ арæх кæй уыд, уымæ гæсгæ Дзуарыхъæуы хъæдмæ æдæрсгæ ацæуын ничи уæндыд – сæ бæхтæ-иу сын байстой.

Фæлæ цæрын хъуыд, æмæ сабыргай аразын райдыдтой кауын

хæдзæрттæ, сæрдгæ та сæ кодтой хъомы фаджысæй кæнæ æлыгæй. Хæдзæртты сæртæ æмбæрзт цыдысты хъæмпæй, гæдыйыдымæгæй. Пецты фæздæгцæуæн хæтæлтæ тасмачъийæ кæй уыдысты, уый тыххæй-иу арæх зынг сирвæзт хæдзæрттыл. Хуыздæр уыдаид ныггæндтæ аразын. Фæлæ уымæн дæр фадат нæ уыдис. Дыууæ белгомы-иу куы никъкъахтой, уæд-иу дон схъардта. Фæлæ, лæг амалæн у, фæзæгъынц. Хъæуыбын кæройнаг хæдзæрттæй чысыл дарддæр уыдис стыр обау. Цъæхойты Къола бавдæлд æмæ ацы обауы хуылф бакъахта æмæ дзы цæрæн бынат сарæзта. Фæстæдæр æй Баситы Михал дæр бафæзмыдта, æмæ ацы дыууæ хæдзары æдыхст уыдысты зæххы уымæлдзинадæй.

Дыккаг æмæ æртыккаг азты хохæгтæн самандурæй арæзт хæдзæрттæ фылдæрæй-фылдæр кодтой. Зыгуым ластой Æрыдонæй».

Цæрæн хæдзæрттæ куыд рæвдз кодтой, афтæ бинонтæ сабыргай лыгъдысты хæхбæсты уынгæг уавæртæй æмæ быдыры цъæхнæуу фæзтыл уæрæх сулæфыдысты, кæд райдианты сæ цæрæн уавæртæ бынтон зæрдæйы фæндиаг нæ уыдысты, уæддæр.

Хъæубæсты фыццаг цæрджытæ уыдысты Магкаты Антъо, Хъайтмазты Томай, Рæмонты Бечи, Сихъоты Габо, Цъæхойты Къола, Хозиты Лекса, Гаджиты Барис æмæ иннæтæ.

Мамысонгомæй: Дарчитæ, Добатæ, Сидахътæ, Челдытæ, Рæмонтæ, Моураутæ, Боцитæ, Айлартæ, Гæцойтæ, Къадзатæ, Кучитæ, Токтæ, Гайтæ, Суантæ.

Цъæйæ: Баситæ, Абайтæ, Марзойтæ, Дзалатæ, Гогатæ.

Зæрæмæгæй: Сихъотæ, Хъайтмазтæ, Абойтæ, Магкатæ, Дзоцъитæ, Мурастæ, Ногъайтæ, Дзанайтæ, Куыдзæгтæ, Туатæ, Мамиатæ, Балатæ, Гаджитæ, Цæргæстæ;

Зругæй: Хозитæ, Бирæгътæ, Козатæ, Таугазтæ, Бырнацтæ.

Цæгат-ныгуылæн хайы æрцардысты зæрæмæггæгтæ, хуссар-ныгуылæн хайы – зруггæгтæ, хуссар-скæсæн хайы – мамысон, цæгат-скæсæн хай бацис Цъæйæ ралидзджыты.

Хозиты Ясоны бинонтæ дæр уыдысты Къардиуы хъæуы фыццаг æрцæрджытæй. Ясон уыд дзырддзæугæ лæг (поэт Хозиты Яковы фыд). Куыста ревкомы. Уды фарн, æгъдау æмæ уæздандзинадыл ахуыр кодта æрмæст йæхи кæстæрты нæ, фæлæ хъæубæсты фæсивæды дæр. Адæм ын кодтой стыр аргъ æмæ йæ равзæрстой хъæусоветы хицауæй.

1922 азы хъæуы арæзт æрцыд фæскомцæдисонты къорд. Фыццæгты рæнхъыты уыдысты Хъайтмазты Михал, Сихъоты Габо, Туаты Георги, Хъайтмазты Бесо, Туаты Гиго, Козаты Сафонка, Мамиаты Естъа, Мурасты Виссарион, Цъæхойты Матвей, Гаджиты Барис. Разамынд сын лæвæрдтой партионтæ Сихъоты Михал, Цъæхойты Къола, Дарчиты Антъо, Моурауты Лексо æмæ иннæтæ.

Къардиуы цæрджытæн уæззау рæстæджытæ скодта, хъæуон-хæдзарадон коллективизацийы азтæм сæхи куы цæттæ кодтой, уæд. Кæд се ‘хсæн кулактæ нæ уыд, уæддæр йæ цæрæг бинонтæм уыд бæхтæ, галтæ, гутонтæ, похцитæ æмæ æндæр кусæнгæрзтæ. Уымæ гæсгæ сæ уавæртæ бæллиццаг нæ уыдысты.

Хъæубæсты цæрæгдæртыл нымад уыдысты Дзанайты, Суанты, Добаты, Сидахъты мыггæгтæ.

«Фыдыбæстæйы Стыр хæсты агъоммæ æрмæстдæр Цæргæсты Уасилы хæдзар амад уыдис агуыридурæй. Йе ‘рвадæлтæн Дзæуджыхъæуы уыдис дурфыцæн завод, æмæ йæм уыдон фæкастысты арæзтадон æрмæджытæ самал кæнынмæ», – фыста Куыдзæгты Валодя газет «Рæстдзинад»-ы фæрстыл.

Хæдзæртты арæзтадæй уæлдай ма кировыхъæуккæгтæ тыхстысты нуазыны донæй дæр. Цъайтæ уæлæнгай кæй къахтой, уый тыххæй сæм къæвдадæттæ лæдæрстысты, æмæ ахæм донæл чи барвæссыдаид. Фæлæ хохæгтæ уымæн дæр мадзæлттæ агуырдтой. Хъæуы ныгуылæн хайы чи цард, уыдон дон хастой Майрæмададжы цæугæдонæй, иннæ цæрджытæ та Æрхоны донæй къанау рауагътой хъæуы астæуты, æмæ цæрджытæ ацы тыхст дæр сарæзтой.

Суг æмæ хъæдæрмæг ластой Дзуарыхъæуы хъæдæй. Фыццаг кæркуасæнты-иу сæ бæхтæ аифтыгътой æмæ-иу фæцагайдтой хъæдмæ, цæмæй рухсæй раздæхой фæстæмæ. Æхсæв хъæды баззайын тæссаг уыдис бирæгътæй, уæдæ абырджытæ дæр нæ ауæрстой хъæддзауты стигъынæй.

Хохæгтæ быдырты цы зындзинæдтыл сæмбæлдысты, уыдонæй ма иу уыдис, алыхуызон низтæй кæй рынчынтæ кодтой. Стырæй-чысылмæ-иу арæх æруатон сты тæфсæгæй. Бирæ сывæллæттæ мардысты дзуарæй, гуыбыннизæй, æндæр хæцгæ низтæй.

Адæмæн нывыл хæдзæрттæ нæма уыд, уæд сын куыд хъуамæ уыдаид фидар скъæттæ. Абырджытæ ацы хъуыддаг зыдтой æмæ

æхсæвыгæтты давтой кусæг фос, уæлдайдæр сидзæргæсты бæхтæ. Искæй бæх-иу куы адавтой, уæд-иу райсомæй адæм æрæмбырд сты, кæй бæх адавдæуыд уый кæртмæ, æмæ сидзæргæс æмæ йæ сывæллæтты тæригъæд хъардтой давджытæн.

Ахæм рæстæджы æнæбæх хæдзæртты ирвæзын кодтой æрхонкæйаг хъазахъхъæгтæ. Цалдæргай бæхтæ сæм уыдис, æмæ-иу фæкæсинаг бинонтæн сæ зæхх бахуым кодтой, похцийæ-иу æй баластой, суанг ма-иу æй таугæ дæр бакодтой. Уæдæ тыллæг æфснайыны рæстæг дæр кæрæдзи зæрдæхудты нæ цыдысты.

Уыцы рæстæджы алкæмæ дæр зæхх уыдис фаг. Алы удгоймагмæ дæр хаудта гектар, æмæ уыцы тъæпæнты æмбис куыстгонд куы цыдаид, уæддæр бинонтæн уыдысты цæрыны фаг. Æнæбæх хæдзæрттæ та цæмæй фылдæр ма кæной, уый тыххæй Сихъоты Алыксандр фæсидтис хъæуы партион æмæ фæсивæдон организацитæм æмæ сын загъта: «Мах афтæ æнцад куы бадæм, абырджытæ нын нæ мæгуыртæ æмæ сидзæрты бæхтæ куы давой, уæд нæ цæй хъæу рауайдзæн?» Дыккаг бон партион организаци æмбырд сарæзта. Хъæуы фæсивæд дæр æм хуынд æрцыдысты, æмæ бауынаффæ кодтой хъахъхъæнæг къордтæ саразын. Афтæмæй «Рог кавалери» хъахъхъæнын райдыдта хъæумæ бацæуæнтæ æмæ рацæуæнтæ.

Уæдæй фæстæмæ бæхтæ нал давтой. Адæм арфæ кодтой Сихъоты Алыксандрæн. 1926 азы Советон хицауад алы æнæбæх хæдзарæн дæр æфстау радта дæс туманы кусæг фос балхæнынæн, æмæ хъæуы мæгуыр цæрджытæ сæхиуыл фæхæцыдысты.

Адæм кæд бирæ зындзинæдтæ æвзæрстой, уæддæр сæ зæрдæты уыдис стыр ныфс. Хъæуккæгтæ стырæй-чысылæй кæрæдзиимæ цардысты хæларæй. Мæгуыр лæг кæнæ-иу сидзæргæс ус хæдзар куы арæзта, уæд-иу йæ алыварс цæрджытæ зиуы æрæмбырд сты. Иу хуыцаубоны-иу хæдзарæн йæ къултæ самадтой, иннæ хуыцаубоны та-иу ын йæ сæр æрæхгæдтой. Кæд хъæуы цæрджытæн сæ фадæттæ хорз нæ уыдысты, уæддæр 23-аздзыдæй фæстæмæ лæппутæй æнæ усæй ничи бадт.

НОГ ЦАРДАРÆЗТ

1929 азы хъæуы сарæзтой колхоз. Ног рацарæзты рæстæг хъæу дих кодта дыууæ колхозыл: йæ иу хай хуынд «Индустри», иннæ

ærdæг хаста Хетæгкаты Къостайы ном. Сæрдартæй равзæрстой Тедеты Алексийы æмæ Добаты Дауыты.

Алы азты колхозæн дæсны сæрдариуæг фæкодтой Хъайтмазты Къоста (15 азы дæргъы), Гаджиты Матвей, Козаты Спъиридон, Абойты Лаврентиы (Сихъоты Сардойы сиахс), Суанты Аба, Хъайтмазты Бесо, Туаты Гиго, Козаты Сафонка, Куыдзæгты Костя, Къозонты Къоста (уыд Ногирæй).

Колхозон арæзтад куы райдыдта, уæд адæм фæтызмæг сты. Æнæууæнчы цæстæй акастысты кæрæдзимæ. Кæй кулак схуыдтой, кæй – хъæздыг цæрæг, кæй рæстæмбис цæрæг, кæуыл та мæгуыры гакк сфидыдта. Фæлæ хъæуы уыдис хъæддых партион æмæ фæскомцæдисон организацитæ, æмæ сæ уæнгтæ адæмæн æмбарын кодтой ног царды нысантæ. Козаты Сафонка уæды рæстæджы уыдис хъæуы разамонæг æмæ хурмæ хаста кулакты митæ.

Хъæуы партион организацийы рæнхъыты уыдысты, советон цардарæзт фидар кæнынил æнувыдæй чи архайдта, ахæм куырыхон лæгтæ, йæ сæргъы – Сихъоты Алыксандр. Уый лæмбынæг касти алы партион уæнджы архайдмæ дæр æмæ сын лæвæрдта хъæугæ амынддзинæдтæ.

Партион организацийы æвзыгъд коммунисттæ уыдысты: Туаты Хасæхъо – фыццаг дунеон хæсты архайæг, Георгийы дзуары æххæст кавалер; ахæм хорзæхтæ уыд Куыдзæгты Соброн æмæ Никъаламæ дæр. Хъæуы кадджындæр лæгтыл нымад уыдысты Туаты Хадзымæт æмæ Гæдули, Дарчиты Антъон æмæ Григол, Хозиты Додти æмæ Ясон, Хозиты Никъала (уыд ревкомы уæнг, фæстæдæр Æрыдоны райкомы секретарь) æмæ Федя, Суанты Аба, Кучиты Гæстæн, Сихъоты Дафа, Абайты Цопан, Дзалаты Уасил æмæ иннæтæ.

Туаты Хадзымæт куыста колхозы арæзтадон бригады бригадирæй. Йæ разамындæй арæзт æрцыдысты колхозы бæхдæттæ, хъомдæттæ, силосы уæрмытæ, куырой. Уæдæ Кировыхъæуæй раздæр Цæгат Ирыстоны электрон станцæ арæзт никуы æрцыд, æмæ уый дæр уыдис Хадзымæт æмæ йæ хъобайнаг æрдхорд Баймæтаты Цыппуйы разамындæй.

Уый уыд афтæ. 1934 азы хохы цъассытæй æрлидзæг адæм иумæйагæй бавнæлдтой, Бухарин йæ амæлæты размæ сæ курдиатмæ гæсгæ цы электростанцæйы комплект сæрвыста, уый аразынмæ.

Цыбыр рæстæгмæ хъæуы цæрджытæ сæ цæстытæй федтой аргъæутты диссаг – электрон рухс. Хъыгагæн, хæсты рæстæджы, немыц хъæумæ куы ‘рбабырстой, уæд æй ныппырх кодтой, фæлæ 1948 азы хъæуы цæрджыты хъæппæрисæй ногæй Туацъæйы суадон æмæ Терчы дæттыл цалцæггонд æрцыд сæ электростанцæ (уыцы рæстæг электрон тыхæн æхца фидын нæ хъуыд, уыд лæвар. Станцæйы та хъахъхъæнæгæй куыста Абайты Алыксандры хистæр фырт Зауыр).

1926 азы хъæумæ æрвыст æрцыдис фыццаг трактор «Фордзон». Трактор скъæрынмæ цæрджытæй ничи арæхст, фæлæ фæлварын хъуыд, æмæ ацы хъуыддаджы сæрæндæр разындысты Хозиты Лекса æмæ Дзоцъиты Хазби (Гуыбыр). Уыдон акодтой фыццаг ауæдзтæ колхозон быдырты. (Фæстæдæр сæ бафæзмыдтой Козаты Алексей (Тытын), Дзоцъиты Адæбе (Дæбе), Таугазты Таймураз, Мурасты Жоркæ, Мамиаты Гермæн, Сихъоты Уырызмæг, Хозиты Ладимер (Цъæх), Гаджиты Витя æмæ иннæтæ. Систы зындгонд механизатортæ, æмæ сæ ном айхъуыст районы дæр.

Афтæ колхозонтæ ног уавæрты ахуыр кодтой фæллой кæнынил. Изæрыгæтты-иу, бричкæйы бадгæйæ, фæндырцæгъдгæ æмæ заргæйæ, здæхтысты быдырæй. Колхозы уыдис авд бригады, æмæ социалистон ерыс кодтой кæрæдзиимæ. Фæуæлахизуæвæгæн та æдзухдæр лæвæрдтой цæугæ сырх тырыса. Уыдис, уæртджын хæфсы ныв кæм уыд, ахæм тырыса дæр æмæ-иу уый та бацис фæстæзаддæр бригады. Æдзухдæр Хетæгкаты Къостайы номыл колхоз уыдис нæ республикæйы раззагдæр хæдзарæдты æмрæнхъ.

1937 азы онг хъæу хуынд Къардиу, уый фæстæ хаста Бухарины, стæй та – зындгонд революционер Кировы ном.

НÆРГÆ ХÆДЗАРАД

1949 азы, колхозы правленийы уæнгтæ æмæ хъæубæсты цæрджыты уынаффæмæ гæсгæ дыууæ колхозы баиу сты, æмæ йын Хетæгкаты Къостайы ном радтой. Уый иумæйаг царды рацарæзтыл фæзынд хуыздæрмæ.

Къозонты Къоста (ногираг) – раззагдæр коммунист, пенсийы куы рацыд, уæд Æрхонкæйы райкомы бардзырдмæ гæсгæ нысангонд æрцыд Хетæгкаты Къостайы номыл колхозы сæрдарæй (пенсимæ рацыды размæ куыста Æрхонкæйы райкомы партийы 1-аг секретарæй).

Къозоны-фырт хорз зыдта колхозты царды хабæрттæ. Æрхонкæйы районы хæдзарæдтимæ абаргæйæ, Хетæгкаты Къостайы номыл колхоз нымад уыд фæстæзадыл. Куыд бæрнон коммунист, афтæ йын партийы разамынд йæ размæ стыр хæс сæвæрдта – цыбыр рæстæгмæ хæдзарады фæстæзад номхыгъдтæй раззагдæрты æмрæнхъмæ ракæнын. Æхсæвæй-бонæй куыста, йæ фадат куыд амыдта, афтæ æппæт мадзæлттæй дæр архайда адæмы цард социалон æмæ экономикон æгъдауæй фæхуыздæр кæныныл. Уыд хæларзæрдæ, æмгарджын æмæ бæрнон адæймаг. Уæлдæр хицауадимæ йын уæрæх бастдзинæдтæ кæй уыд, уымæ гæсгæ, фыццаджыдæр, паддзахады къазнайы размæ йæ дæлбар колхозы уæхсчытыл цы стыр хæслæвæрд æрæнцой æхцайы фæрæзтæй, уый йæ къухты бафтыд сисын. Цалдæр азмæ йæ активон архайдæй хъæубæсты цæрджыты царды æмæ куысты уавæртæ йе 'мцæдисонтимæ бæлвырд фæхуыздæр кодта, куыд экономикон, афтæ социалон æгъдауæй дæр. Хъæздыг тыллæг исын райдыдтой сæ хуымгæндтæй, æфснайынæн фæзынд ног техникон фæрæзтæ, фосы нымæц фылдæрæй-фылдæр кодта.

Зындгонд фыссæг Айларты Измаил мын куыд дзырдта, афтæмæй хъæуы хистæртæ уыдысты куырыхон æмæ зондджын. Уымæн бирæ æвдисæндартæ ис. Сæ иу – стыр хицауады минæвæрттæй Хъуылаты Хъуыбады (обкомы 1-аг секретарь). Иурæстæджы хицауадæй цалдæр лæгимæ æрцыдысты фæрсынмæ Къозонты Къостайы размæцыд колхозмæ. Бæлвырддæрæй сæ фæндыд базонын колхозы раззагдæр кусджытæ æмæ специалисттимæ æрныхасæй, быдырон куыстытæн хуыздæр æмæ афойнадыл куыд бакæнæн ис, æнæрæдыддæр куыд уыдзæн, стæй ма бирæ æндæр хæдзарадон фарстатæ райхалын. Уый дзурæг уыд ууыл, уыцы рæстæг хицауад æмзондæй кæй райдыдта иудзинадыл архайын хуымæтæг кусæг адæмимæ.

Колхозонты цард кæй фæхуыздæр, ууыл чиныг «Культура и быт осетинского крестьянства»-йы Мæхæмæтты Æхсарбег фыста: «О доходности колхозного трудодня можно было судить уже по одному тому, что заработок только одного человека в семье полностью может удовлетворять жизненные потребности всей семьи. Это видно хотя бы на примере колхозников сельхозартели имени Коста Хетагурова сел. Кирово. Так, колхозник Спиридон Моураов на свои трудодни в 1959 году получил 10 тысяч рублей деньгами и

3900 кг зерном; Хазби Дзоциев – 14 тысяч рублей и 4468 кг зерна; А. Боциев – 15 тысяч 248 рублей деньгами и 6100 кг зерна. Они же получили много овощей и других продуктов. Эти доходы в полной мере обеспечивают нормальный жизненный уровень членов семей перечисленных колхозников…»

Къостамæ бæргæ бирæ хорз фæндтæ æмæ хъуыдытæ уыд, фæлæ, хъыгагæн, куысты фæдыл цæугæйæ, йæ шофыр Дарчиты Махарбегимæ бахаудысты фæндаггон фыдбылызы, æмæ йæ царды цырагъ ахуыссыд. Чи йæ зыдта, уыдоны зæрдæты баззад фæзминаг хистæр, дæсны разамонæг æмæ æнæзæрдæхудт адæймагæй. Кировыхъæуккæгтæй абон дæр рох нæу йæ цыты ном.

1957 азы, колхозы активы уынаффæмæ гæсгæ, уæлдайдæр Хъайтмазты Къоста æмæ Козаты Сафонкайы хъæппæрисæй, æрыгон специалист Мæрзойты Хадзымуссæйы фырт Хъазыбег æвзæрст æрцыд сæрдарæй. Фæлтæрдджын хистæртæ нæ фæрæдыдысты. Мæрзойы-фырт сын сæ намысы тырыса бæрзонддæр систа æмæ Кировыхъæубæстæн æнтыстджынæй сæрдариуæг фæкодта æртын азæй фылдæр. Бонæй-бонмæ йæ бæрнон разамындæй царды уавæр хуыздæрæй-хуыздæрмæ цыд, фæллойадон æгъдау фидар кодта.

Хъазыбеджы фарсмæ адæмы фарнæн, сомбоны рухс царды сæраппонд хъазуатон фæллой кодтой колхозы активисттæ Сихъоты Кота æмæ Адæбе, Бирæгъты Кирил, Матвей æмæ Миша, Куыдзæгты Уалент æмæ Костя, Магкаты Разиат, Къадзаты Евген æмæ Алекси, Мурасты Чермен, Дзалаты Гаппо æмæ Наталья, Добаты Дафа, Гогаты Хъазыбег, Гаджиты Барис æмæ Ксеня, Туаты Уалент, Мамытты Степка, Коциты Леуантъи, Суанты Дауит, Цъæхойты Аба, Сихъоты Габо, Кучиты Гæстæн; агрономтæ Тъуриты Валодя, Талханты Тамби, Реуазты Валодя æмæ Дзалаты Солтан; зоотехниктæ Гаджиты Алыбег, Гæцойты Иринæ, Мæрзойты Ирæ; фосы дохтыртæ Абдуллаев Нифел, Сихъоты Тасолтан, Баситы Семен (Сем), Боциты Тимур, Суанты Эльбрус (Дзо), Мамиаты Валерик; инженер Козаты Алексей, электрон тыхты инженер Дьяченко Андрей æмæ иннæтæ. Удуæлдайæ æмхуызонæй архайдтой халсарты хъæздыг тыллæг æрзайын кæныныл йæ дыргъдæтты æмæ быдырты: нартхор, цæхæра, джитъри, бадырджан, сысджы, мæнæу, харбыз æмæ афтæ дарддæр. Быдырты ма тыдтой гæн дæр. Ацы культурæйы куыстæй бæлвырд

фылдӕр ӕфтиаг хауын райдыдта хӕдзарады къазнамӕ, стӕй хъӕуы цӕрджытӕм. Уӕдӕ мыдыбындзыты чыргъӕдтӕ фылдӕрӕй-фылдӕр кодтой, ӕмӕ колхозы къӕбиц мыдӕй дӕр уыд дзаг.

Мӕрзойы-фырты хӕрзтӕ Кировыхъӕубӕстӕн сты ӕгӕрон. Хицауад, уый ӕнкъаргӕйӕ, стыр аргъ скодта йе ‘вӕллайгӕ куыстӕн, ӕмӕ йын радтой Социалистон Фӕллойы Хъӕбатыры кадджын ном.

Социалон ӕмӕ экономикон ӕгъдауӕй хӕдзарад бонӕй-бонмӕ хъӕздыгӕй-хъӕздыгдӕр кодта. Колхозы цы алыхуызон фермӕтӕ сырӕзт (хъомты, лыстӕг фосы, хуыты, бабызтӕ ӕмӕ кӕрчыты), уыдонӕй стыр хӕлц ӕфтыд хӕдзарады ӕмӕ паддзахады къӕбицтӕм. Науырӕй хӕхбӕстӕм-иу сӕрдыгон фӕзтӕм фос куы тардтой, уӕд уыдысты мингӕйттӕ, ӕмӕ-иу сыл цӕст не ‘ххӕссыд. Фыййӕуттӕ уыдысты Ленины орденхӕссӕг Дзоцъиты Дауыт, Боциты Алешкӕ ӕмӕ Михел, Айларты Хаджумар, Челдыты Коля, Хъадаты Алыксандр, Кучиты Хъуыдӕберд, Дарчиты Артъем, Хъайтмазты Лыксы ӕмӕ Уасил (Сечкӕйы фырт), Туаты Джиуӕр. Уыдон фосдарды куысты нымад уыдысты раззагдӕртыл сӕ фермӕйы хицау Мамытты Степкӕимӕ иумӕ (фосы рӕгъӕутты нымӕц хӕццӕ кодта иуӕндӕс минмӕ). Бинонтӕй иппӕрд уӕвгӕйӕ, се ‘ппӕт дӕр ӕхсӕвӕй-бонӕй, къӕвдайӕ-хурӕй бӕрнонӕй архайдтой ӕмхуызонӕй, цӕмӕй фосы нымӕц фылдӕрӕй-фылдӕр кӕна лӕппын фосы фӕрцы, къаддӕр фыдбылызтӕ сыл цӕуа, ӕмӕ хӕдзарады рӕзтӕн пайдахӕссӕг уой. Баситы Бибойыл кӕд 90 азмӕ ӕввахс цыд, уӕддӕр бӕрнонӕй зылд ноггуырд уӕрыччытӕм – лӕппын фосмӕ.

Хъӕубӕсты ӕрмдӕснытӕ Дарчиты Агор, Боциты Иликъо, Мурасты Иликъо, Гогаты Ко, Гогаты Дзапар ӕмӕ иннӕтӕ кӕд бирӕ цӕрӕг хӕдзӕрттӕн арӕзтой дуӕрттӕ, рудзгуытӕ, стъолтӕ, бандӕттӕ, хорӕфснайӕн къутутӕ ӕмӕ ӕндӕр хӕдзарон кусӕн дзаумӕттӕ, уӕддӕр Хъазыбегмӕ уый фаг нӕ каст, ӕмӕ сарӕзта сӕрмагонд арӕзтадон бригад (Баситы Вало ӕмӕ Баситы Сӕдже, Бурдзилты Мурат, Гогаты Ладемыр, Годжыцаты Федя, Джанайты Марки, Дзоцъиты Лӕмбег ӕмӕ Толик, Козаты Къиста, Кучиты Бабо, Кабег, Коля ӕмӕ Толик, Магкаты Левӕ, Мамиаты Хадзымурат, Хъадаты Петя, Таугазты Хадзу, Сихъоты Муради ӕмӕ Жорик, Суанты Толик, Хъайтмазты Ваня ӕмӕ Толик, Цъӕхойты Къола, Юрков Коля). Ацы ӕрмдӕсны кусджытӕ Сихъоты Цепкайы раст разамындӕй бирӕ

азты дæргъы арæхстджын фæллой фæкодтой æмæ хъæубæсты иу арæзтад иннæйы фæстæ рæзыд. Фæзындысты фосдарæн фермæтæ, машинæтæ æмæ трактортæн гаражтæ, абана, хорæфснайæн гонтæ…

Дзулфыцæны разамонæгæй бирæ азты фæкуыста Челдыты Верæ. Дьяченко Шурæ, Челдыты Картинкæ, ХозитыТуайон Зоя, Кучиты Сафиат, Козаты Лизæ цы хæрзад пух дзултæ фыхтой, уыдонæй хайджын уыдысты æппæт фермæты, быдырты кусджытæ, рæвдауæндоны сабитæ, скъоладзаутæ… Уый фæстæ дзулфыцæны куыстæн разамынд лæвæрдта Хозиты Зоя.

Хъæубæсты цæрджыты удæнцойæн ма арæзт æрцыдис куырой. Куыройгæстæ уыдысты Мамиаты Сагъи, Туаты Диккыр, Добаты Уасил, Гогаты Костя, Туаты Махарбег.

Посты хайады алы азты куыстой Сихъоты Оля (Уæлыккæ), Мæрзойты Варя, Хъайтмазты Таня, Козаты-Хъуппеты Аня, Суанты-Туайон Алинæ; постхæсджытæй – Боциты Оля, Козаты Замирæ, Челдыты Верæ, Дзоцъиты Эллæ, Гайты Аннæ, Гæцойты Виолетæ.

Клубы хъæуккæгтæн лæггад кодтой Козаты Ростик, Абойты Андрей, Мамиаты Журинæ, Дзоцъиты Иларион (Ила), Гаджиты Фатимæ, Гайты Зæлинæ. Хистæрты мысинæгтæм гæсгæ, Мамиаты Журинæ бæрнон цæстæй кастис йæ куыстмæ æмæ уæлдай уаз бавæрæн бахаста хъæуы культурон цардмæ. Алы кары адæмæн байгом кодта героикон зарджыты (йæ архайджытæ уыдысты Сихъоты Коля, Козаты Ростик, Абойты Андрей), драмон, фæндырдзæгъдджыты, кафджыты къордтæ. Кафджыты къордæн цалдæр азы дæсны разамынд фæлæвæрдта Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг Мæрзойты Вано. Ирон æмæ Куклаты театрты, Паддзахадон кафджыты ансамблы артисттæ дæр сæ спектакльтæ æмæ концертон программæтимæ кировыхъæуккæгты зæрдæтæ рухс кодтой сæ аивадæй. Фысджыты цæдисимæ æнгом бастдзинад уыд поэт, Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг Гаджиты Георгийы фæрцы. Хъæуы цæрджытæ æмæ рæзгæ фæсивæдæн фысджытимæ арæх арæзт цыд алыхуызон цымыдисаг сфæлдыстадон фембæлдтытæ.

ХЪÆУБÆСТЫ УДÆНЦОЙÆН АРХАЙД

Адæм уалдзыгон æмæ фæззыгон куыстыты рæстæг уæлдай æнæвдæлон уыдысты. Уый хынцгæйæ, колхозы правленийы раза-

мынды уынаффæмæ гæсгæ сывæллæттæн байгом кодтой рæстæгмæ (сезонный) рæвдауæндон. Фыццаг разамонджытæй дзы куыстой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты активон архайæг, ирон чызджыты фыццаг батальоны уæнг Къадзаты-Коциты Дуня, райдиан кълæсты ахуыргæнæг Мысыккаты Хадизæт. Хъомылгæнæгæй дзы куыста æрыгон специалист Дзалаты Анисæ (абоны онг дæр йæ зæрдæ нæ аивта йæ равзæрд дæсныйадыл æмæ лæггад кæны сабитæн). Хæри-наггæнджытæй куыстой Таугазты Дзирæт æмæ Рæмонты Ленæ, гæрстæхсæгæй – Цъæхойты-Челдыты Саня.

Сывæллæттæн æмæ кусджытæн цы нывыл уавæртæ сарæзтой улæфæн бынæтты, стæй хъазæнтæ, хæринаг, хуыссæнуæттæ – иууылдæр уыдысты лæвар.

Рæвдауæндоны алывæрстæ хæрзвадат кæнынил та зæрдиагæй архайдта скъолайы райдиан кълæсты ахуыргæнæг Суанты Хъауыр-бег. Ацы бæрзондгомау, хæдæфсарм уæздан хистæры фæлгонц кировыхъæуккæгты зæрдæты ныууагъта арф фæд. Хъауырбег хистæрæй сывæллонмæ алкæй зæрдæмæ дæр ссардта сæрмагонд фæндаг æмæ сын сси уарзон, фæзминаг хистæр. Цыбыр рæстæгмæ рæвдауæндоны цæхæрадон æмæ йæ алывæрстæ дзæнæты бынатау саив кодта алыхуызон бæлæстæ, къудзитæ, дидинджытæ, хъæдын скульптурæтæ æмæ змисын къуымтæй арæзт хъазæн фæзтæй. Иу клумбæ иннæмæй цымыдисагдæр æмæ аивдæр сфæлыста алыхуызон дидинджытæй. Æвæццæгæн, Хъауырбегæн æрдзæй лæвæрд уыд курдиат ахæм архитектурон мадзæлттæ фæлындынмæ. Райдайæн кълæсты-иу йæ уроктæ куыддæр фесты скъолайы, афтæ та-иу уай-тагъд балæууыд рæвдауæндоны кæрты. Сабитæ, дам, зæрдæ зонынц. Йæ алыварс-иу амбырд сты мыдыбындзытау, æмæ та-иу уый дæр сæ астæу æрбадт æмæ-иу сын райдыдта аргъæуттæ, радзырдтæ, Къостайы æмдзæвгæтæ дзурын. Семæ-иу чысыл сабийау хъазыд алыхуызон хъæзтытæй.

Мысыккон Хадизæты фæстæ рæвдауæндоны разамонæгæй кусын райдыдта Æлборты-Хозиты Тамарæ.

Иурæстæджы рæвдауæндон æхгæд æрцыд, фæлæ 1986 азы ногæй цалцæггонд агъуыст йæ дуæрттæ байгом кодта. Ног рæвдауæндо-ны сæргълæууæг Куыдзæгты Валя уыд бæрнон адæймаг, уарзта сывæллæтты æмæ йе 'мкусджытимæ нывыл уавæртæ сарæзта сæ

раст хъомыладæн. Бирæ азты дæргъы æнæ зæрдæхудтæй фæкуыста рæвдауæндоны разамонæгæй, стæй йæм скъоламæ фæдзырдтой ахуыргæнæгæй кусынмæ. Йæ фæстæ рæвдауæндоны сæргълæууæг сси Баситы Антонинæ. Хъомылгæнджытæй йемæ куыстой Айларты Розæ, Дзалаты Анисæ, Мякишева Валентинæ; хæринаггæнджытæй – Рæмонты Ленæ, Козаты Ринæ, Боциты Илианæ. Абон рæвдауæндоны ис дыууæ къорды, йæ сæргълæууæг у Калоты Дианæ.

Дуджы цыдимæ цард аивта. Колхозты фехæлдимæ рæвдауæндæтты куысты уавæртæ дæр фæуæззаудæр сты. Сæ размæцыдæн хъуыд хъæуы хæрзгæнджыты æххуыс. Кировыхъæубæстæ та хæрзгæнджытæй цух никуы уыд, уæлдайдæр рæзгæ сабитæн. Рæвдауæндоны коллектив стыр бузныг у амалхъом фæсивæдæй – Гогаты Аслан, Гаджиты Аслан, Козаты Аслан, Хъайтмазты Алан, Туаты Ирбег, Айларты Алыксандр æмæ иннæтæй. Ацы фæсивæд æрвылаз дæр бахæссынц се 'ххуысы хай сабиты хуыздæр уавæрты хъомыладмæ.

Кировыхъæуккæгтæй бирæтæ нал хъуыды кæнынц, хъæуы астæу æфсæйнагæй цы архитектурон кулдуар-аркæ ис, уый Суанты Хъауырбеджы проектмæ гæсгæ Мæрзойты Хъазыбеджы бардзырдæй цыбыр рæстæгмæ арæзт кæй æрцыд æмæ абон дæр аив цыртдзæвæнæн кæй лæууы хъæуы астæумæ æрбацæуæны.

Хъæуы амбулаторийы адæмы æнæниздзинадыл чи аудыдта, уый уыд йæ фыццаг дохтыр Сихъоты Антонинæ. Бирæ хæрзты бацыд хъæубæсты адæмæн афойнадыл медицинон æххуыс бакæныны. Фæстæдæр Туаты Уанкъайы хæдзары байгом медицинон пункт. Фелшырæй дзы куыста Козаты Верæ, медицинон хотæй – Туаты Рая (Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг), Хъайтмазты Замирæт, Гогаты Ирæ, Туаты Надя та – санитаркæйæ.

Колхозы правленийы уынаффæмæ гæсгæ, амбулаторийæн ног сæрмагонд иууæладзыгон агъуыст арæзт куы æрцыд, уæд дзы дохтыртæй куыстой кæнæ кусынц Тебиаты-Суанты Зоя, Куыдзæгты Тæирæ, Челдыты Лазыр, Гогаты Лидæ, Годжыцаты-Ногъайты Земфирæ, Гайты Фатимæ, медицинон хотæй – Гаджиты Зитæ, Туаты Азæ.

Хъæубæсты удæнцойæн конд уыд иннæ хъуыддаг дæр. 1926 азы хъæуы сæйраг уынджы Хозиты Христофоры хæдзары байгом кæсæндон-хæдзар Туаты Уасилы чызг Варварæйы разамындæй. Æрыгон чызг бирæ уарзта йæ куыст. Адæм-иу фæскуыст изæры-

гætты куы æрбамбырд сты, уæд сын каст алыхуызон хабæрттæ, цы газеттæ æмæ чингуытæ уыд сæ къухы, уыдон. Фæстæдæр, 1928 азы, кæсæндон-хæдзар æрбынат кодта Туаты Валентинæйы хæдзары. Куыста дзы Цъæхойты Матвейы фырт Владимир. Газеттæ æмæ журналтæ фылдæрæй-фылдæр кодтой, фæзындис ног чингуытæ дæр. Хъазтизæртæ, алыхуызон фембæлдтытæ, æрмдæсныты кружоктæ чиныгдоны куыст кодтой цымыдисаг. Хъæу куыд рæзти, афтæ чиныгкæсджыты æмæ чингуыты нымæц дæр фылдæрæй-фылдæр кодта. Колхозы разамындæй 1948 азы чиныгдонæн снысан кодтой уæрæхдæр уат правленийы хæдзары. Разамонæгæй йын нысангонд æрцыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран Бирæгъты Раисæ (бакуыста дзы суанг 1967 азмæ. 1945 – 1948 азты та куыста Кировыхъæуы астæуккаг скъолайы райдиан кълæсты ахуыргæнæгæй). Чиныгдоны куысты цы раст уагæвæрд сарæзта чиныгуарзджытæн, уый йæ иузæрдион архайдæй 1967 азæй 2019 азмæ фæхаста Таугазты-Гогаты Уæздинцæ. Абон чиныгмæ уарзондзинад æмæ зонды суадоны фарнæн дуджы домæнтæм гæсгæ кировыхъæуккæгтæн иузæрдион лæггад кæны Бырнацты-Хъариаты Ритæ.

Ноджы ма бирæ æндæр алыхуызон мадзæлттæ арæзт цыд Кировыхъæуы адæмы социалон æмæ экономикон уавæртæ фæхуыздæрæн, стæй кусæг адæймаджы цардыуаджы хорзæхæн.

Бигъуылаты Уырысхан цы куырдадзы куыста, уым йæ хъæппæрисæй цалцæггонд цыдысты æрмæст колхозон техникæ нæ, фæлæ хъæубæсты адæмæн сæ кусæнгæрзтæ, уæлдайдæр уалдзæджы æмæ фæззыгон куыстыты рæстæг.

Хъæубæсты сабыр царды охыл удуæлдай лæггад чи кодта, уыдонæй иу уыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран, зынгзæрдæ коммунист Бирæгъты Миша. 1956 азæй 1970 азмæ фæкуыста участочы милиционерæй. Йæ хорз куысты тыххæй хорзæхджынгонд æрцыд Мидхъуыддæгты министрады номæй цалдæр майданæй æмæ Кады гæххæттытæй.

Мæрзойты Хъазыбег Кировыхъæуæн колхозы сæрдарæй фæлæггад кодта æртын азæй фылдæр. Йæ дæлбар хæдзарад республикæйы сси раззагдæр æмæ фæзминаг хæдзарæдтæй иу. Фæстæдæр ын йæ фæлтæрддзинадæй пайда кодтой колхозы дарддæры рæзтæн ног фæлтæры сæрдартæ Козаты Мæирбег, Гогаты Павлик, Æмбалты

Михал, Мæрзойты Вало (Хъазыбеджы кæстæр æфсымæр), Козаты Валерик (Гаги), Айларты Валерик. Стыр хъыгагæн, XX æнусы уæззау 90æм азты рацарæзты Советон Цæдисы фехæлдимæ ныххæлæттаг ис Хетæгкаты Къостайы номыл колхоз дæр…

Хæдзарад ма йæ рæзты фæндагыл куы уыд, æмæ Мæрзойты Хъазыбегæн Социалистон Фæллойы Хъæбатыры ном куы радтой, уæд-иу газеттæ æмæ журналты фæрстыл арæхæй-арæхдæр фæзындысты алыхуызон æрмæджытæ. Зындгонд фыссæг Мæрзойты Сергейы очерк «Восхождение» 1966 азы рацыд литературон-аивадон æмæ æхсæнадон альманах «Советская Россия»-йы. Ис дзы, зæгъæм, ахæм хъуыдытæ: «Хроника села Кирово еще не написана. А летописцу наших дней есть о чем рассказать современникам и потомкам...

– Трудно было, очень трудно поднимать хозяйство, – рассказывает председатель колхоза имени Коста Хетагурова Казбек Марзоев. – Нам, молодым, это было бы не под силу, если бы мы не ощущали тепло заскорузлых рук ветеранов колхозного производства. Ксения Гагиева, Пре Дзалаев, Коста Кайтмазов, Алексей Кадзаев, Лаврентий Коциев, Дуня Боциева... Да разве всех перечислишь?! Изможденные, в поношенных телогрейках, они исходили какой-то неуемной силой и энергией. Они прошли огни и воды, не раз глядели в лицо беде, и все-таки в них жила извечная мудрость, та преданность земле, которая нас, молодых, просто за живое брала…

Молодость села... Ее чувствуешь и в огненных танцах колхозного ансамбля, и в отменно возделанных конопляных полях ученической бригады, и в студенческой зачетке Иры Гацоевой, и во всем облике нашего села.

Село наше невелико. 2170 жителей. 400 дворов. Но сельчане не боятся специализации хозяйства. Климат, почва, годами складывавшиеся трудовые навыки и наклонности, интересы артельного хозяйства – все это само собой определило многоотраслевой облик артели. И в каждой отрасли есть мастера, сложились традиции. Они и впредь будут развиваться гармонично, с пользой для общего дела.

Но речь шла об облике села. Жители Кирово и пионеры, и аборигены. Говорят, под одной из улиц, покрытой нами гравием, старожилы заметили и запомнили мощеный след трассы, по которой приезжал в Осетию Пушкин. Возможно, это легенда. Но каждое

людское поселение вполне закономерно обрастает бывальщиной.

Приходят на память и строки Нигера. Трагическая история героя одной из поэм поэта разыгралась именно здесь, в Кардиу (так раньше называли наше село).

Здесь же взлетела мужественная песня Якова Хозиева...»

Гъе афтæ нывæстой уыцы рæстæг фæллойуарзаг хъæуы фæлгонц.

ФЫЦЦАГ ИМПЕРИАЛИСТОН ХÆСТ ÆМÆ РЕВОЛЮЦИ

Кировыхъæуккæгтæн сæ лæгдзинад алы дуджы дæр цыд сæ разæй.

Туаты Хасæхъо Фыццаг дунеон хæстæй ссыдис Георгийы дзуары æххæст кавалерæй.

Куыдзæгты Лекъы авд фыртæй Хъапар, Соброн æмæ Никъала уыдысты революцийы активон архайджытæ, хæцыдысты Фыццаг империалистон хæсты паддзахы æфсæдтимæ дæр. Соброн æмæ Никъала хорзæхджынгонд уыдысты Георгийы дзуарæй. Никъала уыд чекист. Собройы ном фыст æрцыд Ирыстоны Хъайтарты номхыгъды Намысы фæйнæгыл Дзæуджыхъæуы Уырыссаг Академион театры раз.

Се ʻхсардзинадæн æвдисæн у, Терчы облæсты инæлар-губернатор Колюбакин 1907 азы 13 январы цы гæххæтт бафыста, уый дæр. Бакæсæн дзы ис: «Старшине Зарамагского прихода Темболату Магкаеву. Взыскать с горца-осетина бедняка Лека Батразовича Кудзагова контрибуцию в сумме 200 рублей за активное участие его сыновей в 1905 – 1906 гг. в городе Владикавказе в политических революционных вооружениях, стачках и бунтах. Установлено, что братья Кудзаговы – Николай, осетин, батрак, возраст 17 лет; Соброн, осетин, приказчик, возраст 19 лет; Андукапар, осетин, приказчик, возраст 20 лет), на первомайских митингах в 1905 году бунтовали, возбуждали народ, приказчиков, рабочих, ремесленников против самодержавия. Из следственных показаний установлено, что выше названные братья в октябре того же года принимали активное участие в политических бунтах против правительственного строя... Братья Николай и Соброн Кудзаговы из пистолетов обстреливали портрет государя императора, а Андукапар нес революционный красный флаг».

ФЫДЫБÆСТÆЙЫ СТЫР ХÆСТ

Лæгдзинад, хъæбатырдзинад æмæ адæймаджы æппæт миниуджыты хуыздæр бæрæггæнæн у Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дуг. Normalizing Кировыхъæуы фæсивæд фæсте нæ баззадысты. 526-æй аивылдысты фыдызнаджы ныхмæ лæгæвзарæн тохы быдырмæ. Хъыгагæн, 218-æй баззадысты æдзардæй тугкалæн быдыры уæлахизы салдæттæй. Кад æмæ намысимæ «сыздæхтысты» æнæмæлгæ хъæбатырты цыртдзæвæнæй Кировы хъæугæронмæ æмæ ныр æдзæмæй лæууынц, «фæлгæсынц», сæ удтæ кæмæн снывонд кодтой, уыцы царды цыдыл.

«Хæсты фыццаг бонты æрыгон лæппутæ бричкæты цыдысты Æрхонкæйы æфсæддон комиссарадмæ. Фæлæ канд адæм нæ цыдысты хæстмæ. Хæцæг æфсады хъуыд техникæ, кусæг фос, æмæ колхозонтæ хæдзарады хуыздæр трактортæ æмæ бæхты æрвыстой фронтмæ», – фыссы Куыдзæгты Валодя.

Кировыхъæуккæгтæ сæрбæрзонд сты, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи архайдта, стыр хъæбатырдзинæдтæ чи равдыста, уыдонæй: тæхæг Туаты Виктор (Вики); булкъонтæ Бирæгъты Созыр – тæхæг, Мамиаты Естъа (бирæ азты дæргъы фæкуыста Стъараполы горæты военкомæй), Хъайтмазты Георги – майор, Туаты Петрос – 1-аг рангы капитан (хæсты фæстæ куыста Бакуйы денджызон училищæйы, лекцитæ каст курсанттæн), Мурасты Виссарион – дæлбулкъон (бирæ азты дæргъы фæкуыста Цæгат Ирыстоны университеты), Мамиаты Тотрадз – капитан, Къадзаты Состыкк – гвардийы булкъон, артиллерист, ракетчик.

Козаты фондз æфсымæры – Стъепан, Спъиридон, Макъар, Антъон, Христофор – тохы быдыры цы лæгдзинад æвдыстой, уый тыххæй арæх фыстой центрон, республикон æмæ районы мыхуыры фæрстыл. Сæ номыл цы кады зарæг æмæ æмдзæвгæтæ ис, уыдон баззадысты ног фæлтæртæн сæ намыс мысынæн.

Знаджы ныхмæ тохы ма лæгдзинад æвдисгæ фæцыдысты Мамыттæ Русудан æмæ Руманæн (Иорам) сæ цыппар фырты – Хъамболат, Евген, Лексо, Илья æмæ йе ‘фсымæры дыууæ сидзæры Лаврентий æмæ Æхсарбег (фæстæмæ ма сæ сыздæхт æрмæстдæр Илья); Гайты Сидæйы фондз фырты – Битар, Додти, Иликъо, Бабо æмæ Петка (æфсымæрты кæстæр Петка нал сыздæхт тохы быдырæй); Дзанайты Лавренты цыппар фырты – Уардан, Гæдули, Даки æмæ Ефим (Ефимы номыл

«сау гæххæтт» ссыд æмæ йын цырт дæр ныссагътой, фæлæ цæфтæй сыздæхт сæрæгасæй Уæлахизы салдатæй, æмæ цырт ныппырх кодтой).

Сихъоты Дафайы фырттæ Гаврил æмæ Тембол хъæбатырæй фæмардысты тохы быдыры; Токты Константины æртæ хъæбулы Сослан, Сергей, Харитон (Сергей æмæ Харитон æнустæм баззадысты хæсты быдыры æрыгон салдæттæй); Туаты Муссæйы дыууæ фырты Кирил æмæ Сергей (Кирил фæмард хæсты быдыры). Дзалаты Тасолтан, Геор æмæ Гаппо; Мамиаты Естъа, Сагъи, Тотрадз æмæ Карум (Карум æнусмæ баззад æрыгон салдатæй Украинæйы зæххыл); Козаты Агуыбе æмæ Алексей; Мурасты Чермен, Виссарион, Сергей æмæ Аким (Аким æбæрæгæй фесæфт Латвийы зæххыл); Боциты Ладо, Бирæгъты Миша æмæ Мате; Ногъайты Иван, Федыр æмæ Алыксандр (хæсты быдырæй Алыксандры номыл ссыд «сау гæххæтт» æмæ йын сæвæрдтой цырт, фæлæ уый сæрæгасæй сыздæхт, æмæ йæ цырт йæхи къухтæй сæппæрста); Мамытты Мамыт, Давид æмæ Степкæ, Гогаты Ахъмырзæ æмæ Состыкк, Къадзаты Соброн, Хъадаты Петя, Абайты Алихан, Сихъоты Хадзымуссæ, Ханджe, Кота æмæ Шамил; Куыдзæгты Валодя, Костя, Виктор, Уалент. Ноджы ма – Хъайтмазты Уасил æмæ Георги, Бырнацты Яков æмæ Трафим, Челдыты Æхсарбег (æхсæрдæсаздзыдæй бархийæ алыгъд хæстмæ, йæ азы хыгъдтæм бафтыдта дыууæ азы, афтæмæй) æмæ иннæтæ.

Хæсты райдайæнмæ ма хъæуы хæдзарады цы цауд техникæ баззад, ууыл чи куыстаид, уый дæр нæ уыд. Къадзаты Настямæ разынд уыцы хъару, æмæ сбадт тракторыл. Цыбыр рæстæгмæ йыл афтæ хорз сарæхст, æмæ боныцъæхтæй изæрдалынгтæм хъазуатон фæллой кодта, колхозы быдыртæ фæлдахгæ, зæрæдтæ, сылгоймæгтæ æмæ æнахъом сывæллæттимæ.

Гаджиты Витяйыл æртындæс азы йеддæмæ нæма цыдис, афтæмæй, хæдзарады уæззау уавæр æнкъаргæйæ, уый дæр сбадт хæлддзаг тракторыл æмæ архайдта хистæрты къухдариуæгæй се ‘мрæнхъ кусыныл. Ивæн хæйттæ дæр фаг нæ уыд, фæлæ тыхкуыстæй никуы фæтарст. Уымæн æмæ уыцы заман сабитæ дæр сæ азтæй хистæрхуыз фесты. Алкæмæн дæр сæ йæ хæдзары уæз æмæ мæт æрæнцадысты се ‘нахъом уæхсчытыл. Сæ куырыхон хистæрты хуызæн систы сагъæсджын, æмæ хæдзарады рæстæн, хæцæг æфсадæн уæхскуæзæй æххуыс кодтой.

Суанг ма ӕнӕбон, рынчын чи уыд, уыдон дӕр се ‘ххуысы хай хастой: чи бӕхтӕрӕгӕй, чи донласӕгӕй куыста, сылгоймӕгтӕ – хӕринаггӕнджытӕй, скъоладзаутӕ – быдырон куыстыты. Хистӕр фӕлтӕр куыд дзырдтой, афтӕмӕй, Мамиаты Садуллӕ кӕд рынчынтӕ хаста, уӕддӕр йӕхи куыстӕй иуварс нӕ ласта. Архайдта сын сӕ къух фӕрогдӕр кӕнынил: быдырты кусджытӕн уӕрдоны ласта дон, цыбыр улӕфты рӕстӕг та-иу нӕлгоймӕгтӕн сӕ хил даста.

Цӕгат Ирыстоны сгуыхт дохтыр Мурасты Мухарбеджы зӕрдӕйы та хӕсты рӕстӕджы бонтӕ баззадысты афтӕмӕй: «1942 азы фӕззӕджы хӕст ӕрбахӕццӕ Ӕрыдонмӕ, Кировыхъӕуы та уыдысты нӕхи ӕфсӕдтӕ. Дих сӕ кодта Фыййагдон 2 – 3 км нӕ хъӕуӕй (передовая линия). Немыц Кировыхъӕуыл ӕппӕрстой бомбӕтӕ, ӕхстой сармадзаны нӕмгуытӕ. Бирӕ хӕдзӕрттӕ пырх ӕрцыдысты, уыдис лӕгмӕрдтӕ. Скъолайы бӕстыхай дӕр хъыгдард ӕрцыд…

Хъадаты Петя кӕд хӕсты быдырӕй сахъатӕй ссыд, уӕддӕр йӕ къухтӕ не ‘руагъта ӕмӕ Гаджиты Жорӕйы ӕххуысӕй (фӕстӕдӕр сси зындгонд поэт) ӕмбырд кодтой 10 – 14-аздзыдты бригадтӕ акъоппытӕ къахынмӕ. Иу бригадӕн разамынд лӕвӕрдта Жорӕ йӕхӕдӕг (йӕ уӕнгтӕ уыдысты Сихъоты Адӕбе, Хъазыбег ӕмӕ Уырызмӕг, Мурасты Георги (Жоркӕ) ӕмӕ Махар, Къадзаты Ладемыр, Алекси ӕмӕ Тугъан, Абойты Андрей ӕмӕ Коля, Хъайтмазты Мысост ӕмӕ иннӕтӕ). Ӕхсӕв-иу, цы акъоппытӕ скъахтам, уым ӕмбӕхстысты нӕ сыхбӕстӕ, уымӕн ӕмӕ тӕссаг уыд хӕдзӕрттыл бомбӕтӕ ӕрхауынӕй.

Хъӕуы скъола хӕсты бонты хъыгдард ӕрцыди, ӕмӕ цастӕр рӕстӕджы ахуыр нӕ кодтам. Колхозы быдырты кусӕг адӕм нӕ фаг кодта. 10 – 14-аздзыдтӕ ӕвиппайды айрӕзтысты. Георги нӕ разӕй, афтӕмӕй скъоладзаутимӕ ӕмгуыппӕй цыдыстӕм колхозы быдыртӕм рувынмӕ, нартхор тонынмӕ, картоф уидзынмӕ. Дон ластам кусджытӕн, карстам хос, иуӕй-иутӕ прицепыл дӕр куыстой. Цыбыр дзырдӕй, хъазуатонӕй нӕ фӕллойы хай хастам хӕдзарады рӕзтӕн».

Хӕсты быдыры чи фӕмард, уыдоны идӕдзты ӕрыгонӕй хъомыл кӕнын бахъуыд цалдӕргай сывӕллӕтты. Зӕгъӕм, Ногъайты Саридзаны бинойнаг Верӕ баззад фондз ӕнахъом сабиимӕ; Токты Петры идӕдз Соня – цыппаримӕ; Абиан Баринӕ, кӕд хӕрз ӕрыгон уыд йӕхӕдӕг дӕр, уӕддӕр бӕдулджын каркау йӕ дӕлбазыр ӕрбакодта

Къадзаты Соброны авд æнахъом сидзæры, цалынмæ уый знагимæ тох кодта, уæдмæ, æмæ сын ныййарæг мады лæггад фæкодта. Ахæм сылгоймæгтæ хъæубæсты иу æмæ дыууæ нæ уыдысты…

Уый нæ, фæлæ ма ирон чызджытæн сæхи дæр цинел æрбакæнын бахъуыд. Куыд хъуамæ ферох кæнæм, 1942 азы апрелы мобилизаци куы цыд, уæд æппæт хæстхъом фæсивæды фарсмæ кæй æрлæууыдысты 23-æм фыццаг арæзт чызджыты хицæн батальоны (ВНОС) рæнхъыты кировыхъæуккаг æвзонг фæскомцæдисон чызджытæ. Хозиты Оля, Райæ æмæ Мартæ, Къадзаты Женя æмæ Дуня, Челдыты Варя, Челæхсаты Дуня æмæ Дзоцъиты Ханиффæ кæд хæрз æрыгон уыдысты, уæддæр намысы фæндæгтыл фæцыдысты. Цæф хæстонты уæлхъус та æдзух лæууыд хирург Бигъуылаты Магдалинæ.

АХУЫРАДЫ РУХС

1924 азы партионтæ æмæ хъæуы активистты хъæппæрисæй арæзт æрцыд самандурæй амад дыууæуатон райдайæн скъола дыууæ къласæн. Ахуыргæнæн бынæттæ дзы фаг нæ уыд, æмæ алы хæдзарæй дæр скъоламæ цæуынæн бар радтой, æрмæст аст азы кæуыл цыд, ахæм сабитæн. Дыууæ къласы æдæппæтæй ахуыр кодта 26 скъоладзауы. Фыццаг ахуыргæнджытæ сын уыдысты паддзахы æфсады афицер Гаджиты Георги æмæ йæ бинойнаг, сомихаг чызг Мария, Гæцойты Харитон æмæ Сидахъты Бындзи. Дыууæ раивды дыгай кълæстæ хастой, фæлæ хъæуы æппæт сывæллæттыл кæй не 'ххæссыдысты, уый тыххæй фæстæдæр скъолайы агъуыст фæуæрæхдæр кодтой æмæ кълæсты нымæцмæ бафтыд. Цыппар къласы ныр ахуыр кодта 65 скъоладзауы. 1927 азы хъæуы агуыридурæй амад æрцыд авдазыккон скъолайы бæстыхай, æмæ йæ фыццаг рауагъд уыд 1929 азы.

Скъолайы цы сценæ уыдис, уый стыр æххуыс кодта хихъæппæрисадон къордты архайдæн. Æдзухдæр-иу алыхуызон пьесæты хъазыдысты партион организацийы активонтæ Суанты Аба, Кучиты Гæстæн æмæ иннæтæ. Афтæ Кировыхъæуы цæрæг адæмы цард хъæлдзæгдæр кодта. Хъæууон скъолайы рауагъдонтæй бирæтæ ахуыр кæнынмæ цыдысты Цæгат Ирыстоны педагогон техникуммæ. Уый фæстæ райгуырæн скъоламæ ахуыргæнджытæй æрыздæхтысты Боциты Ладо, Токты Цепка æмæ Илья, Тегкаты Екатеринæ æмæ Иринæ, Магкæты Лези, Куыдзæгты Валодя æмæ иннæтæ.

Хъæуы цæрджыты нымæц куыд фылдæр кодта, афтæ сабитæ дæр фылдæрæй-фылдæр кодтой. Кълæстæ фæфылдæр сты, æмæ скъола ссис дæсазон ахуыры астæуккаг скъола. 1941 азы хъæубæстæ, ахуыргæнджытæ æмæ скъоладзаутæ сæхи бæргæ цæттæ кодтой фыццаг рауагъдонты бæрæгбонмæ, фæлæ ныццарыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Æппæт хæстхъом фæсивæдимæ зоны скъоладзаутæн сæ фылдæр хай ацыд тохы быдырмæ…

Скъолайы фæллой йæ царды бындур кæмæн сси, адæмон ахуырады къабазы дзæвгар фæзминаг хъуыддæгтæ кæмæн бантыст, уыдон уыдысты, фыццаджыдæр, йæ директортæ Гаджиты Георги, Цуциты Валодя, Кучиты Андрей, Хозиты Федя, Реуазты Маня, Хуырымты Костя, Биджелты Шамил, Хæдарцаты Хазби, Бырнацты Георги, Добаты Сæрæби, Æлхъацаты Валодя, Боциты Барис (Бæби), Калоты Майрæм, Козаты Эльбрус, Кокайты Фатимæ, Гæцойты Эммæ, Челдыты Маринæ.

ХХ æнусы 20 – 50-æм азты ахуыргæнджытæ сæ куысты æрмæг хорз зонын æмæ йæ сывæллæттæн дæсны амонынæй уæлдай ма уыдысты фæзминаг удыхъæды миниуджытæй: Суанты Сардо æмæ Хъауырбег, Гогаты Состык, Туаты Лаврентий, Гаджиты Георги æмæ Маня, Боциты Ладо, Кучиты Андрей, Акъоты Лазыр, Козаты Егор, Хъантемыраты Никъала, Токты Цепка æмæ Илья, Гогаты Фаризæт, Суанты Оля, Хозиты Федыр, Бигъуылаты Уасил, Дзоцъиты Тотрадз, Боциты Агуыбе, Ладо æмæ Таня, Тегкаты Катя æмæ Иринæ, Багаты Лади, æппæты æрыгондæр ахуыргæнджытæ – Мурасты Сардойы фырт Виссарион, Мурасты Иликъойы фырт Сергей (Хетæг), Дзоцъиты Махарбег æмæ иннæтæ.

Скъолайы рауагъдон-хæстонты кой скодтам, фæлæ ма ам ахуырады рухсæй æххæстæй фæхайджын сты, космосон иртасæн наукæмæ бæлвырд бавæрæн бахастой иу сыхы, иу уынджы хъæбултæ: гвардийы булкъон, артиллерист, ракетчик Къадзаты Эльдзары фырт (Ильич) Состыкк æмæ инженер-булкъон, космодром Байконуры сæргмагонд хайады сæргълæууæг, космонавтикæйы къабазы сгуыхт кусæг Моурауты Самсоны фырт Георги, денджызы авиацийы службæйы булкъон Бирæгъты Егоры фырт Сергей, Паддзахадон æдасдзинады комитеты майор Хозиты Никъалайы фырт Андрей. Бафтауæн ма ис бирæ æндæр нæмттæ, се 'ппæтыл ацы уацы нæ аххæсдзыстæм.

Æндæр къабæзты сæхи равдыстой, зæгъæм, Мурасты Иликъойы фырт Сергей (Хетæг) – Карцайы консервгæнæн заводы директор, Горæтгæрон партийы райкомы 2-аг секретарь; Хозиты Уасилы (Силкъæйы) фырт Хетæг – Æрыдоны, Дигорайы, Ирæфы районты партийы райкомы 1-аг секретарь, Козаты Сафонкайы фырт Георги – профессор, Хъæууонхæдзарадон университеты ректор, Цæгат Ирыстоны Парламенты Сæрдары фыццаг хæдивæг, йе 'фсымæр Марат – æфсады булкъон, Терчы зылды хъазахъхъæгты атаман, хъазахъхъы æфсæддон инæлар.

Кировыхъæуккæгтæ сæрбæрзонд сты Уæрæсейы Федерациты Советы раздæры уæнг Быгъуылты Русланы фырт Эрикæй, нæ республикæйы мидхъуыддæгты министры хæдивджытæ, инæлар-майор Сихъоты Иваны фырт Сослан æмæ булкъон Моурауты Мишæйы фырт Мæирбегæй, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады сæйраг консультант, педагогон наукæты кандидат Бигъуылаты Уасилы чызг Людмилæйæ. Ноджы ма – Æрыдоны аграрон-технологон колледжы директор, философон наукæты кандидат Моурауты Лазыры фырт Аланæй, Уæрæсейы наукæты академийы Дзæуджыхъæуы наукон центры биомедицинон иртасæнты институты директоры хæдивæг Мамытты Гаспары фырт Тамерланæй, Уæрæсейы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг, поэт, радиожурналист Къадзаты Собероны фырт Станиславæй, Полиграфи æмæ дизайны технологон колледжы директор, педагогон наукæты кандидат Саситы Харитоны фырт Леонидæй…

СФÆЛДЫСТАДОН ИНТЕЛЛИГЕНЦИЙЫ АВДÆН

Кировыхъæуы интеллигенцийы минæвæрттæ сæ уаз бавæрæн бахастой Ирыстоны културæйы алы къабæзты рæзтмæ.

Цæгат Ирыстоны сгуыхт нывгæнæг Дзанайты Сергейы фырт Русланы арæзт скульптурæтæ Къостайæн, Хозиты Яковæн, Кировæн, Гаджиты Георгийæн æрмæст Кировыхъæуы сæйраг уынг нæ аив кæнынц, фæлæ Ирыстоны алы горæттæ æмæ хъæуты, стæй сыхаг республикæты дæр ис йæ сарæзт скульптурæтæ. Зæгъæм, Æрхонкæмæ фæндагыл скульптурон композици «Денджызон хæстонтæ» æмæ йæ иннæ куыстытæ аивадон æнкъарæнтæй рæвдауынц адæмты зæрдæтæ.

Нывгæнджыты номхыгъды сты Хозиты Джиуæры фырт Хъазыбег æмæ Хъазыбеджы фырт Махар; Гогаты Тазреты фырт Алан – нывгæнæг-скульптор, Кудзæгты Валодяйы чызг Ирина (Белла) – нывгæнæг-график.

Кировыхъæуæй фыццаг профессионалон актер ссис Туаты Муссæйы фырт Сергей. 1935 азы Ирон театры йæхи студи арæзт куы æрцыд, уæд уыд фыццаг рауагъдонтимæ. Уæлдай хуыздæр ын комедион рольтæ кæй уадысты, уымæн æвдисæн сты йе 'мдугон фысджытæ Багаты Лади æмæ Айларты Михалы мысинæгтæ.

Суанты Сардойы фырт Федыр – Уæрæсейы сгуыхт æмæ Цæгат Ирыстоны адæмон артист, композитор, оперон зарæггæнæг, Музыкалон-драмон театры солист. Нæ радиойы уылæнтыл абон дæр хъуысынц йæ нæргæ зæрдæмæхъаргæ зарджытæ. Бирæвæрсыг у йæ курдиат. Хъæбатырты зарджытæ уый хуызæн ничи кодта. Уыд арæхстджын разамонæг хихъæппæрисадон æмæ адæмон зарæггæнджыты къордтæн, ахъазыд аивадон кинонывты «Возвращение Коста» æмæ «Осетинская легенда»-йы.

Ирыстоны аивады кад бæрзонддæр чи систа, уыдоны номхыгъды фыццæгтимæ сты Цæгат Ирыстоны адæмон артисттæ Суанты Симоны фырттæ Ким æмæ Хъазыбег. Уыдон сæ фыццаг къахдзæфтæ Кировыхъæуы акодтой, къонайы хъарм æмæ ирон фарны ад фыццагдæр ам банкъардтой, кæд фæстæдæр Алагирмæ алыгъдысты æмæ астæуккаг скъола уым фесты каст, уæддæр.

Цæгат Ирыстоны адæмон артист Цæргæсты Дзамболаты сарæзт фæлгонцтæ Ирыстоны театрдзаутæн æнæзонгæ не сты. Ирон Академион театры сценæйы Чеджемты Георы фыст пьесæмæ гæсгæ зындгонд режиссер Хуыгаты Георы æвæрд спектаклы сæйраг хъайтар Цолайы комедион фæлгонцæй дарддæр куы ницы сарæзтаид, уæддæр ын фаг уыд театры историйы курдиатджын актерæй баззайынæн. Кæстæр фæлтæрæй Ирон театры сценæйыл стыр хъæппæрис æвдисынц Цæгат Ирыстоны сгуыхт артист Дзанайты Эльбрус æмæ артисткæ Боциты Заремæ. Сывæллæтты зæрдætæм фæндаг ссардта куклаты театр «Саби»-йы артист Бирæгъты Кирилы фырт Роман дæр.

Цæгат Ирыстоны културæйы сгуыхт кусджытæ Гаджиты Барисы чызг Фузæ – Национ музейы хистæр специалист æмæ ацы рæнхъыты

автор – Уæрæсейы журналистты цæдисы уæнг, Æмбалты Цоцкойы, литературон журнал «Мах дуг»-ы Дунеон премийы лауреат дæр сты ацы хъæуæй рацæугæ.

Уæдæ ма ацы фарны бынаты рахъомыл бирæ курдиатджын фысджытæ, Ирыстоны дзырдаивады къæбицмæ дзаджджын хуынтæ чи бахаста поэтикон, прозаикон æмæ публицистикон уацмысты хуызты: Хозиты Яков, Куыдзæгты Валодя, Гаджиты Геор, Бирæгъты Сафар, Туаты Сергей, Тедеты Геор, Айларты Измаил, Мамытты Илья, Хозиты Зауыр, Къадзаты Станислав, Балаты Альберт, Ногъайты Хазби, Бырнацты Барон, Абайты Амырхан, Дарчиты Мурат, Гаджиты Фатимæ æмæ Илья.

Спорты йæ ном кæмæн айхъуыст, уыдоны ‘хсæн дæр ис бирæ æвзыгъд, фæзминаг æмæ курдиатджын фæсивæд: Мамытты Гаспары фырт Гермæн (1948 – 1985) – Мидхъуыддæгты оргæнты кусæг, Советон Цæдисы спорты мастер уæззау атлетикæйæ æмæ самбойæ; Баситы Гæстийы фырт Руслан – Уæрæсейы чемпионаты бронзæ призер уæгъдибар хъæбысхæстæй; Дарчиты Махарбеджы фырт Артур – спорты мастер уæззау атлетикæйæ, йæ хъомылгæнинаг Тегкаты Юрий – Европæйы чемпион фæсивæды ‘хсæн.

Кировыхъæуы фæсивæд абон сæ фыдæлты кад æмæ намыс хæссынц дарддæр. Къадзаты Алексийы фырт Анатоли æмæ Сихъоты Котайы фырт Хъазыбег се ‘рыгон удтæй балхæдтой Ирыстоны адæмты æдасдзинад – сæ сæраппонд террористтимæ ныхмæ тохы хъæбатырæй фæмардысты. Сæ ирд фæлгонцтæ сын бюст-цыртдзæвæнтæй цæрæццаг скодта се ‘мхъæуккаг скульптор Дзанайты Руслан, æмæ ныр æдзæмæй лæууынц дæнцæгæн абоны кæстæртæн сæ райгуырæн скъолайы кæрты.

Афганистаны хæсты се ‘фсæддон хæс кад æмæ радимæ сæххæст кодтой, лæгдзинад æвдисгæйæ, Бырнацты Исмаилы фырт Эрик, Гогаты Хасаны фырт Марик, Дзалаты Тасолтаны фырт Марат, Икъоты Махарбеджы фырт Олег, Къадзаты Ладимеры фырт Олег, Мурасты Жоркæйы фырт Тимур, Туаты Костяйы фырт Андриан, Хозиты Батыры фырт Хъазыбег.

Украинæйы зæххæй фыдбоны дзæнгæрджытæ куы ‘рбайхъуыст, зын рæстæг куы скодта нæ бæстæйæн, уæддæр та кировыхъæуккаг æвзыгъд фæсивæд фæсте нæ баззадысты æмæ Сæрмагонд æфсæддон

операцийы хæцæг æфсады удуæлдай тохы æрлæууыдысты Баситы Феликсы фырт Азæмæт, Бырнацты Валодяйы фырт Тимур, Козаты Майрæмы фырт Олег, Балаты Агуыбейы фырт Георги, Тъуриты Джумберы дыууæ фырты Алымбег æмæ Сослан…

НЫФСЫ СТЪАЛЫ

Кировыхъæуы бынмæ ис сыгъзæрин æргом Бæлдæрæны дзуарбадæн. Хъæубæстæ йын алы аз дæр майы мæйы фыццаг хуыцаубоны сбæрæг кæнынц йæ бæрæгбон кадджын уавæры. Сыгъдæгзæрдæйæ йæм бакувынц, бафæдзæхсынц дзуарыл сæ кæстæрты. Абон дæр æм кувынц æмæ курынц æргом хæрзтæ æппæт адæмæн.

Хъæуккæгтæ сæрбæрзонд сты сæ фæзминаг кæстæртæй, æмæ сын бирæ бантысæд царды алы фæзылды дæр. Нæ куырыхон кадджын хистæрты кад æмæ фарны тырыса бæрзонд хæссæнт фидæны фæлтæртæм, хъæуæн йæ кады ном та æнусты сæрты нæрæд!

ДЗУГАТЫ-МУРАСТЫ Риммæ,
Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг,
Уæрæсейы журналистты цæдисы уæнг

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы барамындмæ гæсгæ 2023 аз расидтысты Ирон Нарты кадджыты аз. Сæйраг мадзæлтты пъланыл бакусдзæн æмæ йæ сфидар кæндзæн сæрмагонд комитет. Йæ сæргълæууæгæй нысангонд æрцыд Тугъанты Ларисæ. Йæ уæнгтæ сты Бзарты Руслан, Бæгъиаты Алан, Алыбегты Эллæ, Галазты Эдуард, Фидараты Юри, стæй историктæ, культурæ æмæ аивады кусджытæ.

Йæ сæйраг нысан у адæмон аивад æмæ этнокультурон бирæвæрсыгдзинад бахъахъхъæнын æмæ парахат кæнын.

► ***13 январы*** Уæрæсейы Мыхуыры бон Национ музейы нæ республикæйы хуыздæр журналисттæ хорзæхджынгонд æрцыдысты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы æрвылазон премитæй.

► ***26 январы*** Дзæуджыхъуы центрон чиныгдоны Ирыстоны интеллигенци, Иры Стыр ныхасы минæвæрттæ кадджын уавæры сбæрæг кодтой публицист, прозаик, адæмон фыссæг, Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар, Хетæгкаты Къостайы номыл премийы лауреат Агънаты Гæстæны 80 азы юбилей. Бацæттæ йæ кодта бæстæзонæн хайады разамонæг Дзугаты-Мурасты Риммæ.

Переводчик А. В. ЗОЛОЕВ
Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике
Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 2. 2023 г.
Подписано в печать 9.02.2023 г. Выход в свет: 20.02.2023 г.
Индекс: 732447. Тираж 1100 экз. Заказ № 72 Цена свободная.

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар

ФЫДЫБÆСТÆ

Фыдыбæстæ – мæ Райгуырæн хæдзар,
Дæуимæ баст – мæ цард æмæ мæ уд дæр.
Дæуæн æз дæн дæ гыццылдæр Æхсар,
Ды та мæнæн дæ бæстæты рæсугъддæр.

Нæ агурын исбон æмæ кад, –
Цæмæн хъæуы тæхгæ æфсургъы хъузон?
Зынджы мур мын дæ сæуæхсидæй ратт, –
Дæ арвы цъæхыл ме стъалы ыссудзон.

Тæхуды, `мæ дæ цæрайæн фæкус,
Цæхæрау банорд зарæджы дæ катай.
Дæ зæххыл суадз ирон ныхасæй рухс,
Стæй Бонвæрнонау уыцы рухсы батай.

Фыдыбæстæ – мæ Райгуырæн хæдзар,
Дæуимæ баст – мæ цард æмæ мæ уд дæр.
Дæуæн æз дæн дæ гыццылдæр Æхсар,
Ды та мæнæн дæ бæстæты рæсугъддæр.



Индекс 73247
12+